Арсанукаев А. М.
Эдилов С. Э.



# НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРА

## 9 класс

ФГОС

ББК 74.202.4(2 Рос.-Чеч.)
УДК 372.4(Чеч)
А85

**Дагахь латтаде!**

– хаттарш а, тӀедахкарш а;
– текстана комментари;
– ешначух ойла е вай;
– произведенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай;
– вайн къамел кхиадо;
– культурийн диалог;
– билгалйинчу теманашна проекташ кхолла;
– гӀиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре дар;
– хӀун Ӏемина вайна;
– кхолларалллин тӀедиллар;
– шуна, хӀума довза лууриш.

А85 **Арсанукаев А.М., Эдилов С.Э.**
**Чеченская литература. 9 класс.** Учебное пособие. На чеченском языке / А.М. Арсанукаев, С.Э. Эдилов. – Грозный: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2018. – 256 с.
ISBN 978-5-4314-0321-7

9-чу классан дешархошна лерина дешаран пособи юкъайогӀу 5–9 классийн дешаран-методически комплектана. 5–9 классийн керлачу программица а, Федеральни начхьалкхан шолгӀачу тӀаьхьалонан стандарташца а йогӀуш хӀоттийна ю.

Дешаран пособи хьалха архсцначарех къаьсташ ю шен дӀахӀоттамца а, исбаьхьаллин-литературин материал йовзийтарца а. Ешначу произведенийн чулацам кӀорггера бовза, церан исбаьхьаллин башхаллех кхета, дешархойн дозуш долу къамел кхио аьтто бечу кепара чӀагӀйина методически агӀо.

В комплекте с учебным пособием издаются: «Чеченская литература. Хрестоматия. 9 класс. Часть 1, 2», «Чеченская литература: рабочая тетрадь для развития речи. 9 кл.», «Методическое руководство и примерные поурочные планы к учебному пособию «Чеченская литература. 9 кл.», «Рабочие программы по чеченской литературе. 5–9 кл.».

ББК 74.202.4(2 Рос.-Чеч.)
УДК 372.4(Чеч)

ISBN 978-5-4314-0321-7

© Арсанукаев А.М., 2018
© Эдилов С.Э., 2018
© АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2018
Все права защищены

# ХЬОМЕ ДЕШАРХО!

Нохчийн литература Iамош ахьа пайда эца безаш йолу коьрта пособи ю хIара. Пособино хьуна гIо дийр ду нохчийн халкъан барта кхоллаppалла, исбаьхьалла, литература йовза, церан башхаллех кхиа. Пособи тIехь ахьа Iамо езачу произведенийн чулацам къастийна, исбаьхьаллин башхаллаш йийцина, авторийн дахар а, кхоллараллa а йовзийтина, литературин теорех хаарш а делла.

Пособи кхаа декъах лаьтташ ю. Хьалхарчу декъа тIехь нохчийн халкъан барта кхоллараллa йовзийтина, цуьнан коьрта къастамаш гайтина, мехалалла билгалъяьккхина. Алссам тидам тIебахийтина халкъан иллешна, уьш къоман исбаьхьаллин культурехь къаьсттана доккха маьIна долуш хиларна.

ШолгIачу декъехь вайнехан барта кхоллараллин буха тIехь, кхечу къаьмнийн литературех пайда оьцуш, нохчийн исбаьхьаллин литература кхоллаяларан, кхиаран хьелаш гайтина. Доцца дийцина къоман йозанан литература йолалучу юьххьехь лаьттинчу яздархойн Дудаев Iабдин, Нажаев Ахьмадан, Сальмурзаев Мохьмадан кхоллараллех лаьцна. Йовзийтина Айсханов Шамсуддинан произведенеш. Къоман литературин бухбиллархочун Бадуев СаьIидан дахаран, кхоллараллин некъ шуьйра гайтина, цуьнан коьрта произведенеш теллина. Мамакаев Iаьрбин, Хамидов Iабдул-Хьамидан,Сулаев Мохьмадан, Гацаев СаьIидан дахар, кхоллараллa йийцина, церан тоьлашха йолу произведенеш къастийна.

Классехь Iамош йолу исбаьхьаллин произведени, ша къастийна ца юьйцуш, яздархочун кхечу произведенешца цхьаьна, цуьнан ерриг а кхоллараллица зIе тосуш, Iамайо.

Дешаран пособино хьан таро хуьлуьйтур ю урокехь Iамош йолу исбаьхьаллин произведени кIорггера йовза, цуьнан тема а, маьIна а шен хенахьлерачу дахарца муха догIуш хилла бохучух кхета а, литературин дахарца йолу уьйр билгалъяккха а.

Оцу дерригенах кхиархьама, леррина, тидам тIебаххийтина Iамо еза дешаран пособин материал. Юьхьанца дуьйна хаа деза, Iамош йолу произведени ешначул тIаьхьа бен, дешаран пособих кIорггера пайда эцалур цахилар. Исбаьхьаллин произведенин текст хууш а йоцуш, пособи ешарх, хаарш кIорггера-м муххале а хир дац, дуьйцучух ца кхета а тарло.

Нохчийн литература хьуна алссам йовзийтархьама, пособин кхоалгIачу декъехь XX бIешеран 60–90-чу шерашкарчу литературех юкъара хаарш делла.

Пособин хIора дакъа чекхдаьлча, тIедахкарш далийна. Цаьрца болх баро хьуна гIо дийр ду коьртачунна тIе тидам бахийта, материалах дика кхета. ТIедахкаршна юккъера цхьадолу хаттарш, кийча жоьпаш доцуш, ахьа айхьа ойла еш лаха дезар ду, ткъа иштта сочиненеш язъян теманаш билгалъяьхна. Царах айхьа хаьржинчу я хьехархочо билгалъяьккхинчу темина сочинени язъян еза.

Ахьа говза пайда эцахь, нохчийн литература Iаморехь дика гIоьнча хир ю хьуна пособи. Аьтто хуьлда хьан!

<u>***ХЬАЛХАРА ДАКЪА***</u>

# НОХЧИЙН ХАЛКЪАН БАРТА КХОЛЛАРАЛЛА

Къоман дахарехь мехала хазна ю ненан мотт, барта кхоллаpалла, исбаьхьаллин литература, культура. БӀешерашкахь адамашна юкъахь кхиъна гӀиллакх-оьздангалла, беркате ламасташ, халкъан кхетам а, ойла а ю цаьрца. «Къоман культуро чулоцу цуьнан мотт, дин, духар, болар, лелар, юкъара гергарлонаш, доттагӀалла, зудаялор, дӀаерзор, доьзалан юкъаметтигаш, кхечу къаьмнашца юкъаметтигаш, велларг дӀаверзор, кешнийн тӀалам бар, Ӏалам лардар, гӀиллакхаш, амалш и. д. кх. Оцу а, кхечу а билгалонашца го къоман культура… Амма царна юккъехь коьрта, хьалхара меттиг дӀалоцу литературо. Цо чулоцу лакхахь ягарйина къоман культурин ерриг а билгалонаш. Муьлххачу а къоман истори, культура, амалш, гӀиллакхаш вайна довзуьйтург, я вуьшта аьлча, муьлхха а къам вайна довзуьйтург уггар хьалха цуьнан исбаьхьаллин литература ю»[1].

Йоза а, йозанан литература а кхиале дуккха а хьалха кхоьллина ю барта произведенеш. Дахарехь хилларг я хила тарлуш дерг, адамо лайнарг, еххачу хенахь зеделларг ду халкъан барта кхоллараллехь.

Тайп-тайпана а, дуккха жанрашкахь а ю нохчийн къоман барта произведенеш: туьйранаш, дийцарш, иллеш, эшарш, аларш, кицанаш, хӀетал-металш, тидамаш, узамаш, тийжамаш, сардамаш... *Халкъо кхоьллина ерриг а произведенеш чулоцуш ю* ***халкъан барта кхоллараллa****,* ***я халкъан барта поэзи****,* ***я халкъан поэтически кхолларалла****, я* ***фольклор****.* ***Фольклор*** *дуьненахь а лелаш, дуккха а къаьмнийн юкъара дош ду. Иза ингалсан маттара схьаэцна, цуьнан шен маьӀна халкъан хьекъал я халкъан кхетам бохург ду.*

Халкъан барта произведенеш, билгалволчу цхьана стеган цӀарх евзаш йоцуш, халкъо кхоьллина ю. Дуьххьара произведени яьккхинарг билгалволу цхьа стаг хиллехь а, цуьнгара кхечаьрга яларца мелла а хийцалуш хилла иза. Адамаша, шайн замане, шайн лехамашка хьаьжжина, хийцамаш беш хилла барта произведенешкахь. Бакъйолу

[1] Айдамиров А.А. Нохчийн литература селхана а, тахана а. – «Орга», 2002, № 6, 44 агӀо.

барта произведенеш бIешерашкахь еха адамашна юкъахь. ДIаязъяр доцуш, барта йийцарца хьалха баьхначара тIекхиъначаьрга а луш, вайн замане схьакхаьчна уьш.

Барта произведенешкахь (олучу иллешкахь, лоькхучу эшаршкахь, дуьйцучу туьйранашкахь, бечу узамашкахь, ширачу хабаршкахь, далочу кицанашкахь, хоьттучу хIетал-металшкахь, ирачу аларшкахь, белхочу тийжамашкахь) билгалбовлу халкъан лаамаш, сатийсамаш, гIайгIанаш-баланаш, хазахетарш-халахетарш, цо лайна вон а, дика а. Халкъан кхетам, дегайовхо ю барта кхолламаллехь. Цундела барта поэтически произведенеш йовзаро, уьш Iаморо гIо дийр ду шен къам юххера довза, цуьнан гIиллакхех, амалех, оьздангаллех кхиа, шен халкъан ламасташ тIеэца.

Къоман барта кхолларалла кIорггера йовзархьама, Iилманчаша дIа а язъеш, толлу барта произведенеш. *Халкъан барта кхолларалла толлуш волчу Iилманчех* ***фольклорист*** *олу. Халкъан барта произведенеш къастош, барта кхолларалла толлуш долчу Iилманах* ***фольклористика*** *олу.*

XIX бIешо долалучу юьххьехь дIаязъян йолийна нохчийн барта произведенеш. Астраханехь 1816–1818-чу шерашкахь арадолуш хиллачу «Азиатский музыкальный журнал» тIехь дуьххьара музыкальни ноташца цхьаьна зорба тоьхна нохчийн халкъан шина эшарна. Цул тIаьхьа, 1849-чу шарахь, нохчийн ялх йиш ноташца дIаязйина И.А. Клингера, уьш муха лакха еза аьлла, хаамаш а белла цо.

Оьрсийн сийлахь-воккхачу яздархочо Л.Н. Толстойс 1852-чу шарахь Девлатгирин-Эвлахь (хIинца – Девкар-Эвла) дIаязйина нохчийн ши йиш. Нохчийн меттан дуьххьарлера грамматика язйинчу Iилманчас П.К. Услара а, цунна гIо деш хиллачу Досин Къедас а, нохчийн барта произведенеш дIа а язйина, царна шайн белхаш тIехь зорба тоьхна. Нохчийн дуьххьарлерачу этнографа[1] Лаудаев Умалта дIаязйина дуккха а нохчийн барта произведенеш. Цуьнан «Чеченское племя» болх зорбанера арабаьлла 1872-чу шарахь Тифлисехь (Тбилиси). Эльдарханов Таьштамара а, Шерипов Асланбека а, нохчийн барта произведенеш дIа а язъеш, оьрсийн матте а йохуш, зорбанехь арахецна.

---

[1] *Этнограф* – къоман Iер-дахаран башхаллаш, гIиллакх-оьздангалла, культура толлуш волу Iилманча.

Нохчийн халкъан барта произведенеш дIаязъярца цхьаьна церан лаккхара мах а хадийна хIетахь дуьйна а. ХIинца а нохчийн халкъан барта произведенеш дIаязьяран, гульяран, таллараш болх дIахьош бу. Iилманчаша, яздархоша лаккхара мах хадабо нохчийн халкъан барта кхоллараллин.

**Ешначух ойла е вай**

1. ХIун ю халкъан барта кхолларалла?

2. Дагалаца, муьлха жанраш юкъайогIу халкъан барта кхоллараллина. ХIунда кхуллуш хилла халкъо и тайпа произведенеш? Церш яха хьайна дукхаезачу нохчийн барта произведенийн.

3. Фольклористика хIун Iилма ду? Хьуна хетарехь, хIунда оьшу иза?

4. Нохчийн барта кхолларалла гулъеш а, толлуш а къахьегна Iилманчаш бевзий хьуна? Церш яха церан.

5. Барта кхоллараллин муьлхачу произведенех пайда оьцу вай вайн къамелехь?

6. Барта кхоллараллин муьлха произведенеш дукхаеза нахана? ХIунда еза, дийца.

## НОХЧИЙН БАРТА КХОЛЛАРАЛЛИН БАШХАЛЛАШ

Шуьйра чулацам а болуш, тайп-тайпана ю вайнехан барта произведенеш. Коьрта долчу декъана, хIорш ду нохчийн халкъан барта кхоллараллин тайпанаш: туьйранаш, иллеш, эшарш, тайп-тайпана дийцарш, аларш, тийжамаш, наьрт-аьрстхойх дийцарш, сардамаш, узамаш, кицанаш, хIетал-металш, тидамаш и. д. кх. Царах хIора тайпа а къоман дахарехь кIоргера орамаш долуш, шайн чулацаман а, исбаьхьаллин а билггалчу башхаллашца къаьсташ ду.

### Туьйранаш

Туьйранаш барта кхоллараллин уггар даьржинчу тайпанех цхьаъ ду. Йоккха меттиг дIалоцу цара нохчийн къоман барта кхоллараллехь. Адамийн дахарх, гонахарчу Iаламах лаьцна долу тайп-тайпана хIуманаш шатайпанчу кепехь схьагойту туьйранашкахь. Акхаройх, хьайбанех, олхазарех лаьцна а хуьлу туьйранаш. Дуьйцург мухха делахь а, шайн маьIница адамийн дахаран ойла йойтуш ду уьш.

Диканиг, сийлахьниг, адамана пайдехьниг чIагIдо туьйранашкахь, вочунна, зуламечунна дуьхьал къийсам латтабо. Халкъо даим а толадо шен туьйранашкахь вонал дика, харцонал бакъо, сийсазчул сийлахьниг. Муьлххачу а къоман туьйранашкахь а вонал дика толош ду. Халкъан кхетамехь, цкъа а тола ца еза харцо. Бакъоно эшош хила еза иза.

Туьйранийн турпалхой дукхахьолахь къинхьегаман нах хуьлу, цара гуттар а гIийлачун, мискачун гIо лоцу, харцонна дуьхьалбовлу, бакъонехьа къийсам латтабо, нийсо ларъеш, харцо эшайо. Иштта дара лахарчу классашкахь аша Iамийна туьйранаш: «Кхо ваша», «Барзо Iахарца мохк къовсар», «Тамашийна олхазар», кхидерш а.

Шайн чулацаме хьаьжжина, туьйранаш хуьлу инзаре-тамашийначу хIуманех дуьйцуш, дийнатех лаьцна, Iер-дахаран хьокъехь дерш. Дукхахьолахь туьйранашкахь гойтуш хуьлу борз, ча, лом, цхьогал, пхьагал, зу, нал, сай; говр, сту, уьстагI, газа, жIаьла, цициг; олхазарш: аьрзу, маккхал, куьйра, чIегIардиг, бухIа, котам, кхидерш а.

Инзаре-тамашийна, бакъ хила йиш йоцу хIуманаш а, бакъдолуш санна, хаздеш, ладогIа дог доуьйтуш дуьйцу туьйранашкахь. Гойтуш дерг хIуъа делахь а, цара ойла йойту адамийн юкъаметтигийн, Iер-дахарехь нислучу гIуллакхийн. Адамийн ойланаш, дегайовхо го туьйранашкахь, билгалйовлу къоман амалш, гIиллакхаш, оьздангалла. Мел яккхий халонаш тIехIиттича а, адамо диканах дог цадиллар, паргIато, маршо тIекхочург хиларх тешар го туьйранашкахь.

Туьйранаш дукхахьолахь чолхе чулацам болуш хуьлу. Турпалхочунна дукха халонаш тIеIиттало. Нийсо ян, харцо эшо араволу туьйранийн турпалхо. Яккхий дуьхьалонаш эшош, ондда хьуьнар гойтуш, шен Iалашоне кхочу иза.

Туьйранийн сюжет тайп-тайпанчу хиламех лаьтташ а, сиха кхуьуш а хуьлу. ЛадогIа дог доуьйтуш, кхидIа хIун хуьлу-техьа бохучу ойланехь латтаво цара ладугIуш верг. Хазачу маттаца кхоьллина, шайн къеггина исбаьхьалла йолуш ду уьш.

Нохчийн туьйранаш къоман барта кхолларалллин мехала цхьа дакъа ду.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Хьайн дешнашца ала, туьйра бохург хIун ду.

2. Дагалаца, шайн чулацаме хьаьжжина, муха декъало нохчийн туьйранаш, муьлха туьйранаш Iамийна аша 5–6-чуй классашкахь.

3. Муха хуьлу дукхахьолахь туьйранийн чулацам?

4. ХIун башхаллаш ю нохчийн туьйранийн?

5. Туьйранийн турпалхой хIун тайпа нах бу?

6. Муьлхачу тайпан юкъа догIуш ду «Алхаст а, Маьлха-Аьзни а», «ЧингIаз» цIерш йолу туьйранаш?

7. Халкъан туьйра дIаязде, схьадийца кечде.

8. Дийца, хIун башхалла ю литературин а, халкъан а туьйранашна юккъехь. ДIаязъе уьш шайн белхан тетрадаш тIе.

9. Туьйранан дIахIоттаран муьлхачу кепаша гIо до цуьнан чулацам сиха а, атта а схьабийцийта?

### Туьйранийн исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. Шуна хууш ду туьйранийн долор а, дерзор а хуьлий. Схьалаха «ЧингIаз» а, «Алхаст а, Маьлха-Аьзни а» туьйранаш тIера долор а, дерзор а. Шайн белхан тетрадаш тIе дIаязде уьш.

2. Даим а туьйранашкахь буьйцуш болу муьлха персонажаш бу оцу туьйранаш тIехь? Iаьржа Хожа адам ду я цунах тера адаман куьцехь йолу хIума ю? Маьлха-Аьзни аьлла, цIе хIунда тиллина йоIана?

3. Схьалаха «ЧингIаз» туьйран тIера бекъанна, кIантана юккхъехь хилла диалог. Дийца, хIун бахьана ду цушиммо вовшашка сийсазаллин мотт бийцаран.

4. Схьалаха оцу шина туьйран тIера дахарехь хила йиш йоцу инзаре-тамашийна хIуманаш. Дийца царах шайна хуург.

5. Шина а туьйранан текстехь схьалаха даим амал гойтуш лелаш долу дешнаш-цхьаьнакхетарш, эпитеташ. Шайн белхан тетрадаш тIе дIаязде уьш. Оьрсийн туьйранашкахь далийначу эпитеташца догIуш дуй уьш?

6. Вай дуьйцуш долу ши туьйра инзаре-тамашена туьйранаш хиларан билгалонаш ялае царна тIера.

### Культурийн диалог

1. Туьйранийн долор а, дерзор а муха хуьлу? Оьрсийн туьйранашца догIуш хуьлий уьш?

2. Оьрсийн туьйранашкахь дукхахьолахь лелаш терахь кхоъ хуьлу, ткъа нохчийн туьйранашкахь муьлха терахь ду алсам лелаш дерг?

3. Дагалаца шайн дешна дийнатех лаьцна долу туьйранаш. ХIун амал йолуш хуьлу цу тIехь цхьогал, ча, борз? Кхечу къоман туьйранаш тIерачу дийнатийн амалшца йогIуш хуьлий уьш?

### Билгалйинчу теманашна проект кхоллар

1. Шайн туьйра яздс (инзаре-тамашена, Iер-дахарх, дийнатех лаьцна). Книга санна кечде иза.

2. Хаьржинчу туьйранна инсценировка е. Тобанашка декъало. Тоьлла инсценировка ярна къовсам дӀахьо.

3. Хаттарш кечде туьйранийн хьокъехь дӀахьор йолчу викторинина.

**ХӀун Ӏемина вайна**

1. Бахьанин-тӀаьхьалонан уьйраш билгалъяха.

2. Кица а, туьйра а маьӀница цхьаьнадогӀуш хилар къасто.

3. Дешначу туьйранашца маьӀница догӀу кицанаш даладе. ДӀаязде уьш шайн белхан тетрадаш тӀе.

## Халкъан дийцарш, хабарш, аларш

Нохчийн барта кхоллараллехь дукха ду тайп-тайпана дийцарш, забаре хабарш, ира аларш. Царах цхьадерш, инзаре-тамашена хӀуманаш шайн чулацамехь долуш, туьйранех тера ду, вуьш халкъан дахарехь хила тарлуш долу хӀуманаш дуьйцуш ду.

***Шира дийцарш.*** Ширачу дийцарша довзуьйту генна хьалхалера хӀуманаш, хьалха баьхначу нехан дахарх, церан гӀуллакххех, гӀиллакхех лаьцна хаамаш бу царна тӀехь. Цхьадерш билгалйолчу меттигех (юьртах, ломах, хих, бӀаьвнех) лаьцна хаамаш беш хуьлу. Иштточарах ду Къоьзан-Ӏомах лаьцна долу шира дийцар, «Чергасийн раьгӀнаш», «КӀирдан бӀаьвнаш» олу дийцарш.

Яздархочо Ошаев Халида дӀаяздина *«КӀирда бӀаьвнаш»* дийцар даладо вай кхузахь:

«Органца хьала, Гуьржийн дозан тӀе кхачале, Итон-Кхаьллара говрахь кхаа сохьтехь дӀавахча, ТӀерлойн-Ахк лам тӀе кхочу. ТӀерлойн-Ахк Органах кхетачохь цхьана ломан дукъ кхачало. Оргий, Ахккий вовшаххкхетачохь цу дукъах чубеана цхьа мара[1] бу, Ӏаламат лекха а болуш. Бохалла 100–120 метр беха хир бу иза, локхалла а оццул хир бу. И ламанан тарх, мокхаз санна, чӀогӀа ю. Оцу тарха тӀе а ваьлла чухьаьжча, хьуна гур ду цхьана агӀор доьдуш Орга а, вукху агӀор – ТӀерлойн-Ахк а. Уггар готтачу кхаьчча, йиъ-пхиъ метр бен шуьйра яц и меттиг. Цу меран дукъ тӀера, мичча агӀор охьахьаьжча а, шина а агӀор бухе ю гуш. Оцу ирачу дукъ тӀехь хьалха заман чохь пхи бӀов йиллина хилла. Басеца охьа чу адам леларх тамаша бийр болчу меттигехь адамаш дехаш хилла. Кху вайн заман чохь а долуш ду церан цӀенойн пенаш а, кешнаш а.

[1] *Мара* – кхузахь: генна хи чу кхевдина ламанан тарх.

И бІаьвнаш тІерлойн элийн хилла, олу наха. Цигахь йолчу пхеа бІаьвнах, бахархоша тІулг баьккхина херцийнехь а, я вуьшта шаьш заманан йохалла Іаламан ницкъ Іаткъарца тІееттаеллехь а, шиъ, тІекхетта, йоьхна. Царах цхьана бІаьвнах боллучу тІулга тІехь йиллина керстанийн жІара ю. Цо гойту тІерлой хьалха заман чохь керстанан динехь нах хилла хилар.

Оцу бІаьвнех «ТІерлойн бІаьвнаш» а, «КІирда бІаьвнаш» а олу. ДегІехь ницкъ алсам болуш, чІогІа нах хилла цу заманахьлера тІерлой. Шайна гонаха бехачу нахаца даим а хаддаза тІемаш беш хилла цара. Дехьа-сехьа воьдучу стагера ял йоккхуш хилла цара, хІунда аьлча цу бІаьвнаш уллохула ваьллий бен, кхин ваха некъ ца хилла. Цхьа а стаг вуьтуш ца хилла ял ца йоккхуш. Иштта и меттигаш чІагІъеш екхина цигара бІаьвнаш.

Ерриг а бІаьвнаш, лахара хьала а кхоьхьуш, Органан тІулгах йоьттина ю. БІаьвнаш йотта тІулгаш хьаладохуш хилла йийсар дина лецна карабалийначу наха, бІарзанаш[1] тІехь тІе а дохуш. Цхьа гІала шарахь юттуш хилла пхьераша. ГІала йоттаран мах кхо бІе етт хилла. Муьлххачу стеган а ницкъ кхочуш ца хилла гІала йоттийта, хьалдолчу наха юттуьйтуш хилла уьш. МІайстой цу заман чохь дечкан а, аьчкан а говзаллаш хуушший, нахана цамгаршна дарбанаш лелошший хилла».

Оцу дийцарца мелла а цхьаьнадогІу «Хьекъал долу зуда» шира дийцар. «Хьекъал долу зуда» дийцарехь кхидолчуьнца цхьаьна билгалдолу нохчий юкъараллехь ширачу заманахь дуьйна а зударшка боккха лерам болуш хилар.

Лаккхарчу исбаьхьаллица къаьсташ ду *«Ненан бІаьрхиш»* халкъан дийцар а. Адамийн дахарехь искусствон доккха маьІна хилар го цу тІехь. Дог дуткъадеш, боккха Іаткъам бо дийцаро ладугІуш волчунна. Даймахкана муьтІахь хилар кхайкхадо дийцарехь.

Ненан сийлахьчу безамна халкъо аьлла исбаьхьа гимн хетало «Ненан бІаьрхиш». Поэто Сулейманов Ахьмада дІаяздина и исбаьхьа дийцар.

Ширачу дийцаршна юккъехь исторически хиллачийн буха тІехь кхоьллинарш а ду. Царах ду «АстагІа Тимар» дийцар.

Шайн къеггина башхаллаш ю билгалйолчу меттигех – лаьмнех, бІаьвнех, хих, Іаьмнех – лаьцна долчу ширачу дийцарийн. Масала, ГаланчІожарчу Іомах долу дийцар.

[1] *БІарза* – вир.

«Іамкъе» олуш йолчу кІотарахь хилла и Іам. Іам лаьтта дела, олуш хилла цунах Іамкъе.

Цу Іоман хи цІена а, дарбане а, деза а лоруш хилла. Цу Іамкъехь Іаш болчу нехан цхьана оьзда йоцчу зудчо берийн боьха хІуманаш йиттина цу хийистехь. Цул тІаьхьа и Іам, сту а хилла, болабелла ГаланчІожний, Ялхарний юккъехь лаьтташ болчу ломах масех церг а йоккхуш, ГаланчІожа охьабеана. Цунах Іамбедаче[1] олу.

Цхьана майданан йисте кхаьчна сту. Цу майданахь шайн-шайн ардаш охуш нах хилла. Иза майдана хьалабаьлча, цхьана доьзална гина. Дас-нанас, и сту дІабожа, вайн сту гІелбелла, аьлла. Шина беро нехан бу и боххушехь, дас, схьа а лаьцна, дІабоьжна сту.

Старо ког баькх-баьккхинчуьра хи долуш хилла. Цо кхозлагІа го боккхуш, баша а бешна, Іам хилла цунах. И сту дІабожа аьлла долу дай-наний, церан готий хи чу дахна, ши бер юьстах а кхуссуш. ХІетахь хІоьттина и Іам хІинца а болуш бу, боху. ГаланчІожан Іам аьлла, цІе тиллина наха цунах. Ялхара оцу Іамкъе олучу кІотарахь хІинца а цхьа ор ду, боху, хьалха и Іам лаьттина».

Шайн чулацамца а, исбаьхьалин башхаллашца а Іаламат мехала ду *наьрт-аьрстхойх долу дийцарш* а. Наьрт-аьрстхой даккхий догІмаш а долуш, нуьцкъала адамаш хилла бохуш, дуьйцу царах лаьцначу дийцаршкахь. Дукхахьолахь вовшашца а, адамашца а луьра къийсамаш хилла церан. Адамашца болу церан къийсамаш, гуттар а бохург санна, наьрт-аьрстхой эшош дІа а боьрзу. Наьрт-аьрстхойх лаьцна долу нохчийн дийцарш дукхахьолахь билгалчу меттигех дозаделла ду. Царна тІера хиламаш кхочушхуьлу билгалйолчу ярташкахь я евзаш йолчу кхечу меттигашкахь. Иштта ду, масала, «Новр а, ГІожакъ а» дийцар а, Гермачигарчу наьртех, Соскан Солсех долу дийцарш а.

Нохчийн барта кхолламаллехь ду *Іаьржа-ХожагІарах лаьцна дийцарш* а.

Іаламат даьржина ду *Молла-Несартан хабарш*. Кегийра а долуш, забаре, беламе хуьлу уьш. Адамийн сакхташ забарца Іорадоху цара.

«Молла-Несарта лулахошкара бехна яй беана хилла юург ян. Шен гІуллакх дІадаьлча, чу ялгІу а диллина, яй дІабелла цо лулахочуьнга.

Лулахочо хаьттина:

– ХІара хІун ялгІу ду? – аьлла.

---

[1] *Іамбедаче* – Іам бедда бохург ду.

Молла-Несарта жоп делла:

– И ялгIу хьан ду, хьан яйно дина и ялгIу.

Яй а, ялгIу а дIа а эцна, IадIийна лулахо. Молла-Несарт цIа вахана. Цул тIаьхьа цхьа хан яьлча, юха а бехна яй беана Молла-Несарта оцпу лулахочуьнгара.

Яй дIахьуш ца хилла Молла-Несарта. Цо и дIа ца хьуш, цхьа кIира а даьлла.

Яй дIабахьа веана лулахо.

Молла-Несарта цуьнга аьлла:

– Лулахо, ахьа бехк ма билла, со хьоьга ала вон хеташ Iара, хьан яй, цомгуш а хилла, кхелхина. Иза баларна, дIабан йиш йоцуш Iара со.

– Ой, яй леш хуьлу? Яй кхелхина бохург хIун ду!? – аьлла, цецваьлла лулахо.

Молла-Несарта аьлла:

– Хуьлу дера, яй хIунда ца хьулу леш, ялгIу дан а мегий цо?

ТIаккха, цуьнга ала хIума а ца хилла, лулахо дIавахна, яй Молла-Несартана бисна».

Шатайпана барта дийцарш ду цхьайолу вайнехан ярташ хьан еххина, муха еххина дуьйцуш. Царах цхьадерш гIеххьачу барамехь даккхий а ду, вуьш доццачу *аларех* лаьтташ ду.

Масала, Iалхан-Юрт герггарчу хьесапехь хIинцачул 250 – 300 бIе шо хьалха Iалхас йиллина ю. И юрт йилла ша дуьххьара хьокха тухуш, Iалхас аьлла, боху: «Яхь йолу кIентий, ма́са[1] дой, хаза мехкарий ма эшабойла кху юьртахь».

И санна долу дийцарш кхечу яртех лаьцна а ду.

Тайп-тайпана маьIнаш долуш, забаре, *ира аларш* ду нохчийн барта кхолларадлехь. Доцца аьллачу говзачу дешнашца адамийн амалехь долу сакхташ Iорадоху оцу аларшкахь.

Букарвоьллачу къеначу стаге, эвхьаза забар еш, аьлла, боху, цхьаммо: «Воккха стаг, Iад дукхий ахьа?»

Воккхачу стага жоп делла: «Сих ма ло хьо, жима къонах, вала вахлахь, мах боцуш хир ду хьуна».

МаьIница цунах тера ду хIара алар а.

«Цхьана зудчо шен цIийндега аьлла: «Ва стаг, ирчаниг аьлла, мохь тоьхча, ма хьоьга беттий хуур дара-кх». Майрачо аьлла: «Дера дара-кх, хьо чохь ца хилча-м».

[1] *Ма́са* – чехка, сиха.

Ира аларш барта кхоллараллехь хаддаза кхуьучу тайпанех ду. Вайн заманахь кхоьллина ду дуккха а забаре, ира аларш.

Царах ду хIара.

«Мехах машен лаьцна, шіа цIа вуьгуьйтуш хилла цхьаммо.

Машенан дас кураллица аьлла: «Хьуна гуш йолу хIара керла, механа еза машен а ю сан, дикачу хIусамийн да а ву со, хьашт мадду сакъера таро а ю сан. Со муха кIант хета хьуна?»

Юххехь Iачо жоп даларца хаьттина: «Иштта волчу хьоьга соьмах цIа вуьгуьйтуш волу со хьуна муха кIант хета?» – аьлла».

Диалогах лаьттачу оцу аларийн башхалла ю хьалхарчу декъехь йолчу ойланна я хаттарна шолгIачу декъехь цхьа цIаьххьана, дагахь а доцу, амма шен кIорггера маьIна долу ира жоп хилар. Ирачу аларша забаречу кепехь Iорадоху адамийн амалшца долу сакхташ.

#### Шуна, хIума довза луурш

Наьртех лаьцна эпос ю Кавказехь дехачу къаьмнийн: хIирийн, абхазийн, абазойн, адыгийн, балкхаройн, кхарачойн, нохчийн, гIалгIайн. Наьрташ хьахош бу Дагестанехь дехачу цхьадолчу къаьмнаша, гуьржаша. Наьртийн дукхахдолу васташ, цIерш, сюжеташ цхьаьнайогIуш ю: адыгийн, абазойн – Сосруко, абхазийн – Сасрыква, Сослан – хIирийн, Сосрук – балкхаройн, Сосурка – харачойн, Соскан Солса – нохчийн, гIалгIайн.

Къаьмнийн эпосехь нарташ – андий адамаш – турпалхой-тIемалой бу, амма уьш маьрша къахьоьгуш а беха, латта лелош.

#### Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Билггал йолчу меттигех лаьцна муьлха шира дийцарш девза шуна?

2. ХIун хезна шуна Къоьзан-Iомахь, ГаланчIожан Iомах лаьцна дуьйцуш?

3. Вайн халкъан дIадахначу дахарх лаьцна хIун керланиг довзийти шуна ширачу дийцарша?

4. Наьрт-аьрстхойх лаьцна муьлха халкъан дийцарш дешна аша 6-чу классехь?

5. ТIерлойн бIаьвнаш а, КIирда бIаьвнаш а дийцарш тIехь юьйцуш ю. ХIун бIаьвнаш ю уьш? ХIун керланиг хии шуна цу бIаьвнех лаьцна?

6. Муха чулацам болуш ду нохчийн шира дийцарш?

7. ХIун маьIна ду «Ненан бIаьрхиш» дийцаран?

8. Наьрт-аьрстхойх долчу дийцарийн хIун къастамаш бу?

9. ХIун башхаллаш ю ирачу аларийн?

10. Шира дийцар а, ира алар а дIаязде.

**Вайн мотт кхиабо**

Шира дийцарш тIера шайна девзаш доцу дешнаш схьаязде. Дошамах пайда а оьцуш, церан маьIна даста. ДIаязде уьш шайн белхан тетрада тIе.

**Культурийн диалог**

1. Хьаьий шуна, хьалха ширачу заманахь оьрсаша шайн турпалхойх *боьрша стаг, тIемало* олуш хиллий? *Богатырь* дош оьрсийн матте деана Дашо Орда йолчу хенахь. Дашо Ордахь тIемалочун цхьа дарж хилла иза. Вайн маттахь майрачу тIемалочух хIун олу?

2. Нохчийн эпосан бевзаш болчу турпалхойх шайна хуург дийца. Мила ву шуна царна юкъахь билгалваьлларг? ХIунда?

**Билгалйинчу теманашна проект кхоллар**

Къовсам дIахьо шира дийцарш, хабарш дика хьан дуьйцу хьовсуш.

**ХIун Iемина вайна**

1. Шена хетарг ала а, тIечагIдан а.
2. Шен халкъан дуьхьа дахар дIадала кийча волчу турпалхочун цIе яккха.
3. Шайна хетарг бакъде.

## Эшарш

Нохчийн барта кхолларалледхь дукха ю тайп-тайпана эшарш. Даггара йолчу ойланашца кхоьллина мехкарийн лирически эшарш. Исбаьхьа сурт хIоттош дуьйцу мехкарша лирически эшаршкахь кегийрхойн безамах, адамийн хазахетарех, халахетарех, дахарехь кхолллалучу юкъаметтигех лаьцна. Шатайпанчу дустаршца, метафорашца, аьхначу басаршца кхелина исбаьхьаллин суьрташ хуьлу мехкарийн эшаршкахь:

Ма хьежал, кIант, сан дегIан бIаьра.
Ца байна хьуна маргIалан сара?
Ма хьежал, кIант, сан шина бIаьрге.
Ца дайна хьуна регIара кока?
Ма хьежал, кIант, сан шина цIоцкъаме.
Ца дайна хьуна Къуръанан йоза?
Ма хьежал, кIант, сан шина бесне.
Ца байна хьуна калакойн Iаж?

Адаме кхаьчна вон-дика а, гIайгIа-бала а гучуболу барта произведенешкахь. Iаламехь, гонахарчу дахарехь долчу билггалчу хIуманех

пайда а оьцуш, исбаьхьаллин суртхIотторца гучуйоккху эшаршкахь адамийн ойла.

Вайн къам махкахдаьккхина, сибрех дахийтинчу хенахь яьккхинчу эшар тIера ду хIара могIанаш:

Дlасхьалеста Орга санна,
Органо лоьху гечо санна,
Долу меттиг лоьхийла вай хьовсийнчо,
Кешнийн керт лоьцийла куьг айинчо.

Къаьсттана мехала ю барта кхолларадлера *къинхьегаман эшарш*. Болх бан дог дайта, белхан каялийта локхуш хилла уьш. Масала, нохчийн зударша налха баккха куьйра ерзочу хенахь олуш хилла:

Куьйра[1], куьйра, ласта,
Куьйра, куьйра, ерза,
Куьйранал налха бала!
Мартанал[2] шар дала!

Къинхьегаман эшарш хилла берашна болх бан Iаморан, царна къинхьегам безийтаран Iалашо йолуш. И тайпа эшарш, иллеш дуккахьолахь берийн ловзаран кепе дерзош хилла. Масала, «КIен илли». Иштта дIахьош хилла, илли а олуш, и берийн ловзар. Ловзуш болчара, цхьаъ юккъе а воккхий, го беш хилла. ТIаккха юккъехь волчуьнга цхьацца кху лахахь далош долу хаттарш а луш, цо эшарца жоп а луш, куьйгашца болхбаран кеп а гойтуш, дIахьош хилла бераша ловзар.

*Гобинчара:* Схьадийцалахь, тхан йиша (я ваша),
кIа тIе муха тосу?
*Юккъерчо:* Иштта тосу, иштта тосу,
иштта кIа тIетосу. / *2-зза олу.*
*Гобинчара:* Схьадийцалахь, тхан йиша (я ваша),
кIа тIе муха долу?
*Юккъерчо:* Иштта долу, иштта долу,
иштта кIа тIедолу. / *2-зза олу.*
*Гобинчара:* Схьадийцалахь, тхан йиша (я ваша),
кIа муха хьокху?
*Юккъерчо:* Иштта хьокху, иштта хьокху,
иштта кIа хьокху. /*2-зза олу.*

---

[1] *Куьйра* – кхузахь: шена чохь налха боккхуш йолу кхаба.
[2] *Марта* – хин цIе.

*Гобинчара:* Схьадиййцалахь, тхан йиша (я ваша),
кIа муха ору?
*Юккъерчо:* Иштта ору, иштта ору,
иштта кIа ору. */2-зза олу.*
*Гобинчара:* Схьадиййцалахь, тхан йиша (я ваша),
кIа муха охьу?
*Юккъерчо:* Иштта охьу, иштта охьу,
иштта кIа охьу. / *2-зза олу.*
*Гобинчара:* Схьадиййцалахь, тхан йиша (я ваша),
кIах бепиг муха до?
*Юккъерчо:* Иштта до, иштта до,
иштта бепиг до. */2-зза олу.*
*Гобинчара:* Схьадиййцалахь, тхан йиша (я ваша),
бепиг муха доу?
*Юккъерчо:* Иштта доу, иштта доу,
иштта бепиг доу. / *2-зза олу.*

Массо а къаьмнийн фольклорехь ма-хиллара, нохчийн барта кхоллараллехь а ю *аганан эшарш.* Нанас жима бер дижош, ага тахкош, меллаша узам беш хилла. Бер хьостуш, цунна марзо, аьхналла луш, паргIат дека эшаран аз:

Хьан нана йогIу хьуна
ГIарагIулийн боларахь.
Хьан дада вогIу хьуна
Сира́ сайн боларахь.

Кхузахь «сира́ сай» бохург халкъан барта произведенин шатайпана карчам бу, *сира́* дош шолгIа дешдакъа дахдеш олуш хилла цу эшарехь.

Тайп-тайпана чулацам бу аганан эшарийн, амма уьш ерриш а цхьана Iалашонца кхоьллина ю.

Шайн къеггина маьIна долуш ю берашна лерина йолу *хеттарехжоьпех* лаьтта барта произведенеш а. Шайн чулацам чолхе а боцуш, атта дагахь а лаьтташ, Iаламах, дуьненах, адамийн юкъаметтигех ойла ян Iамаво цара.

Цхьаъ хIун ду?
Цхьана сил мерза хIун ду?

Шиъ хIун ду?
Шина бIаьргал сирла хIун ду?

Кхоъ хIун ду?
Кхо ког болу гIант хIоттийначохь нийса лаьтта.

Диъ хIун ду?
Биъ са болу ма́жар[1] хьажийначу нийса кхета.

Пхиъ хIун ду?
Пхеаммо вихкинарг цхьаьнга васталур вац.

Ялх хIун ду?
Ялх етт болу дай-наний шурех, шерах хьоьгур дац.

ВорхI хIун ду?
ВорхI кIант волу да пхьоьханахь кура лаьтта.

БархI хIун ду?
БархI сту болу да нахал хьалха гота яьккхина вер ву.

Исс хIун ду?
Иссаммо йитинарг вайн ков-керта ма хьийзийла.

Итт хIун ду?
Итт шо дара сой, бад лела дахана.
Бад хил дехьа йисира, со сехьавелира.

ЭхI, бад жима хилла хир яра?
Бад жима муха хуьлу, исс эзар цIе йогучу шахьар тIехь, тIам а баржабой, IиндагI деш хилча?

ЭхI, юрт жима хилла хир яра?
Юрт жима муха хуьлу, лаха маьIIехь тоьхна болу мохь лакха маьIIе хезаш ца хилча, лакха маьIIехь тоьхна болу мохь лаха маьIIе хезаш ца хилча?

ЭхI, юрт къора хилла хир яра?
Юрт къора муха хуьлу, лаьхьано доккху нох хезча?

---

[1] *Ма́жар* – мокхаз биллина топ.

ЭхI, лаьхьа саьрмак хилла хир бара?
Лаьхьа саьрмак муха хуьлу, буйна боьллича, буйнал сов ца баьлча?

Буй шаьлган[1] хилла хир бара?
Буй шаьлган муха хуьлу, коьртах тоьхча, корта а ца бойча?

Корта борзанан[2] хилла хир бара?
Корта борзанан муха хуьлу, мокхано[3] а баьшча?

Мокха болатан хилла хир дара?
Мокха болатан муха хуьлу, цIеро а боддеш хилча?

ЦIе йовха хилла хир яра?
ЦIе йовха муха хуьлу, хино йойуш хилча?

Хи шийла хилла хир дара?
Хи шийла муха хуьлу, малхо а дохдеш хилча?

Малх бовха хилла хир бара?
Малх бовха муха хуьлу, мархаша а бойуш хилча?

Мархаш юькъа хилла хир яра?
Мархаш юькъа муха хуьлу, махо а йовдош хилча?

Мох чIогIа хилла хир бара?
Мох чIогIа муха хуьлу, сан цIийна маьIерчу кIа юккъера
ши кIен буьртиг а ца ластийча?

ЭхI, хьуна-м кIант а вина.
ХIаъ, кIантана кIант а веш ца лаьтта хIара дуьне?
И-м вала а велира.
ХIаъ, леш-дуьсуш ца лаьтта хIара дуьне?

Цунна тIаьхьа-м сагIа а даьккхина.
Веллачунна тIаьхьа сагIа доккхий ца хаьара хьуна?

Хьуна дитина дакъа цицигаша а диъна.
ХIаъ, цIахь воцчун дакъа цицигаша доийла ца хаьара хьуна?

---

[1] *Шелиг* – бочка.
[2] *Борзанан* – кхузахь: йоьз (бронза) санна чIогIа.
[3] *Мокха* – чудуьллу жимо урс.

Берийн эшарш, ловзарш ду барта кхоллараллехь. Каде, майра, гIуллакх дан хууш, гIиллакх-оьздангаллица, къинхетам болуш бераш кхиоран, исбаьхьаллин дош довзийтаран, ненан маттах марзо эцийтаран лехамаш хилла оцу эшарийн. Берашна гергара, царна девзаш, кхеташ долу суьрташ, васташ ду берашна леринчу барта произведенешкахь:

Цициг, цициг, табалахь,
Маса дахка лацалахь.
Дахка, дахка, бадалахь,
Цициган багара балалахь.

Цицигна диллина ду дахка лацар, цуьнан ижу[1] ю дахка. ХIетте а дехке боху: «Дахка, дахка, бадалахь, цицкан багара балалахь». Къинхетаме ойла ю иза. Къинхетаме хилар кхайкхадо халкъо шен барта кхоллараллехь.

Коьрта долчу декъана, берашна лерина хилла *чехкааларш* а. Масала: «Чоьлпа – чорпи чохь, чопа – чоьлпи чохь», «Ча такхо тача, тача такхо ча», «Сирчу аьттан сира ши шинара, Iуьйрре даьккхина дуькъа шар», «Со шершанчухула ча чу ца шерша, ча шершанчухула со чу ца шерша».

Стихан кепехь а хуьлу чехкааларш, уьш мелла а атта алалуш ду:

Литта, титта тилор-тай,
Тата дийриг татол дай.
Татин туьтех тилла тIай,
Тавдин туьйра хIилла дай.

Чехкааларийн дакъош шайн маьIница вовшех дозаделла ца хуьлу я, дукхахьолахь, маьIна долуш а ца хуьлу. Кхузахь коьртаниг маьIна дац, ала хала долу дешнаш, дешнийн цхьаьнакхетарш чехкка дIаала Iамар ду:

Шога шаршу, шера ша,
Жоьран жоьлахь жугIара жа,
Жанна жоьлахь шийла яц,
Шоврийн шаьлгахь шолхаш[2] яц.

Мотт цIена бийцийта, хIора дош къастош а, шера а, нийса а ала Iаморан Iалашо хилла чехкааларийн.

---

[1] *Ижу* – кхузахь: цициго лохуш йолу яахIума.

[2] *Шолх* – воттана хьокхуш уьнах схьадолу чIеш, сирхат.

**Хаттарш а, тӀедахкарш а**

1. Нохчийн къоман эшарийн хӀун тайпанаш ду?
2. Дийца къинхьегаман эшарийн мехаллех.
3. Берийн эшарша стенна Ӏамаво?
4. Мича Ӏалашонца далош хуьлу чехкааларш?
5. Аганан я мехкарийн йиш дӀаязъе.
6. Кхечу къаьмнийн юй вай къоман санна йолу эшарш? ХӀун хаьа шуна цунах лаьцна? Энциклопедически дошам тӀера схьалаха и хаамаш. Схьбийца кечбе.

**Ешначух ойла е вай**

1. Халкъан эшарш фольклорна юкъа хӀунда йогӀу? Дагалаца, кхин муьлха фольклоран жанраш евза шуна.
2. Халкъо муьлхачу теманашна кхуллуш хилла эшарш?
3. Шуна хетарехь, муьлха исторически хиламаш билгалбовлуш хилла нохчийн халкъан эшаршкахь?
4. Туьйранашца юьстича, халкъан эшарша адамо сатуьйсург, цуьнан синхаамаш бовзуьйту. Масалшца бакъде иза.
5. Халкъан эшаршкахь нохчичун муьлха амалш билгалйовлу?

**Вайн къамел кхиадо**

*МаргӀала сара, калакойн Ӏаж, регӀара кока* бохучу дешнийн цхьаьнакхетарийн маьӀна даста.

**Эшарийн исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Муха локхуш хилла лирически эшарш?
2. Мича Ӏалашонца пайда оьцуш хилла эшаршкахь юхааларех, айдардешнех?
3. Фольклоран цхьа дакъа хиларе терра, туьйранашкахь санна исбаьхьаллин суртхӀотторан гӀирсех пайда оьцу эшаршкахь а. Цхьа яха церан, даладе масалш.

**Билгалйинчу теманашна проект кхоллар**

1. Хаам кечбе «ХӀун дакъа лоцу халкъан эшарша нохчийн яздархойн кхоллараллехь» темина.
2. Дийца, муьлха халкъан эшарш локху шун доьзалехь.
3. Хаам кечбе «Суна дукхаеза йиш» темина.

## Кицанаш

Ӏаламат мехала хазна ю халкъан кицанаш. *Дукха хенахь дуьйна дахарехь зеделларг, адамо шен хьокъехь ойла йинарг, тидаме эцнарг ду кицанашка дерзийна. Доцца аьллча, шайгахь къеггина маьӀна долчу*

*дешнех лаьтташ ду уьш.* Шайн чулацаме хьаьжжина, тайп-тайпана ду кицанаш.

*Халкъан юкъараллин дахарехь зеделлачух* лаьцна кицанаш: «ойла йоцуш динарг гІайгІа йоцуш дирзина дац»; «хьайца схьалело цалуург нахаца дІа а ма леладе»; «яхьйолчу дагехь хьагІ хир яц»; «майрачул майраниг а хир ву, хазачул хазаниг а хир ву»; «дас хестийначу эро цхьогал ца лаьцна».

*Дешарх, хьекъалх* лаьцна кицанаш: «жимчохь Іамийна хІума тІулга тІе яздина йоза ду»; «йоза доцу стаг шура йоцчу аттах тера ву»; «коьртехь хьекъал ца хилча, когаша къахьоьгу»; «кхоччуш хьекъал долчун къамел доца хир ду».

*ДоттагІаллех* лаьцна кицанаш: «эзар доттагІ верг ваьлла, эзар сту-етт берг вайна»; «генара доттагІ – йоьгІна гІала»; «ваша ваша вац, и хьан доттагІ а вацахь»; «доттагІ элана а, мискачунна а оьшуш ву».

*Къинхьегамах* лаьцна кицанаш: «аьхка мало – Іай хало»; «тахана дан мегарг кханенга ма тетта»; «халхе гІаьттинчу Іуьнан жий шала бехкина»; «болх бар – цхьа къинхьегам, цабар – ши къинхьегам».

*ТІамах, девнах* лаьцна кицанаш: «тІамо воІ ца вина, тІамо воІ вийна»; «зулам лехнарг зен вайна»; «ирачу туьрана а оьшу дика да»; «дов шар-худар дац»; «стешхачу жІаьло тІехьашха катуху».

Халкъо кицанашкахь кхетам ло, диканиг хьоьху, вочух ларво. «Кхетаме доцу дош кица дац», – олуш ду. Къамелехь далийначу кицано дуьйцург хаздо, тодо, цуьнан маьІна кІарг а деш, ладугІуш волчунна цунах кхета гІо до. Шен къамелехь догІуш долчохь кица дало хаар къамелана говза хилар, шен ойла къеггина схьагайта хаар ду. Халкъан кицанаш хаа а деза, царах пайда эца а беза.

## ХІетал-металш

Халкъан барта кхолларалин шатайпана жанр ю хІетал-металш. *Цара цхьа хІума кхечу хІуманехула, шен аматашца къайлаха йолчуьнца йогІучу хІуманца билгалйоккху. ХІетал-металша адамийн эс кхиадо, цхьа хІума кхечуьнгахула йовза Іамаво.*

Тайп-тайпана ду хІетал-металш. Масала: хІетал-метал хаийла хьуна: вайн цІечу гІожа тІехь Іан кІайн котамаш? (*Цергаш*); хІетал-метал хаийла хуьна: дуьненан архаш? (*Некъаш*); хІетал-метал хаийла хуьна:

дуьнен чохь доцу кхо хIума? (*ХIордана тиллина тIай а дац, лаьттана тухуш догIа а дац, стигална хIоттийна лами а бац*); хIетал-метал хаийла хуьна: хуьл-хуьлуш, хингал, хилла даьлча, чIепалг? (*Бутт*); хIетал-метал хаийла хуьна: къеначу стеган говр? (*Iаса*); хIетал-метал хаийла хуьна: бIов олу, борз а яц, латта охку, хьакха а яц. (*Бумбари*).

Дехха далош хIетал-металш а хуьлу. Царах *чолхе хIетал-металш* олу. Масала: ХIорд ловза а баьлла, хIордан кема доьхна. Цу тIера цхьа стаг хIордо цхьана гIайре тIе юьстахкхоьссина. Оцу гIайре тIехь шаберш зударий хилла, шайна юккъехь цхьа а боьрша стаг а воцуш. И зударий чIогIа хаза хилла, цхьа а, ирча ю аьлла, билгалъяккха зуда йоцуш.

Зударша сацам бина, и стаг шайна зуламе вала тарло, цундела иза ирхъолла веза аьлла. Цу стага зударшка цхьа хIума аьлла. Зударша цул тIаьхьа, ца вуьйш, витина и стаг.

ХIетал-метал хаийла хьуна: цу стага зударшка хIун аьлла? (*Стага зударшка аьлла, массарел ирча йолчо оллахьара ша хьала*).

**Шуна, хIума довза луурш**

Россин Федерацехь дехачу къаьмнийн хIетал-металш оьрсийн хIетал-металшца догIуш ду, оццу билгалонашца кхуллуш а ду. Бакъду, царна тIехь оцу я вукху къоман дахаран башхалла билгалйолу. Иштта, масала, Къилбседехь дехачу къаьмнийн хIетал-металшкахь шийлачу махкахь хьалхавала аьтто беш йолу хIуманаш хуьлу:

ненцийн – аьхка тIергIан, Iай диттан чкъуран. *(Сайн маIаш.)*;

хантийн – дитташ тIехула кхийсалуш йолу говр. *(Тарсал.)* Хи чохь бIе бIаьрг. *(Ов, бой.)*

Кавказан къаьмнийн хIетал-металшкахь лаьмнийн мехкан хIуманийн дуьне билгалдолу.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. ХIун мехалалла ю къоман кицанийн?
2. ДIадеша хIетал-металш, жоьпаш ло царна.

Карий суна овгал,
Йохий иза аса.
Цу чохь суна ги
Дети, деши можа. *(ХIоа.)*

Ша ал ю, мерза;
Духар ду баьццара. *(Хорбаз.)*
ДIасалела, амма цIа чу ца йогIу. *(НеI.)*

3. Вайн фольклорехь шуьйра пайда оьцу хIетал-металш дагалаца. Шайн белхан тетрадаш тIе дIаязде уьш.

4. Муьлхачу исбаьхьаллин кепах пайда оьцу хIетал-метал кхуллуш?

5. Муьлхачу теманашна лерина хуьлу кицанаш?

6. Аша тидам бина хир бу тайп-тайпанчу къаьмнийн кицанийн маьIна цхьатера хиларан. Дагалаца, нохчийн дуй иштта маьIнаш долуш кицанаш.

7. Муьлхачу къаьмнийн кицанаш девза шуна? Даладе уьш.

8. Шайн дешарца йолчу юкъаметтигца догIу кица дало хуур дарий шуна?

**Культурийн диалог**

Оьрсийн кицанаш гулдеш хиллачу Даль Владимира дезткъе исс декъе (рубрике) декъна уьш. Вуьшта аьлча, шена кица далийна йоцу тема каро хала ду. Нохчийн фольклорехь муьлхачу темина кхоьллина алссам кицанаш? ХIун проблемаш хилла вайн халкъан дукхахьолахь сагатдийраш?

2. ХIокху кицанашна шайн маьIница догIу нохчийн кицанаш даладе.

Стеган мах – цуьнан къинхьегам. *(ГIебартойн.)*

Кагъян атта ду, ян хала ду. *(Чувашийн.)*

Дитт стоьмашца мехала ду, адам – динчу гIуллакхашца. *(ГIезалойн.)*

Барт болчу чIегIагаша эмкал юур ю. *(Тувинин.)*

Шен бен хьозано а ца бицбо. *(Эвенкийн.)*

Шен махкахь вехаш воцчунна дуьненан чам ца бевза. *(ХIирийн.)*

Цхьаволчун хьекъал дешнашкахь ду, ткъа вукхуьн – дечу гIуллакхашкахь. *(Долганийн.)*

## Иллеш

Нохчийн барта кхоллараллехь уггар мехалчу произведенех ду халкъан иллеш. *Илли – нохчийн барта кхоллараллин цхьа жанр ю. Стихотворенин кепехь а йолуш, мукъамца олуш эпически а, лирически а произведенеш ю уьш.*

Халкъан дахаран хьелаш билгалдовлу иллешкахь, къоман гIиллакхаш, ламасташ ду цаьрца. КIорггера чулацам а болуш, йоккхачу исбаьхьаллица кхоьллина ду нохчийн иллеш, цундела адамийн дегнийн кIоргене кхочуш ду уьш. Иллешкахь чIагIдо Даймохк безар, иза Iалашбар. Мехала лору кхечу къаьмнашца доттагIалла хилар, вовшашлахь цхьабарт болуш, халкъан, мехкан гIуллакх деш хилар. ГIийлачун гIолацар, гIиллакхе, комаьрша хилар коьрта лору халкъо. Къонахалла, майралла, оьздангалла, адамийн сий лардар кхайкхадо иллешкахь.

Иллеш шайн чулацаме, формане хьаьжжина, лирически а, эпически а хуьлу. *Нохчийн эпически иллех дукхахьолахь турпалаллин иллеш олу.*

## Лирически иллеш

Иллешна юккъехь шайн лаккхарчу исбаьхьаллица къаьсташ ду лирически иллеш. Къеггина шайн башхаллаш ю церан. Лирически иллийн чулацамехь кхочушхуьлуш гIуллакхаш дац, ардар[1] дац. Иллин турпалхочо лелийна гIуллакхаш я цхьа хиламаш бац царна тIехь гойтуш. Гонахарчу дахарехь я Iаламехь долчу хIуманаша меттахъяьккхина йолу турпалхочун ойла, цуьнан синхаамаш бу лирически иллин чулацамехь:

Дакъаза ма дала, го туьйсу хьо дуьне,
Цкъа малхо деладо, догIано делхадо.
Хьо тайнарг мила ву, ахь хьоьстург мила ву?
Даима хьох хьоьгуш лелаш верг мила ву?
Дакъаза ма дала, кийрара дилха дог,
Цкъа доьлуш хуьлу хьо, цкъа делха хIутту.
Безамо чехадарх, везначо дIатасарх,
Ма хилахь нийсархойн дог кхардош сох.
БIаьстено делочу зезагах хьоьгуш,
Гуьйрено гIелдинчу гIа-беце хьоьжуш,
Безамца боьлучу нийсархойх хьоьгуш,
Ас маццалц дуур-те хIара маьлхан дуьне?

Дукхахьолахь лирически иллешкахь хаалуш дерг адамийн кийрара даьлла баланийн аз ду, шайн гIайгIа-бала ялхайо адамаша оцу иллешкахь. Иштта дара хьалха аша Iамийна долу «Нохчийн шира илли» а, «Сай» илли а.

«Нохчийн шира илли» дуьххьара зорбатоьхна оьрсийн маттахь 1868-чу шарахь. ХIетахь оцу илли тIе тидам бахна баккхийчу оьрсийн яздархойн. Сийлахь-воккхачу Лев Толстойс шен доттагIчунна говза поэт-лирик волчу Афанасий Фетана дахьийтина хилла и илли кхечу нохчийн иллешца цхьаьна. Цо лаккхара мах хадийна, цIеначу поэзех лерина иза, тIаьхьо оьрсийн матте а даьккхина, зорба тоьхна

[1] *Ардар* – цхьа хIума дар.

цунна. ХIинца а цуьнан стихотворенеш юккъехь зорба тухуш а ду и илли. Вайн заманахь а поэтийн тидам шена тIехь соцуш а, дукхазза дийцина а ду «Нохчийн шира илли».

Халкъан иллешна юккъехь ду Iаламах, дийнатех лаьцна лирически иллеш. Даймехкан Iаламера исбаьхьа суьрташ гойту царна тIехь: шовданаш, лаьмнаш, хиш я акхарой, олхазарш. Оцу иллешкахь Iаламан хазалла йийцина ца Iа, Iаламах лаьцна болу халкъан кхетам гучубаьлла ца Iа. Говзачу васташкахула, йоккхачу исбаьхьаллица адамийн дахаран кIорггера ойла йойтуш ду уьш. Ишттачу иллех ду дуьненан исбаьхьаллин мехалла лара хьакъдолу «Сай» нохчийн лирически илли.

Къеггина го иллешкахь халкъо лайна халонаш, дахаран галаморзахаллаш. Хаддаза къинхьегамехь даьллинчу адамо, ирсехьа сатуьйсуш, шен ойланаш ялхийна лирически иллешкахь. Дог Iовжош долчу исбаьхьаллин васташкахула хаало халкъан ойла, цуьнан сатийсамаш, дегайовхонаш.

Адамийн дуьненах болу кхетам, дахарца йолу уьйраш, Iаламца кхоллалуш йолу юкъаметтигаш гучуйовлу лирически иллешкахь. Масала, тидам бер вай «Да вала хьан делаI, малх кхета хьо дуьне» бохучу нохчийн лирически иллин.

Да вала хьан делаI, малх кхета хьо дуьне,
Хьо дуург ца хилла, дагна товраш ва хилла,
Хьо дуург ца хилла, бохуриг ва хилла,
Хьо дуург ца хилла, хетарш ва хилла.
Дагна товраш ва хилла, хьо дуург ва хиллехь,
Хьо дууш хир дара безначаьрца ва цхьаьна.
Бохуриг ва хилла, хьо дуург ва хиллехь,
Хьо дууш хир дарий дагна дукхаезначу мерзачу езарца.

Товраш хилла ца лаьтта, там хилла ца лаьтта
Башлекха и лаьмнаш, аьхкенан кхаа баттахь
Бора дарц ва детташ, сийна буц ца йолуш.
Хетарш хилла ца лаьтта Чергасийн ва раьгIнаш,
Аьхкенан кхаа баттахь цу малхо ва морцуш.
Хетарш хуьлуш ва делахь, бохуриг хуьлуш ва делахь,
Некъо гола мел тухучохь шовданаш хир дарий,
Шовданийн ва коьртехь таьллийн хьун хир ярий.

Долу гӀа ва санна, вежарий кхуьур бу;
Дужу гӀа ва санна, царах дӀахедар ву.
Нийсархой кхуьур бу, хаза йолу бӀаьсте ва санна;
Царах дӀахедар ву, эсаро дожадо толлан гӀа ва санна.
Вахарх а вузур ву, мазах буьзна некх[1] санна;
Вахарх а хедар ву, эла[2] велла некх санна.

Да велла диса хьо, малх кхета кӀайн дуьне,
Дезаш ка ва еттарх, ма карара дели хьо.
Дагна дукха мел везнарг велла дӀа ма вели,
Ца даъал чам байна, къахьделла хьо дуьне.
Ца ер вай, кӀенатой, хӀара йоьхна ойланаш,
Ца ер вай, кӀенатой, дуьненан гӀайгӀанаш.

Вайна дика ма бара, сарахь сагатделча,
Эзар ойла ва хилла, сарахь чувирзича,
Самукъа ва даккха бос хаза мехкарий.

Иллин хьалхарчу бархӀ могӀанехь хаало турпалхочун йоьхна ойланаш. Сингаттаме ду цуьнан дуьнене, дахаре хьежар. Шен дахарх самукъадолуш, воккхавеш вац иза. ТаьӀна, гӀийла ю цуьнан ойланаш.

Иллин шолгӀачу бархӀ могӀанехь адамийн дахаран гӀайгӀанаш Ӏаламан хиламашца цхьаьнайоьзна. Башлекха лаьмнаш а, Чергасийн раьгӀнаш а товраш хилла ца лаьтта, там хилла ца лаьтта боху илли тӀехь. Царна а ю новкъарлонаш, цатемаш.

КхидӀа болчу иллин ялх могӀанехь дахаран философи ю: валарвисар, хьал хилар-хьолах хадар. Дуьненан хӀума хийцалуш хиларх лаьцна ду иллин и дакъа:

Долу гӀа ва санна, вежарий кхуьур бу,
Дужу гӀа ва санна, царах дӀахедар ву.
Нийсархой кхуьур бу, хаза йолу бӀаьсте ва санна,
Царах дӀахедар ву, эсаро дожадо толлан гӀа ва санна.
Вахарх а вузур ву, мазах буьзна некх санна,
Вахарх а хедар ву, эла велла некх санна.

---

[1] *Некх* – накхармозий чохь долу яьшка.

[2] *Эла* – кхузахь: зирх тосуш (накхармозий дебош ) болу нана-накхармоза.

Изза ойла чIагIъеш ду иллин кхин дIа долу могIанаш а. Амма илли дерзош (тIаьххьара кхо могIа) сингаттаме, гIайгIане ойла хуьйцу турпалхочо, адамийн дахарх, дуьненан чолхечу гIуллакхех йолу ойланаш мелла а яйярхьама гIеххьа забар ярца чекхдоккху илли.

Йоккха исбаьхьалла ю оцу иллица. Халкъан барта произведенийн исбаьхьаллин гIирсех говза пайда эцна илли тIехь: риторически тIедерзарш (да вала хьан делаI, малх кхета хьо дуьне; ца ер вай, кIенатой, хIара йоьхна ойланаш); дустарш (нийсархой кхуьур бу, хаза йолу бIаьсте ва санна; царах дIахедар ву, эсаро дожадо толлан гIа ва санна; вахарх а вузур ву, мазах буьзна некх санна; вахарх а хедар ву, эла велла некх санна); гуттар а лела эпитеташ (сийна буц, бора дарц, мерза езар, бос хаза мехкарий); юхааларш (да вала хьан делаI, малх кхета хьо дуьне, хьо дуург ца хилла, дагна товраш ва хилла, хьо дуург ца хилла, бохуриг ва хилла, хьо дуург ца хилла, хетарш ва хилла).

Говза могт бу иллин, халкъан барта произведенийн ерриг а исбаьхьалла ю цуьнца. Халкъан стихан барамехь кхоьллина ду иза.

Нохчийн лирически иллеш шайн лаккхарчу исбаьхьаллица девзаш ду. Iилманчаша билгалдаьккхина: «Ширачу лирически иллийн шайн исбаьхьаллин мехалла цкъа а йовр яц. Дерриг а дуьненан поэзин хазни чу гIур ду вайн шира лирически иллеш, нохчийн халкъан кхолларалла гойтуш».

Оцу дерригено кхин цкъа а тоьшалла до нохчийн лирически иллеш халкъан йоккха хазна хиларан.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Муьлхачу барта произведенех олу илли?

2. Муха хета хьуна «Да вала хьан делаI, малх кхета хьо дуьне...» боху лирически илли?

3. Кхин муьлха лирически иллеш девза хьуна?

4. ХIун башхаллаш ю нохчийн лирически иллийн?

5. Пособи тIера статья а еший, барта жоп кечде кху хаттарна: «Маца кхолладелла лирически илли, хIун ю цуьнан башхалла?»

6. Муьлхачу исбаьхьаллин гIирсех пайда эцна «Да вала хьан делаI, малх кхета хьо дуьне...» илли тIехь? Шайн белхан тетрадаш тIе дIаязбе уьш.

## Турпалаллин иллеш

Нохчийн халкъан барта кхолларалех Іаламат мехала ду турпалаллин иллеш. КІорггера маьІна а, шатайпана исбаьхьалла а ю церан. Дукхахдолчу иллешкахь буьйцу турпалхой хьалха баьхна, исторически хилла нах бу. Шен халачу дахаран новкъахь тайп-тайпанчу мостагІашна дуьхьал халкъо къийсам латтош, хьалхабевлла хилла а, хьуьнарш гайтина а нах бу царна тІехь буьйцучарех дукхахберш. Шен дикачу кІентийн хьуьнарш хастаме деш дийца, уьш тІекхуьучу тІаьхьенашка дІахаийта лаарна кхоьллина халкъо турпалаллин иллеш. XVI–XVII бІешерашкахь кхоьллина лору царах цхьадерш. Амма дуккха а тІаьхьа кхоьллина иллеш а ду, масала, XX бІешарахь кхоьллина Харачойн Зеламхех долу иллеш.

Коьрта долчу декъана, дахарехь хилла гІуллакхаш ду иллийн чулацамехь дуьйцурш. Амма тайп-тайпанчу меттигашкахь, тайп-тайпанчу хенашкахь хилла долу гІуллакхаш цхьана меттехь хилча санна а, цхьана хене дерзадой а дуьйцуш нисло. Цхьана хенахь баьхна боцу турпалхой вовшахтухий гойтуш а нисло иллеш тІехь. Делахь а, коьрта турпалхой шаьш схьабевллачу меттигца я шайн тайпанца билгалбоху. Масала: Эвтархойн Ахьмад, Аьккхийн Джанхот, Іалхаштойн Іалха, Мадин Жаьммарза (Чечанара хилла), БахІадаран Муьстарг (Дадин-Юьртара хилла), Іахин Тиймаркъа (ГихтІара хилла). Турпалаллин иллешкахь чІагІдо Даймохк безар, кхечу къаьмнашца доттагІалла хилар, вовшийн лоруш, цхьабарт болуш хилар, гІийлачуьнгахьа гІо лоцуш, доттагІалла лардеш, майралла, стогалла гайтар, адамийн оьздангалла, сий лардар.

«Таркхойн кІентан, Жерочун кІентан, Жумин Акхтулин илли» тІехь ваша воцуш цхьалха волчу Жерочун кІентан сий лардеш, цуьнца а, Жумин Акхтулица а цхьаьна инарлина дуьхьал тІаме хІуьтту Таркхойн кІант а, шеца кура кІентий а болуш гІалагІазкхий а. Шен эскаршца юьртана гонаха кхолха го хІоттийна, адамашна зуламе вала гІерташ волу инарла халачу тІамехь эша а вина, жерочун кІант ирс долуш ваха а хаийна, цІехьа боьрзу и сийдолу кІентий.

ПаргІатонехьа болчу къийсамехь къаьмнашка цхьабарт болуш хиларе кхойкху иллеш тІехь. Иллийн турпалхой бертахь хуьлу, вовшийн лоруш, сий деш, гІо лоцуш хуьлу. Цхьана къомах хилар я цахилар хьесапе а ца оьцу цара. «Жерочун кІентан, гуьржийн кІентан илли» тІехь ницкъболчу Юьспан Тойсамна дуьхьалвала ша кечлуш,

гуьржийн кIант шена доттагI лаца воьду иллин турпалхо. Иллешкахь коьрта лоруш ю стеган дика амалш, цуьнан гIиллакх-оьздангалла. Ницкъий, хьаллий цуьнан хиларца ца хадабо стеган мах:

Ницкъ хиларх хуьлуш вац яхьйолу дика кIант,
ХIилланах хуьлуш вац тешаме дика кIант,
Тешамо, гIиллакхо, собаро веш ву-кха,
Оьздалло, хьекъало, стогалло веш ву-кха
ГIиллакхах вуьззина яхьйолу дика кIант.

Нохчийн иллеш йоккхачу поэтически говзаллица кхоьллина ду. Шера ритм ю церан. Дукхахьолахь шина я еа стопах лаьттачу дактилан барамехь хуьлу иллийн стих. Iаламат хаза исбаьхьаллин суьрташ, васташ кхуллу иллешкахь, говза даладо тайп-тайпана дустарш, метафораш, эпитеташ, гиперболаш.

Оцу исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсех пайда оьцу турпалхойн сибат-амат, куц-кеп гойтуш а, церан хьуьнарех лаьцна дуьйцуш а, иллеш тIера хиламаш гойтуш а. Эпитеташ дукхахьолахь гуттар а цхьана кепехь лелаш ерш хуьлу: дог майра, кIайн нускал, бабин хаза йоI, расха дин, чо чехка чола куй, чал дера герзаш, можа малх, дилха дог, мерза са. Цара гIо до дуьйцуш дерг исбаьхьаллин суьртехь схьагайта, иза ладугIуш волчунна дагах хьакхадалийта.

Иллийн суртхIотторан гIирсаша гIо до дуьйцуш долу гIуллакхаш даг чу дийшийта, цаьрца дог айа, патриотически ойла кхио.

Нохчийн ширачу иллех ду «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон илли».

**Кхоллараллин тIедиллар**

Интерент гIирсех, кхечу хьастех пайда а оьцуш, барта хаам кечбе турпалаллин иллех.

## «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон илли»

Халкъан иллешна юккъехь шен кIорггерчу социальни маьIница а, чулацаман исбаьхьаллица а къаьсташ ду «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон илли». Халкъо харцо ловш цахилар, шен паргIатонехьа къийсам латтор, къоман ламасташ, гIиллакх-оьздангалла гучуйолу.

## Адин Сурхо – халкъан турпалхо

Адин Сурхо элашна дуьхьалболчу къинхьегамхошна хьалхаваьлла халкъан турпалхо ву. ТӀехь йоцу ясакх юьртахошкара яккха гӀерташ волчу Мусостан олалла дожалур долуш волу яхьйолу кӀант лохуш юьртан тхьамданаша цӀе йоккху Адин Сурхон.

– Дин дика ва беца цу Адин ва Сурхон,
Герз дика ва деца цу Адин ва Сурхон,
Дог майра ва деца цу Адин ва Сурхон... –

боху юьртан тхьамданаша.

Иллешкахь халкъан турпалхочун дин дика хуьлу, герзаш чӀогӀа хуьлу. Дагца майралла, къонахалла йолуш хуьлу турпалхо. МостагӀчух лата воьдуш уггар дика духар тӀедухий, куьцехь толой, уггар тоьлашха долу герзаш схьаоьций, араволу турпалхо. Адин Сурхо юьртан тхьамданийн дехарца Мусостан олалла дожо ваха аравалар иштта гойту илли тӀехь:

Цу кӀайчу гӀовталца, Ӏаьржачу вертанца,
Чо чехка чола куй бӀаьштиг тӀе теӀабеш,
Ва гӀожа меттана терсмаймал тур луьйзуш,
Ша хьалха ва ваьлла, уьш тӀаьхьа ва хӀиттийна,
Хьаьвзина ма хӀоьттира и Адин ва Сурхо
Мусостан ва уьйтӀа.

Халкъо шен турпалхо массо хӀуман тӀехь дика хуьлуьйту: гӀиллакх-оьздангалла йолуш, куц-кеп долуш, духарца кечвелла. Къаьсттана билгалдоккху цуьнан герзаш дика хилар. Адин Сурхон тур терсмаймал ду, тапча осмалойн ю. Нагахь санна эла Мусостниг, мажар хилар бен, и муха мажар ю, хӀун мажар ю хьахийна дацахь, Адин Сурхониг «дӀаман баттахь йоллу ... бакъ гӀирмин ... мажар» хилар билгалдаьккхина. Оцу дерригенца а халкъо шен турпалхо хаставо, хьалаойу, мостагӀал иза тоьлуш хилар схьагойту. Адин Сурхо дуьххьара хьахош цуьнан дин, герзаш дика хилар, майралла йолуш иза хилар билгалдаьккхина. Юьртан тхьамданаша бахарехь хаьа вайна иза. Ткъа цул тӀаьхьа Адин Сурхон хьуьнарш, цуьнан турпалаллин амалш цо ша кхочушдечу гӀуллакхашкахь гучуйовлу.

Эла Мусосте юьртахошкара тӀехь йоцу ясакх-м муххале а ца йоккхуьйту Адин Сурхос, мелхо а, бацах тоелла, зезаго хазйина лаьтташ

йолу цуьнан раьгІнаш юьртахошна дІайоькъу. Мусостна цуьнан вашас нуьцкъала йигна йолу бабин хаза йоІ схьайоккху Адин Сурхос, дуьхьалю йича, Мусостан ваша эшаво цо. «Веза ваша ва вийна, олалла дожийна, нускал эцна ма воьду и Адин ва Сурхо», – аьлла, шега ирча орца кхаьчча, Адин Сурхона тІаьхьавелира эла Мусост. Мусоста кхоьссинчу мажаро Адин Сурхо ластийна витира, «цу хІордан ва махо куьйса эрз ва санна», ткъа Адин Сурхос эла Мусост «тоьхна, вожийра».

Адин Сурхо халкъан турпалхо ву. ТІехь йоцу ясакх яккха гІерташ эла Мусоста юьртахошка кхийдош йолчу харцонна дуьхьал ву иза. Халкъан паргІато ларъеш луьрачу къийсаме волу Адин Сурхо эла Мусостца. Мусостан олалла а дожийна, цуьнан мохк юьртахошна дІабиййкъира цо. Даим а гІийлачарна орцахвала кийча ву Адин Сурхо. Адамашкара гІайгІа-бала дІаойуш, шен «дегІаха мерза са» дІадала а кийча ву иза. Адин Сурхон турпалаллин хьуьнарш адамашна паргІато яккхаре, церан сий лардаре хьажийна ду. Халкъ Іазапехь латтош болчу элашца къийсаме волий, шен майраллица, къонахаллица царна тІехь толамаш боху Адин Сурхос.

## Сурхон нана

Иллешкахь турпалхойн гІиллакх-амалш тайп-тайпанчу исбаьхьаллин гІирсашца билгалйоху. Масала, турпалаллин иллеш тІехь алссам хуьлу монологаш, диалогаш. Церан шайн маьІна ду иллешкахь буьйцучу турпалхойн амалш гучуяхарехь а, иллийн маьІна кІаргдарехь а. «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон илли» тІехь а ю шайн кІорггера маьІна долу диалогаш. Ма-дарра аьлча, оцу иллин коьрта чулацам а, турпалхойн васташ а диалогашкахь билгалдовлуш ду. Сурхон ненан оьздангалла, халкъана, махкана иза йистйоцуш муьтІахь хилар юьртан тхьамданашца а, шен кІантаца а цуьнан хиллачу къамелашкахь го вайна. Шега Сурхо веха баьхкинчу юьртан тхьамданашна иштта жоп ло цо:

Доллучу дуьнен тІехь сирла бІаьрг ва тоьхна,
Сема ла ва доьгІча, Сурхол сов амал дац,
ХІай юьртан тхьамданаш, Сурхо винчу со бабин.
Вехча ца вала вина вац сан жима ва Сурхо,
Вехча вала вина ву сан жима и Сурхо.

Нанна дукхавеза шен цхьаь бен воцу кIант, Сурхол сов дуьнен чохь кхин хIума дац цуьнан, амма махкана, халкъана эшча, дог резадой дIало цо иза. Юьртан тхьамданийн юьхь яр хилла ца Iа Сурхон нанас иза царна валар. Даймехкан гIуллакх, халкъан гIуллакх коьрта дарар ду и. Даймохк Iалашбар, иза ларбар хIоранна а тIехь долу сийлахь декхар хилар чIагIдо иллешкахь, халкъан маршо, паргIато дарьяр коьрта лору. Даймехкан гIуллакхна юьстахлаьттачунна, иза хийра деринчунна нелалт кхайкхадо халкъо. Сурхон нана халкъан векал ю. Халкъан ойла ю цуьнан дешнашкахь гучуйолуш ерг:

Хьо виjхира ва соьга цу юьртан тхьамданаша,
Ас вехча велира хьо цу юьртан тхьамданашна.
ДегIаха мерза са цара хьайга ва дехахь,
Ахь, даккхий, дIалолахь дегIаха мерза са…

Иллин чулацамехь дерш халкъан ламасташ ду, царна муьтIахь хилар, уьш кхочушдар тIедуьллу баккхийчара кегийрхошна. Шен турпалхой хестабо халкъо иллешкахь, церан хьуьнарш, цара махкана а, халкъана а дина дика гIуллакхаш тIекхуьучарна довзийта, кегийрхой уьш санна хьуьнаре хилийта, царах масала эцийта.

### Иллин цхьайолу исбаьхьаллин башхаллаш а, тIаьхьара дош а

Иллешкарчу турпалхойн гIиллакх-амалш диалогашкахь а гучуйовлу. Адин Сурхон – эла Мусостан, Адин Сурхон – Мусостан вешин диалогашкахь а хаало царна юкъара башхаллаш а, мелла а церан амалех дерг а. Адин Сурхон къамел собаречу, гIиллакх долуш волчу, оьздачу стеган къамел ду. Цо юьхьанца дехаран кепехь олу Мусосте:

Ахь йоьху бохийц кхара тIехь йоцу ва ясакх.
Дакъаза ма вала, хIай эла ва Мусост,
Да эла хиллийц хьан, баба сту[1] хиллийц хьан,
Хьо эла веца хьо, ва эла Мусост,
ХIорш Iаьржа нах беца, хьо эла веца хьо,
Къа деца ва хьуна зударийн, ва берийн,
Ахь кхаьрга ма еха тIехь йоцу ва ясакх.
Ма еха ва аьлла, дехаре веана со.

[1] *Сту* – элан зуда.

Эла Мусостниг кура къамел ду, шех тоам бинчу стеган. Шега хIуъа а далур ду, ша дийр а ду шена луъург аьлла хеташ волчу стеган къамел ду иза. Цо юх-юха а шен къамелехь даладо:

Ас хир ду аьллариг ва хилла ма даьлла,
Ас хир дац аьллариг ца хилла ма даьлла, –

дешнаш. Амма уьш дешнаш а хуьлий дуьсу. Ткъа Адин Сурхос дожадо Мусостан олалла.

Турпалхойн сибат-амат, куц-кеп гойтуш а, церан хьуьнарех лаьцна дуьйцуш а, иллеш тIера хиламаш гойтуш а алссам пайда оьцу эпитетех, дустарех, гиперболех, юх-юха аларех. Эпитеташ дукхахьолахь гуттур а цхьана кепехь лелаш ерш хуьлу: дог майра Адин Сурхо, кIайн нускал, бабин хаза йоI, расха дин, чо чехка чола куй, чал дера герзаш, можа малх, дилха дог, мерза са. Цара гIо до дуьйцуш дерг исбаьхьаллин суьртехь схьагайта.

Илли тIера дерзоран дешнаш иштта ду:

Ма лалда вай, кIентий, вовшех тешам байна.
Ма лалда вай, кIентий, вовшех безам байна,
Нанас дена ма волда яхь йоцу ва кIанат,
И, вича, ма кхиа яра дуьне ва даа.
Нанас дена ма волда тешам боцу ва кIанат,
И, вича, ма кхиа цу дийнахь делкъалца.

Оцу дешнаша доцца чулаьцна иллин коьрта маьIна. Цаьрца билгалйолу иллин Iалашо а. Илли тIехь дийцинчу дерригенах а схьадолу маьIна шайгахь долчу дешнашца чекхдоккху олуш волчо шен илли. ЛадугIучарна массарна а тIедерзийна ду и дешнаш. Хала киртиг тIехIоьттича, Даймахкана орцахбовла дика кIентий, яхьйолу кIентий эшна. Илли тIехь дийцина долу гIуллакхаш даг чу дийшийта, цаьргахула дог айа, патриотически ойла кхио даладо дерзорехь и синхаамашка кхочуш долу дешнаш.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. ХIун башхаллаш ю нохчийн барта кхоллараллехь иллин жанран?

2. Дагалаца, муьлха турпалаллин иллеш Iамийна аша 6–7-чуй классашкахь?

3. «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон иллин» коьрта маьIна хIун ду?

4. «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон илли» тIехь къоман ламасташ гайтаран хIун башхаллаш ю?

5. Муха гайтина Адин Сурхон, цуьнан ненан васташ? Адин Сурхон а, цуьнан ненан а муьлха амалш къеггина билгалйовлу илли тӀехь?

6. ХӀун маьӀна ду Адин Сурхон халкъо элашца латтийначу къийсамехь?

**Иллин исбаьхьаллин башхаллаш къастор**

1. Пособи тӀера статья дӀа а еший, жоп дала кечло кху хаттарна: «Турпаллаллин иллин муьлха башхаллаш хуьлу?»

2. Илли тӀера меттан исбаьхьаллин суртхӀотторан гӀирсаш схьалаха. Шайн белхан тетрадаш тӀе даязбе уьш. Дийца, хӀун гӀуллакх кхочушдо цара илли тӀехь.

3. ХӀун маьӀна ду илли тӀехь ялийначу монологийн, диалогийн?

4. Илли тӀехь гайтинчу хиламийн рогӀалла муха ю? План хӀоттае цуьнан.

5. ХӀун маьӀна ду текстехь хӀокху эпитетийн: дог майра, кӀайн нускал, бабин хаза йоӀ, расха дин, чо чехка чола куй, чал дера герзаш, можа малх, дилха дог, мерза са?

6. ДӀаеша Адин Сурхона а, эла Мусостна а юккъехь хилла диалог? Дийца, хӀун билгалдолу церан къамелехь.

**Культурийн диалог**

Оьрсийн литературехь барта кхоллаларехь вуьйцучу муьлхачу турпалхочуьнца вуста мегар дара Адин Сурхо? Билгалдаккха церан амалшкахь цхьаьнадогӀург а, къаьстарг а.

**Кхоллараллин тӀедиллар**

1. Сочиненина яьржина план хӀоттае «Адин Сурхо халкъан турпалхо», «Тахана мехала дуй Адин Сурхох лаьцна илли?», «Илли тӀехь суна дика хеттарг» теманашна. (Харжарца.)

2. Иллин поэтически хотӀаца догӀуш Адин Сурхо хасторан дош кечде.

## «Аьккхийн Жанхотан илли»

«Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон иллел» дуккха а тӀаьхьа кхоьллина ду «Аьккхийн Жанхотан илли». Цу тӀехь хьахийна волу Таймин Бийболт XIX бӀешарахь ваьхна. Цундела оцу хенал хьалха кхоьллина хуьлийла дац иза. Нохчийн иллешкахь буьйцучарех масех турпалхо ву «Аьккхийн Жанхотан илли» тӀехь цхьаьна гайтина: Мадин Жаьммарза, Таймин Бийболт, Зайтан Шихмирза, Жумин Акхтул, Баччин Элмарза, Аьккхийн Жанхот, Жерочун кӀант, Оьрсийн кӀант. Цара цхьаьна кхочушдеш гӀуллакхаш ду иллин чулацамехь дерш.

## Иллин чулацам а, дIахIоттам а

Тешам болуш, яхьйолуш хилар, нийсо лелош, гIийлачунна гIо лоцуш, цхьалхачунна вошалла деш хилар кхайкхадо «Аьккхийн Жанхотан илли» тIехь.

Шен барамца доккха ду илли – ворхI бIе шовзткъе итт стихах[1] льтта иза, исс дакъа а ду цуьнан. Дуккха а турпалхой а, чолхе сюжет а ю иллин. Сюжетан зIе иштта ю: Аьккхийн Жанхотана накъосталлина арабовлу кура кIентий: Мадин Жаьммарза, Таймин Бийболт, Зайтан Шихмирза, Жумин Акхтул, Баччин Элмарза. Цара, Оьрсийн кIанта а гIо а деш, Аьккхийн Жанхотна ялайо «хьалхашха хьаьжча, кхеташ малх санна хаза, тIаьхьашха хьаьжча, бузуш малх санна тамехь» йолу инарлин йоI. Шайн доттагIчунна «кIайн нускал» а даладой, дууш, молуш а Iай, цIа боьрзу и яхьйолу кIентий. Амма Аьккхийн Жанхотан хIусамера, йодий, дIайоьду инарлин йоI: «цхьана вочу зудчо, юккъе мотт боьллина, Iехийна, тилийна, дIаяхар марздича, цIа яхна хиллера инарлин хаза йоI». Цо ша юьхьIаьржа хIоттийна лерина Аьккхийн Жанхот, «дин каде кечбина, ша сиха кечвелла..., дацойн лорах йоьду къена борз ва санна, лорах тIаьхьатилира» яхначу йоIана.

Оьрсийн кIентан нанас хаийтира Аьккхийн Жанхотана а, шен кIантана а инарлин йоI паччахьан кIантана юьгуш хилар. Оцунна холчухIоьттина хьийзачу шен нене элира Оьрсийн кIанта:

Хьо елха ма елха, со вина сан баба,
Хьо тийжа ма тийжа, со вина сан баба.
Хьан кIентан кийрахь мерза са дисахь,
Юьгур яц хир яй и-м паччахьан кIантана.

Оьрсийн кIант Аьккхийн Жанхотца тIаьхьавоьду паччахьан кIантана нускал эцна боьлхучу замошна. Дикачу дойн йоргIахь, дийнан дохалла некъ беш, тIаьхьакхиира и шиъ «малх буза лахбелча, шайн дой кIадделла, паччахьан кIант инарлин йоIаца волчу кIайн четар тоьхна, эпсарш болчу цIен четар тоьхна, салтий болчу Iаьржа четар тоьхна» садаIа севцинчу замошна. Паччахьан кIентан четарна улло ваханчу Оьрсийн кIантана хезира: «Ма яла дакъаза, инарлин жима йоI. ТIех товш нускал дара-кх хьо хьалдолчу кIантана, цу нохчийн къутIанан пис хьожа хьайн дегIах ца еача», – бохуш, инарлин йоIе паччахьан кIанта ден къамел.

[1] *Стих* – стихотворенин цхьа могIа, кхузахь: иллин цхьа могIа.

И лан ца деллачу Оьрсийн кIанта:

...Кийрарчу шен даго ладегIа ца вуьтуш,
Хьенанан шаьлтанца кIайн четар датIийна,
Ша-шен цIока яккха цIоькъа-лом санна,
Шен сина даръелла дера ча ва санна,
Буьрса чуиккхир, тов, и Оьрсийн жима кIант:
– Э, елла яла хьо, паччахьан хьо кIилло!
И хьуна йогIуриг инарлин йоIах
Нохчийн къутанан пис хьожа яц хьуна,
Цу нохчийн кIантана уллохь хьийзинчу
Шен туьрах йогIуш хьожа хилла хьуна! –

аьлла, иза вожа а вина, инарлин йоI Аьккхийн Жанхотна схьаялийна. И санна долу гIуллакх кхин Iотталахь а ша волчу вар тIе а диллина, цIехьа хьажаво Оьрсийн кIанта Аьккхийн Жанхот инарлин йоIаца.

Амма цул тIаьхьа, хье ца луш, когашна болатан буржалш тоьхна, куьйгашна чилхьесан гIоьмаш йоьхкина, коча болатан юткъа зIе тесна, коьртах гатанан тIоьрмиг боьллина паччахьан хьадалчаша вадийна ваьхьира Оьрсийн кIант, паччахьан цхьаъ бен воцу кIант а вийна, инарлин йоI йийсаре елла аьлла, толлан тангIалкхашкахь ирхъолла. Оьрсийн кIанта, набахтера цхьа хехо берта а валийна, шен деган доттагIчуьнга Аьккхийн Жанхоте ша лаьцнийла хоуьйтуш кехат дахьийтина. Аьккхийн Жанхот шеца Мадин Жаьммарза, Таймин Бийболат, Зайтан Шихмирза, Баччин Элмарза, Жумин Акхтул, Жерочун кIант а волуш орцахкхечира Оьрсийн кIантана, «деттачу дошана бIаьрг белла йиш йоцуш, молханан кIуьрана садоIийла йоцуш» болчу луьрачу тIамца. Оьрсийн кIант Iожаллех хьалха а ваьккхина, цIа бирзира и яхь йолу кура кIентий.

Цу тайпана, илли тIера хиламаш кхаа декъе бекъало:

1. Аьккхийн Жанхотна цуьнан накъосташа инарлин йоI ялор а, «цхьана вочу зудчо» мотт а бина, иза дIаяхар а;

2. Паччахьан кIанте дIалуш йолу и инарлин йоI, Оьрсийн кIанта схьа а яьккхина, Аьккхийн Жанхоте схьаялар;

3. Паччахьан хьадалчаша лаьцна ирхъолла кечвина волу Оьрсийн кIант Аьккхийн Жанхота а, цуьнан накъосташа а кIелхьарваккхар.

Оцу коьртачу хиламех лаьтта иллин чулацам, цаьргахула билгалйовлу турпалхойн амалш а, иллин маьIна а.

## Иллин турпалхой

«Аьккхийн Жанхотан илли» тIехь цхьаьна гайтина нохчийн барта кхолларалехь гIараваьлла вуьйцуш волу бархI турпалхо. Царах хIора а шен хьокъехь халкъо масех илли даьккхина ву. Даккхийчу хьуьнарщца, гIиллакх-оьздангаллица цIеяхна волу Мадин Жаьммарза, Таймин Бийболат, Зайтан Шихмирза, Жумин Акхтул, Баччин Элмарза, Аьккхийн Жанхот, Жерочун кIант, Оьрсийн кIант ву илли тIехь шайн накъостан Аьккхийн Жанхотан гIуллакхна араваьлла, «ваша воцчу вешина вошалла доьху ас, шича воцчу шичина уллохь гIо доьху ас» аьлла, Аьккхийн Жанхот юьртан пхьоьха стамлучу хенахь пхьоьханна тIехIоьттича:

Ваша воцчу вешина вошалла дийриг ца хилча,
Шича воцчу шичина уллохь гIо дийриг ца хилча,
Шаьш лаьттара ма дацара кху юьртан пхьоьханахь, –
Аьлла, юкъаравелир, тов, и Мадин Жаьммарза,
И Таймин Бийболат, и Зайтан Шихмирза,
И Баччин Элмарза, и Жумин Акхтул,
ТIаьхьашха тIекъаьстира Жерочун жима кIант.
Кхин шаьш дийриг хIун ду-те, вовшашка ца олуш,
Каде цIа бирзира, тов, цIе йолу кура кIентий.
Дой каде кечдина, юха тоба гулйира, тов,
Цу юьртан майданахь.

*Мадин Жаьммарза.* Иллин турпалхой, вежарий санна, цхьабарт болуш бу. Вовшех муьлххачунна а тIедеана вон а, дика а массара а цхьабосса доькъу цара. Вовшийн сий лардеш, мел яккхий а халонаш лан кийча бу уьш, цхьабарт болуш хиларо церан аьтто хуьлуьйту шайн цабезамхошна, мостагIашна тIехь толам баккха. Яхь, гIиллакх хиларца билгалбовлу иллин турпалхой. Къоман сий деш, гIиллакх-оьздангалла ларъеш бу и майра кIентий. Илли тIехь къаставо Мадин Жаьммарза, цуьнан цIе хьалха йоккху, кIенташна хьалха иза волу, «кIентийн баьчча» аьлла цунах. Дуьне а, дахар а девзина, хало а, атто а лайна ву иза. «Эпсаршна хьалха полковник санна, ардангана хьалха къена борз санна, кIенташна хьалха сецира, тов, и Мадин Жаьммарза», – олий, даладо илли тIехь. Турпалхоша илли тIехь кхочушдо дерриг а гIуллакхаш Мадин Жаьммарзин куьйгаллица кхочушхуьлуш ду.

*Жерочун кIант.* ТIех майра а, даккхий хьуьнарш гойтуш а ву илли тIехь Жерочун кIант а. Мадин Жаьммарзин юххера гIоьнча ву иза. «Арданга хьалха Мадин Жаьммарза волуш, цунна аьрру агIор Жерочун жима кIант волуш» арабовлу и кура кIентий шаьш лела боьлхуш. Жерочун кIентан дин а дика бу, цо иза дика а хьовзабо:

Схьахьожуш хилалахь, хIай Мадин Жаьммарза,
Ас хьовзор ю хьуна сайн бора хIара бекъа, –
Олуш, дин хьовзийр, тов, Жерочун цу кIанта.
Хьалхарчу когашца мискачу стагана
Тоьла яккхал даккхий оьрнаш дохуш,
ТIаьхьарчу когашца цу чу латта хьоькхуш,
Дин хьовзийна велира, тов. Жерочун жима кIант.

Новкъахь хало Iоттаелча, кхерам меттиг нисъелча, шен накъосташна некъ бостуш верг а Жерочун кIант ву илли тIехь. Лакхахь лам бешна, Терк дистина деана а карийна, кхечура дехьабовла бIокъажочу хенахь «шен деган майралла, цу динан дикалла Терк пурх хадийна, Терках велира, тов, Жерочун жима кIант. Цуьнан лорах дехьабевлира, тов, цIе йолу кура кIентий». Ницкъ болуш а, тIамна каде а ву Жерочун кIант. ТангIалкхийн гIанта а ваьккхина, ирхъолла кечвина лаьттачу Оьрсийн кIантана дуьххьара тIекхочург иза ву:

Ши ворда цхьаьна яххал некъ шен дегIана боккхуш,
Мангало кес санна, мостагIий ва цоьстуш,
Цу Оьрсийн кIантана хьалха тIекхаьчна,
Кочара тIергаш туьраца хедийна,
Дихкинчуьра ши куьг даьстина,
Кара дуткъа тур цуьнга дIаделла:
– И кIант мостагIашна юкъахецначу кIантана
ХIара дуьне мел дозу боччал дитий вай! – аьлла,
Гоьлал лакхадовлуш, чоьин пхьуьйшаш хьалахьаькхна,
Шийла мохь бетташ, мангало кес санна,
Мискачийн мостагIий тIеттIа а туьттуш,
Ши ворда цхьаьна яххал некъ дегIана боккхуш,
Хьийзаш тIекхечира, тов, цу Оьрсийн кIантана
Жерочун жима кIант.

Мадин Жаьммарзига юх-юха а олу цо: «Ламанан баххьашкахь дечкан бен беш долу тIам Iаьржа леча хьо ду аьлча, хьан кIорни со

таръелла ву со». Жерочун кIант майра дог а долуш, даккхий хьуьнарш а гойтуш, йохьах ца воха шен са а дIалур долуш турпалхо ву. Сийлалла езаш иза хилар а билгалдолу илли тIехь.

***Баччин Элмарза.*** Къеггина ду илли тIехь Баччин Элмарзин васт а. Аьккхийн Жанхотна инарлин йоI ялорехь коьрта дакъа лоцуш ву иза. «Шарахь-баттахь цкъа бен мохе-малхе ца йолу» инарлин йоI Оьрсийн кIентан гIоьнца арайолу лар а йой, Аьккхийн Жанхоте ян цуьнгара дош доккху Баччин Элмарзас. Исбаьхьчу суьрташкахь гайтина илли тIехь инарлин йоI сакъера араялар а, иза Аьккхийн Жанхотна яло Баччин Элмарза вахар а. «Баттал екхаелла, малхал елаелла, сеттачу поштана йора дой доьжна, и гIалех ер ма ю йогIучу Iуьйренца, и тIехь йолчу поштанан хьалхара ши чкъург цIечу дешех хир ма ю, тIаьхьара шиъ кIайчу детех хир ма ю. Яккхалахь, юьгур ахьа инарлин йоI», – боху Баччин Элмарзе Оьрсийн кIанта.

Инарлин йоI гIалех йолу ларйира Баччин Элмарзас:

Нур дашо можа малх дуьнен чу кхеташ,
Сеттачу поштана йора дой доьжна,
Хьалхарчу доьнчико цIоькъа дой чехош,
Баттал екхаелла, малхал елаелла,
ГIалех елира, тов, инарлин жима йоI.

Иллин турпалхоша, шаьш цхьана гIуллакхна кечлуш, дукхахьолахь динца къамел до, иза хьоьсту, накъосталла дар доьху цуьнга. Иштта ду хIокху илли тIехь а. Инарлин йоIана дуьхьал ша воьдуш, «шен динан бухкарш сов каде къевлина, дин хьеста велир, тов, и Баччин Элмарза»:

– Ма бала дакъаза, сан жима ва гила,
«Дикачу динна мотт хаьа» олуш дайн кица ма дара.
Дацойн лорах йоьду къена борз санна,
БIаьстенан кхаа баттахь бецан лам баош,
Аьхкенан кхаа баттахь эвлан йист яош,
Цу Iаьнан кхаа баттахь кхеххкийна кIа даош,
Мелачу хи чохь лийчош, моданах ва цIанбеш,
Шийлачу хи чохь лийчош, ва йора болабеш,
Воккхачун бIаьрг кхетча, бIаьрг хиларна кхоьруш,
Жимачун бIаьрг кхетча, лачкъорна кхоьруш,
Таханлерчу денна бохуш, ас хала кхиийра хьо,
Сан жима расха дин. Хьайн сиха болда хьо

Инарлин жима йоI хьайн гоъ тIехь йоцуш,
Цу регIан басошка бухабоьрзу белахь! –
Олуш, бухь бойначу попа тIе дайн куьйра санна,
Дин хьаьвзаш хилла, ша таьIаш тIехиъна,
Урхашкахь малбича, лаьттахь акхароща къуьйсуш,
Урхашкахь къевлича, стиглахь олхазарща къуьйсуш,
Дацойн лорах йоьду къена борз санна,
Ша дуьхьал таьIира, тов,
И Баччин Элмарза йогIучу поштанна.

Дин муьтIахь бу турпалхочунна. Шен дино гIо а деш, Баччин Элмарзас ялайо Аьккхийн Жанхотна инарлин хаза йоI.

Майра, доьналла долуш, доттагIаллина тешаме гайтина илли тIехь Баччин Элмарза. Амма инарлин бешахь Оьрсийн кIантаца ша нисвелча, цуьнга гIиллакхе доцу къамел а дина, шегара гIалат далийтина Баччин Элмарзас. И бахьана долуш кIентийн баьччано Мадин Жаьммарзас чIогIа бехк боккху Баччин Элмарзе.

***Оьрсийн кIант а, цуьнан нана а.*** Доккхачу маьIне ду илли тIера Оьрсийн кIентан а, цуьнан ненан а васташ. Хьекъале, собар долуш го вайна дуьххьара вевзачу хенахь Оьрсийн кIант. Баччин Элмарзас цавашаран къамел шега дича, цунна дуьхьало шега ялур йоллушехь, девне ца волуш, машаре хуьлу иза. Цул совнаха, Баччин Элмарзас арабаьккхина некъ кхочушбан цунна гIо а до цо.

Аьккхийн Жанхотан хIусамера едда цIа еана йолу инарлин йоI паччахьан кIантана юьгу аьлла шена хезча, Оьрсийн кIанта чIагIо йо, «шен дегIа чохь са дисахь, нускал хир дац-кха паччахьан кIантана инарлин цу йоIах» олий.

И шен чIагIо кхочуш а йо цо. ГIиллакх, эхь-бехк чIогIа долуш ву Оьрсийн кIант. Паччахьан кIантана инарлин йоI эцна боьлхучу замошна шаьш тIаьхьакхиъча, цаьргара иза схьаяккха Оьрсийн кIант ца вохуьйтуш, ша ваха гIоьртира Аьккхийн Жанхот.

Амма «цахиндерг дуьйцу ахь, хIай Аьккхийн Жанхот, суна-м эхь дай, со волчу хьошалгIа веана хьо цига вахийтина, со юьстах сецча. Дой лаьцна, юьстах саца, со нускал тарделла-те хьуна?» аьлла, ша замошна тIе а вахна, инарлин йоI схьаяьккхина Оьрсийн кIанта.

Аьккхийн Жанхотца долу доттагIалла чIогIа лору Оьрсийн кIанта. «Сан деган доттагI», «сан нанас ца вина сан ваша» олу цо Аьккхийн

Жанхотах. Шена хала киртиг тIехIоьттича, ирхъолла ша кечвича, кхин дагахьбаллам ца буьсура шена, цкъа Аьккхийн Жанхот гина велхьара, иза вистхуьлу хезнехьара, боху цо. Аьккхийн Жанхоте цо яздинчу кехато гойту Оьрсийн кIентан дог-ойла:

Ассалам Iалайкум, сан деган доттагI,
ХIай Аьккхийн Жанхот!
Вай вовшех къаьстинчу Iуьйренца кхолха го лаьцна,
КIира кIиране долучу Iуьйренца ирхъуллур ву аьлла,
УьйтIахь паччахьан кхел кхайкхийна,
Вихкина вилли со боданечу набахте.
Дуьненан тIаьххьара, эхартан хьалхара
Ю олий яцийца и сиха Iожалла,
Соьга бIаьрг тоха волахьа, вогIийла хьайн хилахь,
Малх кхетачу дуьненахь дагахьбаллам буьсуш вацара со,
ТIаьхьарчу цу дийнахь вай вовшийн гича.
ВогIийла ца хилахь, бехке дац хьуна,
Вай марша Iолда, хIара дуьне мел дозу!

Вуьззина къонах ву Оьрсийн кIант. Осала хIума дац цуьнца, кхечуьнга осалниг шеца леладойтур долуш а вац иза. Баччин Элмарзас кура къамел шега дича, собаре а хилла, цо деанчу гIуллакх тIехь гIо лецира Оьрсийн кIанта. Амма кхано тIаьхьа:

Теркан тогIешкахь оьзиган юткъа шад шен динна тоьхна,
ТIехь мухIаран сурт долу дуткъа тур баттара даьккхина,
Дин дуьхьалтесира, тов,
Цу Оьрсийн кIанта цу Баччин Элмарзина.
– ДагадогIий хьуна, хIай Баччин Элмарза?
Буьйсанан цу кийрахь сагатлуш инарлин цу бешахь
Ахь соьга ма элира, гIиллакх ца лоруш:
«КIайн йийсар дича, бала мах белар хьох,
Къахетта витча, Iаьржа латта санна, тешаме велар хьо!» –
Бохуш, ахьа еза ма йиттира, хIай Баччин Элмарза!
Ахь вийча, даккха цIет дара хьуна сан,
КIайн йийсар ахь дича, бала мах бара сох,
Къахетта ахь витча, хIинца санна, тешаме вара со!
Хьо эццахь хIун йийца гIертар-те?

Цкъа юьстахвалахьа, дуткъа тур даккхий!
Макъаршкахь малдаллалц тарраш тухур вайша!
КIант дика вериг динахь социур вайшиннах,
КIант ледара вериг гIамарлахь керчар вайшиннах! –

аьлла, Баччин Элмарзина дуьхьалвелира Оьрсийн кIант.

Амма тIаккха а кIентийн тхьамдано Мадин Жаьммарзас вайна юккъе вошалла доьлла, вай чIираш йита еза аьлча, машаре дIадерзийра Оьрсийн кIанта и дов.

Деган йовхонца гайтина илли тIехь Оьрсийн кIентан нана. Шен кIантах санна, дог лозу цуьнан Аьккхийн Жанхотах а. Цуьнан гIайгIа еш, цуьнан бала шена тIеэцна йоьлхуш ю иза. Шен кIантана тIедуьллу цо инарлин йоI, паччахьан кIантана ца юьгуьйтуш, Аьккхийн Жанхотана юхаерзор. «Аса ца вина сан кIант» олу цо Аьккхийн Жанхотах. «Некъ дика хуьлда шун, сан ши кIант», – олий, дIахьажаво цо Аьккхийн Жанхот а, шен кIант а паччахьан замошкара инарлин йоI схьаяккха. Нийсо ларъеш, нийсо чIагIъеш ю Оьрсийн кIентан нана.

***Аьккхийн Жанхот.*** Аьккхийн Жанхотан цIарх ду илли, цуьнан коьрта турпалхо а ву иза. Иллин сюжет, цу тIера берриг хиламаш Аьккхийн Жанхотах бозабелла бу. Халкъана безачу турпалхойх ву Аьккхийн Жанхот. Илли тIехь цуьнан дин диканиг бу, нуьйран гIирс а дикачарах бу, цунна тIера «зорбанан бедарш» чергасийн зударший, гIумкийн зударший къуьйсуш йина ю, герзаш тоьлларш ду. Йоккхачу исбаьхьаллица гайтина илли тIехь Аьккхийн Жанхот юьртан пхьоьхана ваха кечвалар:

Ва сарахь суьйренца, бузучу малхаца,
Цу ханнийн божлара шен жима расха дин
Цу дато дуьрстанца ша араозийна,
Хьалха херх ва хьокхуш, тIаьхьа чотка ва ялош,
Кхузза саба ва хьокхуш, динан кхес ва юьттуш,
Дин цIанбан велир, тов, и Аьккхийн ва Жанхот.
Са цIена шен гила цIанбина ша ваьлча,
Хьуьнан хьоза ва санна, бека чергасийн нуьйран гIирс
Кхаа бухкарца динан букъ тIехь къевлина,
Кечвала вахар, тов, и Аьккхийн Жанхот.
Чергасийн зударша, цу гIумкийн зударша

Къуьйсуш йина зорбанан бедарш шен дегIа юьйхина,
ГIалмакхойн пхьераша къуьйсуш дина герзаш
Дерматан локхаршца шен гIодах дихкина,
Чо чехка чола куй бIаьштиг тIехь сецабеш,
Бух шуьйра шен мажар белшашкахь сецаеш,
Шийтта куьзга чудетташ, нийсалла нисйина
Эрмалойн турмал шен коча ва тесна,
Оьзиган юткъа шад шен буйнахь ловзош,
Элан воI ва санна ша хаза кечвелла,
Ша уьйтIа велир, тов, и Аьккхийн ва Жанхот.
Бухь бойначу попа тIе дайн леча санна,
УьйтIахь дин хьовзош, ша дина хиъна,
Цу динан йоргIахь, багарчу мукъамца,
Цу юьртан пхьоьха стамлучу хенахь,
Пхьоьхана вахар, тов, и Аьккхийн Жанхот.

Исбаьхьа сурт хIоттийна илли тIехь Аьккхийн Жанхотан куц-кеп гойтуш. Боккхачу безамца кхоьллина халкъо шен турпалхочун васт. Аьккхийн Жанхот ша нах лоруш а, наха ша лоруш а ву. Цунна гIо дан арабовлу махкахь цIеяхна болу кIентий: Мадин Жаьммарза, Таймин Бийболат, Зайтан Шихмирза, Жумин Акхтул, Жерочун кIант, цаьрца цхьаьна Оьрсийн кIант а, цуьнан нана а.

Аьккхийн Жанхота, иллийн кхечу турпалхоша санна, къаьмнаш ца къестадо. Цуьнан деган доттагI Оьрсийн кIант ву, цо шена ялайо Теркал дехьара оьрсичун инарлин йоI. МостагIашца буьрса а, къехошца къинхетаме а ву Аьккхийн Жанхот. Шен гIуллакх дитина а, нехан гIуллакхе хьожуш, гIийлачун гIо лоцуш а ву.

Шен чIогIачу гIуллакхе воьдучу Аьккхийн Жанхотна гина мелачу ладарха йоьлхуш цхьа оьрсийн зуда. «И оьрсийн ва зуда хIунда йоьлху ца хиъча, ницкъ кхочу гIо даза, ша цIехьа ца верза, дуучух-молучух шен кийра ца бузо Делах дуй биира, тов, цу Аьккхийн Жанхота», – боху илли тIехь. Шена нах санна, нахана ша а орцахволу Аьккхийн Жанхот. Дог майра накъост, тешаме доттагI ву иза.

Илли тIехь хьахийна волу Таймин Бийболат, Зайтан Шихмирза, Жумин Акхтул, кхечу турпалхошца цхьаьна цIе яккхар бен, кхин ша-ша къастош гайтина вац. Илли тIера берриг а турпалхой ондий хьуьнарш гойтуш, вовшийн гIо лоцуш, лаккхара гIиллакх-оьздангалла

долуш, яхь йолуш, шайн хьуьнаршца халкъан ламасташ чIагIдеш бу. Вежарийн санна, цхьабарт бу церан. Вовшех муьлххачунна а тIедеана вон-дика а массара цхьабосса доькъу цара. Вовшийн сий лардеш мел халачу киртиг тIе хIуьтту иллин турпалхой, ткъа барт болуш хиларо уьш толаме кхачабо. Яхь, гIиллакх, оьздангалла хиларца, къонахаллица къаьсташ бу уьш. Къоман сий деш, гIийлачун гIо лоцуш бу и майра кIентий.

## Иллехь къаьмнийн доттагIаллин тема

Нохчийн иллешкахь вайнехан турпалхошца доттагIаллин, вежараллин уьйраш хуьлу тайп-тайпанчу къаьмнех болчу турпалхойн. Таркхойн, гуьржийн, оьрсийн, гIумкийн, ногIийн, гIебартойн, гIалмакхойн кIенташа нохчийн къоман турпалхошца цхьаьна дакъалоцу иллийн хиламашкахь. «Аьккхийн Жанхотан илли» тIехь нохчийн къоман турпалхошца цхьаьна гайтина Оьрсийн кIант а, цуьнан нана а. И шиъ Аьккхийн Жанхотна орцахдаьлла ду. Юххера гергарло долчу нахана юкъахь хуьлу юкъаметтигаш ю Оьрсийн кIентан, Аьккхийн Жанхотан вовшашца ерш. Оьрсийн кIанта «деган доттагI», «нанас ца вина сан ваша» олу Аьккхийн Жанхотах. Оьрсийн кIентан нанас а «сан кIант» олу цунах. Хала киртиг тIехIоьттича, вовшийн дагавогIу цушинна, вовшашна тIевоьду и шиъ. Мел кхераме гIуллакх хиларх вовшашна орцахволу.

Иллеш тIехь турпалхой къаьмнашца ца къестабо. Цхьана къомах волу турпалхо лакхавоккхий, вукху къомах верг лахвой ца гойту. «Цхьабосса ши накъост» боху Аьккхийн Жанхотаххий, Оьрсийн кIантаххий. Къаьмнашна юкъахь доттагIалла, гергарло кхайкхадо иллешкахь.

Аьккхийн Жанхотна баьлла бохам дагах кхетта Оьрсийн кIентан нанна, «догIанан ладарха ши бIаьриг белхабеш, къеяьлла йоьлхуш» ю иза. Инарлин йоI паччахьан кIантана йига баьхкина «къорза эпсарш» бу цаьрга иза кхочуш ца дойтуш. Инарлин йоI, схьа а яккхий, Аьккхийн Жанхотна юхаерзае олий, тIедожадо цо шен кIантана. Паччахьан кIант эша а вина, схьа а яьккхина, схьаялийна Оьрсийн кIанта инарлин йоI.

Кхаа дийнахь, кхаа бусий ловзар латтадай,
Юьртан той дай, баккхий нах маьрша цIа берзабай,

Шуьшиъ бертахь дахалаш, сан деган доттагIа,
Сан ненас ца вина сан ваша, хIай Аьккхийн Жанхот.
ХIара санна гIуллакх кхин хьайх Iотталахь,
Со волчу ван мегар ду, со волчу вола хьо, –

аьлла, цIа хьажийна Оьрсийн кIанта Аьккхийн Жанхот инарлин йоIаца.

Доккха доттагIалла ду Оьрсийн кIантаний, Аьккхийн Жанхотаний юккъехь, вовшашна эшначохь синош а дIадала кийча ву и шиъ. Оьрсийн кIантана тIе Iожаллин кхерам хIоьттинийла шена хиъча, шен накъосташца цунна орцахвелира Аьккхийн Жанхот. Толлан тангIалкхашкахь ирхъолла кечвина Оьрсийн кIант луьрачу тIамехь кIелхьарваьккхира цара.

Оьрсийн кIант цхьана Аьккхийн Жанхотан доттагI хилла ца Iа, иллин берриг а турпалхойн доттагI ву иза. Баччин Элмарзас Оьрсийн кIанте цавашаран къамел дарна вуно чIогIа бехк боккху цунах кIентийн баьччас Мадин Жаьммарзас:

– Ма вала дакъаза, хIай Баччин Элмарза,
Яхь йолчу кIенташлахь осала дош алар
Дозалла дац хьуна, гIиллакхе дац иза,
Доккха эхь ду хьуна осала дош дийцар.
И Оьрсийн жима кIант доттагIа веца вайн,
Цуьнан дагах дог дустуш вай хила ма деза ...

Оьрсийн кIантана дашца а халахетар дар осала хилар лору илли тIехь, цуьнан дог оьцуш, «дагах дог дустуш» хилар тIедожадо. Кхечу къомах волу турпалхо массо хIуман тIехь а халкъан турпалхошца дIанисво иллешкахь. Цара вовшашна деш долу гIуллакхаш шайн барамца цхьатерра хуьлуьйту.

Цхьана а кепара ца догIуш ца лору илли тIехь Аьккхийн Жанхотна ялийнарг оьрсийн йоI хилар, мелхо а, иштта хила дезаш гIуллакх лору. Къаьмнашна юккъехь доттагIаллин уьйраш, гергарлонаш тасар кхайкхадо халкъо дегайовхонца кхоьллинчу шен иллешкахь.

## Иллин маьIна

Нохчийн иллешкахь дуьйцурш, коьрта долчунна, къоман дахарехь хилла гIуллакхаш ду. Царна тIехь гайтина турпалхой а дукхахберш

исторически хилла нах бу. Бакъду, вовшийн гина боцу, тайп-тайпанчу хенашкахь баьхна турпалхой цхьаьнатухий а, тайп-тайпанчу хенашкахь лелла гIуллакхаш цхьаьнадаладой а меттигаш нисло иллешкахь. «Аьккхийн Жанхотан илли» тIехь къоман цIеяхна болу кIентий цхьаьна арабовлу шайн доттагIийн Аьккхийн Жанхотан а, Оьрсийн кIентан а гIуллакхна. Даккхий хьуьнарш оьшу гIуллакхаш кхочушдо цара, тIех майралла а, къонахалла а гойтуш. Къонахошна юкъара доттагIалла, тешам болуш, яхьйолуш хилар, эшначохь хьуьнар, майралла гайтар кхайкхадо илли тIехь. Къоман ламасташкахь долу гIиллакх, оьздангалла, цхьалхачунна вошалла дар, гIийлачун гIолацар, массо хIуман тIехь нийсо лелор, вовшийн лоруш, сий деш хилар чIагIдо:

Тешаме дика кIант юьртан куралла хеташ,
ГIиллакхе, оьзда йоI деган синкъерам лоруш,
Яхь йолуш баьхначу нохчийн оьздачу кIентийн
Сий лахдан мегар дац, –

боху илли тIехь. КхидIа долчу иллин могIанашкахь кIаргйо и ойла:

Яхь йолчу кIанта халахетар дийр ма дац,
Дикачу кIанта харцо а йийр ма яц.
Тешаме доттагIа, яхь йолуш хилар,
ГIийлачух, мискачух дог лозуш хилар,
ГIиллакхе хилар оьзда ду кIантана,
Яхь йолчу кIенташна и хаа ма деза.

«Аьккхийн Жанхотан иллин» сюжетан берриг а хиламаш къаьмнашна юкъара доттагIалла, гергарло чIагIдаран маьIна долуш бу. Аьккхийн Жанхотан инарлин йоI ялор а, Оьрсийн кIанта, Аьккхийн Жанхотан сий лардеш, паччахьан замошкара инарлин йоI схьаяккхар а, Аьккхийн Жанхота шен накъосташца Оьрсийн кIант ирхъуллучуьра кIелхьарваккхар – иллин чулацам шайх льтта и коьрта хиламаш – къаьмнашна юккъехь доттагIаллин, гергарлонан уьйраш кхиоран маьIна долуш бу.

Социальни харцонна дуьхьал къийсам латторан ойла а ю иллин чулацамехь. «Мискачийн мостагIий» аьлла, билгалбаьхна Оьрсийн кIант, лаьцна дIа а вигна, ирхъолла кечвинарш. Оцу мискачийн мостагIашна дуьхьал луьра тIом бо иллин турпалхоша, «мангало кес санна, мискачийн мостагIий тIеттIа а туьттуш, ... шаьш юкъатаьIира, тов, цIе йолу кура кIентий. Тоба сов йолчу тIеттIа а лоьхкуш, вов-

шашка маьхьарий детташ, шакаршца тарраш лесто долийра, тов, цIе йолчу кIенташа». Буьрсачу тIамехь мостагIий эша а бина, Оьрсийн кIант паргIатваьккхира цара.

Шен маьIница а, исбаьхьаллин башхаллашца а нохчийн дикачу иллех ду «Аьккхийн Жанхотан илли».

### Хаттарш а, тIедахкарш а

1. «Аьккхийн Жанхотан иллин» сюжетан хиламаш хIун маьIна долуш бу? ХIун ду цу тIехь чIагIдийриг?

2. Социальни харцонна дуьхьал къийсам латторан ойла муха билгалйолу илли тIехь?

3. Муха гайтина илли тIехь Аьккхийн Жанхотан, цуьнан накъостийн гIиллакхаш?

4. Оьрсийн йоьIан, Мадин Жаьммирзин къамелан хIун маьIна ду?

5. ХIун маьIна ду илли тIехь Оьрсийн кIентан, цуьнан ненан вастийн?

6. Илли тIехь къаьмнашна юкъарчу доттагIаллин уьйраш гучу муха йовлу?

7. ХIун бехк баьккхира Баччин Элмарзе Мадин Жаьммарзас?

8. «Аьккхийн Жанхотан илли» тIехь турпалхойн васташ кхолларан хIун башхаллаш ю?

9. Иллин коьрта маьIна муха ду?

### Иллин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. Маса декъах лаьтташ бу илли тIера хиламаш?

2. Муьлха халкъан турпалхой цхьаьнатоьхна илли тIехь?

3. Коьртачу турпалхойн муьлха амалш билгалйовлу илли тIехь? Шайн жоп масалшца бакъде.

4. Оьрсийн былинаш тIехь буьйцучу муьлхачу турпалхойх тера бу иллин коьрта турпалхой? Дийца, хIун ду церан амалшкахь цхьаьнадогIург, къаьстарг.

5. ХIун пайдениг схьаоьцур дара аша иллин турпалхойн амалшкара?

6. Иллин маьIна муьлхачу дешнашкахь ду?

7. Иллин дерзорехь далийнчу дешнийн хIун маьIна ду?

8. Къаьмнийн доттагIалла мича кепара гайтина илли тIехь?

### Вайн къамел кхиадо

1. Даладе илли тIера гиперболех пайда эцна масалш.

2. Дошамах пайда а оьцуш, дешнийн маьIна даста: зорбанан бедарш, гарманан аре, гIонжагIан некъ, цIоькъа дой, куьйса эрз, толлан тангIалкх, чилхьесан гIоьмаш, осмалойн тапча.

3. Илли тIера меттан исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсаш схьалаха, дIаязбе уьш шайн белхан тетрадаш тIе.

4. Кхечу турпалаллин иллеш тIехь боцу меттан исбаьхьаллин гIирсаш буй кху илли тIехь? Схьалаха уьш, дIаязбе.

**Кхоллараллин тIедиллар**
1. Къастош деша кечде иллин цхьа дакъа.
2. «Аьккхийн Жанхотан илли тIехь доттагIалла» темина сочинени язъе.

## ХАЛКЪАН ИЛЛАНЧАШ

Халкъан барта произведенеш дика хууш, хаза юьйцуш шаьш нах хуьлу. Хьалха Iаламат говза дийцархой, илланчаш хилла Нохчийчохь. Нохчийн дийцархошкара шайна хезначу хабарш тIехь дуьненахь а евзаш йолу произведенеш язйина оьрсийн яздархоша. Лермонтов М.Ю. «Измаил-Бей», «Хаджи-Абрек» цIерш йолу поэмаш, Пушкин А.С. «Тазит» поэма, Толстой Л.Н. «Хьаьжа-Мурд», «Казаки» цIерш йолу повесташ, Фет А.А. «Готтачу клетки чохь...» стихотворени, дуккха а кхечу авторийн произведенеш а ю нохчийн барта кхоллараллех пайда оьцуш язйина.

Хьалхалерачу хенахь баьхначу дийцархойх, илланчех цхьа наггахь бен хаамаш бац. XIX бIешарахьлерачу цхьаболчу дийцархойх цхьакIеззиг хаамаш нисло оцу хенахь Нохчийчохь хиллачу оьрсийн яздархойн произведенешкахь, эпсарийн цхьадолчу йозанашкахь. К. Белевича шен «Нохчо Берса» поэмехь вийцина говза дийцархо Берса. Поэмин автор нохчийн дийцархочуьнца Берсица цхьаьнакхеташ хиллачух тера ду XIX бIешеран 40-чу шерашкахь. Оццу хенахь язйинчу шен цхьана статья тIехь кхечу оьрсийн эпсаро Властовс а хьахийна кхин цхьа нохчийн дийцархо Заур (цуьнан нийса йолу цIе Зовр ю).

### *Нашхара Чийтмаран Зовр*
*(Герггарчу хьесапехь: 1810–1875)*

Хьалха илланчин, дийцархочун цIе иза винчу, вехачу юьртан цIарца цхьаьна йоккхуш хилла.

Нашхара Чийтмаран Зовр цIеяхна говза дийцархо хилла. Нашхахь вина а, кхиъна а хилла иза. «Дика стаг, оьзда къонах хилла» дешнаш дитина цо шех ала.

Іаламат дукха дийцарш хууш, дашна говза хилла Чийтмаран Зовр. Генна хьалхалерачу заманан барта дийцарш хууш хилла цунна. Вай лакхахь хьахийна эпсар Властов Нохчийчохь хилла XIX бІешеран хьалхарчу эхехь. ХІетахь ша язйинчу статья тІехь цо боху: «Лам чохь вехаш Заур цІе йолуш нохчо-дийцархо ву аьлла, хезнера суна. Сайна тІе а кхайкхина, хьалхалера хабарш дийцийтира аса цуьнга. Хетарехь, ши бІе шовзткъе итт шо хьалхалерачу заманан хабарш хир дара цо дийцинарш».

Чийтмаран Зовр кхетам болуш стаг хилла. Маттана говза а, эс дика долуш а хилла иза. ГІараваьлла дийцархо хиларал совнаха, Зовр шен оьздачу гІиллакхашца вевзина Нохчийчоьнал генна арахьа а. Истамал (Стамбул) гІалахь, вайнах хьажцІа дІасалелачу меттехь, хІорд-кеманийн вокзалехь дІатоьхна хиллера, бохуш дуьйцу, деций, ненаций чІогІа дика хиллачу кІентан Нашхарчу Чийтмаран Зовран хаза гІиллакхаш дуьйцуш долу йозанаш.

Чийтмаран Зовран кІентан кІант Нашхара Пинчотан Ахьмад а хилла дика дийцархо. Цунна дуккха а шира дийцарш, иллеш хууш хилла. Ша илли говза олуш а хилла иза.

Чийтмаран Зовран цІийнах болу нах хІинца а болуш бу. Хьалха-Мартанан районехь бехаш бу уьш.

XIX бІешо чекхдолучу XX бІешо долалучу хенахь Нохчийчохь хилла цІеяхна дийцархой, илланчаш: Гихтара Уьдин Эда, Хьалха-МартантІера Исмайлан Дуда, Галнера Дубин ТІака, Котар-Юьртара Мази, Цоцин-Эвлара Батура, дуккха а кхиберш а.

Дика бевзаш бу XX бІешарахьлера илланчаш: Сулейманов Бауд-ди, Гакашев Мохьмад, Чапаев Сапарбек, Орзимов Денисолта, Абду-рахманов Іабдул-Хьамид, Бетельгериев Сайд-Мохьмад, Тимуркаев Ахьмад, кхиберш а.

### *Сулейманов Баудди*
*(1902–1961)*

Халкъан илланча Сулейманов Баудди вина 1902-чу шарахь Дев-латгирин-Эвлахь ахархочун Салин Сулимин доьзалехь. Иза жима волуш, ворхІ шо кхаьчча, елла цуьнан нана. Беран хенахь морзгалийн цамгарх бІаьрса дайна, гуттаренна са ца гуш висира Баудди.

СулимгІеран хІусамехь дукха адам лаьтташ хилла, дехьа-сехьара хьеший а. Царна юкъахь нислора барта шира дийцарш хуурш а, ил-

леш олурш а. Лерина ладугIура жимачу Бауддис ширачу дийцаршка, халкъан иллешка. Цунна езаелира нохчийн барта кхоллаpалла. Сулимин хьешаша Iамийра Бауддина дечиг-пондар лакха а, илли ала а. Говза илли олуш вара Галнера Дубин ТIака. Дуьххьара цо Iамийра Бауддина, дечиг-пондар тIаьхьара а балош, илли ала. Дубин ТIакас Бауддн Iамийра «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон илли», «Таймин Бийболатан», «Эвтархойн Ахьмадан», «Мержойн КIезалган» иллеш ала. Бауддис дог тIедахийттина сиха караерзийра иллиаларан корматалла. Иза кхечу ярташка а воьдура иллеш ала. Цунна бевзира Нохчийчохь цIеяхна болу иллиалархой. Цара гIо дора къоначу илланчина.

Бауддин илли аларан корматалла кхиарехь къаьсттана доккха гIуллакх дира гIараваьллачу иллиалархочо ГихтIарчу Уьдин Эдас. Бауддис шен хьехархо лорура иза. Уьдин Эдас ша олуш долу дукха а иллеш Iамийра Бауддина. Царах дара «Зайтан Шихмирзин», «Мадин Жаьммарзин», «Къеначу Дадин», «ВорхI вешин йишин» иллеш.

Иллиалархочун Сулимин Бауддин цIе Нохчийчохь гIараелира. Цуьнан уьйраш тасаелира яздархошца Нажаев Ахьмадца, Бадуев СаьIидца, Айсханов Шамсуддица. Баудди, халкъан иллеш аларал совнаха, ша иллеш дохуш а вара. Оцу агIора мехала яра цуьнан яздархошца йолу уьйраш. Цара гIо дора иллиалархочуна кхоллараллин корматалла кхиарехь.

Нахана юкъахь девзаш ду Бауддис даьхна иллеш. Царах ду Шерипов Асланбеках, Нурадилов Ханпашех долу иллеш. Халкъан иллешкахь санна, цара чIагIдо маххкана, къомана тешаме хилар. Даймехкан дуьхьа шайн дахар дIаделлачеран цIерш йицлуш яц, уьш гуттаренна а юьсу адамийн дегнашкахь:

Сийлаллин майраллаш,
Къонахийн дегнаш
Заманийн хьелаша
Билгалдо къестош.

Лаьмнашха лаьтта уьш,
Даима къегаш,
Кхоьллинчу цу халкъо
Даима шаьш хестош.

Тайп-тайпана чулацам болуш ду Бауддин иллеш. Безаман, доттагІаллин уьйраш ю «Мерза маршалла ду массаьрга а», «Дозанхо», «Тамарина даькккхина илли», «КІанта йоІана аьлла илли», «Генара бералла», «Бабин хаза йоІ» бохучу иллешкахь.

Нахана къаьсттана дукхадезаш дара «Дог майрачу Юнусах» долу забаре илли.

Бауддина Іаламат дукха хаьара халкъан иллеш. Цунна хууш а, цо олуш а хиллачу иллешна юкъахь цо ша даьхнарш цхьакІеззиг бен дац. ЛадогІа дог доуьйтуш, говза, шатайпана хазачу мукъамехь, пондар говза тІаьхьара а балош олура цо халкъан иллеш. Мелла а аз дахдеш, мукъам шера хуьлуьйтуш, кхечарах тера йоцуш, шен исбаьхьаллин кеп яра Бауддис илли аларан.

Махкахдаькккхина вайн къам Казахстанехь долчу хенахь Баудди, луларчу юьрта вахна вогІуш, буьрса дарц даьлла, некъах тилла шийлачу Іаьнан буса арахь а висна, куьйган, коган пІелгаш дахьийна, охьаэгна цуьнан. Дечиг-пондар ца лакхалуш висна илланча. ТІаккха цо кехат-пондар а Іамийна, иза тІаьхьара а балош аьлла иллеш.

Шайн чулацамца а, исбаьхьаллин кепехь а тайп-тайпана дара Бауддис олу иллеш. Цхьабосса дика олура цо эпически а, лирически а иллеш. Цо олучарна юкъахь дара «Анзоран Зазин илли», «Бос хазачу Мусан илли», «Таймин Бийболатан, дог майрачу ЧІегин илли», «Бос хазачу Тахун илли», дуккха а кхидерш а.

Радиохула Нохчийчоьнан массо маьІІе кхочура Бауддин иллеш. Кест-кестта хуьлура радиохь цуьнан иллеш олу передачаш. Дукха адамаша хазахеташ ладугІура цаьрга. Филармонин артисташца цхьаьна концерташкахь дакъалоцуш вара Баудди. Сцени тІера а хаза декара Бауддис олу нохчийн халкъан иллеш.

Амма шен дахарехь илланчас лайна халонаш лар йоцуш ца йисира. Баудди хеназа кхелхира 1961-чу шеран 6-чу ноябрехь.

Бауддис олуш хилла иллеш хІинца а ду адамийн дегнашкахь. Поэташа стихаш а язйо Баудди дагалоцуш.

Цхьа аьхна исбаьхьалла шеца йолуш, дагах кхеташ ю Бисултанов Аптис Бауддина лерина язйина «Ширачу илланчин узам» стихотворени:

Ховхачу бІаьргаш чохь Іуьйренаш йоьлуш,
Ховхачу куьйгаш тІехь суьйренаш йоьлуш,
Ден-ненан цІарах со дуьнен чу ваьлча,
Даймохк, хьо хуьлур-кха сан ховха бІаьрса.

Ден-ненан доккхадер дайн тIемаш хилла,
Декхаран жоьпалла беза мохь хилла,
Дуьххьарчу новкъа со волучу дийнахь,
Даймохк, хьо хуьлур-кха сан деган къийлор.

Къийсаман цIе эцна со новкъаваьлча,
Хела йоI санна, сан некъ хьийзабаьлча,
Ца вуьтуш лела со аренца тилла,
Даймохк, хьо хуьлур-кха сан некъан илли.

Вешина ва метта буто ша боьлхуш,
Йишина ва метта куьйса эрз боьлхуш,
Генарчу махкахь сан бIарзъелча ойла,
Даймохк, хьо хуьлур-кха сан гIенийн гIовла.

Нуьречу бIаьргаш тIе кIайн марха еъча,
Сайн доьзал ца бевзаш, сан бIаьрса эшча,
Висча со стаг воцуш гIо-дакъа лаца,
Даймохк, хьо хуьлур-кха ас луьйзу Iаса.

Некъаша Iийшина кура дог сецча,
ТIаьххьара къонахийн верта тIетесча,
ТIаьххьарчу новкъа со ойучу ханна,
Даймохк, хьо хилалахь со ойу барма.

## *Гакашев Мохьмад*
*(1903–1975)*

ГIараваьлла илланча хилла Гакашев Мохьмад, Шуьйтан районерчу Мускалехь ахархочун доьзалехь вина волу. Тайп-тайпана белхаш беш, къинхьегамехь дIадахна цуьнан дахар. Илли ала жимчохь волавелла Мохьмад. Дас башха къобалбина тIеоьцуш ца хилла кхуьнан лаам. Делахь а Мохьмада, говзачу илланчашца уьйраш а тесна, караерзийна иллиаларан корматалла.

Котар-Юьртара Элбердан Асхьаба вара цIеяхна иллиалархо. Хаза аз долуш, исбаьхьчу мукъамехь иллеш олучу Асхьабан цIе Нохчийчохь а евзаш яра. Кест-кестта Шуьйтахь хуьлура Асхьаб, шуьйтахоша цуьнан иллешка ладогIа валавора иза. ХIетахь иллеш ала во-

лалуш волчу къоначу Мохьмадна вевзира Элбердан Асхьаб, цуьнца юххера уьйраш еара. Асхьаба олуш дукха иллеш дара, царах алссам иллеш Мохьмадна а Іамийра цо. Мохьмада даим баркаллица хьахавора илли ала Іаморехь шен хьехархо хилла волу Элбердан Асхьаб.

Дочу-Борзерчу иллиалархочо Мусин Амхьада а гІо дина Мохьмадна. Цо олурш дуккхахьолахь шира иллеш хилла. Уьш Мохьмадна а Іамийна цо. Царах дара «Эла Монцин илли», «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу Эла Мусостан, Адин Сурхон илли», дуккха а кхидерш а.

Мохьмадна алссам иллеш хаьара, кхузткъе иттех илли хилла цо олуш: «Къеначу Дадин илли», «Махьмин Иммарзин илли», «Эла Хасин илли», «Шотойн Аьстмаран илли», «Эвтархойн Ахьмадан илли», «Ваша воцчу Сайлахин илли», «Эла Монцин, Жерочун кІентан илли», дуккха а кхидерш а.

Ша олучу иллеш юккъехь Мохьмада къастийна «Іумаран Іелин илли». Иза деа-пхьеа сохьтехь олуш доккха илли хилла. Иштта даккхий иллеш соцингІашца, юкъахволий са а доІуш, олуш хилла.

Мохьмада доккха гІуллакх дина халкъан иллеш гулдарехь а. Цо ша дІа а яздина, Іилманчашка дІаделла шовзткъа сов илли. Халкъан барта произведенеш Іалашъярехь доккха гІуллакх ду иза.

Гакашев Мохьмад кхелхина 1975-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь.

Мохьмадан кІант Мохьадди а хилла иллеш олуш. Шен дас олуш хиллачарах дуккха а иллеш хууш хилла цунна.

### *Орзимов Денисолта*

Илланча Денисолта вина 1924-чу шарахь Гуьмсан районерчу Иласхан-Юьртахь. Дукха хьалхе байлахь висна Денисолта. КІентан ялх бутт кхачале кхелхина цуьнан да-нана. Ненахошца кхиъна кІант. Пхийттара ваьлчахьана хаддаза къинхьегамехь хилла Денисолта. Цо белхаш бина мехкадаьтта доккхучу буровойхь, юьртабахамехь а.

Нохчийн иллешка безам жимчохь бахна Денисолтин. ЧІогІа хазахеташ хилла цунна Сулимин Бауддис олу иллеш. Радиохула дукха ладегІна цо олучу халкъан иллешка. ТІаьхьа, воккхахилча, Баудди вевзина, цуьнан гІоьнца дІадаьхьна Денисолтас иллеш ала Іамор. Бауддис олу иллеш Іамийра Денисолтас. Цкъа Бауддис олучу иллех цхьаъ аьллера Денисолтас Баудди а волчохь. ГІараваьллачу илланчина чІогІа тайнера ша Іамийнчу Денисолтас сел дика иллиалар. Цо

чIогIа хастийнера къона иллиалархо. Цо дог айъина, шех бIобуьйлира Дениисолтин, ала ма-деззара шега иллеш алалург хиларх тийшира.

Шен хьехархочуьнгара дуккха а дерг схьаэцнера Денисолтас. Цо иллиаларан хатI цхьадолчу хIуманашца мелла а Бауддичуьнца догIуш хилла. Амма иза дац Денисолтас Бауддичух тардина олура шен иллеш бохург. Кхечарах тера йоцуш шен башхаллаш йолуш а, шен къастамаш болуш а яра Денисолтас иллиаларан кеп.

Денисолтас олуш дара «Къеначу Адин илли», «Таймин Бийболатан илли», «Харачойн Зеламхин илли», ша даьккхина Нурадилов Ханпашех лаьцна илли, дуккха а кхидерш. Ткъех сов илли дIаяздина цуьнгара Iилманчаша. Денисолтас олуш дерш дукхахьолахь халкъан турпалаллин иллеш хилла. Оцу иллийн турпалхой, цара кхочушден гIуллакхаш, царна тIера хиламаш дагна юххера тIеэцна Денисолтас. Ша олучу иллин чулацамехь дуьйцург цхьана хенахь шеко йоцуш хилла ду аьлла, тешна хилла иза.

Шен иллешна тIаьхьара дечиг-пондар говза балийна Денисолтас. Илли ала волалуш, гIеххьа дечиг-пондар а локхий, цуьнан мукъамца иллин чулацамехь дерг тIеэца мелла а кечвеш хилла цо ладугIуш верг. Онда, хаза аз долчу Денисолтас исбаьхьа олуш хилла илли. Илли тIера исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсаш, маьIна долу меттигаш, юхааларш эшарца, интонацица къастош, аз ойуш я лахдеш къеггина поэтически васт кхуллура иллиалархочо.

Иллеш аларал совнаха, Денисолтина хууш хилла дуккха а нохчийн шира дийцарш, хабарш, аларш. ЛадогIа дог догIучу кепара, хаза дуьйцуш а хилла уьш. Къамелехь самукъане стаг хилла иза.

**Кхоллараллин тIедиллар**

1. Халкъан илланчех йолу статья кхин цкъа а еша, юхасхьайийца кечъе.

2. Йозанехь текстан юьззина план хIоттае.

3. Бисултанов Аптис Сулейманов Бауддина язйина «Ширачу илланчин узам» стихотворени къастош еша кечъе.

4. ХIинцалерачу заманахь буй халкъан иллеш олуш болу илланчаш? Интернет-гIирсаш чохь таханлерачу илланчех болу хаамаш схьа а лахий, дийца царах лаций.

**Билгалйинчу темина проект кхоллар**

«Халкъан илланчаш» темина проект.

## ОЬРСИЙН ЯЗДАРХОША, ӀИЛМАНЧАША НОХЧИЙН БАРТА КХОЛЛАРАЛЛЕХ ЯЗДИНАРГ

Нохчийн халкъан барта кхоллараллин Ӏаламат лакхара мах хадийна XIX бӀешарахь баьхначу сийлахь-баккхийчу яздархоша а, цӀеяхна болчу Ӏилманчаша а.

Нохчийн барта произведенех шайн кхоллараллехь пайда эцна оьрсийн прогрессивни яздархоша. Иштта, Лермонтов М.Ю. 1832-чу шарахь ша язйина «Измаил-Бей» поэма дӀайолош боху, шен произведенин бухе диллинарг воккхачу стага-нохчийчо дийцина шира хабар ду:

... Старик-чеченец,
Хребтов Казбека бедный уроженец.
Когда меня чрез горы провожал,
Про старину мне повесть рассказал.
Хвалил людей минувшего он века,
Водил меня под камень Росламбека,
Повисший над извилистым путем...
..........................................................
И под столетней, мшистою скалою
Сидел чечен однажды предо мною;
Как серая скала, седой старик,
Задумавшись, главой своей поник...
Быть может, он о родине молился!
И, странник чуждый, я прервать страшился
Его молчанье и молчанье скал:
Я их в тот час почти не различал!
Его рассказ, то буйный, то печальный,
Я вздумал перенесть на север дальний:
Пусть будет странен в нашем он краю,
Как слышал, так его передаю!

Шен «Хаджи-Абрек» поэма а язйина Лермонтов М.Ю. Таймин Бийболатах лаьцна долчу халкъан дийцарех пайда а оьцуш.

Нохчийн халкъан хьалхалерачу дахарх, барта кхоллараллех лаьцна хаамаш бу Пушкин А.С. произведенешкахь а. Чекхъяккхаза йисначу «Тазит» поэмехь нохчийн къоман ловзарш, гӀиллакхаш гайтина поэто:

Ущелий горных поселенцы
В долине шумно собрались –
Привычны игры начались:
Верхами юные чеченцы,
В пыли несясь во весь опор,
Стрелою шашку пробивают,
Иль трижды сложенный ковер
Булатом сразу рассекают.
То скользкой тешатся борьбой,
То пляской быстрой. Жены, девы
Меж тем поют – и гул лесной
Далече вторит их напевы.

Халкъан барта произведенеш хууш а, юьйцуш а хиллачу нохчийн дийцархойх лаьцна произведенеш а ю XIX бIешеран хьалхарчу эхехь Нохчийчохь хиллачу оьрсийн поэташа язйина. Иштта ю Белевич К. «Нохчо Берса» поэма. Оцу хенахь Нохчийчохь хиллачу оьрсийн эпсаро Властовс язйинчу цхьана статья тIехь а чIогIа хастаме вуьйцу нохчийн дийцархо Заур (Нашхара Чийтмаран Зовр).

Дуьххьара нохчийн халкъан барта произведени нохчийн маттахь дIаязйинарг сийлахь-воккха оьрсийн яздархо Толстой Л.Н. ву. Давлетгирин-Эвлахь (хIинца – Девкар-Эвла, Толстой-Юрт) ша волчу хенахь, 1852-чу шарахь, Толстойс шен доттагIашкара Мисирбиев Садогара а, Исаев Балтера а оьрсийн элпашца дIаязйина вайнехан барта произведенеш. Нохчийн маттахь цо уьш дIаязъяро гойту вайнехан барта кхолларалле цуьнан боккха безам хилар. ТIаьхь-тIаьхьа чIагIлуш хилла яздархочун нохчийн барта кхолларалле йолу шовкъ.

1875-чу шарахь Толстой Л.Н. яздина шен доттагIчуьнга поэте Фет А.А.: «Кху муьрехь аса йийшира шайн хьокъехь цхьанна а хIумма а хууш доцу, амма сан ойла тIеяхна йолу книгаш. Иза ю Тифлисехь арахецна йолу Кавказан ламанхойх болчу хаамийн сборник. Цу тIехь ду ламанхойн дийцарш а, поэзи а – поэтически башха жовхIарш. Хьуна и яийта лиъмера суна. И йоьшуш виллина хьо дагаоьхура суна. Амма и ца йоуьйту аса, хIунда аьлча цунах къаста сайна халахиларна. Ца Iебаш юх-юха а йоьшу аса...»

«Поэтически башха жовхIарш» аьлла сийлахь-воккхачу Толстойс нохчийн иллех. Шен Кавказах лаьцна йолчу исбаьхьаллин

произведенешкахь цо пайда эцна вайнехан фольклорах. Яздархочун исбаьхьаллин корматалла кхиъна а яьлла, дерриг а дуьнен чохь иза вевзинчу хенахь язйина ю цуьнан «Хьаьжа-Мурд» повесть. Оцу повеста тIехь нохчийн ши илли далийна цо.

Оцу дерригено а гойту Толстой Л.Н. вайнехан барта кхолларалин Iаламат лакхара мах хадийна хилар.

Фет А.А. яздинчу кехатца, ша йиийцинчу книги тIера схьаэцна, нохчийн иллеш а дахьийтина Толстойс цунна. ЧIогIа резахилла Фет иллешна. Поэтически кепехь оьрсийн матте а дерзийна, 1876-чу шеран юьххьехь арадаьллачу «Русский вестник» журнала тIехь зорбатоьхна цо уьш. Шен поэзин исбаьхьалла лакхара йолуш гIараваьллачу Фета чIогIа тамаш бина оцу иллийн поэтически говзаллех. Уьш шена дахкийтарна Толстойна баркалла а олуш, оцу иллийн хьокъехь ишттa стихотворени язйина Фета:

Как ястребу, который просидел
На жердочке суконной зиму в клетке,
Питаясь настрелянной птицей,
Весной охотник голубя несет
С надломленным крылом – и, оглядев
Живую пищу, старый ловчий щурит
Зрачок прилежный, поднимает перья
И вдруг – нежданно, быстро, как стрела –
Вонзается в трепещущую жертву,
Кривым и острым клювом ей
Мгновенно рассекает грудь и, весело раскинув
На воздух перья, с алчностью
Рвет и бросает трепетное мясо, –
Так бросил кавказские ты песни,
В которых бьется и кипит та кровь,
Что мы зовем поэзией. – Спасибо,
Полакомил ты старого ловца!

Фет А.А. и стихотворени нохчийн матте яьккхина поэто Арсанукаев Шайхис.

Готтачу клетки чохь, гIожа тIе хиъна,
Дайъина олхазарш болуш шен кхача,
Деха Iа даьккхинчу куьйранна бIаьста

ТӀам бойна кхокха бахьаш таллархо веъча,
Дийначу ижуне лоре цкъа хьожий,
Къеначу куьйрано, горга бӀаьрг хебош,
ТӀегулдой оххийна хилла шен тӀемаш,
ЦӀаьххьана, пха санна, чехка тӀекхетий,
Дегочу ховхачу дегӀах шен гома
Ира зӀок йохуьйтий, хадабеш накха,
Самукъане хӀаваэ месаш а гӀовттош,
Сутара, дерриг а диц а лой шена,
ЭтӀадеш, къурдаш до дегочу дилхах, –
Иштта, ахь суна а кхийсира хьалха
Кавказан иллеш, шех поэзи олу
Деттало цӀий а чохь кхехкаш. – Баркалла,
Сел чоме кхача ахь хӀотторна суна!

И стихотворени Фетан кхолларалехь ша лаьтташ ю, цуьнан цхьана а произведеница йогӀуш а йоцуш. Иза поэто ша цу тӀехь дуьйцуш долчу нохчийн иллийн хотӀехь язйина ю.

Пушкин А.С., Лермонтов М.Ю., Толстой Л.Н., Фет А.А. – дуьненна а бевзаш болу исбаьхьаллин дешан говзанчаш бу уьш. Нохчийн халкъан барта кхолларалла Ӏаламат башха поэтически чулацам болуш хилар цара чӀагӀдаро гойту иза лаккхара исбаьхьаллин мехалла йолуш хилар.

Кавказан меттанаш толлуш дуккха а болх бина волчу XIX бӀешарахьлерачу оьрсийн воккхачу Ӏилманчас Услар Петр Карловича вайнехан барта кхолларалла дуьненахь а шайн кӀорггерчу чулацамца цӀеяхна йолчу фински а, индийски а эпосех юстуш хилла. Цо яздина: «Ламанан (нохчийн) халкъан поэзи Ӏаморан болх сов боккха болх бу, и Ӏаморна дуккха а шераш дезар ду, амма иза дерриг дуьненан а болх хир бу, фински «Калевала» я индийски поэмаш санна».

Вайн заманахь нохчийн мотт а, барта кхолларалла а теллинчу Ӏилманчаша а цу тайпана лору халкъан поэзи. Масала, профессора Семенов Леонид Петровича иштта яздина: «Чулацаме а, суртхӀотторан гӀирсашка а, композицин кепашка а диллича, нохч-гӀалгӀайн фольклор инзаре чӀогӀа хьалдолуш ю».

Оцу тайпана йолу халкъан барта кхолларалла шен бухехь а йолуш кхиъна нохчийн йозанан литература.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Муха мах хадийна нохчийн халкъан барта кхоллараллин оьрсийн Iилманчаша а, яздархоша а?

2. Нохчийн барта кхоллараллин буха тIехь муьлха произведенеш язйина оьрсийн яздархоша?

3. Дуьххьара нохчийн халкъан барта произведени дIаязйинарг мила ву? Муьлха произведенеш хилла уьш?

4. Толстой Л.Н., Мисирбиев Садон, Исаев Балтин доттагIаллех лаьцна дуьйцуш хIун хезна шуна?

5. Фет Александран, Арсанукаев Шайхин стихотворенеш къастош еша кечъе.

## НАЗМАНАШ

*Бусалба динах лаьцна чулацам а болуш, мукъамца дIа а олуш, стихашкахь язйина исбаьхьаллин произведени ю назма.*

Назманаш фольклоран тайпанех яц, амма вайнахана юкъахь церан лелар, уьш аларан башхаллаш, церан цхьайолу исбаьхьаллин агIонаш барта произведенешца цхьаьнайогIуш ю. Назманаш шайн авторш болуш ю. Амма хьалха язйинарш, хан-зама яларца дукхахьолахь шайн авторийн цIерш йиц а лой, халкъан барта произведенеш санна, наха кар-кара а луш, баккхийчаьргара кегийчаьрга а кхочуш, нахана юкъахь лелаш ю. Бакъду, церан авторш баккхийчу Iеламнахана дукхахьолахь бевзаш хуьлу.

Назманийн чулацам бусалба динах бозабелла бу. Динах болу хьехамаш беш, Далла гIуллакхдар, динан дай бовзийтар, бусалба нах къинойх ларбар, Далла дуьхьалхIуттуш цIена хилийтаран Iалашо ю назманийн. Дуьненахь а, эхартахь а пайдехьа хиндерг дуьйцу назманашкахь:

Дуьнено цхьана дийнахь ниIматца велаво,
Марзонаш совйохуш, Iехавеш лелаво.
ШозлагIа, схьалоций, балица хьийзаво,
Собарах хьо воьхча, халкъалахь сийсазво.

Цхьана шаро велийча, итт шаро велхаво,
Хиларо Iехийча, хадаро хьегаво.
Хьан велар, хьан велхар хийцалуш ду хьуна,
Де-буьйса ва санна, хьо ларлуш хилалахь.

Масане да ву-кха хиларо Iехийна,
ШозлагIа цул тIаьхьа валаро хадийна.
Валар ду массарна, къен-миска вуьтур вац,
Дохнан да ву аьлла, Iожалло вуьтур вац.

Бакъонца хьан бахам каш-лахьта бу хьуна,
Лахьти чохь хьо цхьалха хьо вуьсур ву хьуна,
Хьан нуьре меженаш яхкалур ю хьуна –
Хьайн лахьта ларделахь, я ибна Адам.

Готтачу лахьти чу хьо вуьллур ву хьуна,
Мункаро, Некиро барт хоттур бу хьоьга,
Хьан дегIан меженаш тIекхойкхур ю хьуна –
Хьайн лахьта ларделахь, я ибна Адам.

Хьайн динца йоцуриг дуьхьало яц хьуна,
Iамалца йоцуриг тIаьхьало яц хьуна,
Эхартахь йоцуриг паргIато яц хьуна –
Хьайн лахьта ларделахь, я ибна Адам.

Къемат-де бохуриг доккха де ду хьуна,
Дас, нанас, доьзало чIир оьцур ю хуьна,
Пайхамарша шайн догIмаш шаьш доьхур ду хьуна –
Хьайн лахьта ларделахь, я ибна Адам.

БIаьргеха, лергеха барт хоттур бу хьоьга,
Когеха, куьйгеха барт хоттур бу хьоьга,
Кийрарчу хьан дагах барт хоттур бу хьоьга –
Хьайн лахьта ларделахь, я ибна Адам.

Доьзалха, дохнаха барт хоттур бу хьоьга,
Дерриге ниIматаш хьоь хоттур ду хьуна,
Хьоь хаттаза цхьа а дош дуьсур дац хьуна –
Хьайн лахьта ларделахь, я ибна Адам.

Кхайкхарах орцахо карора вац хьуна,
Ахь йина Iамал бен, накъост хир вац хьуна,
Хьайн Делан омрица Iамал еш хилалахь –
Хьайн лахьта ларделахь, я ибна Адам.

Дуьнен чохь хьан денош дагардеш ду хьуна,
Совнаха де даккха йиш йоцуш ду хьуна,
Іамал еш даьккхинарг деза де ду хьуна –
Хьайн лахьта ларделахь, я ибна Адам.

СадаІар дагардеш маликаш ду хуьна,
И кхачийна даьлча, хьо кхалхор ву хьуна,
Ахь йина ойланаш кІелъюьсур ю хьуна –
Хьайн лахьта ларделахь, я ибна Адам.

Массеран ва эла вайн Элча ву хьуна,
Шен дуьхьа дерриг халкъ кхоьллина ву хьуна,
Жабраилан маттаца Къуръан схьахьедеш,
Къуръано го бина веъна ву хьуна.

Къуръанан могІанаш шен дагахь шарбина,
Къуръанан гІиллакхаш дерриш а схьалаьцна,
Бакъонца веа хьо, сийдолу ва Элча,
Марша ва, марша ва, ва сийлахь Элча!

Нохчийчохь вевзаш хиллачу Іеламстага Закан-Юьртарчу Іабдул-Хьаьлима яьккхина и назма.

Назманаш яьхнарш дукхахьолахь баккхий Іеламнах хилла, Іарбийн маттана говза а болуш, церан поэзи а евзаш, шайгахь поэтически похІма а долуш. Назманаш Іарбийн маттахь, нохчийн маттахь яьхна цара. Тахана а баккхийчу Іеламнаха шайн йозанаш Іарбийн маттахь леладо, вовшашка кехаташ цу маттахь яздо, назманаш а Іарбийн маттахь йоху. Масала, Іалхан-Юьртарчу Арсанукаев Мохьмад-Бешир-Хьаьжин дукхахйолу назманаш Іарбийн маттахь ю, цуьнан жайнаш а Іарбийн маттахь яздина ду.

Нохчийн назманашкахь коьрта долчу декъана Іарбийн стихан форма схьаэцна. Назаманан строфа дукхахьолахь беа могІанах льатта. Хьалхара кхо могІа вовшашца рифмовка йолуш хуьлу, боьалгІаниг, назманан коьрта маьІна билгал а деш, ша къаьстина лела. И могІа назма чекхъяллалц кхечу строфашкахь юх-юха а балош бу. Рифмаш коьрта долчунна хандешнех, хандешнийн форманех льатта. Стихан барам еа стопах льаттачу дактилан я хорейн куьцехь хуьлу:

Муъмин[1] наха хало хьоьгу,
ПаргІатонах хийла хьоьгу,
Цунна кхойкху гІийла хьоьга,
Дела, бехьа хьайн къинхетам.

Іисъян,[2] вониг, дегІо лоьху,
ТІаІат,[3] дикий, даго хьоьху,
И шиъ нисдар хьоьга доьху
Бехьа, Дела, хьайн къинхетам.

Хьан неІарге хьан леш баьхки,
Къинош дарна болуш бехке,
Хьайца там болчу уьш бахкий,
Бехьа, Дела, хьайн къинхетам.

Мохьмад-Бешир-Хьаьжас 1940-чу шерашкахь нохчийн къам сиб-рехахь долчу хенахь язйинчу назмана тІера ду и могІанаш.

ЛадугІуш волчунна боккха Іаткъам бо назманаша. Назма дика олуш шаьш нах хуьлу. Цхьаммо хьалхара а олуш, кхечара, кар-кара оьцуш, айа а ойуш, тобано дІаолу назма.

Дахаран уггар халчу хьелашкахь назманаша къоман са бусал-баллин амалехь латтийна. Уьш ца «елла» халкъ махкахдаьккхина хийрачу махкахь даьхначу хенахь а; цхьа а шеко йоцуш, цара къам лардина гІиллакхах ца хердолуьйтуш, оьздангаллех ца дохуьйтуш. Динна бехкам болчу хенахь, иза халкъана довзарехь, цунах вайн къам хера ца долуьйтуш, назманаша дина дика дийцина ца валлал дукха ду.

Назманаш дукха хенара ю, бусалба дин нохчаша тІеэцчахьана ю церан истори. Нохчийн къоман культурин мехала дакъа ду уьш.

**2. Хаттарш а, тІедахкарш а**

1. Шуна хетарехь, маца кхолласлла назманан жанр вайн литературехь? Иза литературин исбаьхьаллин произведени лара мегар дуй?

2. ХІун ду назманан халкъан барта кхолларраллица догІург а, къаьстарг а?

3. ХІун Іалашо йолуш йохуш хуьлу назманаш, муьлш бу церан авторш?

4. Муьлхачу куц-кепехьа, барамехь хуьлу назманаш дукхахьолахь?

5. Кхечу къаьмнийн юй назманан кепехь произведенеш?

6. Баккхийчаьрга хоттуш, дІаязъе назма. Билгалбаха цуьнан къастамаш.

---

[1] *Муъмин* – бусалба верг.

[2] *Іисъян* – Іесаниг, Далла муьтІахь воцург.

[3] *ТІаІат* – Далла муьгІахь хилар.

## ***ШОЛГIА ДАКЪА***

# НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРА

## НОХЧИЙН ЙОЗАНАН ИСТОРЕХ

Iилманчашна хетарехь, нохчийн йозанан истори шен орамашкахь дукха генара схьайогIуш ю. Кхо-диъ эзар шо хьалха даьхначу хурриташ[1], урарташ[2] олучу къаьмнийн йоза (урартская клинопись) туьдуш Iилманчаша пайда оьцу хIинцалерачу вайнехан меттанех а. Ширачу урартийн, хIинцалерачу нохчийн меттанашкахь уьйраш цхьаьнайогIуш алссам меттигаш карайо. Уьш ю лексикехь, морфологехь, синтаксисехь, дошкхолларан кепашкахь. Оцу а, кхиболчу а исторически хаамашна тIе а тевжаш, дуьненахь а шайн цIерш евзаш болчу Iилманчаша[3] билгалдаьккхина нохчий, гIалгIай, бацой шех схьабевлла долу шира къам Урарту пачхьалкхерчу къаьмнийн маттаца шен мотт цхьаьнабогIуш хилар. Цу тIе доьгIна, урартийн клинопись нохчийн а шира йоза ларало, боху Iилманчаша.

Нохчийн йоза заманан йохалла хийцалуш схьадеана. Историн, идеологин хьелашка хьаьжжина, йоза гIеллуш а, довш а хенаш яьхкина. Амма кхечу графикин буха тIехь юхакхоллалуш хилла нохчийн йоза. Иштта Iилманчаша билгалдаьккхина цхьана хенахь ширачу нохчаша грекийн, цул тIаьхьа эрмалойн графикица долу йоза лелийна хилар. Ткъа хIинцачул цхьайтта-шийтта бIешо хьалха Нохчийчохь гуьржийчуьнца догIуш долу йоза лелла хилар а чIагIдо Iилманчаша.

XV–XVI бIешерашкахь Нохчийчу бусалба динца цхьаьна Iарбийн йоза деана. Нохчийчохь хьуьжарш яхка йолийна. Хьуьжаршкахь Iамош хилла Iарбийн йоза а, бусалба дин а. ТIаьхьо Iарбийн йозанах пайда оьцуш нохчийн абат а (алфавит) кхоьллина, нохчийн маттахь жайнаш а, кхиболу дешаран гIирсаш а арахецна. Нохчийчохь яккхийчу ярташкахь, массанхьа а бохург санна, хилла хьуьжарш.

---

[1] *Хурриташ* – хIинцачул кхо эзар ах эзар шо хьалха Митанни олу пачхьалкх кхоьллина долу шира къам.

[2] *Урарташ* – герггарчу хьесапехь, кхо эзар шо хьалха хиллачу Урарту пачхьалкхера шира къам.

[3] Я. Браун, Ю. Дешериев, И. Дьяконов, Г. Климов, С. Старостин, А. Тимаев, А. Чикобава, К. Чокаев.

Іарбийн элпашца долу нохчийн йоза еххачу хенахь лелла Нохчийчохь. XIX бІешарахь, XX бІешеран хьалхарчу муьрехь нохчийн маттахь арайийлина книгаш оцу йозанца хилла. Царах яра Йоккхачу АтагІара Бигишин кІентан Яхьян а, Аттавин кІентан Байболтан а, Хьасанан кІентан Мохьмадан а, кхечеран а книгаш. Дукхахьолахь Темирхан-Шурахь (хІинца – Буйнакск) зорбатухуш хилла оцу книгашна. Цигахь арайийлина Гайсумов Суипан произведенеш а. Цо кхидІа а тойина Іарбийн элпашца йолу нохчийн алфавит.

Гайсумов Суипан алфавитах пайда эцна 1920-гІа шо тІекхаччалц.

ТІедеанчу керлачу советан Іедало терго еш, XX бІешеран ткъолгІачу шерашкахь дІадолийна къоман йоза-дешар шуьйрачу халкъана юкъа даржоран гІуллакхаш. Схьайиллина ненан маттахь дешар Іамош йолу школаш, кечйина учебникаш, вовшахтоьхна дешарна оьшуш болу берриг гІирсаш. Бераш школашкахь деша ховшорца цхьаьна дІадаьхьна баккхийчарна юкъара йоза цахаар дІадаккхар а.

Арахеца йолийна керла дешаран книгаш. Эльдерханов Таьштамарий, Тучаев Ахьмассий 1920-чу шарахь, Гайсумов Суипан алфавит мелла а хуьйцуш то а йина, арахецна школашна керла абат. Амма цкъа бен зорба ца тоьхна оцу абатна. 1922-чу шарахь Сугаипов ШахІаба, юха то а йина, нохчийн меттан аьзнашна ма-хуьллу гергаялийна и алфавит. ХІинццалц схьа хиллачаьрца юьстича, царах массарал а дика нохчийн меттан башхаллашца йогІуш хилла иза. Цундела ненан меттан йозанан бухе и алфавит йиллина. Цунах пайда оьцуш язйина абат а, ерриг а дешаран книгаш а, задачникаш а, географин учебникаш а. «ШахІабан йоза» аьлла цІеяхна долу и йоза лаьттина 1927-чу шарахь латинин графикехула йолу керла алфавит тІеэцна яллалц.

Къилбседа Кавказерчу кхидолчу къаьмнаша санна, нохчаша а латинин графикехула долу йоза тІеэцеран болх дІаболийна 1925-чу шарахь.

Нохчийн маттахь арадолучу «Серло» газето гІо дина керла алфавит тІеэцарехь. Юьхьанца газетан агІонаш тІехь Іарбийн а, латинин а йозанца йолчу материалашна зорба тухура. Латинин йоза Іарбийн алфавитехула кхетадора. ТІаьхь-тІаьхьа керлачу йозанца йолу материалаш совйохура газето. 1927-чу шарахь кхоччуш чекхделира латински алфавитехула долу нохчийн йоза тІеэцар. Оцу йозанах пайда ийцира 1938-чу шарахь оьрсийн алфавитан буха тІехь долу хІинцалера йоза юкъадаккхалц. И йоза юкъадаккхаран коьрта Іалашо яра оьрсийн культура къомана юкъаяржоран хьелаш кхоллар.

XIX бIешарахь дуьйна а гIиртина оьрсийн графикица долу нохчийн йоза кхолла. Иштта, оьрсийн цIеяхна волчу Iилманчас Услар П.К. 1862-чу шарахь, кIорггера талламаш а бина, нохчийн меттан грамматика язйина. «Нохчийн мотт» балха тIехь Услара оьрсийн алфавитан буха тIехь нохчийн элпаш кхоьллина, нохчийн аьзнашна оьрсийн элпаш ца тоьъначохь латинин, гуьржийн элпех пайда а оьцуш. Ткъе вуьрхIитта элпах лаьтташ хилла цо хIоттийна алфавит. Нохчийн меттан дуккха а материалаш ялийна авторо шен книги тIехь, масалшна далийна халкъан дийцарш, кицанаш, иллеш. Услара, белхан мехалла талламхьама, Соьлжа-ГIалахь цхьана ханна йолу школа а йиллина, ткъе пхиъ нохчо деша хаийна. Оцу алфавитах пайда а оьцуш, кIеззиг йолчу хенахь дешначул тIаьхьа Iаламат дика, шера нохчийн маттахь деша Iемина царах дукхахболчарна.

Услара бина болх мехала хилар билгалдаьлла. Нохчийн маттана талламаш беш цунна гIо деш хиллачу Дишни-Веданарчу нохчийчо Досин Къедас 1862-чу шарахь нохчийн абат язйина. Тифлисехь зорба а тоьхна, иза ара а яьлла.

Цу тайпана, ненан маттахь йоза-дешар дIадоло гIеххьа таронаш кхоллалуш хилла. Амма хIетахьлера Iедал дуьхьал хилла къаьмнашна юккъе йоза-дешар даржорна, цундела пайда ца эцийтина халкъе Услара а, кхечара а нохчийн маттахь йоза кхолла гIерташ бинчу белхех. Цул тIаьхьа а нохчийн прогрессивни наха къийсам латтийна ненан маттахь йоза-дешар халкъа юкъа даржорехьа.

1908-чу шарахь халкъан хьехархохо Эльдерханов Таьштамара нохчийн абат язйина оьрсийн алфавитан буха тIехь, Усларан белхех пайда а оьцуш. Цуьнан абат, элпаш яздан а, Iамо а мелла а атта хиларна, Услара йинчул гIоле яра.

1911-чу шарахь юха а зорбанехь араяьлла Эльдерхановн абат. Къоман йоза а, культура а кхиарна тайп-тайпана дуьхьалонаш йора паччахьан Iедало. Ерриг Нохчийчохь а пхи-ялх школа бен хилла а яц (Соьлжа-ГIалахь, ГихтIахь, Шелахь, Лаха-Неврехь, Итон-Кхаьллахь). Цигахь доьшуш дерш а мелла а таронаш йолчу нехан береш хилла.

Ненан маттахь йоза-дешар шуьйрачу халкъа юкъа даржо таронаш кхоллаелла, вай лакхахь ма-аллара, XX бIешеран ткъолгIа шераш долалучу муьрехь. ХIетахь сихха кхиа йолаелла нохчийн исбаьхьаллин литература а.

## ИСБАЬХЬАЛЛИН ЛИТЕРАТУРА

ДӀадаханчу бӀешеран ткъолгӀа шераш дуьйлалучу муьрехь Ӏедало алссам терго йина къаьмнийн культура а, литература а кхиоран.

Кхоллалуш йолу нохчийн исбаьхьаллин литература гӀеххьа кхиамаш баха йолаелла. 1920-чу шерийн юьххьехь араевлла Дудаев Ӏабдин, Нажаев Ахьмадан стихаш, Сальмурзаев Мохьмадан дийцарш, иштта кхечеран поэзин произведенеш. Оццу хенахь язйина Шерипов Данилбека а, Эльдерханов Ӏисас а нохчийн литературехь дуьххьара йолу драматургин произведенеш. Гул а еш, зорбатоьхна халкъан барта произведенеш. 1918-чу шарахь Шерипов Асланбека кеч а йина, арахецна «Нохчийн иллеш» сборник. ЧӀагӀбелла боьдуш граждански тӀом болчу хенахь йиш хиллера Шерипов Асланбекан халкъан барта кхолламаллин тидам бан.

Нохчийн йозанан литература дӀайолаелла халкъан барта кхолларалллин буха тӀехь. Исбаьхьаллин литература кхиарехь беркате хьаст хилла дӀахӀоьттина кӀорггера чулацам болуш йолу вайнехан фольклор. Дуьххьарлерачу яздархоша кхоллараллица пайда эцна барта произведенийн суртхӀотторан гӀирсех, васткхолларан башхаллех, исбаьхьчу маттах.

Цуьнца цхьаьна яздархойн исбаьхьаллин корматалла кхиарна Ӏаламат мехала хилла оьрсийн а, кхечу къаьмнийн а литературех цара пайдаэцар. Лаккхара идейно-эстетически чулацам болчу оцу литератураша гӀо дина нохчийн яздархошна исбаьхьаллин кепехь къоман дахар талларехь шайн корматалла лакхаяккха.

Нохчийчохь хуьлучу социально-экономически хийцамашца цхьаьна сиха кхуьуш схьаеара къоман литература. Литература, ерриг культура кхиарехь доккха маьӀна дара 20-чу шерийн юьххьехь арадала доладеллачу нохчийн газетан. «Советская Автономная Чечня» цӀе йолуш, 1923-чу шеран 23 апрелехь арахийцира газетан дуьххьарлера номер.

1925-чу шеран март баттахь дуьйна «Серло» цӀарца арадолуш дара нохчийн маттахь долу и газет. Ӏаламат доккха гӀуллакх дира цо къоман исбаьхьаллин литература кхиорехь. Яздан корматалла йолу кегийрхой шена гонаха озийра газето. Кест-кеста зорбатухура газетан агӀонаш тӀехь стихотворенеш, дийцарш, очеркаш. Дудаев Ӏабдин, Нажаев Ахьмадан, Сальмурзаев Мохьмадан, кхиболчу вайн дуьххьарлерачу яздархойн произведенеш газетехула яьржина адамашна юкъа. ЦӀеначу, шерачу маттахь, кхета аттачу кепехь язйина йолчу

произведенеша газетан агIонаш тIера кхойкхура адамашка дахаро дахьаш долчу керлачух сихха пайдаэцаре. Масала, иштта могIанаш дара Сугаипов ШахIаба язйинчу стихотворенехь:

Паргlат урд карийча, дитийша ирзо,
Моз-дьаьттий карийча, дитийша морза!
Хьовсийша цуьнан чоме, муха ю марзо,
Бакъонан малх кхетча, марша ба ала!

Иштта, шайн маьIница а, кепаца а чолхе а йоцуш, кхета атта йолчу исбаьхьаллин произведенеша гIо дора газетана халкъа юкъахь кхетош-кхиоран болх дIабахьа. Цундела газето леррина болх бора шен корреспонденташца. Къаьсттана чIогIа тидам бора исбаьхьаллин литература дуьххьара гIулчаш йохуш болчу кегийрхойн.

1926–1927-чу шерашкахь алсамдевлира нохчийн яздархойн магIарш. Литератури юкъа баьхкира исбаьхьаллин дешан корматалла йолу кегийрхой Бадуев СаьIид, Мамакаев Мохьмад, тIаьхьо Айсханов Шамсуддин, Музаев Нурдин, кхиберш а. Оцу массеран бохург санна, дуьххьарлера произведенеш «Серло» газета тIехь зорбатухуш араевлла ю. Мамакаев Мохьмада шен цхьана статья тIехь баркалла олуш дагалоьцу шаьш яздан дуьйлалучу хенахь шена а, шен магIарчу кхиболчу яздархошна а шайгара чIогIа гIо хилла болу «Серло» газетан белхахой. Ненан меттан хазалла, исбаьхьалла йовза а, иза нийса бийца Iаморна а царна декхарийлахь ду шаьш бохуш, яздо цо. КхидIа а боху Мамакаев Мохьмада: «Элпаш аса школехь Iамийнехь а, оьшучу вастехь со яздан Iамийнарг и газет ду». Цхьана муьрехь «Серлонан» редактор Iийначу Эльдерханов Iисас а, литературин белхахо хиллачу Сальмурзаев Мохьмада а, кхиболчу газетан белхахоша а гIо дина кхуьуш болчу яздархошна газетаца юххера уьйр лагто а, шайн исбаьхьаллин корматалла лакхаяккха а.

Цу тайпана, нохчийн литература кхолла а елла, когаяхарехь доккха дакъалаьцна «Серло» газето. «Ленинан некъ» аьлла, цIе тиллина «Серло» газетна 1934-чу шарахь.

Ша кхиа йолаелла иттех шо далале, дуккха жанрашкахь хилла дIахIоьттира нохчийн исбаьхьаллин литература. 1920-гIа шераш дуьйлалучу муьрехь кхоллаелира керлачу буха тIехь йолу нохчийн поэзи, араевлира прозин кегийчу жанрашкахь йолу произведенеш: дийцарш, очеркаш, тIаьхьо – повесташ, язйира пьесаш.

1930-чу шарахь араевлира вайн литературехь дуьххьара йолу Бадуев СаьIидан «ПетIамат», Арсанов СаьIид-Бейн «Ши тIаьхье» цIерш йолу романаш. Цу тайпана, къоман литературехь ерриг жанраш кхоллаелира. ХIетахь дуьйна нохчийн яздархоша халкъан дахар исбаьхьаллин кепехь таллар литературин массо а жанрашкахь дIахьош ду.

1934-чу шарахь Москвахь дIаяьхьна Ерригсоюзни яздархойн хьалхара съезд Iаламат беркате хилира нохчийн литературина. Съездехь дакъалоцуш бара яздархой: Бадуев СаьIид, Мамакаев Мохьмад, Айсханов Шамсуддин, кхиболу нохч-гIалгIайн литературин векалш а. Съездехь дийцаре дира советски литературина хьалха льтташ долу декхарш, социалистически реализман некъа тIехь кхидIа а иза кхиаран хьелаш. Советски литературин къано волчу Горький А.М. шен къамелашкахь билгалдаьккхира къаьмнийн литератураш кхиаран къаьсттана тидам бан безаш хилар. Цуьнан дIадолорца оьрсийн яздархоша, леррина Нохчийчу а богIуш, гIо дора вайнехан яздархошна къоман литература кхиорехь.

Шо-шаре мел дели, теманашца, васташца, жанрашца шорлуш, исбаьхьаллин лакхенашка гIерташ схьаеана нохчийн исбаьхьаллин литература.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Оьрсийн яздархоша, Iилманчаша муха лерина вайнехан фольклор?

2. Дийца къоман йоза кхолладаларх шайна хуург.

3. Исбаьхьаллин литература халкъан барта кхоллараллех муха йозуш ю?

4. Нохчийн литература кхиарехь «Серло» газетан хIун маьIна дара?

5. ДIадахначу бIешеран 20–30-чуй шерашкахь нохчийн литературехь муьлха жанраш кхиира?

6. Мел мехала яра нохчийн литература кхидIа а кхиарехь 1934-чу шарахь дIаяьхьна Ерригсоюзни яздархойн хьалхара съезд? ХIун дара цу съездехь дийцаре динарг? Хьасташ тIера яздархочо Бадуев С. СССР-н яздархойн оргкомитетан хьалхарчу пленумехь дина къамел схьалахий, цунах льцна хаам кечбе.

8. XX бIешо долалуш литературе баьхкина дуккха а яздархой бара: Бадуев С., Мамакаев М., Музаев Н., Арсанов С.-Б., Дудаев I., Сальмурзаев М., Нажаев А., Айсханов Ш. Царах муьлхачу яздархойн кхолларалла евзира шуна 5–7-чуй классашкахь? Дийца царах цхьаннах лаций.

9. Дийца, сиха кхиа хIунда йолаелира нохчийн литература XX-гIа бIешеран хьалхарчу юьхьехь.

10. Барта жоп кечде хаттарна: «ХIун кхиамаш бехира нохчийн литературо XX бIешеран хьалхарчу юьхьехь?»

# КЪОМАН ИСБАЬХЬАЛЛИН ЛИТЕРАТУРА ЙОЛИЙНАРШ

Къоман литература йолийнарш, церан исбаьхьаллин похIма лакхара ца хилча а, исторехь гуттаренна а буьсуш бу. XX бIешеран юьххьехь нохчийн йозанан литература кхолламуш шайн исбаьхьаллин произведенеш язйинчарех бу Дудаев Iабди, Нажаев Ахьмад, Сальмурзаев Мохьмад, Тучаев Ахьма, кхиберш. Церан произведенеш тахана говзаллица къегаш яцахь а, нохчийн йозанан литература йолорехь, исбаьхьаллин дош кхиарехь шен хенахь мехала хилла ю. Къоман литература, культура кхиорехьа къийсам латтош шайн хьуьнарш, дахар дIаделла оцу яздархоша. Шайн корматалла бахьана долуш сталински таIзар лаьттинчу хенахь бехк боцуш лаьцна чу а боьхкина, хIалакбина и вай цIерш яьхна яздархой, цхьа Сальмурзаев Мохьмад воцург, иза а, маххахваьккхинчуьра цIаверзар ца хуьлуш, цигахь кхелхина.

ХIинцалера нохчийн литература оцу яздархойн произведенешца юьстича ша кхиарехь дуккха а лакхарчу тIегIане яьллехь а, церан цIерш йицъян ца йогIу. Нохчийн литературица балаболчарна бовза а, шайга лерам хила а хьакъ бу и яздархой. Церан произведенийн мах а уьш язйинчу хене хьаьжжина хадо беза.

## ДУДАЕВ IАБДИ ДУДАЕВИЧ
*(1901–1937)*

Нохчийн поэт Дудаев Iабди вина 1901-чу шарахь Веданан районерчу Элистанжахь ахархочун Дудин доьзалехь. Исбаьхьа Iалам долчу ширачу нохчийн юьртахь дIадахна Iабдин бералла. Деша ваххал хилча, шен дас хьуьжаре дIавелла иза. Хьуьжарера ваьллачул тIаьхьа Iарбийн махка а вахийтина, кхидIа а дешийтина. Цхьайтта шо а даьккхина цIа веана Iабди. Дудина лиъна, шен кIантах Iеламстаг хуьлийла. Iабдина а лиъна иза. Амма цу хенахьлерачу социально-политически хьелашкахь кхочушхуьлийла дацара и лаам.

Iабдин кхоллам кхечу новкъа бирзира.

Нохчийчохь йоза-дешар цахаарна дуьхьал къийсам дIаболочу муьрехь, Соьлжа-ГIалахь педагогически курсаш чекх а яьхна, хьехархочун говзалла караерзийна Дудаев Iабдис. Цул тIаьхьа Элистанжарчу юьхьанцарчу школехь хьехархочун, тIаккха директоран болх бина

цо. ХIетахь дуьйна цуьнан дерриг дахар халкъана юкъа йоза-дешар а, керла культура а яржорна дIаделла хилла.

Дудаев Iабди гIиллакхе, даг тIехь куралла йоцуш, оьзда стаг хилла. Яздархочо Мусаев Мохьмада Iабди дагалоцуш яздина: «Дудаев Iабди гойла хилла сан. ХIетахь а цIеяхна вевзаш поэт вара иза. Амма иштта дара аьлла, нахах къесташ, билгалвала гIерташ вацара. БIаьра хьаьжча, ца тосалуш ца дуьсура иза хIуманан ойла еш, дуьненан къайленийн дуьхе кхиа гIерташ стаг хилар а. ТаьIначу басахь юьхь, лохха хьаж тIе теттина куй, ойлане бIаьргаш – иштта висна Iабди сан дагахь...»

Иштта оьздачу гIиллакхашца вийцина Дудаев Iабди иза вевзаш хиллачу кхечара а.

1923-чу шеран юьххьехь арахеца долийначу нохчийн газета тIехь зорбатухуш юкъаевлла Дудаев Iабдин дуьххьарлера стихаш. 20–30-гIий шерашкахь «Серло» газетаца хаддаза уьйр латтийна поэто. Цуьнан дукхахйолу произведенеш газетан агIонаш тIехь зорбатухуш арайийлина. Поэто даим а газетаца уьйр латторан шен маьIна ду: цуьнан поэзин бухахь, коьрта долчу декъана, кхайкхам хилла. Шен произведенешца поэт кхайкхина адамашка йоза-дешар Iаморе, зуламаш юкъара дIадахаре, гIиллакх-оьздангалла кхиоре, бахам, адамийн юкъаметтигаш керлачу хормане ерзоре. Иштта тематика йолу произведенеш газетехула алссамчу нахе сихха дIакхаьчна, ткъа и гIуллакх поэтан идейни лехамашца цхьаьнадогIуш хилла.

### «Серло тIеузур вай къоламца хьостуш...»

20-гIа шераш чекхдовлучу муьрехь дуьйна алсамйолу Дудаевн поэтически кхоллараллла. «Серло» газета тIехь кест-кеста арайовлу поэтан стихаш. Iабдис къаьсттана тидам тIебохуьйту дешаран тематикина. «Самадовла дешарна!» яра поэто 1928-чу шарахь язйинчу цхьана стихотворенин цIе. И дешнаш эпиграфе дахка мегар дара цуьнан кхоллараллехь доккха дакъа дIалоцуш йолчу стихотворенешна. «Йоза – деша, бода – эша», «Пионерашка кхайкхам», «Берашна хьехаман илли», «Серлонан, боданан дов», «Хьехархошка кхайкхам» – царах терра кхидIа а ю 1928–1929-чуй шерашкахь цо язйинačу стихийн цIерш. Дешаран серло къомана юкъа яржор доккхачу маьIне лорура поэто. Цундела иза кхойкхура адамашка йоза-дешар Iаморе, къомана пайдехьа хиндерг тIеэцаре.

Серло тӀеузур вай къоламца хьостуш,
Бода дӀакъаххор вай Ӏилманца къехкош,
Орамца бакъор вай мактабехь[1] доьшуш.

Оцу тайпана кхайкхамаш алссам бу Дудаевн произведенешкахь. «Серло», «дешар», «йоза», «школа», «Ӏилма», «хьехархо» – и дешнаш хазахеташ юх-юха а даладо авторо шен стихотворенешкахь, хӀоразза а церан маьӀна шор а деш. Йоза-дешар хааро стаг серлонга воккху, самукъане хуьлуьйту, паргӀатоне кхачаво. Иза билгалдоккху авторо шен произведенийн поэтически гӀирсашца а. Масала, «дешар» дош дуккхахьолахь шена юххехь къеггина сирла маьӀна долу, эмоциональни эпитеташ йолуш хуьлу: «дешар – бӀаьсте», «нур долчу дешаро», «дешар, халкъана серло лун дашо малх санна».

Дудаевн поэзехь «Серло» – иза халкъан дахарехь керланиг, диканиг, оьзданиг чулоцуш йолу символ ю «Бода» – зуламениг, новкъа дерг, сийсазниг, кхиарна дуьхьало еш долу дерриг а чулоцуш йолу символ ю. «Серлонан, Боданан дов» стихотворенехь вовшашца къовсам болу Серлонан, Боданан. ХӀинццалц бала хьоьгуш, Ӏазапехь даьллинчу халкъан дахар кхидӀа а боданехь хир ду, ша адамашна юккъера дӀагӀур бац, бахийта ницкъ а хир бац олий, дуьхьалболу Бода. Амма Серлонна хаьа боданан заманаш дӀаяхнийла, иза тешна ю халкъан дахар сирла хирг хиларх, цундела цо шеко йоцуш чӀагӀдо: «Буьтур бац, Бода, хьо кхаьрца баха. Кхул тӀаьхьа ахархой бойтур бац Ӏеха». Серлоно Бода эшабо. Ӏабдина дика гора нохчийн халкъана Ӏилманан серло оьшуш хилар:

ХӀай нохчийн хьацархой,
Дешаран хьалхенаш
Сов чехка яхалаш.
Ненан мотт бийцалаш,
Беран сурт хийцалаш,
Хьанал болх лахалаш,
Жуккар[2] нах тасалаш.

Шайца чолхе йоцуш, кхета аттачу, шерачу маттаца язйина ю и стихаш. Шина стопах лаьттачу дактилан барамехь язйина хиларо а,

---

[1] *Мактаб* – школа.

[2] *Жуккар* – шен къинхьегамца вехаш воцу стаг.

дукхахьолахь, хандешнех латтачу дактилически рифмаша а и стихотворени, сих ца луш, паргІат бечу хьехаман мукъамехь хуьлуьйту. Стихотворенин хорма цуьнан чулацамца йогІуш ю.

## «Стоьмийн беш»

Чолхенаш йоцчу хорманехь язъечу стихотворенешкахь Дудаев Іабдис дийцина халкъана хьалха латтачу декхарех, кхайкхина мехкан хьал алсамдаккхаре, культура а, искусство а кхиоре. Адамийн дахар токхо йолуш, Даймохк хаза, исбаьхьа хуьлийла лиъна цунна. «Стоьмийн беш» стихотворенехь автор кхойкху: «Стоьмийн беш кхиоро вай даккхийдедийр ду, ТІаьхь-тІаьхьарчу дийнахь самукъане хир ду, Цкъа а дог ца хьоьгуш, баа стом хир бу. ЙогІа аша, колхозхой, стоьмийн беш вайна». Ерриг стихотворени еша гучудолу «стоьмийн беш» дешнаш поэтически метафора хилар. Халкъан бахам, хьал, токхо, адамийн къинхьегамо кхуллуш йолу хазнаш чулоцуш йолу авторан метафора ю кхузахь стоьмийн беш.

30-гІа шераш юккъе доьлхучу ненахь Дудаевн поэзи кхоччуш кхиъна йогІу. Цуьнан произведенеш республикел арахьа а евза. 1935-чу шарахь Москвахь оьрсийн маттахь араяьллачу «Поэты Чечено-Ингушетии» поэтически сборник тІехь зорбатоьхна яра, вайнехан кхечу поэтийн произведенешца цхьаьна, Дудаев Іабдин стихаш а.

Ерригсоюзни ешархочо дика тІеийцира поэтан стихаш. Иза билгалдоккху цул тІаьхьа дукха хан ялале, 1937-чу шарахь, Пятигорскехь оьрсийн маттахь араяьллачу «Поэты советской Чечено-Ингушетии» сборнико. Цу сборник тІехь а зорбатоьхна яра оьрсийн матте яьхна Дудаев Іабдин стихотворенеш.

## «Ма гІертал, колхозхо, сан бахамна юкъа...»

Заманан билгалонаш, адамийн юкъаметтигаш, хІетахьлера социльни хьелаш го вайна Дудаев Іабдин произведенешкахь. Нохчийчохь колхозаш йохкуш, адамаш шайн лаамехь а, лаамза а, нуьцкъах а колхозашка дІаяздеш, юкъараллин бахамаш кхуллу хан яра 1930-чу шерийн юьхь. Оцу муьрехь язйина ю Дудаев Іабдин «Колхозхочун, цхьалхахочун къамел» стихотворени. «Серло» газета тІехь 1931-чу шарахь зорбатоьхна поэтан и стихотворени. Цу тІехь авторо

колхозхочун, цхьалхахочун ойла гойту, къеггина гучуйоху цушиннах хIораннан а амалш. Цхьалхахо кхоьру, колхозана юкъавахча, паргIатонах ша валарна. Бежана а, урд а, алаша а ю цуьнан, цундела шегарчу хьолах тоам беш, колхозе язвала сиха вац цхьалхахо. «Ма гIерта, колхозхо, сан бахамна юкъа», – боху цо шена кхетам луш волчу колхозхочуьнга. КIорггера гучуйолу жимачу стихотворенехь цхьалхахочун психологи. Колхозхочо юкъара бахам хьехабо, ткъа цхьалхахо шен бахам буьйцуш ву, цуьнан шен доларчу бахамах сакъерало.

Цхьа-ши етт бай сан-м, ас шура йоккхуш,
Шиъ урд дай сан-м, ас гота охуш,
Алаша яй сан-м, говра-ворда узуш,
Ма гIертал, колхозхо, сан бахамна юкъа.

«Сан бахам», «сан говра-ворда», «сан урд» олуш хазахета цхьалхахочунна, цо шен къамелехь и дешнаш резахуьлий даладо. Амма поэт шен заманан йийсарехь ву, цо колхозхо толош чекхйоккху шен стихотворени. Иштта бен, кхечу агIор хуьлийла а дацара и цу хенахь.

Поэтан кхолларалла шен чулацамца а, исбаьхьаллин агIор а кхуьуш схьайогIура. Цуьнан лирически турпалхо Даймахке хьанал дог-ойла йолуш, халкъан лехамашца шен дахаран некъ нисбеш ву. Iабдин кхоллараллин патриотически пафос къеггина гучуйолу 30-чу шерийн шолгIачу эхехь язйинчу произведенеш тIехь.

1937-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьлла Дудаевн «Партизанийн иллеш» цIе а йолуш стихотворенийн сборник. Цу тIехь яра поэтан тоьлашха йолу произведенеш. Церан шуьйра тематика яра. Авторо тайп-тайпана гIуллакхаш къастадора: шена Даймохк безар, цуьнан дуьхьа гIуллакхдар; граждански тIамехь шайн дахар дIаделлачу турпалхойн сийдар, церан амалех масал эцар; паргIатбаьккхина Даймохк а, халкъан машаре дахар кхуллуш болу къинхьегам а ларбеш долчу ЦIен Эскаран сийдар; керлачу кепехь юьртабахам а, индустри а кхуллуш долчу халкъан хьуьнарш гайтар; нохчийн зудчун сий лакхадаккхар – иштта дара поэто шен «Партизанийн иллеш» сборника юкъа яхначу произведенешкахь айьина гIуллакхаш.

Поэт дийна волуш «Партизанийн иллел» тIаьхьа кхин книга ара ца елира цуьнан.

Дудаев Iабдин кхоллараллин некъ хедира 1937-чу шарахь. Сталински харцо лаьттинчу хенахь бехк-гуьнахь а доцуш лаьцна дIавигира иза.

Набахтера ша къайлаха аратеснача кехат тӀехь цо яздинера: «Лергана хезна доцу, дагца кхиъна доцу, коьртехь сецна доцу тоьшалла дина суна, бӀаьрга тӀе бӀаьрг а хӀоттийна...»

Дудаев Ӏабдина 1937-чу шеран 2 декабрехь тоьпаш туху кхел кхайкхийна.

И кхел кхочушйина 1937-чу шеран 25 декабрехь.

Амма бакъо туьйлира. Дудаев Ӏабди цӀенна бехказваьккхира, цуьнан произведенеш халкъана юхаерзийра. 1966-чу шарахь зорбанехь араяелира поэтан «БӀаьстенан болар» стихотворенийн сборник.

## Цхьадолу жамӀаш

Дудаев Ӏабдис шен произведенешкахь кхоллараллица пайда эцна вайнехан фольклорах, Ӏарбин поэзех, оьрсийн литературех. Къаьсттана пайдехьа дара поэтана нохчийн фольклор евзаш хилар. Иза фольклор тӀехь Ӏамара барта произведенешкахь санна, кхета атта, идейни маьӀна шеца ма-дарра гучудолуш долу исбаьхьаллин васт кхолла а, халкъан меттан хазнех пайда эца а.

Ӏабдин кхоллаpалла ерриг стихотворенех лаьтташ ю. Уьш, цхьа наггахь бен, яккхийра яц. Поэто, заманан лехамашка хьаьжжина, сихха, лозунган хьесапехь язъеш, газете дӀаслла шен стихаш. Ткъа газето, нахана юкъа баржош болчу кхайкхамашка терра, адамашка дӀакхачийна.

Дудаевн стихаш, ерриш бохург санна, еа стопах я шина стопах лаьттачу дактилан барамехь язйина ю. Рифма, дукхахьолахь, деепричастех, хандешнех лаьтташ хуьлу. Стихотворенеш беа могӀанашка екъна ю, хьалхара кхо могӀа вовшашца рифмовка йолуш бу. ТӀаьххьара могӀа, гуттар бохург санна, шена чохь стихотворенин коьрта маьӀна а долуш, ша къаьстина нисло. Иза кхечу строфан хӀора беа могӀанехь юх-юха а балош бу.

Ӏабдин исбаьхьаллин произведенеш шен заманан декхарш кхочушдаре хьажийна яра, тахана уьш литературин истори санна евзаш ю.

**Хаттарш а, тӀедахкарш а**

1. ХӀун керланиг хии шуна Дудаев Ӏабдих лаьцна? Ӏеламстаг хила болу шен лаам кхочуш хӀунда ца бира цо?

2. ХӀун тематика ю Дудаев Ӏабдин поэзин? Дийца, муха къастайо поэто дешаран тема.

3. Муьлхачу маьIнехь даладо поэто шен произведенешкахь «серло», «бода» дешнаш?

4. «Стоьмийн беш» стихотворенехь поэто ялийначу метафорин маьIна даста.

5. Муха гучуйолу Дудаевн произведенийн барта кхоллараллица йолу уьйр? Дукхахьолахь маьлхачу кепехь хуьлура стихаш? ХIунда?

6. Къастош еша Дудаев Iабдин цхьа стихотворени кечъе.

## САЛЬМУРЗАЕВ МОХЬМАД САЛЬМУРЗАЕВИЧ
### *(1900–1958)*

Яздархочун Сальмурзаев Мохьмадан цIе нохчийн литературехь прозин жанр йолалучу юьххьехь льтташ ю.

Сальмурзаев Мохьмад Сальмурзаевич вина 1900-чу шарахь Йоккхачу АтагIахь ахархочун доьзалехь. Хьуьжаре деша вахна Мохьмад, амма иза чекхъяккхар ца хилла цуьнан.

Сальмурзаев Мохьмада оьрсийн мотт, йоза Iамийна, хьехархойн курсаш чекх а яьхна, цхьана муьрехь ярташкахь, тIаккха Соьлжа-ГIалахь хьехархочун болх бина. Нохчийн школашна дуьххьара дешаран книгаш хIиттош, учебникаш язъеш дакъалаьцна цо. Доккха гIуллакх дина Мохьмада нохчийн йоза кхиорехь. Iарбин алфавитан буха тIехь йолчун меттана вайн йозанехь 1925-чу шарахь тIеэцна йолу керла алфавит цо дакъалоцуш хIоттийна яра, латинин элпийн буха тIехь.

Ша халкъан дешаран областан отделехь инспекторан болх беш а, цул тIаьхьа «Серло» нохчийн издательствехь отделан заведующи волуш а йоккха терго йора цо къоман йоза-дешар, культура кхиоран.

Шен дуьххьарлера исбаьхьаллин произведенеш 1920-гIа шераш дуьйлалучу муьрехь язйина Мохьмада. 1923-чу шарахь цо яздира «Кхетаме Хьамид» дийцар. Иза нохчийн литературехь дуьххьарлерачу дийцарех дара.

Сальмурзаев Мохьмад нохчийн литературехь дийцаран жанр йолорхо ву. *Дийцар жима эпически произведени ю, кIезиг турпалхой а болуш, стеган дахарх цхьаъ я масех гIуллакх а гойтуш йолу.*

«Кхетаме Хьамид» дийцарехь гайтина нохчийн къехочун доьзалан дахарх цхьакIеззиг мур. Ярташкахь школаш яхка йолийна хан ю яздархочо йийцинарг. Дахарехь хуьлуш болчу хийцамашца адамийн ойла а хийцалуш хилар гойту яздархочо.

Дийцаран турпалхо Къайма керлачу интеллигенцин векал ву. Иза, шен кIорггера кхетам а болуш, дешаран серло халкъана юкъа яржош ву. Ша юьрта балха веачхьана, школехь дешархой кхетош-кхиорал совнаха, юьртарчу кегийрхойн даг тIе боьду некъ лоху Къаймас, цундела цаьрца уьйр таса, уьш бовза лаьа цунна.

Къаймина дика хаьа адамийн психологи хийцаялар сиха кхочуш-хуьлуш гIуллакх доцийла, цо паргIат, сих ца луш, амма хаддаза дIахьо нахана юкъахь кхетош-кхиоран болх.

Дийцарехь Къаймин васт кхолларан шен башхаллаш ю. Мохьмада ца гойту вайна шен турпалхочо еш йолу ойланаш, башха дукха ца бийцина цуьнан болх а, амма къеггина схьагайтина Къаймин белхан жамIаш. Уьш, яздархочо ша схьадийцина доцуш, дийцаран кхечу персонажашкахула билгалдовлу вайна. Юьртара дукхахдолу бераш школехь доьшуш хилар го. Дешархоша Къаймас хьоьхуш дерг дика Iамадар, царна иза везаш хилар билгалдолу Хьамида дешар а, цуьнан лелар а тергалдича. Къехойн Къаймега йолу дог-ойла ма-ярра гучуйолу хьалха цуьнга шовкъ йоцуш хилла волу Мурд а хIинца цунна чIогIа резахиларца.

Шен произведени тIехь Сальмурзаевс исбаьхьаллин гIирсашца бакъдолчуьнца нийса догIуш гайтина 20-гIа шераш дуьйлалучу муьрехь дахарехь хуьлуш болчу хийцамаша адамаш керлачу ойлане дерзош хилар.

«Кхетаме Хьамид» ю дийцаран цIе. Дийцаран коьртачу турпалхойх цхьаъ ву Хьамид. Сальмурзаев теша Нохчийчоьнан хиндерг шайх дозаделла болу кегийрхой нийса кхетам а, сирла ойла а йолуш, бакъ новкъа дIагIуриг хиларх. Оцу дегайовхонца яздина авторо шен дийцар, изза ойла кховдайо цо и доьшучуьнга а. Дийцарехь вайн литературехь дуьххьара кхоьллина интеллигентан васт.

«Кхетаме Хьамид» произведенино нохчийн литературехь дийцаран жанр кхоллаялар билгалдаьккхира, иза дуьххьарлера гIулч яра дийцар кхиарехь яьккхина. Цул тIаьхьа араделлира Сальмурзаевн шен а, кхечу яздархойн а дуккха дийцарш, повесташ.

Цу тайпана, вайн литературехь исбаьхьаллин проза кхиорехь мехала дара «Кхетаме Хьамид» Сальмурзаев Мохьмадан дийцар.

Сальмурзаевс тIевирззина Iамайо вайнехан барта кхолларалла. Цо дукха дIаяздина нохчийн хабарш, дийцарш, туьйранаш. ТIаьхьо, 1928-

чу шарахь, царах цхьадерш, литературин кепехь то а дина, «Берийн туьйранаш» аьлла цIе а йолуш, зорбанехь арахецна цо.

Шена тIе тидам бохуьйтуш ю 1930-чу шарахь зорбатоьхна «Нохчийн ира дийцарш» Сальмурзаевн книга а. Цу тIехь шатайпана забаре а, сатирически а дийцарш ду. Адамашна юкъахь барта лелаш хилла бегаше, забаре хабарш ду оцу дийцарийн бухе дехкинарш, амма яздархочо церан юкъараллин маьIна шордеш болх бина царна тIехь. «Пайдехьа дерг кхетамна схьалаца дика ду, пайдехьа доцург и санначух ларвала дика ду», – боху авторо шен дийцаршца хьалха яздинчу довзийтар тIехь. Изза Iалашо кхочушъеш ду и дерриг дийцарш.

Стеган ира хьекъал, меттахь дош ала хаар гойтуш ду книги тIера дубиэвлахошкара ду аьлла далийна хабарш. Самукъане хилар, муьлххачу хьоле нисвелча а воха цавезар гойту катархойн Мазех лаьцна долчу дийцарша. Сутаралла, саьхьаралла, тIаламазалла, сихалла, цаьрга терра кхиболу адамийн амалшкахь нисло эшамаш Iорабоху «Чоме хьаьжна молла», «Говр йиццьяр», «Наб ца кхета», «Ворданна гонаха керт», «Новкъахь йоьжна», «Дена аьлча, хи чу иккхина» цIерш йолчу а, кхечу а дийцаршна тIехь.

Кегийра а, даккхийра а шовзткъе ялхитта дийцар, я, яздархочо ша ма-баххара, аларш, ду «Нохчийн ира дийцарш» книги тIехь.

Адамийн амалшца нислуш долу кегий сакхташ беламе дохуш, царна дуьхьал къийсам латтабо яздархочо, гул а дина, шен книгина юкъадахийтинчу дийцаршца.

Кхин а масех книга арахийцира Сальмурзаевс 1930-чу шарахь. Царна юкъахь яра «Берийн туьйранаш, хабарш» аьлла йолу халкъан барта произведенийн книга а, «Моллин зулам» дийцар а.

Сталинан харцо лаьттинчу муьрехь, 30-чу шерашкахь, бехкбоцуш чохь ваьллина яздархо, амма бехке ван хIума ца карийна, аравалийтина.

1944-чу шарахь дерриг нохчийн халкъаца махкахваьkkхича, Къилб-Казахстанан областехь гIишлошъяран организацешкахь белхаш бина Сальмурзаев Мохьмада.

Даймахка верза дукха сатесна вара Мохьмад, амма цIаван кечвеллачу хенахь 1958-чу шарахь кхелхина Къилб-Казахстанан областерчу Белоусовка юьртахь.

Нохчийн литературин юьхь йолийнчарех а, нохчийн дийцаран жанр йолийнчарех а ву Сальмурзаев Мохьмад.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Дийца, муха дакъалецира Сальмурзаев Мохьмада нохчийн йоза-дешар кхиорехь.

2. «Кхетаме Хьамид» дийцаран хIун маьIна ду?

3. Халкъан барта произведенеш гулъярехь хIун болх кхочушбина яздархочо?

4. Адамийн амалехь долу муьлха сакхте хIуманаш Iорадоху Сальмурзаевс шен «Нохчийн ира дийцарш» книги тIехь?

5. «Пайдехьа дерг кхетамна схьалаца дика ду, пайдехьа доцург и санначух ларвала дика ду», – яздина Сальмурзаевс шен «Нохчийн ира дийцарш» книгин хьалха яздинчу довзийтар тIехь. Дийца, муха кхета шу цу дешнех.

6. ХIун маьIна ду Сальмурзаев Мохьмадан нохчийн культура а, литература а кхиарехь?

**Кхоллараллин тIедиллар**

Сальмурзаев Мохьмад тешна вара Нохчийчоьнан хиндерг шайх дозаделла болу кегийрхой нийса кхетам а, сирла ойла а йолуш, бакъ новкъа дIагIуриг хиларх. Оцу дегайовхонца яздина авторо шен «Кхетаме Хьамид» дийцар. Бакъ вуй яздархо? Муха кхочушхилла цо сатийсинарг вайн махкахь?

## НАЖАЕВ АХЬМАД ИДИГОВИЧ
*(1895–1943)*

Нохчийн исбаьхьаллин литература йолийнчарах цхьаъ ву Нажаев Ахьмад Идигович. Цуьнан цIарца а йоьзна ю вайн поэзино хьалхарчу муьрехь яьхна гIулчаш.

Нажаев Ахьмад вина 1895-чу шарахь Йоккхачу АтагIахь, ахархочун доьзалехь. Дуьххьара йоза-дешар хьуьжарехь Iамийна Ахьмада. Цул тIаьхьа, хьехархочун курсаш чекх а яьхна, Йокхачу АтагIахь юьхьанцарчу школехь хьехархочун болх бина цо. Оцу хенахь, хьехархочун балхаца цхьаьна, доккха гIуллакх до Ахьмада нохчийн халкъан барта кхоллараллла гулъярехь. Цо дуккха а иллеш, эшарш, туьйранаш, дийцарш дIаяздина.

1924-чу шарахь Соьлжа-ГIала балха ша схьавеанчул тIаьхьа а Ахьмада дIахьо халкъан барта кхоллараллла гулъяран болх, фольклоран произведенеш дIа а язъеш, зорбане кечйо цо. 1926-чу шарахь араелира цо гулйина «Нохчийн эшарш, дийцарш, кицанаш» книга. Иза дуьххьарлера книга яра вайнехан эшарш, дийцарш, кицанаш нохчийн маттахь зорбатоьхна. Оццу хенахь араелира Ахьмада Ибриев И. цхьаьна хIоттийна «Нохчийн эшарш» сборник а.

Халкъан барта кхолларалли тIехь болх баро, иза Iамаяро Нажаев Ахьмадна гIо дира нохчийн меттан исбаьхьалла йовза, цуьнан мехаллех кхиа, цунах пайда эца. Цунна чIогIа пайдехьа хилира шен поэтически кхолларалллин говзалла лакхаяккхарехь, исбаьхьаллин суртхIотто Iамарехь ша халкъан барта произведенеш тIехь бина болх.

Нохчийн областан халкъан дешаран отделехь испекторан болх бо Нажаевс. Доккха гIуллакх до цо Нохчийчохь йоза-дешар даржорехь, школийн болх тобарехь.

1926-чу шарахь дуьйна «Серло» газет тIехь арайовла юьйлаелира Нажаев Ахьмадан дуьххьарлера стихотворенеш. Оцу стихотворенеша адамаш керлачу дахаре кхойкхура.

1934-чу шарахь араелира Ахьмадан стихотворенийн сборник «Керла дуьне». Цуьнан лирически турпалхо керла стаг ву. Цо боху: дIадаха адамашна юкъара зуламе хIуманаш, дешийта школашкахь берашка, зуда нисъе шен бакъонашкахь боьршачу стаге, халкъ серлонга боьдучу новкъахь къобалде, кхечу къаьмнашца барт лаха, доттагIалла таса.

«Керла дуьне» поэтически сборнико гучудаьккхира яздархочун кхолларалллин похIма идейни а, исбаьхьаллин а кIорге йолуш хилар.

Оццу 1934-чу шарахь «Кхиам» журнал тIехь зорбатуьйхира «Тховх тапча тохар» беламе (сатирически) дийцарна. Оцу дийцаро, беламе дохуш, сийсаздора адамашна юкъара дIадаха хьакъдолу цхьацца хIуьмалгаш.

1935-чу шарахь, оьрсийн матте а яьхна, Москвахь араяьллачу «Нохч-ГIалгIайчоьнан поэташ» поэтически сборник юкъаяхара Нажаев Ахьмадан тоьллачарех йолу стихаш.

Пятигорскехь 1937-чу шарахь араяьллачу «Советски Нохч-ГIалгIайчоьнан поэташ» стихотворенийн сборник тIехь а яра Нажаев Ахьмадан стихаш.

1936-чу шарахь араелира Нажаев Ахьмадан «ЖаIу» йоккха поэма. Поэмехь авторо исбаьхьаллин литературин гIирсаца толлу вайн халкъан дахаран цхьа мур. Поэмин коьртачу турпалхочун Муцин некъ – иза массо а къехочун некъ бу. «ЖаIу» 1930-чу шерашкахь нохчийн литературехь дикачу произведенех цхьаъ яра.

Сталинан зулам даьржинчу хенахь, 1937-чу шарахь, хедира Нажаев Ахьмадан кхолларалллин некъ. Чувоьллинчохь хеназа кхелхина иза.

Нажаев Ахьмадан «Хаьржинарш» сборник араелира 1967-чу шарахь.

## Нажаев Ахьмадан кхолларалин коьрта теманаш

Нажаев Ахьмадан кхолларалла 1920–1930-чуй шерашкахь хиллачу нохчийн поэзин цхьа агІо ю. Поэтан кхолларалин тематика яра замано хьалхахІиттийна декхарш кхочушдаре хьажийна. Шен стихашкахь яздадхочо къобалдора дахарехь кхуьуш долу керланиг. Дешаро халкъана бахьа пайда гойтуш, керлачу заманахь дешаро бен пайдехьа стаг кхиориг цахилар чІагІдеш ю 1920–1930-чуй шерашкара поэзи.

Нажаев Ахьмада дика гойту халкъ дешарца серлонга даккха дезаш хилар. Иштта ю цуьнан стихаш «Советийн яздархошка», «Конференци», кхиерш а. Дешаран, культура кхиоран тема шен произведенешкахь къастош, цо билгалдоккху оьрсийн а, кхечу къаьмнийн а культурера диканиг тІеэца дезаш хилар. Оьрсийн Іилманах, поэзих пайда эца безаш хилар гойту авторо. Оьрсийн а, кхечу къаьмнийн а сийлахьчу нахах лаьцна дуьйцу. Масала, стихотворенехь «Сийлахь поэт – Пушкин» халкъашна юкъара доттагІалла чІагІдаран тема ойу поэто.

Тайп-тайпанчу къаьмнех долчу адамаша цхьабартболуш къахьегаро алсамдоккху мехкан хьал. Къаьмнашна юкъара доттагІалла чІагІдар шен сийлахь декхар лору Ахьмада. ДоттагІаллин уьйраш кхиош ю цуьнан дуккха а стихаш («ЦІеэскархойн йиш», «Конференци», кхиерш).

Нажаев Ахьмадан кхолларалехь гІеххьа меттиг дІалоцуш ю Іаламах лаьцна стихотворенеш. Нохчийн поэзехь 1930-чу шерашкахь кІезиг яра, аьлча а, янне а яцара Іалам гойтуш йолу стихотворенеш. Поэташна бегІийла ца хетара баккхийра классови хийцамаш хуьлуш лаьттачу хенахь Іаламан хазалла эшаршкахь йийцар. Амма Ахьмада Даймехкан Іаламан исбаьхьалла гайтарца а кхио безаш лерина Даймахке безам.

Поэтан Іаламах йолу произведенеш шайн чулацамца а, исбаьхьаллин гІирсашца а цу хенахь хиллачу поэзин тІегІанехь ю. Масала, стихотворени «КІайн хьаша»:

> Цу лаьмнийн кортошна кІайн чалба хьерчош,
> Цу лекхчу хьаннаш тІе кІайн кхокхий хийшош,

Дарц хьалха ша хьоьккхуш, тхевнашкахь шок етташ,
Веъна ша схьакхечи кIайн хьаша, мохь бетташ.

Сов чIогIа хазахеташ, шаьш кхаьънаш дохуш,
КIедачу цу лай тIехь шаьш хаза ловзуш,
Бераш гуш ду вайна, салазаш хоьхкуш,
Iа доьлла хазахеташ, вовшашка кхойкхуш.

Иштта сурт хIоттош яра поэтан кхийолу Iалам гойтуш йолу стихотворенеш а.

## «ЖаIу»

Нажаев Ахьмадан кхолларалллин жамI ларалуш ю 1936-чу шарахь араяьлла «ЖаIу» поэма. Шен поэмехь авторо гайтина нохчийн халкъо 20–30-чуй шерашкахь бина исторически некъ. XX бIешо доладелчхьана 30-гIа шераш юккъедовллалц болу къоман дахаран мур бу поэмехь поэтически гIирсашца толлуш берг. Коьртачу турпалхочун Муцин шен дахарх лаьцна долу дийцар ду произведенин чулацаман бухе диллинарг. Шина декъах лаьтташ ю поэма.

Хьалхарчу декъа тIехь гайтина XX бIешарахь Октябрьски революцина тIекхаччалц йолчу хенахь Нохчийчохь хилла социальни дIахIоттам. ШолгIа дакъа революци, граждански тIом, цул тIаьхьа яртаашкахь керла дахар дIахIотторехьа латтийна къийсам гойтуш ду.

Муцин дахаран некъ Нохчийчохь хуьлуш болчу социальни хийцамашца цхьаьна гайтина поэмехь.

Поэма чекхъяллалц халкъан, даймехкан теманаш ю хаддаза авторо схьаяхьаш ерш. Вовшашца юьйцина цхьаьна йостуш ю цо и поэмин коьрта теманаш. Материальни а, духовни а хазна кхуллуш дерг халкъ ду, шен кхолламан да хилла дIахIотта деза иза – иштта ду поэмин коьрта маьIна.

Поэмин композици цуьнан маьIна къеггина гучудолучу кепара хIоттийна ю. Стих йоца а йолуш, еша а, кхето а атта ю. Поэма строфашка екъна ю, строфаш 10–14–16 стихах лаьтташ ю.

Авторо васташ хIиттор вайнехан иллешкахь турпалхойн амалш гайтарца догIуш ду. Эпически шуьйра дахаран суьрташ хIиттор а, поэмин хиламашкахь драматизм хааялар а вайнехан турпалхойн хьуьнарш

гойтучу иллешкахь санна ду. Халкъан эшарш, иллийн кийсакаш ю юкъаялийна. Дукха ду кицанаш, халкъан ӏовза дешнаш, ира хабарш.

Оцу фольклоран материало гӀо до авторна адамийн дагах хьа-кхалучу тайпана шен ойла гучуяккха.

**Хаттарш а, тӀедахкарш а**

1. Доцца дийца Нажаев Ахьмадан дахарх, кхолларалех.

2. Нажаев Ахьмадан кхолларалин коьрта теманаш муьлханаш ю?

3. Къаьмнийн доттагӀаллех лаьцна поэтан муьлха стихотворенеш евза шуна?

4. Ӏаламах лаьцна стихотворенеш цу хенахь хиллачу поэтийн кхолларалех кӀезиг хилар стенах доьзна дара?

5. «ЖаӀу» поэмин коьрта теманаш муьлханаш ю? Муха бу цуьнан дӀахӀоттам, муьлш бу цуьнан коьрта турпалхой?

6. Дийца «ЖаӀу» поэмин чулацамах, халкъан барта кхолларалица уьйр ярах.

## ПОЭМА

Исбаьхьаллин литературехь поэмин жанр кхоллаелла дукха хан ю. Гомеран «Иллиада», «Одиссея» произведенешкара схьа лору дуьне-нан литературехь поэма кхоллаелла хан. Оцу произведенеш тӀера схьа Ӏаламат беха, чолхе некъ бина поэмо. ХӀетахь дуьйна тайп-тайпанчу социально-исторически хьелашкахь хийца а луш, кхиа а кхуьуш, вайн хене схьаеана поэма. ХӀора историн муьрехь шен башхаллаш хуьлу муьлххачу а литературин жанран. Поэма а ю, дахаран хьелашка хьаьжжина, шен чулацамехь а, исбаьхьаллин кепехь а хийцалуш.

Поэмин жанр кхоллаяларан орамаш халкъан барта произведенеш-кахь ду. Вайнехан барта кхолларалера илли ду йозанан литературехь поэма шех схьаяьлларг. Нохчийн халкъан поэма (илли) кхоллаелла XVI–XVII бӀешерашкахь. Халкъана шен дикачу кӀентийн хьуьнарш хастаме деш дийца, уьш тӀекхуьучу тӀаьхьенашка дӀакхачо лаарна еххачу хенахь кхуьуш схьаеана халкъан барта кхолларалехь поэма (илли). Масала, тидам бер вай «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон илли», «Аьккхийн Жанхотан илли», «Эвтархойн Ахьмадан илли», «Шотойн Аьстмаран илли», «Тар-кхойн кӀентан, Жерочун кӀентан, Жумин Акхтулин илли», «Жерочун кӀентан, гуьржийн кӀентан илли», «Мадин Жаьммарзин, Жумин Акхтулин илли» цӀерш йолчу иллийн. Оцу а, и санна долчу а иллеш-кара еана нохчийн литературе поэмин жанр. Цу тайппана, нохчийн ли-

тературехь поэмин жанр кхоллаяларан бухехь халкъан иллеш хилла. Цуьнца цхьаьна поэмин жанр нохчийн литературехь кхоллаялар кхечу къаьмнийн литературашкахь, уггар хьалха оьрсийн литературехь, оцу жанрехь йолчу поэмин произведенех пайда оьцуш кхочуш а хилла.

Дукха тайпанаш, форманаш ю поэмин. Церан юкъара билгалонаш къастийна литературоведенехь. Сийлахь-воккха оьрсийн критик волчу Белинский В.Г. поэмин жанран коьрта билгалонаш лерина: халкъан дахарехь доккха маьIна долу турпалаллин хиламаш гайтар; хIума дийцаран, хаамбаран кеп а, гIуллакхаш кхочушдеш йолу персонаж а хилар; лирикин, драмин, билгалонаш хилар.

Дуккха а къаьмнийн литературашкахь кхидIа а кхиъна поэмин жанр. Поэмин жанрови къастамаш бу:

– дерриг къоман дахарехь доккха маьIна долу гIуллакхаш шен чулацамехь хилар;

– даккхий хьуьнарш хастаме дар, хьуьнаречу адамийн амалш гайтар;

– шен дIахIоттаман бухе йиллина ардаме сюжет я дахаречу гIуллакхаша меттахъяьхначу поэтан ойланех лаьтташ йолу сюжет хилар;

– стихашца язйина а йолуш, лирически, эпически, драматургически билгалонаш цхьаьна ийна хилар.

Поэмин тайпанаш дукха ду, вай йийцинарш церан юкъара билгалонаш ю. *Дерриг къоман дахарехь доккха маьIна долу гIуллакхаш а къастош, хьуьнаречу турпалхойн васташ а кхуллуш, лирический, эпический, драматический билгалонаш шеца йолчу стихашца язйинчу йокккхачу произведенех поэма олу.*

Нохчийн яздархойн поэмаш араевлла 1920-чу шерийн шолгIачу эхехь. Мамакаев Мохьмадан, Бадуев СаьIидан, Нажаев Ахьмадан поэмаш ю вайнехан литературехь дуьххьара язйинарш. Къоман литературехь дуьххьарлерачу поэмийн турпалхо халкъан паргIатонехьа болчу къийсамехь а, машаре дахар дIахIотторехь а хьалхарчу могIаршкахь ву. Иштта бу Бадуев СаьIидан «Партизан», «Тоьур ду», Нажаев Ахьмадан «ЖаIу», Мамакаев Мохьмадан «ЦIий хуьйдина лаьмнаш» цIерш йолчу поэмийн турпалхой.

ХIинцалерачу нохчийн литературехь поэма тоьллачу жанрех ю. Дукхахболчу поэташа массара а язйина поэмин жанрехь. Къоман литература йолалуш кхоллаелла йолу нохчийн поэма шен чулацамехь а, формехь а хаддаза кхуьуш схьаеана.

Граждански тIамехь а, къинхьегамехь а гайтина халкъан турпалалла, драматически хиламаш, деган айам гайтархьама, яздархой кхевдира лиро-эпически произведенешка. Поэмехь эпически шуьйра, лирически дегайовхонца ирачу драматизмаца гайта таро хуьлу къоман дахарехь доккха маьIна долу гIуллакхаш..

Нохчийн литературехь поэмин жанро чулоцу къоман барта кхолларалллин ламасташ а, оьрсийн классически а, советски а поэмин, кхечу къаьмнийн литературашкахь йолчу поэмин жанран кхиамаш а. Шайн чулацамца а, жанрови къастамашца а тайп-тайпана поэмаш ю нохчийн хIинцалерачу литературехь.

Дуьххьарлерачу поэмашкара дуьйна схьа а халкъан дахарехь доккха маьIна долу гIуллакхаш къастийна яздархоша шайн эпически произведенешкахь. Иштта ю Бадуев С. «Октябрь», «Тоьур ду», «Ши доттагI» цIерш йолу поэмаш, Нажаев А. «ЖаIу» поэма. Иштта кIорггера чулацам болуш ю Мамакаев М. «ЦIий хуьйдина лаьмнаш», «Кемсийн хорха», Музаев Н. «Вайнахах дийцар», Мамакаев I. «Нохчийн лаьмнашкахь», Эдилов Х. «Сийлаха» цIерш йолу поэмаш а.

Ша кхиарехь керлачу тIегIане кхаьчна нохчийн поэма. Сулаев М., Арсанукаев Ш., Ахматова Р., кхечу хIинцалерачу поэтийн кхоллараллехь а йоккха меттиг дIалоцу оцу жанрехь язйинчу произведенеша.

Поэмин жанран керла форманаш, исбаьхьаллин суртхIотторан керла кепаш юкъаялийна хIинцалерачу поэташа. Вайнехан литературехь хаддаза кхуьуш схьайогIу поэмин жанр.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Дагаяхкийта нохчийн а, оьрсийн а, кхечу къаьмнийн а литературашкахь шаьш ешна поэмаш.

2. Нохчийн йозанан литературехь поэмин жанр кхоллаяларехь хIун маьIна дара халкъан иллин?

3. Муьлханаш ю поэмин жанран билгалонаш?

4. Маца кхоллаелла поэмин жанр нохчийн литературехь?

**Вайн къамел кхиадо**

Шайн предложенешна юкъа даладе хIара дешнаш а, дешнийн цхьаьнакхетарш а: хьуьнарс турпалхой, маьIне гIуллакхаш, лиро-эпически, деган айам, ардаме сюжет, ира драматизм, лирикин, драмин билгалонаш.

## АЙСХАНОВ ШАМСУДДИН КАТАЕВИЧ
*(1907–1938)*

### *Дахар·а, кхолларалла а*

Сиха кхуьуш йолчу нохчийн литературехь кест-кестта гучуйовлура яздархойн керла цIерш. 1931-чу шарахь яздан волавелира тIаьхьо поэзехь, драматургехь, прозехь дикачу произведенешца билгалваьлла волу Айсханов Шамсуддин. 1930-чу шерашкахь хиллачу литературехь йоккха меттиг дIалоцу цуьнан кхолларалло.

Айсханов Шамсуддин Катаевич вина 1907-чу шарахь Теркйистерчу Лаха-Неврехь. Цуьнан да-нана ахархой хилла. Яздархочун да Ката даим а керлачунна тIегIерташ вара.

XX бIешо долалучу хенахь Лаха-Неврехь халкъан серлончас, хьехархочо Хакишев Солтас школа йиллича, цига хехо вахара Ката. Халкъа юкъа серло яржоран Iалашо яра Хакишев Солтин. Дешарехула, Iилманехула лорура Хакишев Солтас нохчийн къам серлонга кхачор долу некъ. «Оцу тайпана школашкахула Хакишевс шен хенахь шуьйра яржош хилла вайн халкъана юкъахь прогрессивни дог-ойла», – яздора Сулаев Мохьмада.

Шамсуддин деша ваххал хилча, цуьнан дас иза дIавелира Хакишев Солта волчу школе. Дешаре боккха безам болуш кхиавора Катас шен кIант. Дешарна тIера а вара жима Шамсуддин, цо хазахеташ Iамадора йоза-дешар, резахиларца тIеоьцура шена хьоьхург. Хьехархо а, данана а даккхийдеш бара дешархочун кхиамаш.

КIант андаваьлча, цуьнан кхидIа а деша аьтто хилийтархьама, доьзалца Соьлжа-ГIала кхелхина веара Ката. Кхузахь «Красная турбина» керлачу предприяти балха а вахара иза.

Йоза-дешар халкъа юкъахь кхиоран некъ юьхьарлецира, ша хьалакхиъча, Шамсуддина а. 1925-чу шарахь дуьйна цхьана муьрехь комсомолехь болх бира цо. Кегийрхошна юкъахь масех шарахь болх баро гIо дира хинволчу яздархочунна шен нийсархойн дог-ойла кIорггера йовза а, керла дахар дIахIотторехьа цара кхочушдо гIуллакхаш ган а. Иза чIогIа пайдехьа хилира цунна.

Советски партийни школе деша хьажийра Шамсуддин, иза кхиамца чекхъяьккхира цо.

Айсханов Шамсуддина шен литературин кхолларалла йолаялар 1931-чу шарера дуьйна схьа лорура. Иза яздан-м дикка хьалха волавелла, делахь а яздархочо хIетахьлера хан, схьахетарехь, яздан Iамаран, кечамбаран мур лоруш хилла.

1931-чу шарахь «КIайн котам» дийцар яздира Шамсуддина. Авторо иза дийшира Ростовехь дIаяьхьначу Къилбседа Кавказан къаьмнийн искусствон олимпиадехь. Iаламат дика тIеийцира цигахь къоначу яздархочун произведени. Кхиамо дог айъира Айсхановн, хIинца мелла а шех бIобулуш язьян волавелира иза исбаьхьаллин произведенеш. Оцу шарахь язйина ю йоккха поэтически произведени – «Хьава» поэма.

## Политотделан газетехь

1933-чу шарахь, совпартшкола чекхъяьккхинчул тIаьхьа, Айсхановс политотделан газетан редакцехь болх бо. Iаламат хала а, жоьпаллин а болх бара иза. Амма яздархочунна чIогIа пайдехьа хилира газетехь болх бар. Адамийн ойланех, лаамех кхиа аьтто хуьлуьйтура журналистан балхо. Яздаран корматалла лакхаялярехь а пайдехьа хилира газетехь бина болх.

1933-чу шарахь масех произведени арахийцира Айсхановс. Царна юкъахь яра «Вай доьшур ду» боху бархI суьртах лаьтташ йолу пьеса, «Мало – хало» дийцар, «ХIайттархойн бригада» очерк. Зорбанера араделира хьалха яздина долу «КIайн котам» дийцар. Авторо оцу произведенешкахь гойту керла бахам кхуллуш долчу халкъан дахарехь хуьлуш болу хийцамаш.

«ХIайттархойн бригада» очеркехь дуьйцу ахархоша, йохье а буьйлуш, шайн белхан планаш хенал хьалха кхочушъяр, божарша, зударша цхьатерра, бертахь, аренашкахь каде белхаш бар. Белабелла, бекхабелла бу уьш, самукъане бу церан беркате къинхьегам. Болх говза вовшахтоха хууш болу куьйгалхой кхиъна ярташкахь. Царах ву хьуьнаре бригадир Абубакаров Абуса. Яхье яьллачу Абусин бригадо ЦIен байракх яьккхина. Шайн аренашкара белхаш дIа а берзабой, лулахошна гIо дан йоьду хIайттархойн бригада. Керлачу дахарца цхьаьна кхуьуш ду керла адамаш, боху яздархочо шен произведеница.

Хазачу маттаца язйина очерк. Алссам ду цу тIехь говза далийна исбаьхьаллин дустарш. Кхета атта а, йоьшуш самукъане а ю иза.

КIеззиг бен йоцчу диалогехь а билгалйовлу турпалхойн амалш. Жимачу барамехь йолчу оцу произведени тIехь Айсхановга хIоттаделла 1930-чу шерашкахь юьртан дахаран къеггина долу сурт, гайтаделла хьуьнаречу адамийн гIуллакхаш а, ойланаш а.

«Мало – хало» забаре дийцарехь яздархочо хIоттийна декъазчу цхьалхахочун васт. Малонча Шаба, кхиболу юьртахой санна, болх бан лууш вац. Къинхьегамах уьдуш ву иза, цундела цуьнан нехачарех тера ков-керт а, хIусам а яц. Тайп-тайпана декъаза гIуллакхаш Iиттало Шабех, цуьнан мало бахьана долуш. Наха беламе воккху иза.

Стеган сий а, ирс а цуьнан хьаналчу къинхьегамах дозуш хилар билгалдоккхуш ду дийцаран маьIна.

1934-чу шарахь Москвахь гулъелира Ерригсоюзни яздархойн хьалхара съезд. Советски къаьмнийн литератураш кхиаран гIуллакхаш дара съездехь дуьйцурш. Оцу съездехь дакъалоцуш вара нохчийн, гIалгIайн яздархойх пхиъ векал. Царна юкъахь Айсханов Шамсуддин а вара. Нохч-ГIалгIайн литературех лаьцна къамел дира Шамсуддина съездехь. Шен къамелехь цо билгалдаьккхира вайнехан культура а, литература а кхио яккхий таронаш хилар а, хIинца яздархой къоман литература кхолларехьа къийсам латтош хилар а.

## «Шен заманан векал»

Айсханов Шамсуддинах «шен заманан векал» аьлла Сулаев Мохьмада. Нийса а ду иза. Шен заманахь халкъана хьалха лаьтташ долу чолхе а, хала а декхарш гайтарехь а, уьш кхочушдарехь а доккха дакъалаьцна яздархочо. Цо яздархочун болх юкъараллин балхаца цхьаьна дIакхоьхьура. Цундела цунна дика девзара халкъана хьалха лаьтташ долу декхарш, уьш кхочушдаре хьажийна яра цуьнан произведенеш. Иза къеггина билгалдолу муьлха а цуьнан прозаически а, поэтически а, драматургически а произведени ешча. Цхьана муьрехь Нохч-ГIалгIайн яздархойн союзан куьйгалхо вара Айсханов. Доккха гIуллакх дора цо вайнехан литературин кхоллараллин ницкъаш вовшахтухуш, заманан лехамаш кхочушбарна уьш тIеберзош. ТIекхуьуш болчу къоначу яздархойн леррина терго а еш, царна даим а гIо дора Шамсуддина.

Нохчийн, гIалгIайн поэтийн произведенийн сборник дуьххьара оьрсийн маттахь Москвахь араялар а Айсханов Шамсуддинан цIарца

дозаделла дара. Иштта, 1935-чу шарахь Москвахь оьрсийн маттахь зорбатуьйхира цо хIоттийначу «Поэты Чечено-Ингушетии» поэтически сборникна. Нохч-ГIалгIайчоьнан ворхI поэтан произведенеш яра оцу сборник тIехь, хIора поэтан биографех а, кхоллараллех а хаамаш бара. Айсхановн «Толам», «Хьамид», «БIаьстенан хьеший», «БIаьсте» цIерш йолу стихотворенеш а, «Хьава» поэма а яра цу тIехь зорбатоьхна.

Цул тIаьхьа ши шо даьлча Пятигорскехь оьрсийн маттахь араяьллачу «Поэты советской Чечено-Ингушетии» сборник юкъахь яра цуьнан произведенеш. Оьрсийн классикийн произведенеш гочъеш, уьш вайнахана йовзийтаран гIуллакх кхочуш а дора Айсхановс.

Яздархочо даим а терго йора нохчийн школашкахь дешаран хьелаш тодаран. Цо хIиттийначу дешаран книжкех дуккха а шерашкахь пайда ийцира юьхьанцарчу школийн дешархоша. Берашна язъечу стихаш тIехь лерина болх бора поэто. Сталинан хенан къизачу кхолламо хеназа хадийра яздархочун кхоллараллин а, дахаран а некъ.

1937-чу шеран 31 октябрехь чувоьллина, кхин ара ца велира Айсханов Шамсуддин.

Цхьа а бехк боцуш, 1938-чу шеран 11 мартехь Iуьйрана пхи сахьт долучу хенахь тоьпаш тоьхна яздархочунна. Амма тахана а шайх пайда оьцуш ю яздархочун прозин, поэзин произведенеш.

1964-чу шарахь Нохч-ГIалгIайн книжни издательствос арахецна стихаш, поэма, очеркаш, дийцарш цхьаьна долу Айсханов Шамсуддинан хаьржинчу произведенийн книга.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Схьадийца, шуна хетарехь, Айсханов Шамсуддинан дахарера муьлха гIуллакхаш хилла цуьнан литературин кхоллараллина тIеIаткъам болуш?

2. Шаьш хьалха Iамийначу Айсхановн произведенех муьлханаш дагайогIу шуна? Пайда эца царах, поэтан дахарх а, кхоллараллех а шаьш схьа а дуьйцуш.

3. Айсхановн произведенийн коьртачу тематикех дийца.

**Ешначух ойла е вай**

1. «Мало – хало» дийцар дешначул тIаьхьа хIун ойла кхоллаелира шун? Сингаттаме бу я беламе бу шуна цу тIера хиламаш? Иштта цIе хIунда тиллина дийцарна?

2. ХIун бахьана долуш ду Шабин дахар къен-миска?

3. ХIунда лууш ца хилла Шабина колхозе язвала?

4. Муха стаг ву Iусман? Шабица муха ву иза?

5. Шен зудчуьнца дера а волуш, борз угIуш хезча, кхоьруш, вегош волу Шаба муха къонах хета шуна? Стагехь товш дуй иштtаниг?
6. ХIун маьIна ду хIокху дийцаран?
7. Халкъан муьлха кица догIу хIокху дийцаран чулацамца?
8. Яздархочун цхьа стихотворени къастош еша кечъе.

**Кхоллараллин тIедиллар**

Барта характеристика ло Шабина. ХIун бахьана ду цуьнан дахар галдаларан? Шаба беламе персонаж ю я шех къинхетам бар лоьхуш йолу персонаж ю?

## БАДУЕВ САЬИД-САЛИХЬ СУЛЕЙМАНОВИЧ
## *(1903–1938)*

### Дахаран а, кхоллараллин а некъ

Шен кхоллараллин корматалла халкъан хьашташна дIаеллачу яздархочун дахар дуьнен чуьра иза дIаваларца кхачалуш дац. Цуьнан исбаьхьаллин дош, шен маьIнийн керла агIонаш гучу а йохуш, халкъа юкъахь деха.

Иштtачарех ву нохчийн литературин бухбиллархо Бадуев СаьIид-Салихь Сулейманович.

ПаргIатонан идеалаш чIагIъярна дIаделла цо шен кхоллараллин хохIма, хьуьнарш, деган йовхо.

Бадуев СаьIид-Салихьан произведенеш дуьненан гIуллакхийн ойла йойтуш ю. Дахарера диканиг тIеэца, вочуьнца къийсам латто Iамаво цара. Даймохк безаран ойла кхиайо, къаьмнашна юкъара доттагIалла чIагIдаре кхойкху, къоман ламасташ лардан дезаш хилар гойту. Керлачу заманан керла стаг кхиоран Iалашонаш хIиттийна авторо шен кхоллараллина хьалха. Цуьнан произведенеш паргIатчу дахарехьа болчу къийсамна къинхьегамхойн дог-ойла гIаттош хилла.

Вайнехан хIинцалерачу исбаьхьаллин культурин мехала цхьа дакъа ду Бадуев СаьIид-Салихьан кхоллаpалла.

### Бералла а, дешаран шераш а

Бадуев СаьIид-Салихь Сулейманович вина 1903-чу шеран 28 августехь (хIинцалерачу хенаца – 10-чу сентябрехь) Соьлжа-ГIалахь.

Яздархочун да Бадуев Сулейман Хьалха-МартантIера схьабевллачу совдегарех вара. Оьрсийн-японийн тIамехь (1904–1905 шш.) дакъалоцуш хилла иза. Нана Укаева Зайбат Йоккхачу АтагIара яра.

КIентан библла дIаяхна Соьлжа-ГIалахь а, Хьалха-МартантIехь а. Дуккха гергара нах бара БадуевгIеран Хьалха-МартантIехь. Хинволчу яздархочун деда, денана, пхиъ деваша вара кхузахь вехаш. Шен дехой болчу Хьалха-МартантIе, ненахой бехачу Йоккхачу АтагIа кест-кестта вогIуш а, еххачу хенахь Iаш а хиллачу кIанта хазахеташ ладийгIина юьртахоша исбаьхьа олучу иллешка, дуьйцучу туьйранашка, ширачу хабаршка, мехкарийн эшаршка. Халкъан исбаьхьаллин дешан марзо беран хенахь евзина цунна, барта кхолларалла гуттаренна езаелла.

Соьлжа-ГIаларчу реальни училище деша дIавелира СаьIид-Салихь дас. Ойла тIеяххийтина, лерина доьшш, шен накъосташна юккъехь кIеда-мерза волуш а, дешарна тIера хиларца а билгалвелира иза.

Къаьстгана дукхаезара цунна исбаьхьаллин литература. ТIевирззина Iамайора цо оьрсийн классически литература, лерина йоьшура В.А. Жуковскийн, А.С. Пушкинан, М.Ю. Лермонтовн, Л.Н. Толстойн, А.П. Чеховн, А.М. Горькийн произведенеш. Хинволчу яздархочунна Iаламат пайдехьа дара сийлахь-йоккха оьрсийн литература, культура йовзар.

ЦIаьххьана бохам беара БадуевгIеран доьзале. Оьрсийн-японийн тIамехь йина чевнаш юхаметтахъевлла, 1914-чу шарахь Петроградехь кхелхира доьзалан да Сулейман. ЦIа а веана, Хьалха-МартантIехь дIавоьллира иза.

ВорхI бераца йисира нана, СаьIид-Салихьан жимахйолу йиша Маки да дIаваьллачул тIаьхьа дуьнен чу елира.

Хала дара байлахь бисначу доьзална. Дукха хан ялале дахаран халонаш хааелира. Паччахьан заманахь муьлхха а дешар санна, Соьлжа-ГIаларчу реальни училищехь а дешар мехах дара. Шен хеннахь мах дIабалаза бисча, дешарх юкъахвоккхура. Алссамчу берашца йисначу нанна хала дара доьзал кхаба. Доьшуш болчу СаьIид-Салихьна а, цуьнан вежаршна а тIера мах бала таро йоцуш меттигаш а йогIура. Шен ма-хуьллу дешар чекхдаккха гIиртира СаьIид-Салихь, амма гIуллакх ца хилира. 1915–1916-чу дешаран шеран IV четвертехь дешарх юкъахваьккхира иза. Реальни училищехь 1916-чу шеран 25 майхь дIаяьхьначу педагогически кхеташонан протокол тIехь дешарна тIера мах дIацабаларна («за невзнос платы за учение») Бадуев

СаьIид дIаваккхаран хьокъехь сацам бу. Дешаран шо чекхдала цхьа бутт бен ца биснера хинволу яздархо реальни училищера дIавоккхуш, оцу шарахь йолийна класс чекхъяккхалц а ца витира.

СаьIид-Салихь шайн доьзалехь баккхийчарах вара, цунна тIехь дара кегийчеран терго яр. Иза балха вахара. Болхаца цхьаьна дIахьора цо, ша доьшуш, шен хаарш тIедузар. 1922-чу шарахь Владикавказехь кооперативни курсаш чекхъехира цо. Цул тIаьхьа цхьана муьрехь товароведан болх бира. Амма цуьнан шовкъ йолуш болх бацара иза, цуьнан дог ца летара оцу гIуллакхех. СаьIид-Салихьан ойла кхечанхьа гIертара. Шен къоман культура кхиорехь, йоза-дешар даржорехь, халкъ Iилманан серлонга доккхучу балха тIехь дакъалацар дара цунна лууш дерг. Шен Iалашо кхочушъярхьама, хьехархойн курсашка деша вахара иза. Уьш чекх а яьхна, хьехархочун болх бира цо. Школехь берашна хьехарца цхьаьна баккхийчарна йоза-дешар а Iамадора СаьIид-Салихьа.

## Яздан волавалар

Шатайпанчу эвсараллица бара Бадуев СаьIид-Салихьа исбаьхьаллин литературе вогIуш а, литературехь а цо бина болх.

Хьехархочун болх беш волуш цо лерина Iамайира халкъан барта кхолларалла, дIаяздира иллеш, эшарш, забаре хабарш. Халкъан ойланах кхиа гIертара Бадуев. КIорггера пайда оьцуш йоьшура цо оьрсийн а, дуьненан кхечу къаьмнийн а яздархойн произведенеш.

Бадуев СаьIида шена хьалха хIоттийнера исбаьхьаллин дешан говзалла караерзоран Iалашо. 1920-гIа шераш юккъе даханчу хенахь язйира цо шен дуьххьарлера произведенеш.

1925–1926 шерашкахь «Серло» газета тIехь зорбатухуш арайийлина хIетахь цо язйина стихотворенеш а, кегийра дийцарш а. Волалуш волчу яздархочо шен коьрта Iалашо лорура, къоман оьзда ламасташ чIагIдеш, вочуьнца къийсам латтош керла дахар дIахIотторехьа болчу къийсамехь исбаьхьаллин дашца дакъалацар. Бадуев СаьIид-Салихьан дуьххьарлера произведенеш а, ерриг цуьнан кхолларалла а и Iалашо кхочушъяре хьажийна ю. Яздархочо шен произведенеш зорбанехь арахоьцуш, Бадуев СаьIид олий, йоцца язйора шен цIе. Цундела литературехь Бадуев СаьIид аьлла дIаяхна яздархочун цIе.

Іаламат сиха кхиира яздархочун кхоллараллин корматалла. 1920-гІа шераш юккъе даханчул тІаьхьа яздан волавеллачу Бадуевс 1928–1929 шерашкахь язйира идейни чулацамца а, исбаьхьаллин говзаллица а кхоччуш кхиъна а йолуш, шен тоьллачарах йолу произведенеш («ЦІеран арц», «Бешто»). Иштта сиха яздархочун корматалла кхиаран бахьана дара, коьрта долчу декъана, цо Іаламат говза халкъан барта кхоллараллех пайда оьцуш хилар а, кхечу къаьмнийн литературех иза Іемаш хилар а. Лаккхара исбаьхьалла шайца йолу вайнехан барта кхоллараллин произведенеш Бадуевн кхоллараллин хьаст хилира. Нохчийн фольклоро, яздархочун исбаьхьаллин говзалла кхиорал совнаха, иза кхетавора халкъан ойланех, сатийсамех, къеггина гойтура хьалха дІадахна балане дахар, ирсехьа сатуьйсуш адамо лайна Іазап. Яздархочун исбаьхьаллин кхоллараллин орамаш вайнехан фольклорах схьадогІуш дара, ткъа кхечу къаьмнийн литературех пайдаэцаро цуьнан исбаьхьаллин говзалла лакхайоккхура. Цу тайпана яра Бадуевн исбаьхьаллин кхолларалла йолаяларан цхьайолу башхаллаш.

Яздархочун дуьххьарлерачу произведенех ю цуьнан «Мацалла» повесть. Къехойн, хьолахойн вовшашца хилла юкъаметтигаш гайтина авторо шен дуьххьарлерачу повестехь. Къона доьзал – ТІелиб, ХІижан – хало ловш ду, мацаллла ю цаьргахь, кхечу къехошкахь а санна. Ялта къийдаларх пайда а оьцуш, шайн хьелаш алсамдохуш бу таронаш йолу нах. Мацалла токхуш болчу къехошна кІеззиг ялтех хІума а лой, церан тІаьххьара говр а, бежана а шайн дола доккху хьолахоша. Иштта шен бахам стамбеш ву повестера Мухтар а.

Авторо повестан персонажийн васташ дукха шуьйра ца гайтинехь а, церан амалш, психологи билгалъяккхарна тІе леррина тидам бахийтина. ДогцІена, мерза безам бу ТІелибан, ХІижанан берг. Мел яккхий халонаш тІехІиттарх, мацалла шаьш кІелдисарх, лах ца ло цушиннан вовшашка йолу ойла, вовшийн ларар. Къинхетаме, догдика адамаш ду уьш, тешаме, хьанал бу церан безам. ХІижан шена везачунна муьтІахь а, шен безам ларбийр болуш а хилар къеггина билгалдолу цо хьолахочун Мухтаран лаамна дуьхьало ярца. Хьолах ца бухку цо шен безам. Мацалло гІелйина йолу ХІижан бахамах юьззина йолчу кертара йоду, сихха ТІелибна тІекхача.

Мухтара лелочу гІуллакхаша цуьнан ямарт ойла, хьарамлонаш, нахана иза зуламе хилар билгалдоккху.

Персонажийн дог-ойла, церан лехамаш гайтарца яздархочо кхуллу къеггина шайн социальни юьхь гучуйолуш долу васташ.

«Мацалла» повесто, яздархочун дуьххьарлерачу йоккхачу эпически произведенино, дарехь хаийтира Бадуев кIорггера кхолларалла йолуш яздархо хилар. Оцу повестехь хаалуш яра тIаьхьо къаьсташ билгалъевлла йолу Бадуевн кхоллараллин хотIан коьрта башхаллаш.

1920-гIа шераш чекхдовлучу муьрехь Бадуев СаьIида язйира кIорггера идейно-исбаьхьаллин чулацам болу произведенеш. Царна юкъахь яра «ЦIеран арц», «Бешто» повесташ а, «Iимран», «ГIу» дийцарш а, «МаргIала синтар» стихотворени а.

1930-чу шарахь зорбанера араяьлла «ПетIамат» роман а, кхийолу произведенеш а.

1920-гIа шераш чекхдовлуш ша язйина цхьайолу произведенеш Бадуевс, гул а йина, арахийцира «Хабарш, иллеш, поэмаш» книги тIехь.

Бадуев СаьIида масех произведени язйина, «Iадаташ» аьлла, цIе а тиллина. Уьш зорбанера арасвлла 1930-чу шарахь. Шина книгех льтташ ю «Iадаташ» произведенеш. Хьалхарчу книги тIехь ду «Iадат», «Олдам», «Баудди», «Зайнап», «ГIу» дийцарш, шолгIачунна тIехь – «Бешто» повесть а, «Бекхам» дийцар а.

Ира чулацам болчу оцу произведенешца авторо гойту нохчийн къоман дахаран тайп-тайпана агIонаш. «Iадат», «Олдам», «Баудди», «ГIу» дийцарийн турпалхой къоман гIиллакхаш лардеш мел яккхий а халонаш лан кийча бу. Бакъ буй и турпалхой? Нийса дуй цара лелийнарш? Иштта хаттарш хIиттадо яздархочо шен произведенешца.

ЧIиръекхаран Iадат гайтина яздархочо «Бекхам», «Зайнап» дийцаршкахь.

1930-чу шарахь зорбанера араелира яздархочун «ПетIамат» роман (1-ра дакъа). Иза нохчийн литературехь дуьххьарлера роман яра. Шуьйра чулацам болу роман язъян Iалашо йолуш хилла яздархо, амма иза чекхъяккха доьгIна ца хиллера цунна.

## Бадуев а, къоман театр а

30-гIа шераш дуьйлалучу муьрехь Бадуев СаьIида юххера уьйр латтийна кхоллалуш йолчу Нохчийн драматически театраца. Коьрта долчу декъана, къоман театран репертуар Бадуевн произведенех льтташ хилла.

Цу хенахь театрехь болх беш хиллачу Саидов Билала шен дагалецамашкахь яздо: «Тхо хIетахь, 1931–34-чуй, цул тIаьхьарчуй шерашкахь, хIора бIаьста а, гурахь а Нохчийчуьра массо а бохург санна ярташкахула чекхдовлура спектаклаш, концерташ хIиттош. ХIора тхаьш ара мосазза довлу, оха Бадуевс язйина керла пьеса-спектакль хьора. Уьш яра «Дайн Iедал», «Гуттар а ца хуьлу моллина мовлид», «Марха досту де», «Большевикийн хьалхара бIаьсте», «Политотдел», «Ламанаш хийцало», «Дашо Iам», «ЦаIебина зудаялор», «ЦIен гIап», кхиерш а.

Районашка тхо доьлхучу хенахь СаьIид, гуттар бохург санна, тхьоьца цхьаьна хуьлура... СаьIида бIо ца къажабора, тхан гIоьнча хилла, тхуна юххе вала. Тхо дIадоьлхуш новкъахь а, дахна цига дIакхаьчча а, меттигерчу хьелашка хьожжий, цо шен пьеса, кIезиг-дукха хуьйций, тойора, оха цу сохьта и хийцамаш сцени тIехь дIахIиттабора».

Къоначу театран балха тIехь жигара дакъа лаьцна ца Iаш, ша гоьваьлла драматург хиларе терра, театрана башха репертуар латтийна ца Iаш, къоман театран исбаьхьаллин куьйгалхо вара СаьIид бохуш, дуьйцу 30-чу шерашкахь Нохч-ГIалгIайн драматически театрехь болх биначара. Нохчийчохь а, республикел арахьа а дика бевзаш болчу артисташа шаьш дуьххьара театре даьхкинчу муьрехь актерийн болх шайна безабаларехь а, цул тIаьхьа шайн корматалла кхиарехь а Бадуевс шайна динчу гIоьнан лаккхара мах хадабо.

Цу тайпана, Бадуев СаьIидан цIе Нохч-ГIалгIайн драматически театрах дIакъасталур йоцуш йозаелла ю.

Алссам драматически произведенеш язйина Бадуевс. Иттех шарахь цо кхоьллина лаккхара идейни а, исбаьхьаллин а мехалалла йолу пхийтта сов пьеса.

Яздархочун кхийолу произведенеш санна, шуьйра тематика йолуш ю цуьнан драматурги а.

Юьртабахам керлачу тIегIане баккхарехьа ахархоша латтийна къийсам гойту драматурго шен «Ламанаш хийцало», «Большевикаллица ялта дерехьа», «Политотдел», «Самаяьлла ячейка», «ЖаIуьнан доьзал» цIерш йолчу пьесаш тIехь. Шен заманан проблемаш хIиттош яра «Марха досту де», «ЦаIебина зудаялор», «ПетIамат» пьесаш.

Нохчийн а, гIалгIайн а драматургехь белхалойн классан тема дуьххьара хIоттийнарг Бадуев вара. «Дашо Iам» пьесехь драматурго

гайтира тайп-тайпана къаьмнех болчу нефтяникаша, йохьалле а буьйлуш, къинхьегаман толамаш бахарца Даймехкан хьал алсамдаккхар.

Граждански тIеман хьокъехь ю авторо исторически бакъдолчунна тIехь язйина «ЦIен гIап» турпалаллин драма. Ерриг а советски драматургехь тоьлашха лоруш хиллачу К. Треневн «Любовь Яровая», Вс. Ивановн «Бронепоезд 14–69», Б. Лавреневн «Разгром» цIерш йолчу произведенийн магIарехь Бадуевн «ЦIен гIап» пьеса а льтташ хилар билгалдоккху иза теллинчара.

Пьеси тIера хиламаш билгалйолчу меттехь – Iалхан-Юьртахь – кхочушхуьлуш бу. Коьрта долчу декъана пьесин чулацаман бухехь берг Iалхан-Юьртахь Деникинан эскаршна дуьхьал бина цIеяхна болу тIом бу. Исторически бакъдолчуьнца цхьаьнадогIуш дара Бадуевс шен пьесехь белхалоша а, ахархоша а граждански тIамехь паргIатонехьа къийсам латтор гойтуш долу суьрташ. Iаламат боккха кхиам хилира «ЦIен гIап» драмин.

Яздархойн Ерригсоюзни хьалхарчу съездехь вайнехан литератугрин хьокъехь ша динчу къамелехь Айсханов Шамсуддина билгалдаькхира: «Нохч-ГIалгIайн керлачу актераша хIиттош Бадуев СаьIидан «ЦIен гIап» пьеса а ю. И пьеса хIинцале Нохч-ГIалгIайн областан шерачу аренгарчу а, ламанца йолчу а ерриг ярташкахь хIиттийна а, колхозхоша чIогIа магийна а ю».

1933-чу шеран 25 июнехь арадаьллачу «Грозненский рабочий» газето яздора «ЦIен гIап» пьесех лаьцна: «Пьеса кхаа-деа сохьтехь лаьтта, цуьнан ейтта эпизод а, пхиъ дакъа а ду. Амма хьовсархойн зал оцу ерриг хенахь тIехъюьзна хуьлу, адамаша дIалоцу массо маьIиг а, кораш а, неIсагIеш а, чуьра араболу некъ а.

Хьовсархой Бадуев СаьIидан «ЦIен гIап» граждански тIеман хьокъехь нохчийн къинхьегаман ахархоша а, грозненски пролетариато а Шатиловн, Бичераховн, Чуликовн, Алиевн, кхечеран а кIайгвардейцийн бандашна дуьхьал герзашца лагтийначу къийсаман хьокъехь йолчу пьесе хьовсуш бу.

Йоккхачу АтагIахь областан слете гулбелла цIен партизанаш боккхачу тидамца хьаьвсира пьесе. Царах дукхахйолчу эпизодашкахь шаьш дакъалаьцна цара. ГIойтIарчу партизанийн отрядан командир Хьату Давлиев, Йоккхачу АтагIара Ноома Тукаев, Гикалос шена тIедехкина дуккха а къайлаха гIуллакхаш кхочушдина волу Iалхан-

Юьртарчу партизанийн отрядан командир Кагерманов ЧӀаба, дуккха кхиберш а. ХӀинца уьш леррина хьоьжу юьртансоветан уьйтӀарчу доккхачу рагӀу кӀелахь аннаш вовшах а тесна йинчу сцени тӀе».

Къоман театран сцени тӀехь, даим а шен кхиам а болуш, дуккха а шерашкахь лаьттира Бадуевн «ЦӀен гӀап». 1936-чу шарахь Нохч-ГӀалгӀайн драматически театр Белоруссехь гастролашкахь йолуш а, Москва къаьмнийн театрийн фестивале кхайкхича а, цуьнан репертуарехь Бадуевн кхоъ пьеса яра: «ЦӀен гӀап», «ПетӀамат», «ЦаӀебина зудаялор».

Иштта баккхий кхиамаш хилира драматурган дукхахйолчу произведенийн. Бадуевн «ПетӀамат» пьеса а, «Бешто» повесть тӀехь хӀоттийна пьеса а тахана а ю Нохчийн пачхьалкхан драматически театран репертуара юккъехь.

Бадуевн цхьайолчу драматически произведенийн тексташ, яйна, кароза ю. «ЦӀен гӀап» пьесин хьалхара ши сурт бен карийна дац.

Бадуев СаьӀидан пьесаш нах шайга хьовсуш а, нахана езаш а яра. Драматурган произведенийн турпалхой, цуьнан пьесаш тӀера хиламаш халкъан дахарера схьаэцна а, халкъана хьалха лаьтташ йолу Ӏалашонаш кхочушьяре хьажийна а бара. Цундела адамашна оьшуш яра и пьесаш, резахуьлуш цара тӀе а оьцура уьш.

## Бадуев СаьӀидан оьрсийн яздархошца хилла доттагӀаллин, кхоллараллин уьйраш

Хууш ма-хиллара, Бадуев СаьӀида исбаьхьаллин литературехь баккхий кхиамаш бахаран бахьана дара, коьрта долчу декьана, иза халкъан барта кхоллараллина тӀетеӀаш хилар, халкъан барта произведенех цо кхоллараллица пайдаэцар. Амма яздархочун исбаьхьаллин корматалла кхиарехь, цуьнан кхоллараллин хатӀ шардаларехь доккха маьӀна дара Бадуев даим оьрсийн, кхечу къаьмнийн литературех Ӏемаш а, хаддаза оьрсийн баккхийчу яздархошца доттагӀаллин, кхоллараллин уьйраш латтош хиларан. Цуьнан цхьаьнакхетарш хилла А.М. Горькийца а, А.А. Фадеевца а.

Бадуевна Ӏаламат пайдехьа бара дуьненна а вевзаш волчу сийлахь-воккхачу яздархочун А.М. Горькийн хьехамаш. «Тхан хьехархо – Максим Горький» шен исбаьхьаллин очерка тӀехь Бадуевс яздо про-

летарски яздархочун кхолларалла, кхечу къаьмнашна санна, вайнахана а доккхачу маьIне хиларан хьокъехь а, шена цунах даьллачу беркатах лаьцна а. «Тхан хьерхархо, тхан накъост Горький!» – боху Бадуевс. Горькийн «Песня о Соколе» нохчийн матте а яьккхина, шен очерка тIехь ялийнера яздархочо.

Нохчийчоьнан драматургически литературехь тоьлашха йолу произведени – Бадуевн «ЦIен гIап» пьеса – Горькийн исбаьхьаллин тIеIаткъамца язйина хилар билгалдаьккхира 1936-чу шарахь Нохч-ГIалгIайн АССР-н яздархойн Союзан правленис.

Бадуевн доттагIалла дара А.С. Серафимовичца а. Вевзаш волчу яздархочо гIо дора шен къоначу накъостана къоман дахар исбаьхьаллин кепехь талла, произведенешкахь кIорггера исбаьхьаллин суьрташ кхолла. 1929-чу шарахь ша Нохчийчу веана волуш А. Серафимовича яздархойн (къаьсттана нохчийн яздархойн) тидам тIебахийтира шайн къоман дахар кIорггера талла дезаш хиларна. «Уьш Нохчийчоьнах къаьстана лелахь, церан гIуллакх ледара хир ду», – элира цо.

ГIарабевллачу оьрсийн поэташца Э.Г. Багрицкийца, В.А. Луговскойца, кхечаьрца а доттагIаллин уьйраш хилла СаьIидан. Баккхийчу яздархоша – исбаьхьаллин дешан говзанчаша – гIо дина цунна шен халкъан дахар керлачу исбаьхьаллин кепехь гайта, реализман некъаш тIехь чIагIвала.

Бадуев СаьIида шен агIора чIогIа хама бина оьрсийн яздархойн, цунна дика хаьара йоккха идейно-эстетически мехалла йолу оьрсийн литература нохчийн къоман исбаьхьаллин литература кхиорехь доккха маьIна долуш хилар. 1932-чу шарахь Москвахь СССР-н яздархойн Союзан Оргкомитетан хьалхарчу пленумехь ша динчу къамелехь Бадуевс къеггина билгал а даьккхина иза.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Муха дIадахна хинволчу яздархочун бералла?

2. Дийца Бадуев СаьIидан дешарх.

3. Муха чулацам болуш яра Бадуев СаьIидан дуьххьарлера произведенеш?

4. Муха бу Бадуев СаьIидан «Iадаташ» сборникан чулацам?

6. ХIун маьIна ду Бадуев СаьIидан драматургин нохчийн театр кхиарехь?

7. Дийца Бадуев СаьIидан оьрсийн яздархошца хиллачу кхолларалин уьйрех.

8. Доклад язъе «Бадуев а, къоман театр а» темина.

## «Бешто»

Бадуев СаьIидан кхолларалла теллинчара билгалдоккху «Бешто» повесто шен заманахь адамийн ойланна чIогIа Iаткъам бина хилар. Повесть зорбанера а яьлла, нахе дIакхаьчначул тIаьхьа, хааделлера вайнехан яргашкахь дуккха а кегийрхоша иза йиийцаре еш, цуьнан чулацаман кIорггера ойла еш хилара, кегийрхоша шайн дахар повестехь гайтинчу гIуллакхашца дустуш хилар а.

ХIун бахьана дара-техьа и произведенеш сел чIогIа адамийн ойлане кхочушхиларан?

Оцунах кхиархьама, толлур вай повестан чулацам.

## Повестан тема а, дIахIоттам а

Шен повестана хьалха далийначу дашехь Бадуевс яздо: «Дешархо! Аса хьоь аьлла дара, тIейогIучу заман чохь айса хьуна кхин а вайн нохчийн бодане Iадатех лаьцна хабарш дуьйцур ду аьлла. ХIинца со цу хабарех цхьаъ дийца воллу. ХIара хабар аса сайн болчу ницкъаца сайн ма-хуьллу кегийра доруш яздина. Айса хьо кху тIехь хьевийр ву а ца моьтту суна».

Иштта боху авторо «Бештон» чулацамах а, дIахIоттамах а лаьцна. «Бешто», шен бараме диллича, йоккха повесть яц, амма цуьнан чулацам хьалхалерачу дахаран кIорггера сурт хIоттош бу.

Яздархочо ша билгал ма-даккхара, дукха лерина хIоттийна ю повестан композици а, сюжет а. Йоьшучунна произведенин чулацам алссам тIеIаьткъачу кепара нисбина авторо цуьнан дIахIоттам.

БерхIитта декъе екъна ю повесть. Иза дIайолало Iаламат холчухIоьттина, кешнийн кертахь цкъа цхьана борза тIе хIуттуш, тIаккха вукху борза тIе хIуттуш, шен бала балхош лела, кхетамчохь ву я тиларчу вахна хаа хала долчу хьоле вирзина волу Бешто гайтарца.

ЧIогIа Iаьткъаш сурт ду иза. Стен холчухIоттийна-техьа Бешто? ХIун ду-техьа, стаг сел халачу Iазапе вуллуш, цуьнга кхаьчнарг? Мича балано кагвина-техьа гIеметтахIоьттина волу къонах олий, ерриг ойла повесть тIехь хиндолчунна тIейоьрзу. ТIаккха схьадаржадо яздархочо Бешто холчухIоттийна долу гIуллакхаш.

Повесть тIерачу хиламийн чаккхе ю авторо иза дIайолалуш гайтинарг. Цу тайпана, хьалхарчу декъа тIехь дешархочун берриг тидам

произведени тlехь хиндолчу гlуллакхаш тlе а хьовзабой, кхидlа, шолгlачу декъа тlехь дуьйна, произведенин чулацамехь шаьш хиллачу рогlехь схьагойту.

Повестан дакъош кегий·ду, амма царах хlоранна тlехь къастош долчу гlуллакхийн кхочушхилла долу сурт хlоттийна. Иштта кlеззиг меттиг дlалоцуш долчу повестан шолгlачу декъа тlехь вайна довзуьйту Бештой, Ракаlаттий, церан хьал-дахар, къен хlусам. Юьрта йистехь льтташ дара Бештогlеран «лоха мокха цlенош. Доккхахдолчу «цlа чохь, мокхачу цlаьнкъарчу истанга тlехь, мотт а биллина, цомгуш lуьллуш Бештон нана Ракаlат яра». Шаьшшиъ бен, «кхин доьзалхо а, кхин да а воцуш, цхьа ши стаг» ду и шиъ.

Бештона езаелла хьалдолчу нехан йоl Бусана. Кхо шо а ду иза Бусанина тlехьийзаш волу. Бусанина Бешто а веза. Амма наха дуьйцу, «Бусанас Бешто лево, иза цуьнга йогlур яц» бохуш.

Цамгаро лаьцна lуьллучу Ракаlата сагатдо, цо боху шен кlанте: «Нагахь йогlур йолуш елахь, и ялаяй а, кхин ялаяй а, сан бlаьрг хьоьжуш боллушехь, цхьа зуда ялаехьа. Хьан да дlаиккхичхьана, кхин дика суна дайна а дацара. Хlинца, со ялале, хьо вайн цlен тlе воьрзуш гайтахьа суна».

Нанна муьтlахь ша хиларе терра, Ракаlатан лаам кхочуш а беш, Бусаница дерг къастор ду ша олий, сацадо Бештос. Кхузахь дlадуьйлалуш ду повестан коьрта сюжетан зlе шайх льтташ йолу гlуллакхаш.

Бештон сюжет, озийна пха санна, юлаелла ю, цхьана а меттехь малъялар доцуш. Повестан хиламаш шайн кхиарехь гайтина бу. Произведени тlера хиламаш иштта хаддаза кхуьуш гайтар бахьана долуш, яздархочун таро хилла шен турпалхоша кхочушдеш долу гlуллакхаш дуьззина гайта а, оцу гlуллакхашкахула церан амалш ма-ярра гучуяха а.

Повестан сюжет кхиар, керла персонажаш, хиламаш юкъабалор хилла ца lаш, персонажийн дог-ойла, амалш, сатийсамаш – ерриг а церан чухале лерина гучуяккхар а ду.

Бадуевс сюжет кхоллар шатайпана къастамаш болуш ду. Масала, цо шен турпалхой lаламат халачу киртиг тlе хlиттабо, тlаккха оцу чолхечу хьелашкахь цара лелочуьнца схьагойту церан амалш. Иштта ю яздархочун дукхахйолчу произведенийн сюжетан (дагалоцур

вай «ГIу», «ПетIамат», «Баудди», «Пхи туьма», дуккха а кхиерш а). Цкъацкъа турпалхочунна тIехIуьттуш долу хала гIуллакхаш цхьаъ хилла а ца Iа, уьш масех нисло.

Иштта ю «Бешто» повестан сюжет а. БештогIеран уьйтIа а лилхина, Бусанин наха дов доккху. Хьасана, бе а бехк боцуш, «Бештона коьртах шаьлта туьйхира. Бешто, сов чIогIа бIагор беана, хьаьвзаш го а боккхуш, шайн уча аркъал вуьйжира». Чов цIан а йина дIайихкича, жимма меттавеана Бешто, цомгуш Iуьллучу шен нанна тIевахара, амма «вуьшта а цамгаро чIогIа ницкъ бина кIелйисина йолу РакаIат, шен кIантана, цIаьххьана кхайкхина ара а ваьккхина, чевнаш яр лан а ца делла», елла хиллера.

Бешто холчухIоьттира: «Баба!... Баба!.. – аьлла, Бешто, шен корта а лоцуш, РакаIатна улло вуьйжира. ТIаккха, хьала а айавелла, шен ненан юьхь тIе куьг а хьоькхуш, кхо юха а элира: – Баба!.. Баба!.. Ахьа хIун дин?.. Баба! Ахьа хIун дин?»

Кхуьнан бIаьргех мела хи хьаьдира, ненан садаларо кхунна шена коьртах хилла чов йиццйинера, хIара, цунна улло а воьжна, воьлхуш Iуьллура.

Дукха хан ялале иштта холчухIоьттина шен нанна юххехь Iачу Бештона дагатесира, Бусана яло баханчу накъосташна ша бахьанехь цхьа бохам хила там бара аьлла. ТIаккха иза, царна тIаьхьаваха лерина, нуьйр а кечйина, божал чу вахара говр араяккха, амма Бештона белла Iуьллуш карийра шена дукхабезаш хилла дин. Цунна «Iаьржа бIагор беара, и сурт гича», «ша цхьаъ бен, кхин садолу дегI доцчу божал чохь цхьаннах а ийза а ца луш, велха волавелира, чохь елла Iуьллучу шен нанна а, белла Iуьллучу кху шен динна а».

Бештона тIехIуьттуш йолу халонаш цу тIехь а кхача ца ло. Яздархочо кхин дIа а кIаргдо шен турпалхочун амал таллар.

Шайн дас Бусана жа долчу Мусига маре лур ю аьлла делла дош лардеш, Бусана шена везачу Бештога ца яхийта арабевллачу цуьнан вежарех цхьаннан, Вахьидан, карах Бусана ле. Иза яло ваханчу Бетас, Бештона хилла лаьтта бохамаш а ца хууш, схьадийцира кхуьнга Бусанех хилларг. «Бусана ели-кх Вахьидан карах», – цо аьлча, и дешнаш шена хеззашехь, Бештос, буьйдачу дошо дагийча санна, шен даг тIе куьг диллира, цуьнан бага, цхьаъ ала воллуш санна, гIаьттинчохь йисира; иза шершшина утармица охьавахара». Жимма хан яьлча меттавеанчу Бештона Бетех бехк хийтира: «Бета! Хьох эхь хета суна,

Бусана йийна аьлча, и лан а ца делла, садаьлча санна, со охьавожарна. Бусанин ялар ахьа соьга хазийча, сан дегIе цхьа лазар иккхира, хIуъа хаьддехь а, сан кийрара цхьа хIума а хедира. Суна цкъа а дIа ца даьндолу ан хIоьттина, со цо талхор а ву. Со телхина ваьлла стаг ву. Атта-м ца хIоьттина хьуна суна и ан. ЛадогIалахь, Бета!.. Чохь елла Iуьллуш со вина сан нана ю; сайн велла ваша санна дукхабезна сан дин а божал чохь белла Iуьллуш бу; сайн сил дукхаезна Бусана а шен вешин карах елла Iуьллуш ю», – аьллачу Бештон бIаьргех мела, даккхийра, горга хин тIадамаш луьста эга дуьйладелира.

Бешто декъаза стаг ву, цуьнан докъазалла иза къен хиларх йоллу. Бешто къен волу дела ца йохуьйту цуьнга Бусана. Иза къен а, цхьалха а хиларо маршо ло ХьасангIарна, цуьнан керта а лилхина, Бештона етта а, шайна луург цунна тIехь кхолла а.

Юьртахойн юкъаметтигаш къеггина гайтархьама, чекхвоху Бадуевс шен турпалхо оццул чIогIачу халонех.

Сел ира сюжет авторна оьшу шен персонажех дерг ма-хуьллу дика хаа, церан амалш ма-ярра гучуяха, церан ойланийн кIоргене кхача.

## Васташ кхолларан башхаллаш

Бадуев СаьIида шен персонажех дерг тар маллу кIорггера довзуьйту, тIехула гуш доцуш, цуьнан ойланехь, амалехь дерг гучу а доккхуш. «Бешто» повестан доьалгIачу декъа тIехь Бусанин да Хизар дуьххьара вовзуьйтуш авторо хьахадо иза совдегаршца къаьсттана чIогIа уьйр йолуш хилар, Iадат а, дин а цо дика лелор, шен долахь кIа ору машен а, у доккху чарх а, шиъ хьер а цуьнан хилар. Хизара, йоккхахйолу ши йоI хьал долчу нахе маре а елла, цаьргахула шена шортта бахам гулбина. «Хизарин бахам хIетахь дуьйна тIаьхьтIаьхьарчу дийнахь айалуш, стамлуш, толуш схьабогIура». Иза а, и санна долу тIехула гуш дерг а ду вайна юьхьанца Хизарех хуург. Цул тIаьхьа Бадуевс толлу Хизаран амалш. Повестан хиламашкахь ма-ярра Iорайоху Хизаран деган къайленаш.

Хаза кхуьуш яра Бусана. Иза дикачу гIиллаккхашца а, куц долуш хиларца а юьйцуш яра.

«Бусанех чIогIа воккхавеш вара Хизар, иза а цхьана совдегаре дIанисийир ю ша бохуш... ХIара хIумма а шек вацара ши йоI бахьанехь шен гергарло тасаделлачу совдегарел Бусана юьгу ерг шозза а таро

йолуш хир вац аьлла». – Цундела аьттехьа а ца дуьту цо Бусана цуьнан даго хаьржинчу Бештога маре яхийтар. Нагахь йодахь, юьйр ма ю ша олий, чIагIо йо. Хизар шен йоI ца езаш а я цунна вон болх лууш а вац. Иза ирс долуш хуьлийла а, дог дика ехийла а лаьа цунна. Амма ирс долуш хилар Хизаран кхетамехь алссам хьал долуш хилар ду.

«Хьал долуш а волуш, Бусанина гIеххьа жима а волуш, цхьа стаг нислахьара, сан гIуллакх вон хир дацара... Амма, бакъдерг аьлча, хьал алсам а долуш, дика а волуш стаг нислахь, и къена варий, чолакх варий аьлла ца Iаш, аса Бусана дIа-м лур ю...» – Хизара иза алархьама бохуш доцийла хаьа вайна, пхи эзар жа шен долахь а долуш, кхузткъа шо кхачна волчу бIаьрг баьллачу Мусега Бусана яла цо дош делча. Хизарна, иза еха веанчу моллица ша къамел деш Iачу хенахь, дуьхьал-м тосура Бусана, «бIаьргаш а цIийдина: «Иза-х, сан деда хила а мегар долуш, воккха стаг ву, цу бIаьрг баьллачу жIаьле ахьа со хIунда ло? Аса айса сайна-м тухур ю хьуна», – бохуш, шийла мохь хьоккхуш». Делахь а кхин сурт а хIуттура Хизарна хьалха, цунна хезаш санна хеталора Мусас дагна там беш шега деш долу къамел: «Хизар, хIинца дуьйна мах а, кхидолу гIуллакхаш а цхьаьна лелор ду вайшиммо, кху пхи эзар жах хьайна луург дан хьуна бакъо ели аса», – бохуш.

Оцу суьрто Хизар шегахьа ваьккхира, цо, кхин ойланаш ца еш, моллина дош делира Бусана Мусега маре яла. ЙоIана лаар я цалаар тидаме оьцуш а дац, йоьIан кхоллам ден карахь бу. Ткъа да Хизар санна верг хилча, йоI дакъазйолу. Бусана дакъазъяьлла а ца йисира, иза, Мусега а ца йоьдуш, шена сил дукха везачу Бештога маре яха гIортарна, йийра. Бусанин ялар шен вешин Вахьидан карах нисделлехь а, иза ейтинарг Хизар хиларх дика кхета вай.

Произведенин шина декъа тIехь бен Хизар гайтина а вац, амма цуьнан амалш Iораяхар повесть чекхъяллалц дIахьош ду. Авторо иза кхочушдо сюжетан а, композицин а гIирсашца. Повесть тIера берриг а хиламаш авторан идейни Iалашо шайгахула кхочушхуьлуш йолу персонажаш кIаргъеш, церан амалех кхета гIо деш бу. Иштта, повестан коьртачу сюжетан зIенна юьстахлаьтташ йолу эпизод – ГIирмасолтассий, Iаьлбагий, БусанагIеран керта йисте охьа а лахвелла, цигаьркаш а уьйзуш, къамел дар – Хизаран, Мусин васташ кIаргдеш ю. Кхузахь яздархочо хоуьйту Хизарех, Мусех юьртахошна хеташ дерг.

«Бешто» повесть тIера персонажаш цхьайолчара вуьш тIеюзуш а, церан амалш схьайостуш а ю. Хьасанан вастаца Хизаран васт кIаргдо, иза тIедузу. Шайн дас Бусана Мусега йохуьйтур ю аьлла делла дош лардеш, цуьнан лаамаш кхочушбеш муьлхха а зулам дан кийча ву Вахьиддий, Хьасанний, дан а до цара зуламаш. Хизаран лехамаш кхочушбан гIерташ деш долчу зуламаша, уьш хьаъа дахь а, Хизаран амалш кхидIа а Iорайохуш схьагойту.

Повестан персонажаш вовшийн тIеюзуш елахь а, хIораннан шен маьIна а долуш, повесть тIехь авторан идейни а, исбаьхьаллин а Iалашонаш кхочушъярехь шайн билггал йолу меттиг дIалоцуш ю.

«Кегийра йоруш» язйина ю повесть, цхьа а тайпа совнаха хIуманаш ца хаало цуьнан сюжетехь. Юьхьанца мел ларамаза хеташ долу хIума а шен маьIна долуш карадо повеста тIехь.

Бета кIотара Бештона тIаьхьа а вахна, цигара цIа ван и шиъ араваьлча, шен говр яжо йигначу кIанте, иза говр чехка хаьхкина вогIуш гича, Бештос элира: «Ой, борз, хьешан говр яжо юьгу а олий, хоьхкуш хуьлу ткъа?» «Со делах волийла, аса хIара хехка-м хихкинехь. ХIинца аса юха ийзошшехь, ша вадийра-кх хIокхо со», – элира кIанта. «Даьлла хьацар-м тера дац. Марша Iойла хьо, жима къонах», – аьлла, шен расхачу дина а ваьлла, Бетина тIаьхьахаьхкира Бештос.

И эпизод авторо ша дуьйцург тодархьама юкъаялийначуха хуьлу вай, цуьнан шен тIаьхье хир ю олий, дага а ца догIу. Амма кхано тIаьхьа, ялхитталгIачу декъа тIехь повесть тIера гIуллакхаш доьрзучу кхаьчча, гучудолу и эпизод юкъаялоран маьIна. Бештона шен дин божал чохь белла Iуьллуш карабо. «И говр, тахана Бешто кIотара вахна волуш цигахь, яжо юьгу а аьлла, чIогIа хехкарна а, цул тIаьхьа, Бештос цу орца кIотарара дуьйна кху шайн цIа кхаччалц хаьхкина а, ницкъ чIогIа а хилла, еллера».

Иштта, Бадуевн повесть тIехь мел кIезиг долу хIума а цуьнан идейно-исбаьхьаллин чулацамах доьзна долу цхьа декхарш кхочушдеш хуьлу. Кхузахь дагадогIу, нагахь санна яздархочо пенах кхозуш йолу топ гайтинехь, иза яла еза олуш хилар. Цуьнга терра, цхьа а хилам а, я цхьа а хIума а дац «Бешто» повестехь шеца идейни я исбаьхьаллин мехалалла йоцуш.

Повестан сюжет сиха кхуьуш ю, повестан хIора дакъа а керла хиламаш гойтуш, керла исбаьхьаллин суьрташ хIиттош, гIуллакхийн кхиар чехка хуьлуш ду. Цундела повесть тIехь дукха дац Iалам гайтар.

Амма кIеззиг бен доцчу оцу Iаламан суьртийн шайн кIорггера маьIна ду. Дукхахьолахь авторан безаман шовкъаш шайца йолу турпалхой гойтучу хенахь дехкина повесть тIехь Iаламан суьрташ.

ШолгIачу декъа тIехь Бешто вайна вовзуьйтуш, цунах дерг дийцале хьалха, иштта сурт гойту яздархочо: «Малх, шерачу арара жима юрт сарралц дешица а кхелина, хIинца, сарахь, цу юьртана генайоцчу баьццарчу бархатан регIа тIехь чубузуш лаьттара: цуьнан цIен дари санна гуш болу го, богучу малхе даьккхина цIен ангали санна, лепара. Цо шен лепарца кху юьртан цхьа агIо цIийййинера». Иштта маьлхах дуьззина долу Iаламан сурт а диллина, тIаккха схьагайтина вайна Бешто а, цуьнан нана а, церан хIусам а.

Бусана повесть тIехь дуьххьара гучуйоккхуш а, бIаьста юьртахь еанчу суьйренан исбаьхьа сурт а кхоьллина, гайтина цуьнан оьзда сибат-амат. ШуьйтталгIачу декъа тIехь Бештой, Бетий Бусанина тIекхача кIотарара цIавар дуьйцуш а даймехкан аренийн аьхна Iалам гайтина яздархочо. Цу тайпана, Бештой, Бусаний повесть тIехь гайтар мелла а Даймехкан Iалам гайтарца цхьаьна даладо Бадуевс, церан Даймахкаца йолу уьйр гучуяккха санна. Бешто а, Бусана а, цIена синхаамаш а болуш, беркате дог-ойла а йолуш, Даймахках а, къомах а дIаийна хилар чIагIдо повестехь.

Повесть тIехь къастош долчу гIуллакхийн го ваьштакхочу тIаьххьарчу декъа тIехь. Кхузахь юха а вайна хьалха хIуьтту повесть дIайолалуш хилла долу суьрташ. Амма хIинца церан кхин маьIна ду: авторан идейни Iалашо кхидIа а кIаргъеш, повесть тIехь гIуллакхаш дерзадо цара. Шена тIехIиттинчу баланаша гIайгIане латторна телхина волу Бешто кешнашкахь Бусанин борза тIехь лаьтташ ву. ДегIера гIора дIадаьлла, гIелвелла, охьа ца вожа гIерташ, Бусанин чуьртах куьг дIа а гIортийна, лаьтта иза. Цхьацца суьрташ хIуьтту бIаьргашна дуьхьал: «Кхунна, цхьана агIор, шена чов хиллачул тIаьхьа елла шен нана дуьхьалтуьйсура, вукху агIор, Бусана ер дуьхьалхIуьттура. ТIаккха кхунна дуьхьалтесира шен елла говр а, цунна тIе а кхетта, шен велхар а, Бусана ер шена хезча, ша охьавожар а, цул тIаьхьа ша талхар а».

ХIокху пхийтта шарахь Iазапехь валлийначу гIуллакхийн суьрташ ду цунна дуьхьалтуьйсурш, хIинца цара Бештон са а дIадаьхьира: «Iаьржа бIагор а хьаьвзина, дегIера ницкъ дIа а болуш, Бусанин баьццарчу борза тIе аркъал» охьавуьйжира иза.

Оцу хенахь генайоццуш йолчу кIотарарчу маьждигехь делкъламазна молла кхайкхира. «Дин чIагIдеш, нохчийн Iадат чIагIдеш кхойкху и молла Бусанин коша тIехь Iуьллучу Бештона ца хезира. Бешто садаьлла Iуьллуш вара, ши ког а, ши куьг а дIаса а тесна».

Иштта ду повеста тIерачу гIуллакхийн дерзар.

Авторо шен повесть чекхйоккху и йоьшуш волчуьнга вистхиларца: «Дешархо, догIа кху ирчачу балхе ла! Талла, дешархо, хIара гIуллакх, даггара ойла а еш!»

Яздархо кхойкху адамашка вовшашца къинхетаме хиларе. Кегийчара баккхийнаш лоруш, баккхийнаш кегийчийн даге хьовсуш хила безар чIагIдо повеста тIехь. Стеган мах цуьнан хьоле хьажий ма хадабе, цуьнан гIиллакхашка, оьздангалле, нахаца йолчу юкъаметтигашка хьажий лара стаг, боху яздархочо.

Адамийн ойла юткъаяр, вовшашца къинхетаме хиларе кхайкхар, диканиг, оьзданиг чIагIдар, вочуьнца къийсам латтор яра авторан Iалашо. И Iалашо кхочушъяре хьажийна ю повестан композици а, сюжет а, берриг исбаьхьаллин гIирсаш а.

### *Бештой, Бусаний*

ХизаргIарна дуьхьаллаьтташ ду Бештой, Бусаний.

Авторо Бешто ша дуьххьара вовзуьйтуш билгалдаькхина иза къен стаг хилар. Оцуьнан шен маьIна ду. Бешто къен, миска стаг хиларх дозаделла ду повестан чулацамехь долу дерриг а гIуллакхаш. Нагахь санна Бешто къен ца хиллехьара, Хизар дуьхьал хир вацара Бусана цуьнга маре яхийта. Цу тайпана Хизарний, Бештоний юккъерчу къовсаман бухехь дерг повестан юьххьехь дуьйна а гайтина яздархочо.

Бусана хьалдолчу нехан йоI елахь а, шен кхетамца а, ойланца а, шен дуьнене хьежарца а ХизаргIарначул Бештона юххе ю. Бусанас стеган мах цуьнан бахаме хьожий ца хадабо. Цуьнан гIиллакхашка, гIуллакхашка, оьздангалле хьожий лору цо стаг. Шен дас, вежарша санна, къоьлла сакхте ца лору Бусанас. Цо боху: «Бешто, къен хилар бен, стаг воцуш а ма вацара, къола деш а ма вацара, кехатех ловзуш а, молуш а ма вацара. ГIиллакх а цуьнца чIогIа ма дара, нахаца тIекере а цуьнан чIогIа ма яра. ТIе, нах а безаш, чIогIа догцIена стаг а и ма вара... Ма суна хьашт дацар-кха цуьнан доцу даьхни, и ша сайна хилчхьана. Болх цуьнга балуш бу, соьга а иза балур бара. Тхаьшшин-

на хаза болх а беш, деха долу тхойшиъ хIунда ца кхоьтуьйту-техьа кхара вовшах?»

Оцу дешнашкахь билгалйолу ерриг а Бусана. Кхузахь Бадуевс шен турпалхочун амалш цуьнан къамелаца, цо буьйцучу маттаца билгалъяьхна. Вайна го Бусана, цIенчу дагара а йолуш, кIеда-мерза стаг хилар. Адамашка дикачу ойланца хьоьжу иза. Къинхьегамна тIера ю Бусана, хьаналчу балхаца гулдинарг бен, кхин хьал оьшуш а яц. Бусанина гергахь стеган дахарехь уггар коьртаниг шен къинхьегамца иза вехаш хилар ду. Бештоца шен яхаран ойла еш а, хьанал болх а беш дехар дара-кх бохург ду цуьнан дагахь.

Амма Хизара минотана а аьттехьа ца дуьту Бусана Бештога я и санна кхиволчу къечу стаге маре яхийтар. Оцунах дика кхета Бештой, Бусаний ший а. Бештона шера хаьа, Бусана цуьнан наха аттачу балхах шега йоуьйтур йоцийла. Иза иштта дара аьлла, Бешто шен безам тесна буьтур болуш вац. Цо коьрта лоруш дерг Бусанина шега ян лаар а, иза ян резахилар а ду. Цундела Бешто, шен безам ларбеш, къийсаме волу.

Бусана а яц, Хизара а, вежарша а бохучунна кIел а сецна, шен Бештога болу мерза безам Мусин хьолах бохкуьйтур болуш. Даггара доцчу хIуманца берта гIур йолуш яц иза. Шен синхаамаш а, шен лаамаш а ларбан хуур долуш ю Бусана.

Бадуевс йоккхачу дегайовхонца дуьйцу Бусанин, Бештон вовшашка болчу безамах. И шиъ цхьаьна гойтучу хенахь яздархочо ца кхоадо сирла, аьхна, хаза басарш. Бусана, Бешто а веана, хийисте яхар Iаламан исбаьхьа сурт хIоттош, дагах хьакхалучу агIор гайтина яздархочо: «Диллина лаьттачу ринжехула[1], кIайн духар а дуьйхина, Бусана араелира. Цуьнан пхьаьрсах тесна цIестан кIудал яра, аьтту буйнахь цIестан чами а болуш. Бусанас, ша ринжах ара ма-елли, шен горгачу юьхь тIера Iаьржа ши бIаьрг дIасахьажийра. Цу бIаьргех вуно атта хуур дара, цо шен безам лоьхийла. Бусанин цIаьххьана бIаьрг кхийтира юкъ хецна Iаьржа гIовтал а юьйхина, карахь гIама[2] а йолуш вогIучу Бештох. Бешто шена гучуваьлчхьана, хIара дукхавезачу цуьнан, цкъацкъа елалой, кегий цергаш гучуйовлура...»

Бусанига а хьоьжуш, иза тергал а еш, цунах воккхавеш санна хетало автор: «Иза экханан дилхахь а йолуш, дегIана лекхо стаг яра,

[1] *Ринжа* – кертах дехьа-сехьа вала йитина меттиг.

[2] *ГIама* – кхузахь: шатайпана долу тур.

ханна берхIитта шо хир долуш. Цуьнан сибатах а, иза эсала, догцIена стаг юй хаарал совнаха, цунна цхьа цатам хиллий хуур дара. Цуьнан когарчу баьццарчу кIархаш тIехула юьйхина ши пошмакх[1], цо лергех кхозу дашо хьалкханаш гойтуш тIехьа дихкинчу бекист-кисин йовлакхца цIоьлла къуьйсуш санна яра. Цуьнан когара кIайн ши пазат, цуьнан еха коч санна, кIайн а яцара. Ойла еш, еана, ша хийисте кхаьчча, Бусана, шен кIудал охьа а хIоттош, шена тIекхачаволлучу Бештога хьаьжира. Кхунна шена болу цатам цIаьххьана бицбелира, хIинцалц шена ма-хеттара, хIинца а Бешто вогIуш хазахетарна. Иза елакъажарна, цуьнан цIечу беснеш тIе кегийра кIаьгнаш хIиттинера».

Шен безаман шовкъаш йолчу турпалхойн васташ кхуллуш яздархочо къеггина гойту церан оьздангалла, гIиллакхаш, нахалахь дикачу цIарх уьш хилар. Масала, Бешто вуьйцуш юх-юха а билгалдаьккхина иза «нахаца тIекере чIогIа йолуш» а, «хIоранна там бан хууш» а, «лаца йогIучохь ях лоцуш а хилар».

Бадуев СаьIида лерина тидам тIебохуьйту шен турпалхойн синхаамаш гайтарна, церан ойланехь хуьлуш болу хийцамаш къеггина гучубахарна. Йоккхачу исбаьхьаллица гайтина повесть тIехь Бусанас еш йолу гIийла ойланаш, цуьнан кийрахь бала Iаткъар, тIаьххьара шена ца луучу маре яха иза дуьхьалъялар а.

Нагахь санна Хизара шен йоккхахйолу ши йоI «тийжаш йоьлххушехь» царна ца луучу маре еллехь, Бусанига шена ца луу маре дайта ницкъ ца кхочу цуьнан. Бусана шен деган безам ларлур болуш ю: «Со юьйр елахь а, гIур ма ю со Бештога», – олий, чIагIо йо цо. Амма ХизаргIарна шайна тIе доккха эхь догIуш хета, Бусана Мусега ца йоьдуш, шаьш делла дош доьхча. Вахьида боху: «Билггал бакъду хьуна, Хьасан, Бусана цаьрга яха а ца йоьдуш, цо вай тховса юхьIаьржа хIиттадахь, аса и ерал хьалха хIума дийриг цахилар... Айхьа ойла ехьа, Хизара делла дош цо дохийча, ен ца йийна, кхин хIун дийр дара?»

– Иза бакъду... Кхо дуьхьало ях, наха вайна дуьйцу дерш гуш ду-кха вайна... – аьлла, тIечIагIдира Хьасана а.

Билгалдаккха дезаш ду кхузахь Бусаниний, Бештоний дуьхьалдерг деккъа Iадат хилла Iаш цахилар. Хизар хьолана сутара стаг ву. Мусин шортта хьал хиларна делла цо Бусана цуьнга йохуьйтур ю аьлла дош а. Ткъа Бусанас ша Мусега гIуриг цахилар дIахаийтича, Хизар шен дашах юхацаволуьйтург, цкъа-делахь, Iадат дара («Сан

[1] *Пошмакх* – зударийн хьалхалера мача.

дош дохо йиш яц! Сан нахана юккъехь лела деза»), шолгIа-делахь, Мусин хьал дара («Хизар... кху пхи эзар жах хьайна луург дан хьуна бакъо ели аса»). Бештон, Бусанин кхоллам дакъазбаьккхинарг Iадатан а, хьолан а тIеIаткъмаш хилар чIагIдо авторо. Иштта, повесть тIера къовсам социальни бух болуш хилар билгалдолу вайна.

Шена тIехь лелочу харцонна дуьхьалъяла Iаламат кхераме дуйла хаьара Бусанина: «Юьйр ю-кх со кхара, бежанахчул башха къа ца хеташ», – бохуш, шина а куьйга корта а лоций, ойланаш йора йоIа. Шена тIехь тидам соцуш ю повестехь кIеззиг бен хьахийна йоцу Бусанин нана Аманта. Амантина къахета шен йоIах, дас, вежарша цуьнга кхийдош болу некъ нийса боцийла а хаьа цунна: «Меллаша ара а яьлла, дехьа чу а яхна, йоIана хуьлучу ницкъана елха хиира иза». Амма дарехь Бусанехьа гIо а лаьцна, божаршна дуьхьалъяла ца хIутту иза. Дуьхьалъяьлча, цуьнан шен хIусамах йоха дезар дара.

Бусана къаьсташ ю шен ненах а, шайна ца лууш долу мареш динчу шен йижарех а. «Хизара дош-м делла, амма со гIур-м яц Мусега. Аса айса сайна тухур ю, со цуьнга лахь. Со кху дуьненахь ехар яц, со къанделлачу гужамна йохкахь», – боху Бусанас.

Ша вежарша хьистича а, чехийча а, я шена кхерам тийсича а, шен ойланех ца юху иза: «Со е! Со цуьнга ца йоьду!» – иштта бу Бусанин тIаьххьара сацам.

Шен деган безам къевсина Бусанин ялар шен лаамца, шен ойланца иза чIогIа хилар ду.

Нохчийн пачхьалкхан драматически театро «Бешто» повесть тIехь хIоттийначу спектаклехь кхоьллина долу Бусанин васт – оьзда лаамаш а, комаьрша дог-ойла а йолуш, кхетам кхиъна йогIучу нохчийн йоьIан васт ду. Шен лаамаш кхочушбарехьа халачу къийсаме хIоьттина иза ширачу Iадаташца бехаш болчу шен нахана дуьхьал.

Йоккхачу исбаьхьаллица диллина повесть тIехь Бештон васт а.

Йоьшуш волчунна чIогIа Iаьткъачу агIор гайтина Бадуевс Бештона хилла бохамаш. Къона, дуьненах сакъералуш, ницкъах вуьззина волу Бешто «массо а хIуманах дог даьллий, дуьненах чам байний» дIахIоьттира. Наха шена хьераваьлла бохуш дуьйцийла шена хиъчахьана, ойла йора Бештос: «Вала а ваьлла-кх со хьера; нах а суна ца беза, дуьне а суна ца деза, ваха а суна ца лаьа. Аса цхьаммо а цалелориг леладо. Нагахь со хьера ца ваьллехь а, воллуш-м воллу, – олий». Кхин цхьа а тайпа дуьненан синкъерам бацара Бештон. Цуьнан

«дерриг гӀуллакх шен наний, Бусаний йолчу кешнашка вахар дара». Пхийтта шарахь, цу тайпана бала а хьегна, оцу кешнашка ваханчохь вала а велира иза.

Шен турпалхо оццул чӀогӀачу халонех чекхвохуш, яздархочун аьтто хуьлу цуьнан амал исбаьхьаллин кепехь кхачам боллуш талла.

**Хаттарш а, тӀедахкарш а**

1. «Бешто» повесть тӀера муьлха меттигаш ю уггар чӀогӀа хьуна дагах хьакхалуш?

2. Муха ю «Бештон» сюжетан башхаллаш?

3. Хьуна хетарехь, Бештой, Бусаний дакъаздаларан хӀун бахьана ду?

4. Авторан турпалхошка йолу шовкъаш муха билгалйовлу повеста тӀехь?

5. ХӀун башхаллаш ю яздархочо Бештон, Бусанин васташ кхолларан?

**Ешначух ойла е вай**

1. Повестан дӀахӀоттам муха бу? Повестан юьхьехь а, чаккхенехь гайтина Бешто цхьаъ ву ала, мегар дуй?

2. Бештос шен Бусаница йолу юкъаметтиг хийцаран хӀун бахьана ду? ХӀунда хила йиш яцара Бештон, Бусанин дахар ирсе а, цхьаьнадоьзна а?

3. ХӀун характеристика ло шен турпалхочунна Бештона авторо? Аша хӀун характеристика лур яра цунна?

4. ХӀун ала мегар ду Бештон а, Бетин а доттагӀаллех лаьцна? ХӀун мах хадор бара аша цушиннан доттагӀаллин?

5. Бусанин наха чӀагӀо хӀунда йина и Бештога ца яхийта?

6. Бештон шен ненаца йолу юкъаметтиг муха хилла? Бусана хиллий иштта муьтӀахь шен дена-нанна?

7. Мила бехке лору ахьа даьллачу зуламна: Бусанин да, Бешто, Бусанин вежарий?

8. Ӏаламан суьртийн хӀун маьӀна ду повестехь?

9. Бештох лаьцна хӀун эр дара аша? Турпалхо ву иза я пайдабоцчу ваьлла стаг ву? Авторо емалво иза я бакъво? Шуна хӀун хета?

10. Характеристика яла кечло повестан вукху персонажашна – Бетина, Эшарпна, Хизарна. Дийца, хӀун дакъа лоцу цара коьртачу турпалхойн амалш билгалъяхарехь.

**ГӀиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай**

1. Доьзалан лаамаш лоруш стаг хиллий Хизар? Цо динарг нохчийн Ӏадатца догӀуш дуй?

2. Бусане ца хоттуш, къеначу Мусе Бусана яхийта дош дала догӀурий Хизара?

3. Нана а, вежарий а ден дашна тӀетаран бахьана хӀун ду?

4. Бусанас, шен коьртара кортали Эшарпан кара а тухуш, дехар до цуьнга. ХIун маьIна ду цуьнан?

5. Ден лаам кхочуш ца бан яла а кийча ю Бусана. Нохчийн гIиллакхца муха догIу иза? ХIун эр дара аша цунах лаьцна.

6. ТIебаьхкинчу бохамаша дакъазвоккху Бешто, иза хьекъалца туьлу. Нохчичун амалца догIий и тайпа дакъазвалар?

**Кхоллараллин тIедиллар**

Вовшашца дуста Бештон, Бусанин васташ. Шайн ойланехь кхолладелларг довзийта.

**Произведенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Эпически произведенехь дийцар дIахьош верг ша дакъалоцуш хуьлу хиламашкахь я, юьстахволий, хьожуш хуьлу хуьлушдолчуьнга. Повестан авторо хIун меттиг дIалоцу хIокху произведенехь?

2. Повестехь драматически булабелла хиламаш бу, уьш диалогашкахь а билгалбовлу, къовсам а хаало оцу хиламашкахь. Билггалчу масалш тIехь гайта иза.

3. Шуна хетарехь, повестан авторна мехала дерг хIун дара: Бештон дахар, цуьнан Бусаница а, кхечаьрца а йолу юкъаметтигаш я цуьнан ойланаш, синхаамаш, цуьнан чоьхьара дуьне?

4. Повестан йолор а, ерзор а шатайпана ю. Шуна хетарехь, мича Iалашонца дина иза авторо?

5. Повестан барта кхоллараллица уьйр ю. Масалшца гайта иза.

6. Хийистан исбаьхьаллин сурт хIоттийна яздархочо. И сурт хIоттош муьлхачу исбаьхьаллин кепех пайда эцна авторо?

Сочиненеш язъян теманаш:

1. «Бешто» повестан композицин, сюжетан башхаллаш.
2. «Бешто» повестехь Бештон, Бусанин васташ.
3. «Бешто» повестехь нохчийн гIиллакх-оьздангалла.
4. «Бешто» повестехь доттагIаллин тема.

## «ЦIеран арц»

## Авторан Iалашо а, повестан дIахIоттам а

1929-чу шарахь зорбанера араяьлла «ЦIеран арц» повесть. Нагахь санна «Бешто» повестехь яздархочо коьрта тидам хьалхалерачу нохчийн юьртара социальни хьелаш гайтарна тIе бахийтинехь, «ЦIеран арц» повестехь авторан Iалашо паччахьан заманарчу Iедало а, и Iедал

дIакхехьа хIиттийначу хьаькамаша а, церан хьадалчаш хилла лелла-чу цхьаболчу вайнаха а нохчийн къехошкахь латтийна Iазап гайтар яра. Нохчийчохь паччахьан олалла дIакхоьхьуш хиллачу хьаькамаша мискачу нахана тIехь лелийна къиза а, дукха ирча а гIуллакхаш ис-баьхьаллин басаршца къеггина Iорадоху повестехь.

«ЦIеран арц» повесть шина декъах а, эпилогах а лаьтташ ю. Хьалхара дакъа жима ду. Цу тIехь яздархочо коьрта дакъалацархой а бовзуьйту, гIуллакхаш долор кхочуш а до. ТIехь тидам соцуш ду оцу доццачу декъа тIехь авторо Кулдевичан, Мирзин, Элбертан къеггина долу сибат-аматаш гайтина хилар а, Хонмурдан кхоччуш лара мегар долу васт кхоьллина хилар а.

Повестан шолгIа дакъа хьалхарчул дуккха а доккха ду. Кхузахь авторо керла турпалхой юкъа а балабо, къасточу гIуллакхийн кхиар, дерзор кхочуш а до. Хонмурдан къен хIусам а, цуьнан доьзалш а бовзуьйту. Кулдевичан, цуьнан гIоьнчийн васташ кIаргдо. Авторан идейни Iалашо кхочушъеш ду шолгIа дакъа чекхдолуш орца тIе гулбеллачу баккхийчу нехан тоба гайтар а, царна моллас деш долу хьехар а.

Эпилог тIехь хаийтина повестан чулацамера гIуллакхаш дирзин-чул тIаьхьа «ЦIеран арцах» хилларг а, цул тIаьхьарлерачу Мирзин дахарх лаьцна а.

«ЦIеран арц», Бадуевн дукхахйолу произведенеш санна, шен чулацамехь долу гIуллакхаш сиха кхуьуш а, ира сюжет йолуш а ю. Персонажийн васташ шен-шен къастамаш болуш а, повестан идейни маьIна кхочушдарехь хIора васт а шен билггал йолу меттиг дIалоцуш а ду.

Повестан чулацам, цуьнан идейни маьIна къеггина билгалдолу персонажийн васташ теллича.

### *Кулдевич а, цунна тIаьхьабозурш а*

«ЦIеран арц» повестан ерриг персонажаш шина тобане екъалуш ю. Цхьа тоба – къинхьегаман халкъан векалш: Хонмурд, цуьнан доь-залш, ши обарг, пурстоп волчохь цо тIе ца бьтуш Iаш болу баккхий нах. Важа тоба – паччахьан Iедалан векал Кулдевич, цуьнан гIоьнчий хилла дIахIиттина Мирза, Элберт, цара лелош долу зуламе гIуллакхаш дIадерзош, къобалдеш волу молла.

«Бешто» повесть тlехь персонажийн дахарх мелла а алсамо мур гайтинера авторо. Масала, Хизарх лаьцна повестан хиламашкахь билгалдолучул совнаха хаийтинера, иза хьалха къен хилла хилар а, ткъа цо шен йоккхахйолу ши йоI, дуккха а там боккхуш, хьалдолчу нахе марс еллачул тIаьхьа цуьнан бахам болабелла хилар а. Иза оьшуш дара Хизаран амалш ма-ярра гучу а йохуш, цуьнан дуьззина васт кхоллархьама. «ЦIеран арц» повесть тIехь Кулдевич вайна вовзале хьалха цуьнан хиллачу дахарх лаьцна хIумма а ца хаийтина яздархочо. Амма иза ца хаийтинера аьлла, повесть тIехь вайна хIуттуш долу Кулдевичан васт шеца цхьа а тайпа эшам болуш дац, хIунда аьлча Кулдевичан ерриг амалш а, ойланаш а повесть тIехь цо кхочушдеш вайна гайтинчу гIуллакхашкахь яздархочо къеггина гучуйохуш хиларна.

«ЦIеран арц» повесть дIайолало Кулдевичан оьгIазе юьхьсибат гайтарца: «ЧIогIа оьгIазвахна, цергашца лахара балда а лаьцна, чухула дIасалелаш вара нохчийн участкан пурстоп[1] Кулдевич... Цуьнан тIехь хIилла гучу, горга, буьрсачу юьхь тIера маж яьшна яра. Іаьржачу мекхаша даккхийчу куьйгашна сингаттам баьккхинера. Цуьнан ира ал ши бIаьрг чехка лелара чухула дIаса, цхьа хIума лоьхуш санна». Повесть йоьшуш волчун Кулдевиче цхьацуьрриг а безам бахарна кхоьруш санна, юьхьехь дуьйна а лахдеш гойту авторо цуьнан сибат-аматаш: «Кулдевич, цигаьрка а латийна, иза цергашца вон Іийша а Іуьйшуш, ... стоьла тIе тевжира, бухIано санна, бIаьргаш а къерзош». Кхечанхьа боху авторо: «... кхин къарза йиш йоцуш сел чIогIа къаьрзина Кулдевичан юьхь». Иштта повесть тIехь Кулдевич гучуволлушехь билгалдолу автор цуьнга шовкъ йоцуш хилар. Цуьнан бахьана повестан сюжетехь гучудолу, Кулдевичан гIуллакхаш яздархочо схьадаржадарс терра.

Бадуевс Кулдевичан амалш теллина цуьнан нахаца йолу юкъаметтигаш тергалъярца. Нохчийн йоккхачу юьртарчу участкан управленехь го вайна Кулдевич. Кхунна тIе цхьацца гIуллакхаш дахьаш баьхкина баккхий нах бу сени чохь Іаш, шаьш тIеэцаре сатуьйсуш. НеIарехь лаьттачу стражнико цаьрга аьлла: «Пурстоп оьгIазвахна ву, и ваставаллалц собар де». Стражнико аьлларг пурстоп мукъа вац, кху сохьта болх бу цуьнан, жимма иза паргIатваллалц собар де бохург а дац. Іуьйрана дуьйна баьхкина болу «хIара къена нах, пенех теIаш,

[1] *Пурстоп* – паччахьан заманахь участкан полицин хьаькам.

ценкъа а хевшина, юкъ-юкъа шайн Iасанаш тIе а теIаш, наггахь вовшийн лере а боьлхий, меллаша вовшашка бист а хуьлуш», Iаш бара. Иштта хала Iаш болу и гIийла баккхий нах оьгIазвахначуьра пурстоп меттаваре хьежа дезаш бу. Доцца аьллачу «пурстоп оьгIазвахна ву, и ваставаллалц, собар де» бохучу дешнашца Кулдевичан амалех дуккха а дерг гайтина авторо.

Кулдевич оьгIазвахна хиларх, цунна тIебоьдуш болу некъ массарна а бац бихкина. Юьртара совдегар Мирза, кху баккхийчу нахана юккъехула а ваьлла, «шен цIерачу сов цIачу воьдуш санна, шен чубахна го ши бIаьрг чехка а бетташ, пурстоп волчу» чуиккхира. Юьрта йохьуш йолу банк лачкъоран гIуллакх Кулдевичца хьалхxе дуьйна а дуьйцуш вара иза. Цушиннан барт хиллачух тера ду, Мирза, там хилла, «шен шуьйра бат ела а къажош, яккхий церган гучу а йохуш», пурстоп волчуьра араваларехь. Мирза санна болу нах Кулдевична оьшуш бу: цара кхобуш а, дIакхоьхьуш а ву иза. «Мирза араваьлча, Кулдевича, оьзна яьлла цигаьрка чим чутосурга а тесна, цу кIелхьара итт туьман кехат чехка схьа а эцна, кисана диллира».

Кулдевичан мискачу нахаца йолу юкъаметтиг къеггина билгалйоккху яздархочо Хонмурде а, цуьнан доьзалшка а цо хIоттийнарг гойтуш. Хонмурд волчохь буьйса йоккхуш обаргаш севцца, уьш леций схьабалабе аьлла бахийтинчу стражникаша, обаргаш кара а ца бина, Хонмурд валийра Кулдевична тIе. Iаламат вон чехаво иза Кулдевича, хьо волчу биссина обаргаш мичахь бу схьадийца бохуш. Мискачу ахархочунна ца хаьа ша волчу баьхкинарш обаргаш хиллий а, я хIинца уьш мичахь бу а. Амма Кулдевич шечунна тIера юха ца волу, шен акхаройн амале дирзина долу дог Iабо деза цуьнан.

Хонмурдера шена цхьа а пайдехьа дош ца долийла хиъча, «сволочи!... звери!..» бохуш, ког цIенкъа бетташ лаьттачу Кулдевича, цIаьххьана стоьла тIехь Iуьллучу шедах бIаьрг кхетча, тайп-тайпана бос хийцалуш лаьттачу Хонмурдан баьшначу коьртах «зверь!» аьлла, чохь тата а доккхуш, и шед туьйхира».

ЧIогIа лазийначу Хонмурда Элберте дийхира: «Элберт!.. Элберт!.. ГIийла стаг вара-кх со, алахьа кхуьнга, суна хIара ницкъ ма бе, сан бехк ца хилча мукъана а, дехьа сан гIо, гечде алахьа суна, – аьлла, Элбертана хьаставелира». Амма Элбертан дагах ца хьакхаделира оцу холчухIоьттинчу мисканан гIийла дехар. Кулдевича къехошна тIехь

лелош йолу харцонаш кхочушъеш, цуьнан йовсар а хилла лелаш вара пурстоьпан гӀоьнча волу Элберт. Шен къизаллица Кулдевична а къовсалур волуш вара иза, Хонмурдехьа цо гӀо доккхург хилар аьттехьа а дацара. «Ахьа хӀун дай, бакъдерг дийца ахьа, тӀаккха хӀумма а хир дац хьуна!.. Эхь ду хьуна харцдерг дийцар: хьо-х воккха стаг ву, шовзткъа-кхузткъа шо а хир долуш», – аьлла, тӀечевхира Элберт. Кулдевична а, Эльбертана а шайна хьалха латтачу мискано дуьйцург бакъ ца хета, шаьш цкъа а бакъдерг дуьйцуш а, бакъо лелош а дахиларна, массо стаг а, шаьш санна, харцонна араваьлла ву, моьтту царна. Хонмурд гӀийла нохчийн ахархо ву, харцдолчуьнца гӀуллакх а доцуш. «ХӀун дуьйцур ду аса?.. Сан-м даций дийца хӀумма а, суна-м ца хаьий царах хӀумма а, ша айса, цара меца ду аьлча, вай мостагӀчунна а лур сискал ялар доцург!..» – боху догцӀеначу Хонмурда.

Бадуевс басарш ца кхоош гойту адамийн гӀиллакхех воьхначу Кулдевичан къизалла. Хонмурда Элберте бохучух кхетча, кхин а тӀе оьгӀазвахара Кулдевич: «Аса Ӏамор ду хьуна аьшпаш битта!... Экха! – аьлла, юха а хӀара шена тӀехьаьдча, цхьана куьйга корта а лаьцна льтта Хонмурд, «Не надо!.. Не надо! – аьлла, Кулдевична хьалха цӀенкъа берталвуьйжира. Кулдевичан аьтто хилира и берталвожарх. Цо ехха шад йиттира Хонмурдана коьртах, тӀера бахтар хаддалц. ТӀаккха берзана шедан кхаж цуьнан коьртах а тоьхна, цу тӀе, Ӏуьллучу цуьнан вортанах кхузза мийра а тоьхна, «дӀайига хӀара боьха хӀума! – аьлла, Элберте вист а хилла: – Аса Ӏамор ду шу, акхарой! – бохуш, верриг макх а велла, чухула дӀасалела велира».

Бадуевс Кулдевичан вочу амалех лаьцна дукха дестийна дуьйцу. Вониг дестийна гайтаро, иза Ӏорадоккхуш, дешархочун ойла цунна дуьхьалйоккху. Бадуевс шен произведенешкахь хӀума дестийна гайтар, иза сийсаздар, цунна дуьхьал къийсам латтор ду, иза эшийна дӀадаккха дезаш хилар чӀагӀдар ду. ХӀума исбаьхьаллица дестийна гайтар Бадуевн кхоллараллин хотӀан башхалла ю. Яздархочо ша дуьхьал къийсам латтош долу хӀума, эша а дой, дӀадоккху, иза дестийна гайтарца. Шен дукхахйолчу произведенешкахь Ӏаламат говза пайда оьцу Бадуевс оцу исбаьхьаллин гӀирсах.

«ЦӀеран арц» повестехь яздархочо Ӏорабохурш пурстоп Кулдевиччий, цунна тӀаьхьабозуш болу Мирзий, Элберттий хилла ца Ӏа, иза адамаш Ӏазапехь дахкош долу дерриг а паччахьан Ӏедал ду. Кулдевича акхаройн къизаллица Хонмурд хьийзийначу участкан

правленин цIа чохь пенах доллуш паччахьан сурт дара. «Лерина, вехха цуьнга а хьежна» Iаш вара Кулдевич, Хонмурд шена тIевалочу хенахь. КулдевичгIара лелош йолу харцонаш паччахьера схьайогIуш хилар, къехой Iазапехь бахкорна бехкениг дерриг а паччахьан Iедал хилар чIагIдо яздархочо оцу исбаьхьаллин суьртаца. Цу тайппана, КулдевичгIар паччахьан Iедалан векалш бу, цара дIакхоьхьуш ерг паччахьо чIагIйина йолу адамаш дацоран политика а ю.

Повестан шолгIачу декъа тIехь Кулдевичан амалийн кхин цхьа агIо а билгалйолу вайна. Адамийн оьздангаллех, цIеначу дог-ойланах цхьацуьрриг а хIума шеца дисина доцуш, боьха стаг иза хилар гайтина яздархочо. Паччахьан банк лачкъоран гIуллакх дуьйцучу хенахь «Кулдевича чIагIо йинера, шега муьлххачу а нохчийн зудчух куьг тохийтинчул тIаьхьий бен, и банк шаьшшинна ерзош долчу гIуллакхна тIетовр ма вац ша аьлла». Шен хьал алсамдолу агIо нислург хIуъа а дан кийча волчу Мирзас тIе а лаьцнера и гIуллакх кхочушдан.

Цкъа талла вахна волу Кулдевич, Мирзий, хьуьнхахь некъах тилла, мац а велла, гIел а велла, Iаьнан шийлачу буьйсана цIаьххьана даьллачу дарцо а хьовзийна, чIогIа холчухIоьттинера. Шаьшшиъ мичахь ву а ца хууш, чуверза меттиг а йоцуш, вехха леллачул тIаьхьа хIара шиъ кхара, бехк боцуш, итт шо хан тоьхна Сибрех вахийтинчу Хонмурдан хIусаме нисвелира. Хонмурдан хIусамнана Бано а, цуьнан йоI Залуба а яра шаьшшиннан декъазчу хIусамехь гIийла хан токхуш. Халкъан ламаст ма-хиллара, цара хьаша вина тIеийцира кетIа хIоьттина ши стаг. «Хьажахь, шелбелла баьхкина хир бу хьуна уьш, же, Залуба, дика хьовзалахь!» – аьлла, Банос чоь а йохъяйтина, чехка яахIума а кечъяйтина, паргIатбехира хьеший. Кулдевична го ша Сибрех вахийтинчу Хонмурдан къен хIусам, шайна хьошалла деш йолу хIара декъаза ши зуда, «эттIа маситта бос болчу кучаца, юкъ-юкъара дегI а гуш» Iаш йолу йоккха стаг Бано. Амма Кулдевичан цхьацуьрриг а дог ца лезира царах, къахетар дан а дац цуьнца.

Яздархочо кхидIа а толлу Кулдевичан, Мирзин амалш. Къинхетамах, адамаллех хIума цаьрца делахь, иза гучудер долу хьелаш кхуллу яздархочо шен произведени тIехь. Хьешаша са а даьIна, уьш метта а баьхкина, къамеле девлла шаьш Iаш, Банос «елхаран къурдаш а деш, дийцира шайга цхьана буса шайна вовза а ца вевзаш волу цхьа ши стаг вар. Шаьш буьзна ма-бевлла, уьш шаьш ца довзуьйтуш дIабахар а, шайца некъана цхьа сискал а хьош. ТIаккха, садаьржачу заман чохь

стражникаша, шайна го а бина, цкъа тIехула тоьпаш а тоьхна, обаргаш дIабехар. Цу меттехь Хонмурд араваьлча, и арахь саца а вина, чубаьккина, цIийнах а хьаьвсина, цул тIаьхьа, Хонмурд а эцна, уьш дIабахар. ТIаккха, Хонмурд Сибрех вахийтича, шаьш, хьажа стаг а воцуш, гIийла дисар а». Шаьшшиъ ца вовзуьйтуш ладоьгIура Кулдевичий, Мирвассий йоккхачу стага бечу белхамашка. Сискал еш йолу Залуба а, шайн ерриг гIайгIа карла а яьлла, йоьлхуш яра. Амма Кулдевичан, Мирзин кIезиг дог лозура кху мискачу зударех, «вовшашка бIаьргаш а теIош, кIелдIахула Залубига а хьоьжуш», шайн ямарт ойланаш кхиош Iара хIара шиъ. Кулдевичан, дуьххьалдIа ша дакъазъяьkkхинчу хIусаме кхаьчча, шаьшшиъ холчухIоьттинчу дийнахь оццул шайна хьошалла динчу гIийлачу зударийн гIолацар я дог хьастар-м муххале а дацара, мелхо а, оцу мискачу зударшна хьарам а хилла, хIинца царна ямартло ян кечлуш вара. Къинхетаме хилар, адамах доглазар, гIийлачунна гIодар боху гIуллакхаш хIун ду хууш а вац Кулдевич, Мирзий. Шайн Iалашонаш кхочушхилчахьана, нахах хIуъа хиларх бен ца хета.

Бадуевс шен произведенешкахь вочунна дуьхьал къийсам латтабо, и вониг тIаьхь-тIаьхьа алсам а долуш, цунах нахана долу зулам хаддаза дебаш гайтарца. Ткъа произведени тIехь вониг шеца долу персонаж а цу тайпана нахана шегара довлуш долу вонаш тIаьхьтIаьхьа совдохуш хуьлу, цо тIаьхьа деш долу вон хьалхарчул дуккха а зуламе а хуьлу.

Иштта ю «ЦIеран арц» повестан персонажаш а: Кулдевич, Мирзий зуламаш деш кхочу шаьшшиннан уггар доккхачу зуламна тIе.

Кулдевич кIелдIахула Залубига хьарам бIаьрг бетташ вара. Мирзас сацийра ша Кулдевична делла дош хIинца кхочушдан. Арара шайн жIаьлеш шеллуш ду, уьш божал чу дохка гIо дахьара аьлла, бахьана даьkkхина, Залубица аравелира Кулдевич, Мирзий. Лампа а карахь божал чу яханчу Залубас, шена юьхьаIаьржо хила йоллий хиъча, арахьахула неI дIа а къевлина лаьттачу Мирзига чIогIа дийхира: «Ма хIоттаехьа со юьхьIаьржа! Яхь яц хьоьгахь? ДIавалахьа кху неIарера! Араялийтахьа со!» – бохуш. Мирза къора вара гIийлачу зудчун дехарна. Цуьнгахь яхь а яцара, я адаман дог а дацара цуьнан кийрахь. Мирзас шен яхь а, дог а, стогалла а йоьхкинера Кулдевична, цо шега пачхьалкхан банк лачкъайойтург.

Мирзий, Кулдевиччий, шаьш къайладовллалц Залубига орца ца даккхийта, божалан неI, арахьахула дечиг а гIортош, дIа а къевлина,

чехка дӀавахара. Залубас шен дог гӀеллуш хьаьвди чу кхоьссинчу лампанах цӀе а летта, божалах цӀе елира, неӀ дӀакъевлина хиларна, цу чуьра ара а ца ялаелла, Залуба а къиза егира. Арабевлларш чубахка хьебелча, сагатделла, халла аратекхна бӀаьрса дайна йолу Бано, хиллачух кхиале, цӀаьххьанна баьллачу махо догуш лаьттачу божалх туьйхира. Хонмурдан доьзалш бегира, церан «гӀийла гӀишлош а Ӏаьнан ехачу буса яьгна евлира». ШолгӀачу дийнахь деанчу орцанна «цу гӀишлойх, дерриг а Ӏарж а делла маьӀ-маьӀехь Ӏохку цхьадолу дукъошший, кертахула угӀуш лела БаногӀеран къорза ши жӀаьлий бен, кхин хӀумма а ца карийра».

Оццул доккха зулам шайгара даьлча а, шек а бац КулдевичгӀар, хӀора дийнахь шаьш деш долу рогӀера гӀуллакх санна, бен ца хета царна иза. Шайн боьха Ӏалашонаш кхочушъеш, шаьш хӀаллакбина миска доьзал цхьана а меха ца лорура цара. Кулдевична нохчийн къехой адамаш ца хета: «акхарой», «боьха хӀуманаш», «сволочи» – иштта ду цо гуттар а къехойх олуш дерг. Ткъа иштта Кулдевич хиларо иза ша Ӏоравоккху. Адаман сибатехь хилар бен, кхин адамаллех хӀума дац цуьнца. Стеган дог-ойла цуьнан яц, оьздангаллех зирх цуьнца бац, адамийн дагца хуьлуш болу къинхетам, гӀийлачух доглазар, эхь-бехк а, боьхачух ларвалар а цуьнан дац. Доцца аьлча, адамах адам деш долу хӀуманаш Кулдевичца доцуш ду. И акхаройн амале вирзина ву.

Кулдевичан маьттазчу вастаца яздархочо кхоьллина хьалхалерачу Ӏедало шен кара дарж а делла, халкъана юкъахь нийсо лело дӀахӀоттийначу хьаькаман васт. Иза, цхьа Кулдевич хилла ца Ӏаш, шен амалшца цунах тера волу муьлхха а хьаькам ву. Цу тайпана, Кулдевичан васт – иза юкъара васт ду.

Кулдевича лаьцна шена нохчех болу гӀоьнчий – Элберт, Мирза, кхиберш а. Элберт кӀезиг гайтина ву повестехь, делахь а яздархочо иза юкъавалийнчу цхьана эпизодехь а цуьнан амалш къеггина гучуяьхна. Элберт дика кхетта шен хьаькаман лехамех. Къехошна кхерам тийсаран, царна тӀехь таӀзар латторан гӀуллаккхаш дика карадирзина цунна. Обаргаш шена ца карийча, Хонмурд бехке а лерина, иза шен мискачу доьзална юкъара а ваьккхина, лаьцна, схьавалийнарг Элберт вара. Кулдевична гергахь диканиг хуьлуш, «Элберта, чу а ваьлла, шен даккхий сийна бӀаьргаш тӀе а хӀиттийна, чест а деш», цуьнга дӀахаийтира, обаргаш ца карийча, «уьш биссина хӀусамда шаьш лаьцна валавар». Даржехь ша лакхаваккхаре сатуьйсуш, Кулдевична

чIогIа муьтIахь ву Элберт. Кулдевича етташ, холчухIоьттинчу Хонмурда, ма хьийзавайтахьара ша аьлла, дехар дича, гIо-м муххале а ца лецира, мелхо а, иза харцдерг дуьйцург а, эхьцахетарг а вира цо. Элбертана хаьа, КулдевичгIарна ша къехошкахь Iазап латтош гIо дайта бен, оьшуш воцийла. Цундела, ша кхобуш волчу дена муьтIахь хила Iемина жIаьла санна, Кулдевича шега кховдийна гIуллакх, мел къиза и хиларх, кхочушдан чухьоду Элберт.

Билгалдаккха дезаш ду Бадуевс моллин васт реалистически басаршца кхоьллина хилар. Сов маьттазваккхар а доцуш, дерриг а вониг цхьанаметта цуьнгахь а ца гулдеш, делахь а дахарехь цкъацкъа нислуш ма-хиллара гайтина авторо. Социалистически реализман произведенешкахь молла дика гайта йиш яцара, иза шен амалехь сакхташ долуш хила везара. Ткъа советски пачхьалкхехь исбаьхьаллин литература социалистически реализман буха тIехь бен хила йиш яцара.

### Хонмурд а, цуьнан доьзал а

Ямартлонаххий, тешнабехкаххий буьззина болчу КулдевичгIарна повесть тIехь шайн дикачу дог-ойланца дуьхьал латтташ бу халкъан векалш: Хонмурд, Бано, Залуба.

ХонмурдгIеран доьзал нохчийн къехойн доьзалех цхьаъ бу. Жимачу кIотарахь вехаш волу ахархо Хонмурд, бIеннаш кхиберш санна, къен, миска стаг ву. Тиша ю цуьнан хIусам, тIехь беркъа бу Хонмурд а, цуьнан доьзалш а. «ПIелгаш а гуш», йоьхна яра Хонмурдан когара неIармачаш, «эттIа, маситта бос болчу кучаца, юкъ-юкъара дегI а гуш» яра «тишачу меттахь» Iаш йолу Бано.

Къоьлла ловш белахь а, оьздангаллех, гIиллакхах, цIеначу догойланах ца боьхна уьш. Хонмурд а, цуьнан доьзалш а къоман ламаст лоруш бу, хьаша-да тIеэцар, гIийлачунна гIодар, къинхетаме хилар церан дагца ду, Хонмурдан кхетамо тIе а ца дуьту, меца ву ша аьлла, чуьеана стаг сискал ца луш дIавахийтар. Цундела боху цо обаргаш схьабийца бохуш ша холчухIоттийча: «Суна-м ца хаьий царах хIумма а, ша айса, цара меца ду шаьш аьлча, вай мостагIчунна а лун сискал ялар доцург!» Кхузахь яздархочо, дуьхь-дуьхьал йоккхуш, говза схьагайтина Хонмурдан къинхетаме дог-ойлий, Кулдевичан акхаройн хьесапехь йолу къизаллий. Кулдевична тIехьа латтташ харц Iедал ду, оцу Iедалан лехамашца цхьаьна йогIуш ю цуьнан къизалла. Цундела

мега Кулдевична цхьа а бехк боцуш волу Хонмурд йиттина мелачу цIийх вуза а, цул тIаьхьа, итт шо хан а тоьхна, Сибрех вахийта а.

Амма Кулдевича Хонмурд Сибрех вахийтар Хонмурдана тIехь цо толам баккхар дац, хIунда аьлча повесть йоьшуш долчу вайна гергахь, шен адамаллица, цIеначу дог-ойланца тоьлларг Хонмурд ву. Исбаьхьаллин произведенехь тIаьххьара толам боккхург ницкъ бац, амма сийлахьниг ду. Ткъа Кулдевичан вастаца сийлахьчух цхьа зил а бац, цо лелош долу дерриг гIуллакхаш иза сийсазвеш ду, цундела вайна гергахь иза эшна ву, вайн даго и эшар къобалдеш тIе а оьцу. Кулдевич лах мел ло а, вайн бIаьргашкахь Хонмурд лакхаволу. Иза лакхавоккхург цуьнан догдикалла, нахана гIуллакх дар бахьана долуш цо хало лар ду. Ткъа ницкъ, муьлхха а ницкъ иза белахь а, адаман ойлано бакъ ца бо, сийлахьниг чIагIдеш бацахь.

Повестан шолгIачу декъа тIехь Кулдевич, Мирзий шаьш Сибрех вахийтинчу Хонмурдан хIусамехь гойтуш, церан хьарамлонех, ямартчу ойланах юстуш санна, къеггина билгалъяьккхина Бадуевс къинхьегаман нехан оьздангалла, хаза гIиллакхаш. Баной, Залубий цхьа йисна, гIийла ехаш миска наний, йоIИий ю. Авторо чIогIа доглазарца дуьйцу цушиннан гIийлачу дахарх: Залубин «кIайчу аматахь йолчу горгачу юьхь тIера даккхий Iаьржа бIаьргаш, Iай беттасехь буса ло санна, даим догуш дара, цуьнан тоьлла, безамехь долу дегI цунна болчу сингаттамна чехка уьдучу деношца лелина доьдура, цуьнан лун бетан дуткъа ши балда дукха хенахь дуьйна схьа делха Iемина дара. Ишта елхар карадирзина йолу Залуба шел а елхарна тIерачу Баноца кест-кеста йоьлхура, вовшашна тIеттIа а таьIий, голаш тIе куьйгаш а детташ, гIийла тийжарца, бIаьргех оьху мела хин тIадамаш дIадаха а ца ларош».

Шайн неIар тIе веана ши стаг чу а валийна, паргIат а валийтина, шайн йолу-йоцург вовшахтоьхна, яахIума а елла, хьошалла дира мискачу шина зудчо. И Iазапехь бохкуш болу къен, миска зударий къинхетаме, комаьрша хиларца, шайгарчу адамаллица Кулдевичний, Мирзиний дуьхьал лаьтташ бу. ГIийлачу дахаро, тIеIиттаеллачу халонаша, харцонаша шайн оьздангаллех, хазачу гIиллакхех ца йохийна къена Бано а, я жима Залуба а. Банос шен хьешашна, стражникаша бехк а боцуш шаьш хьийзадар а, Хонмурд Сибрех вахийтар а дуьйцуш, вайна хьалха хIутту дахаран халонаша хеназа кIелйиитинчу нохчийн къеначу зудчун васт. ДегIера гIора эшнехь а, могашалла яцахь а, догдикаллий, оьздангаллий ю Баноца. Шен хIусаме веанчу стагаца

кIеда-мерза, аьхна, цунна там хилахьара аьлла, хеташ ю иза. Иштта Iамийна Банос шен йоI Залуба а.

КулдевичгIар ца бевзаш, уьш кийрахь дегнаш а долуш адамаш ду моьттуш дийцира цо шаьш Iедало холчухIитторах лаьцна. Амма «Кулдевиччий, Мирзий шаьшшиъ ма-варра ца вовзуьйтуш... тIехьаьжча, халахетарца ладоьгIу а эр долуш» Iийнехь а, Банона хиира ша дуьйцучун царна гIайгIа йоцийла. «ТIаккха хIара шен мела хин тIадамаш оьгучу бIаьргех кучан деха пхьош а хьаькхна, куьйга корта а лаьцна, шайн гIайгIа шена ялхо хиира, шен юьхьа дуьхьал йовлакхан тIам а уьйзуш». Шайн хIусамашкахь иштта гIайгIа йолуш доьзалш Нохчийчохь дуккха а хилла хилар билгалдолу. Къехошкара гIело «шайна хийла гина дела» хIумма а цец а ца волу Кулдевиччий, Мирзий БаногIеран декъазчу дахарх. Шаьш бехк а боцуш миска нах дакъазбаьхний хиъча а, бен а ца хета царна, гIийлачух, мискачух доглазар царна диллина а дац.

Боккхачу безамца кхоьллина Бадуевс Залубин васт. «Маре яханчохь шо кхаьчча, цIийнда а велла» цIа еана яра Залуба. ХIинца шен кIелйисна, бIаьрса а дайна йолчу ненан Банон дола а деш Iаш яра иза. Тийна, эсала ю Залуба, оьзда гIиллакхаш а, цIена дог-ойла а ю цуьнан. ТIехьаьжча, кIеда амалш йолуш хеталуш йолу Залуба шен лаам а, безам а ларбийр болуш хилар гайтина. Марера цIа еанчул тIаьхьа ша йига гIоьртинчу моллига ца яхара иза, шена ца лууш долу маре ца дан ницкъ кхечира цуьнан. Залуба цIена стаг ю, шеца хьарамло лелайойтур йолуш яц. Кулдевичан Iалашо кхочуш ца хуьлу, Залубин дог а гIелделла, иза кхетамчуьра яьллачул тIаьхьа бен.

Ша схьаяьллачу къомаца кIорггера уьйр йолуш ю Залуба. Иза авторо гайтина цуьнан маттехула а. Халкъан барта произведенийн маттах тера бу Залубас буьйцу мотт: «Тешам боцчу дуьненахь, орцахвала ваша воцчу дуьненахь, бинчу бохамна бекхам ца бечу дуьненахь ца яьхча а хIумма а дац-кх», – боху Залубас, божал чохь ша холчухIоьттича, тIаьхь-тIаьхьа шена юххегIертачу цIарна тIетан дог хилла. ТIаккха тIаьхьа юьсуш йолу шен къена, гIорасиз йолу нана дуьхьалтесча, иза, сагIа дехар бен, кхин дан амал доцуш юьсург хилар дагадеача, Залубас бохуш дерг а ду халкъан барта произведени тIера схьаэцча санна: «ХIан-хIа! Со яла йиш яц, со хьуна тIе ца тов, хIай сийна цIе!»

ХонмурдгӀерниг санна болчу мискачу доьзалех бу повесть дӀайолалуш гайтина болу Кулдевична тӀекхача гӀерташ, и волчу сени чохь Ӏийна баккхий нах. Бадуевс Ӏаламат говза кхоьллина кхузахь масех стаг цхьаьна гойтуш долу исбаьхьаллин сурт. Оцу баккхийчу нехан хӀораннан а ойланех кхета вай, уьш гӀийла дуьне дууш хилар го. «Цхьацца гӀуллакх хилла» пурстоп волчу баьхкина и «къена нах, шайн бес-бесара мажош тӀе наггахь куьйгаш а хьоькхуш, Ӏуьйрана дуьйна Ӏара» шаьш тӀедитаре сатуьйсуш. Уьш дика кхета КулдевичгӀара лелочу хьарамлонех. Мирза, Кулдевична кхаъ а белла, сакъералуш и волчуьра араваьлча, «хӀара баккхий нах, белшаш а сеттош, вовшашка хьаьвсира». Амма вовшах а кхетта шайна тӀехь латточу харцонна цхьабосса дуъхьало ян хӀинца а кийча бац уьш. Ӏедало шайгахь латтош долу Ӏазап чӀогӀа хиларна дукха гӀийла а, стешха а бу уьш. Хонмурд чу а вигна, Кулдевича иза чехош а, цунна етташ а «гӀовгӀанаш яьлчахьана дуьйна а кхерабелла дӀабаха айабелла Ӏен сени чуьра баккхий нах, мелачу цӀийх а вуьзна араволу Хонмурд гича, цунах бӀаьрг кхеткхеттарг, кхералой, шозлагӀа цуьнга юха ца хьожуш, белшаш чу а хебош, пенах а хьерчаш, меллаша ара а бевлла, дӀабахара».

Амма повесть чекхйолуш къеггина билгалдолу халкъа юкъахь Ӏедална дуьхьало йийрйолу ницкъаш кхуьуш хилар а, адамаша шайн паргӀатонехьа къийсам латториг хилар а.

## Повестан маьӀна

Повесть йолаелчхьана дуьйна иза чекхъяллалц цу тӀехь къеггина билгалйолу авторан ойла. Къинхьегамхой балехь бахкош долу Ӏедал, иза дӀакхоьхьуш болу хьаькамаш, царна тӀаьхьахӀиттина леларш боккхачу цабезамца гайтина яздархочо, цара лелош йолу ямартлонаш говзачу исбаьхьаллин васташца Ӏораяьхна. Авторан ойла дуьхьал ю къехошкахь Ӏазап латтош долчу гӀуллакхашна. Цунделла гайтина цо и гӀуллакхаш дӀакхоьхьуш болчу Кулдевичан а, Мирзин а васташ сел маьттаза, шайна дуьхьал дешархочун цабезам гӀаттош. Повесть тӀехь Кулдевич, Мирзий, Элберт вийцинчохь массанхьа а церан ямартло, къизалла, хьарам ойланаш Ӏораяьхна яздархочо. Къехой гайтинчохь церан оьздангалла, хаза гӀиллакхаш, деган комаьршалла къеггина схьаоьхьна. Цу тайппана, авторан шен турпалхошца йолчу юкъаметтигашца а билгалбовлу цуьнан идейни тӀетовжамаш.

Къехой бодане хиларх пайда а оьцуш, дӀакхехьна харц Ӏедало уьш бацор. Къинхьегамхойн дуьненах кхетам лахара мел бу, уьш Ӏазапехь бахко, царна кхерам тийса атта ду. Повесть чекхйолуш Бадуевс гайтина цӀарх баьгначу арца тӀе гулбелла дуккха а ярташкара алссам баккхий нах. Схьахетарехь, уьш шайн хьекъалца а, шайгарчу доьналлица а нахалахь мелла а тоьлла хила безаш бу, хӀунда аьлча дехьа-сехьа вондикий иккхича, цига кхеташоне гуллуш болу нах шайн хьекъалца а, кхетамца а мелла а лакхаро хилла. Амма уьш къинхьегамхойх хилар яздархочо билгалдоккху церан «Ӏаьржа куьйгаш» гайтарца.

Кхерабелла, арца тӀехь холчухӀиттина и нах гайтале хьалха, авторо кхоьллина Ӏаламан хаза сурт: «Сийна стигланаш меттах ца йовлуш, цхьана эшшарехь, дийнах дикка хан яллалц лаьттира. ТӀаккха цӀаьххьана малх а гучубелира. Цунна диллина Ӏуьллу ло а деладелира, сийначу стигалахь маьӀ-маьӀехь бамбин мархаш а неканца лела евлира».

Иштта аьхна Ӏалам а гайтина, тӀаккха арца тӀе гулбеллачу нехан ойланашкара бода гайтарца яздархочо бохуш санна хетало: «Ӏаламехь серло, исбаьхьалла, паргӀато ю, амма адамийн дахар бодане, ирча, балане ду».

Амма къегтина билгалдолу къехой «самабовлуш» хилар, цара шайн паргӀатонехьа къийсам латториг а, уьш тӀаьххьара тоьлург а хилар.

«Тоххара Хонмурд лацале, мац а велла, и волчу воьссинчу шина обарго, Хонмурд шайна кхалла хӀума ялар бахьана долуш Сибрех вахийтиний а хиъна, Кулдевич боху пурстоп вен гӀерташ, дикка къахьийгира». ТӀаьххьара а, аьтто а баьлла, вен а вийра цара иза. Къинхьсгамхошна тӀехь харц олалла дӀакхоьхьуш волу пурстоп Кулдевич веро гойту къехой шайна тӀехь латточу харцонна дуьхьалбовлар, шайн паргӀатонехьа болу къийсам цара дӀаболор.

Пачхьан заманахьлерачу Нохчийчохь къехойн, Ӏедалан вовшашца хилла юкъаметтигаш ма-хиллара а гойтуш, персонажийн васташ заманца цхьаьна догӀуш а долуш, халкъо шен паргӀатонехьа къийсам латториг хилар шен чулацамехь билгал а долуш йолу «ЦӀеран арц» повесть Бадуевн кхолларалла реализман некъа тӀехь хилар гойтуш ю.

**Хаттарш а, тӀедахкарш а**

1. «ЦӀеран арц» повестан хӀун тема ю? Муха бу повестан дӀахӀоттам?
2. Муха кхоьллина Кулдевичан сибат-амат? Муха гайтина цуьнан амалш?

3. Мирзин, Элбертан вастех дийца.
4. Муха гайтина Хонмурд а, цуьнан доьзал а?
5. Муха билгалйолу авторан ойла?

**Ешначух ойла е вай**

1. ХIун ойланаш кхоллаялийти шун «ЦIеран арц» повесто?
2. Муьлха хиламаш бу цу тIехь гайтинарш?
3. Муьлха хилам бара шуна уггар дегаIийжаме?
4. Муьлха турпалхой бу шун даго тIелоцуш? ХIунда?
5. Шуна хетарехь, повестана иштта цIе хIунда тиллина аьлла хета шуна авторо?
6. Муха ю Кулдевичан юкъаметтиг мискачу нахаца а, хьалдолчаьрца а?
7. Муха хийцало цуьнан синхIоттам цо Хонмурдаца къамел дечу хенахь?
8. Хонмурдан хIусаме кхаьчча, муха гойту шаьш тилавеллачу Кулдевича а, Мирзас а?
9. Хонмурдан доьзал дакъазбаларан хIун бахьана ду?

**Произведенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Персонажаш дуьхь-дуьхьал хIоттор Бадуевс шен произведенешкахь пайда оьцуш йолу исбаьхьаллин кеп ю. КулдевичгIар а, ХонмурдгIар а вовшашца буста. Дийца, хIун маьIна ду цуьнан.
2. Исбаьхьаллин произведенехь цхьа билгало (деталь) цхьана маьIница юкъаялош хуьлу. «ЦIеран арц» повестехь юй иштта билгало (деталь)? Дийца хIун маьIна ду цуьнан.
3. Тидам бе текстехь, муха хийцало Кулдевич ша къамел хьаьнца деш ву хьожжий. Муьлхачу дешнашца а, интонацица а авторо сатирически кепара гойту и персонаж?
4. ХIун проблема ю, щуна хетарехь, повесть тIехь айъинарг: социальни, адамийн юкъаметтигийн, стага юкъараллехь дIалоцучу меттиган. Шайна хетарг тIечIагIде.
5. Муха бу повестан дIахIоттам? Повестерчу хиламийн уггар ира меттиг муьлханиг ю?

**Вайн къамел кхиадо**

1. Схьалаха повестехь Кулдевичан амал билгалйоккхуш долу дешнаш а, аларш а.
2. Повестан план хIоттае, боцца юхасхьабийца цуьнан чулацам.

**ГIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай**

1. Вевзаш воцу ши стаг шайн хIусаме веача, тIе муха лоцу Банос а, Залубас а? Къоман муьлха гIиллакх лоцу цушиммо баьхкинчаьрца? Ткъа хьешаша шайгара хIун гIиллакх гойту? Дийца, кхечу къаьмнийн дуй вайн санна гIиллакхаш?

2. Залубас дехар до Мирзе: «Ма хIоттаехьа со юьхьIаьржа! Яхь яц хьоьгахь!» Амма «цу дешнашна Мирзин ши лерг къора дара».

Залубас кхузахь юьйцург хIун яхь ю? ХIунда ца дира Мирзас Залубас шега бохург? Вайн гIиллакхашца догIуш дуй цо динарг?

**Культурийн диалог**

«ЦIеран арц» повестехь авторан Iалашо паччахьан заманахьлерачу Iедало, и Iедал дIакхехьа хIиттийначу хьаькамаша, церан хьадалчаш хилла леллачу цхьаболчу вайнаха нохчийн къехошкахь латтийна Iазап гайтар яра. Нохчийчохь паччахьан олалла дIакхоьхьуш хиллачу хьаькамаша мискачу нахана тIехь лелийна къиза, дукха ирча гIуллакхаш исбаьхьаллин басаршца къеггина Iорадоху повестехь.

Оьрсийн литературехь юй повестан темица а, сюжетаца а йогIу лерина произведенеш? ЦIерш яха церан. ХIун ду церан цхьаьнадогIург а, къаьстарг а?

**Кхоллараллин тIедиллар**

1. Доклад язъе «ЦIеран арц» повестехь зударийн васташ» темина.

2. Сочиненеш язьян теманаш:

1. Бадуев СаьIидан «ЦIеран арц» повестехь Кулдевичан, Мирзин, Элбертан васташ.

2. Муха билгалболу «ЦIеран арц» повестан идейни чулацам?

3. «ЦIеран арц» повестехь нохчийн къоман гIиллакх-оьздангалла гайтар.

**Билгалйинчу темина проект кхоллар**

Тайп-тайпанчу хаамийн хьастех пайдаэцарца хаам кечбе паччахьан заманахь халкъан хиллачу дахарх.

## «Лам»

Бадуев СаьIидан произведенеш, муьлххачу а кхечу яздархочун произведенеш санна, шайн мехаллица цхьабосса яц. Тайп-тайпана ю церан чулацаман а, исбаьхьаллин а башхаллаш. Дикаллица къаьста Бадуевн прозий, драматургий. Поэтически произведенеш юкъахь а ю шайна тIе тидам бахийта хьакъерш. Масала, шех схьадолучу маьIница мехала ю тахана а «Лам» стихотворени.

Iаламан исбьахьаллех ю «Лам» стихотворени, амма Iаламан исбаьхьалла гайтина ца Iа поэт, Iалам лардан, Iалашдан дезаш хилар чIагIдо стихотворенехь.

Дукха ниIматаш долуш, хазнех дуьзна, исбаьхьа ду Iалам, амма цуьнан исбаьхьалла экама ю, иза кхоьру, къаьхка, шаьш говза ду,

шаьш Іалам тодийр ду, алссам пайдехьа хуьлучу кепара хуьйцур ду аьлла, адамаш тохаделча:

Хил дехьа, хьаннашкахь,
Олхазарш дека,
Цу ламан хотешкахь
Акхарой угІу.
Хьаннел дехьа, лаьмнашкахь,
И акхарой тийжа,
Цу ламанан бердашкахь
Майра леча цІийза.
Ламано шен кийрахь
И хазнаш Іуьйшу,
Ша буьзна хазнех,
Стигалан Іаьрчашка хьоьжу.
Сийна, кІайн вертанаш
Хуьйцуш, лам беха,
Говзаллех ша кхоьруш,
Гонахара ха доьху.

Іаламехь дерриг а дика ду, ша хила ма-деззара ду, хийцина тодан дезаш хІумма а дац. Іаламе ца лало шена тІекхийдар, хийцамаш бан гІертар. Іаламера ниІматаш, иза талха ца деш, цунна зен ца деш, схьаэцца деза. «Керлачу говзаллица» Іалам а хуьйцуш, цунах пайда оьцур бу аьлла, «говзанча» араваьлча, дуьхьалдовлу дерриг а Іаламаташ:

Гонахарчу шийлачу шовданаша
ТІепаза дан тІелеци,
Цу юькъачу хьаннаша
Акхарой лехка магий,
Сийначу стигланаша
Мархашка кхайкхар тоди,
Юькъачу мархаша
ДогІа делхор чІагІди,
КІоргачу Іаннаша
Дохк кхаба дош дели.
Юькъачу хотеша,

Лаьхьий цIийзор шаьш, эли.
Массо а агIор гIо
Лекхачу ламанна до.

Амма «керла говзалла» тешна ю шен хаарех, шен ницкъах. Шен таронаш хета цунна Iалам карадерзо, иза ломах а тасало. Майра ю иза Iаламца. Iаламан дерриг Iаламаташ – шовданаш, хьаннаш, акхарой, сийна стигланаш, мархаш, догIа, Iаннаш, дохк, юькъа хотеш – шена дуьхьал хилча а, ойла а йина, собаре а хилла, юхаяла дагахь яц «керла говзалла». Поэто боху:

Амма керлачу говзалло
Собар ца до,
Керла говзалла
Цу кхерамех ца кхоьру,
Вайн говза говзалла
Цунах тасаяла ю тIера.

«Керлачу говзаллица» Iалам карадерзадо бохуш, «вайн говзалла цунах тасаелча», гонахарчу Iаламна зен деш хилар, цунна бохам бахьаш хилар гучудолу стихотворенехь.

Оцу стихотворенина дуьххьара зорбатоьхначу хенахь, дIадаханчу бIешеран 30-чу шерашкахь цуьнан маьIна мухха деш хиллехь а, башха исбаьхьаллица кхелина иза яцахь а, тахана къеггина гуш ду Бадуевн и стихотворени Iаламна зен цадаран, иза лардаран, Iалашдан дезаран ойла йойтуш хилар.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. ХIара стихотворени пейзажни лирикера ю, ала тарлур дуй? Шайн жоп тIечагIде.

2. Шуна хIун муха хета, хIун ю кху стихотворенин тема: «Адам а, Iалам а», «Адам а, керла дахар а?» Аьлларг бакъде.

3. Муьлхачу исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсех пайда эцна авторо? ХIун гIуллакх кхочушдо цара стихотворенехь?

4. ХIун ду поэтан сагатдийриг? Стенах лаьцна ойла йо поэто?

5. Муьлхачу строфехь ду стихотворенин маьIна?

6. Стихотворенехь хIоттийна проблема тахана а юй мехала?

## Бадуев СаьIидан кхоллараллин мехалла

Дуккха а ю Бадуев СаьIидан исбаьхьаллин произведенеш. Вай йийцаза йисина «Колхозан иллеш» стихотворенийн книга, «Партизанаш», «Тоьур ду», «Ши малх» боху поэмаш, «Керла нах», «Тракторхо Жуьнид» цIерш йолу очеркаш, «Таймин Бийболат» пьеса, кхийолу произведенеш. Амма йоцца хьахор ю вай цо берашна язйина книгаш.

Бадуев СаьIида боккхачу лаамца язйора берашна лерина произведенеш. 1934-чу шарахь зорбанера араелира «Берашна совгIат» книга. Бос болу суьрташ а долуш, хаза кечйина книга яра иза. Цу тIехь авторо бераш кхета долчу кепехь язйинчу стихашкахь дуьйцура паровозах, тракторх, кеманах, дирижаблах, цу хенахьлерачу техникех, керла хиллачу кхечу хIуманех а. Масала, хазачу басаршца диллинчу хIордкеман суьрта кIел язйина иштта стихаш яра:

Жамалдис дийцира
Кира лело кема.
Цо, цу тIе, бахара,
Тарлур яра рема.

Школашна оьшу дешаран книгаш, кIезиг йоза хуучу баккхийчарна лерина книгаш язйина Бадуев СаьIида. Царах ю «Белхан жайна», «Юрт социализме» цIерш йолу дешаран книгаш.

Цу тайпана шуьйра бу Бадуев СаьIидан кхолларалин чулацам. Литературин ерриг а жанрашкахь язйина цо. Роман, повесташ, поэмаш, дийцарш, очеркаш, пьесаш, стихотворенеш, публицистикин статьяш ю нохчийн литературин бухбиллархочун кхолларалехь. Тахана а вайна оьшуш ю цуьнан тоьлла йолу произведенеш. Кест-кестта зорбатуху яздархочун хаьржина произведенеш. Къаьсттана мехала ю Нохч-ГIалгIайн книжни издательствехь шина томехь араехцна гулйина сочиненеш (хьалхара том араьлла 1976-чу шарахь, шолгIаниг – 1977-чу шарахь). Яздархочун дукхахйолу произведенеш оцу издани юкъа яхна.

Бадуев СаьIидан кхолларалла шен заманан Iалашонаш кхочушъеш, шен хенахьлерачу халкъан дахаран лехамашка хьажийна, адамийн дог-ойла, церан амалш, лехамаш дика, кIорггера гойтуш яра. Цундела хIинцалерачу дахарца цхьаьна йогIуш а ю цуьнан тоьлашха йолу произведенеш.

Яздархочун исбаьхьаллин корматалла заза доккхуш, кхуьуш йолчу хенахь хедира цуьнан кхолламаллин некъ. Нохч-ГIалгIайн драматически театро 1938-чу шеран юьхьехь дIаболийнера «ПетIамат» драми тIехь спектакль хIотторан болх. Спектаклан режиссер волчу Батукаев ХIароница цхьаьна театрехь репетицешкахь хаддаза хуьлуш вара Бадуев СаьIид а.

Премьера[1] хIотто де тIекхочуш сихбинна боьдуш бара театро пьесехь беш болу болх. Оцу хьокъехь хIин-хIинца тIаьхьа а Батукаев ХIарона дуьйцура: «Буса сахиллалц «ПетIамат» спектаклан прогон еш вара со, кхана хила езачу премьерина кечлуш. Сатосуш театрера аравелира, цIа гIой, тIера духар мукъана а хийца аса аьлла.

Генавалале энкавэдешникашна тIеIоттавелира. Уьш, этIош, схьайохуш бара «ПетIамат» спектаклан кестта премьера хиларан хаам беш йолу афишаш.

Со, царна оьгIазвахна, чутасавелира: «Аша хIун до, йовсарш?! Уьш тхан театран афишаш ю, тхан кхана премьера ма ю», – аьлла.

Буьрса схьахьаьжначу энкавэдешнико жоп делира: «Хир яц шун премьера кхана. Кхин Бадуев а хир вац цкъа а. Вели иза шен националистски-буржуазни зурманаш лекхна».

Сан дог шелделира. Ткъа Iуьйрана ерриг Соьлжа-ГIала, зIуган бенах таръелла, зийзаш яра, Бадуев СаьIид лаьцна дIавигна бохуш».

Иштта, бехкбоцуш чу а воьллина, тIепаза вайъира къоман литературин классик.

Бадуев СаьIид 1943-чу шарахь кхелхина лоруш дара. ХIинца, къайлаха лаьттина архиваш схьайиллича, билгалдаьлла и терахь нийса цахилар. Къайлаха хиллачу документаша гойту Бадуев СаьIид 1938-чу шеран 14 февралехь чувоьллинчохь кхелхина хилар.

Яздархочун кхолламалла, дерриг дахар халкъана дIаделла дара.

«Бадуев СаьIид кабинетан яздархо вацара, иза наггахь а карор вацара стоьла тIехь яздеш Iаш, цуьнан белхан кабинет ерриг а Нохчийчоь яра», – яздина Мамакаев Мохьмада.

«Иза доккха похIма долуш, башхачу корматаллин стаг вара. Шен халкъан ирсехьа, и ирс сирла а, дуьззина а хилийтарехьа дIахьочу къийсамехь кIадо йоцуш а, майра а вара», – боху шен дагалецамашкахь Саидов Билала.

---

[1] *Премьера* – спектакль дуьххьара хIоттор.

«Шен произведенеш бахьана долуш нохчийн халкъан шега боккха безам бахийтира Бадуев СаьIида: зорбанера арайовллушехь, нахана юкъа яьржара цуьнан книгаш, генарчу районашкара а, лаьмнашкара а нохчий, цуьнан пьесаш профессиональни театро хIиттош хьовсар-хьама, леррина Соьлжа-ГIала оьхура. Нохчийн дешархочун исбаьхьаллин литературе безам бахийтарехь чот йоцуш доккха гIуллакх дира цуьнан произведенеша. Иза лара веза нохчийн исбаьхьаллин литература, драматурги дуьххьара кхоьллинарг а, цуьнан дуьххьарлера бухбиллархо а», – яздина Мамакаев Iаьрбис.

«Iаламат шатайпа, тамаш бина ца валлал сиха кхиъна а, идейно-исбаьхьаллин агIо шуьйра йолуш а ю цуьнан литературин тIаьхье. Литературехь цо бинчу белхан маьIно а, цуьнан дахарехь хиллачу нийсачу идейни тIетовжамо а Бадуев СаьIид Къилбседа-Кавказехь баьхначу художникийн хьалхарчу магIаре дIахIоттаво», – иштта лаккхара мах хадабо Бадуевн кхоллараллин вайзаманан литературоведенехь.

«Дика прозаикаш, поэташ, драматургаш кIезиг бац нохчийн яздархошна юкъахь, амма царалахь уггар хьалхарчу, коьртачу меттехь лаьтташ верг Бадуев СаьIид ву. Тахана а вай езаш тIеоьцу цуьнан лийр йоцу произведенеш, тIеоьцу уьш цIеначу даггара язйина хиларна, шен халкъе болчу цкъа а кхачалур боцчу безамах уьш юьзна хиларна», – иштта лору нохчийн литературин бухбиллархочун кхоллараллa хIинцалерачу книгашъешархочо.

Хан яларх шен мехалла лах ца ло Бадуев СаьIидан кхолларалла вайнехан исбаьхьаллин культурин къеггина йолу цхьа агIо ю.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Бадуев СаьIидан кхоллараллин тематика муха яра?

2. Муха лерина Бадуев СаьIидан кхолларалла бевзаш болчу нохчийн яздархоша?

3. Нохчийн литература, исбаьхьаллин культура кхиарехь хIун маьIна ду Бадуев СаьIидан кхоллараллин?

**Кхоллараллин тIедиллар**

«Бадуев СаьIидан кхоллараллин мехалла къоман театр а, литература а кхиарехь» темина доклад кечъе.

# МАМАКАЕВ IАЬРБИ ШАМСУДДИНОВИЧ

*(1918–1958)*

Мамакаев Iаьрбин кхоллараллех лаьцначу шен цхьана статья тIехь кхечу нохчийн воккхачу поэто Мамакаев Мохьмада яздина: «Мамакаев Iаьрбис шен кхоллам нохчийн литературех къасталур боцуш дIабоьзна, иза Нохч-ГIалгIайчохь уггар дукхабезаш болчу поэтех ву».

Дукха хан ю и могIанаш яздина. ХIетахь дуьйна схьа нохчийн литературехь говзачу поэтийн а, яздархойн а дуккха а керла цIерш гучуевлла. Хьалха дуьйна цIеяхна болчу а, керла тIекхиъначу а поэташа язйинчу дикачу произведенешца кхуьуш, алсамъяьлла нохчийн поэзин исбаьхьаллин хазна. Амма тахана а ю нахана дукхаезачарна юккъехь Мамакаев Iаьрбин произведенеш.

## Дахар а, кхоллаpалла а

Мамакаев Iаьрби вина 1918-чу шеран 2 декабрехь Теркйистерчу Лаха-Неврехь хьехархочун доьзалехь. Шайн цIенойн тхевнан стоpпал тIе беран хенахь Iаьрбис уьрсаца яздина хилла ша вина терахь хIинц-хIинццалц а долуш дара.

Iаьрбин да Шамсуддин дикка дешна хилла. Цо чекхъяьккхинера Соьлжа-ГIалара ламанхойн школа, цул тIаьхьа Тифлисехь хьехархойн семинарехь а дешнера. ШамсуддингIеран хIусамехь дуккха а книгаш яра. Жимчохь Iемира Iаьрбина деша а, яздан а. Берахь дуьйна книгашца уьйр йолуш кхиъна кIант. Резахуьлуш ешна жимачу Iаьрбис книгаш.

Россера схьабеанчу революцин боламо юкъаозийра Iаьрбин да Шамсуддин. Хьуьнар долуш стаг хилла иза. Пачхьалкхан жоьпаллин декхарш кхочушдеш, Теркан округан чрезвычайни комиссар лаьттина иза. Граждански тIамехь партизанийн тобанан коьртехь а волуш, бIахаллин хьуьнарш гайтина цо. Амма 1921-чу шарахь, тешнабехкаца кIело а йина, вийна Шамсуддин а, цуьнан ваша Юсуп а. Царах лаьцна Iаьрбис тIаьхьа яздийр ду шен поэтически произведенешкахь «21-чу шеран 13 сентябрь», «Ден коша тIехь», «Партизанийн илли», кхиерш.

Жимчохь да воцуш висира Iаьрби, хало лайра. ВорхI шо кхаьчна волуш иза девашас деша дIавелира Серноводскерчу берийн дешаран шахьаре (Серноводский детучгородок). Хьехархой резаболуш

доьшура кӀанта, деша лууш вара иза. Цигара ваьлча, Соьлжа-ГӀала педагогически рабфакс деша веара Ӏаьрби. Рабфакехь цуьнца доьшуш хиллачара дуьйцу, Ӏаьрби дика доьшуш, хаза гӀиллакхаш долуш, эхьбехке вара бохуш. Литературица, поэзица марзо йолуш хилла Ӏаьрби жимчохь дуьйна а. Хьалхе волавелла иза стихаш язъян а.

Мамакаев Ӏаьрбин литературе йолу шовкъаш, цуьнан поэтически похӀма дарехь гучуделира рабфакехь доьшучу хенахь. Цо дукха йоьшура оьрсийн а, нохчийн а яздархойн произведенеш. Исбаьхьаллин литературех кхуьуш, ша а стихаш язъян Ӏемаш вара Ӏаьрби. Дуьххьарлера цуьнан стихаш рабфакан пенан зорбанехь арайийлина, цул тӀаьхьа зорба тоха йолийна «Серло» газета тӀехь а.

Ӏаьрбис стихаш хала ца язйора, боху цуьнца дешначара. Цкъа каникулашна цӀа ваха ша аравьлча, шаьш чохь Ӏачу цӀенойн пенаш тӀе язбинера Ӏаьрбис хӀетта шена дагаеанчу стихан цхьа могӀа: «ХӀинца латта шайна, букура баракаш» аьлла. Иштта цӀаьххьана стихаш язъяр кест-кестта хуьлура Ӏаьрбин бохуш, дуьйцу цара. Ӏаьрбис юьхьанца язъен стихаш башха даккхий хӀуманаш ойуш а ца хилла, кегий а йолуш, еша а, кхета а атта хилла, шайн исбаьхьаллица кхоччуш кхиъна ца хиллехь а.

Мамакаев Ӏаьрбин поэтически кхолларалла дӀайолаелла лору 1934-чу шарахь «Кхиам» литературно-исбаьхьаллин альманаха тӀехь «Рабфак» боху стихотворени зорбатохарца. ХӀетахь араевлла цуьнан «1-ра май», «Хорбаз», кхийолу стихотворенеш а.

1936-чу шарахь чекхъяьккхира Ӏаьрбис рабфак. «Ленинан некъ» (хӀинца «Даймохк») газетан редакце балха хьажийра иза. Адамаш, юкъараллин дахар довзарехь, литературин корматалла кхиарехь пайдехьа хилира газетехь болх бар. Хаддаза болх бора Ӏаьрбис шен исбаьхьаллин говзалла лакхаяккхарехь.

1938-чу шарахь драматургийн курсаш чекхйоху цо. Литературехь тӀевирззина болх бо. Кест-кестта арайовлу керла стихаш газетийн агӀонаш тӀехь, радиохь хеза цуьнан стихаш тӀехь яьхна эшарш. Кхиамца болх бо Ӏаьрбис литературехь.

1934-чу шарахь яздархойн Союзе дӀаоьцу иза. Шен тоьлашха йолчу произведенешна Ӏаьрбис зорба туьйхира 1940-чу шарахь араяьллачу «Теркан тулгӀе» книги тӀехь. Поэтан кхоллараллин корматалла кхоччуш кхиъна хилар гайтира оцу книги тӀерачу произведенеша.

Царна юкъахь яра «АслагIий, Селехьаттий» поэма. Иза поэтан кхолламаллехь мехала произведени хилла ца Iаш, нохчийн эпически поэзи кхиарехь а керла тIегIа хилла дIахIоьттира. ТIаьхьо мелла а хийцамаш а бина, «Нохчийн лаьмнашкахь» цIе тиллира оцу поэмина авторо.

1940-чу шарахь Нохч-ГIалгIайн яздархойн союзан правленин жоьпаллин секретарь вохуьйту Мамакаев Iаьрби. Къоман литература кхиаран чIогIа терго йора цо, кхолламаллин похIма долу кегийрхой лохуш, литературин гонашна уьш юкъаозош, царна гIо деш вара поэт.

Сийлахь-боккха Даймехкан тIом болабеллачу хьалхарчу деношкахь дуьйна Мамакаев Iаьрбин поэтически дош мостагI хIаллакваран, Даймохк фашистех паргIатбаккхаран ойла адамийн дегнашкахь кхиош дара. «Дерриге а – тIамна», «Дозанхочуьнга кехат», «Шотошка», «ТIамна кайолийла», «Чевнаш хиллачу капитане» цIерш йолу стихотворенеш къоман дикачу кIентийн майралла гойтуш, церан сий ойуш, мостагIчунна тIехь толам боккхург хилар чIагIдеш яра.

Мамакаев Iаьрбин кхолламаллехь коьртаниг, йоккха меттиг дIалоцуш ерг поэзи ю, лирически поэзи. Нохчийн литературехь цIеяхна поэт-лирик вара иза. Амма цо прозехь а, драматургехь а язйина мехала произведенеш. Девзаш ду цуьнан «Текхарг» забаре дийцар. ТIеман хенахь язйина «Турпалчу танкистан доьзал» очерк. Йистйоцу майралла гайтинчу Мазаев Маташах лаьцна ю и очерк. Буьрсачу тIамехь турпалаллица мостагIех леташ, чевнаш хилла, госпиталехь Iуьллучу капитанан Мазаев Маташан ден-ненан къонахаллин дог-ойла гайтина шен очеркехь авторо.

Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан драматически театран сцени тIехь 1941–1942-чу шерашкахь хIиттийна Мамакаев Iаьрбин «ОьгIазалла», «Разведка» цIерш йолу пьесаш. Даймехкан тIом лаьттинчу шерашкахь язйинчу оцу пьесийн тексташ, йайна, хIинца карош а яц.

Лаккхара исбаьхьаллин мехалла ю хьалха аша Iамийначу «Винчу юьрта» повестан. Говза исбаьхьаллин сурт хIоттош язйина и повесть нохчийн литературехь дикачарах ю хIинца а.

Сталински таIзар лаьттинчу хенахь, цхьа а бехк боцуш, лаьцна, чувоьллина ехха хан яьккхина Iаьрбис. Юха цIа вирзинчул тIаьхьа 1957-чу шарахь дуьйна иза вара Нохч-ГIалгIайн яздархойн Союзан правленехь консультант. Нохчийн литературехь гIарабевла хиллачу яздархоша, поэташа – Айдамиров Абузара, Муталибов Зайн-

дис, Сулаев Мохьмада, Эдилов Хасмохьмада, кхечара а – Мамакаев Іаьрбин комаьршачу гІоьнца кхиъна шаьш, олура.

ТІехь Іедало латтийначу харцонаша, дахаран халонаша талхийнера Мамакаев Іаьрбин могашалла. Иза цІаьххьана кхелхина 1958-чу шеран 26 августехь Мескетахь, яздархо Айдамиров Абузар волчу хьошалгІа ваханчохь.

Мамакаев Іаьрбин кхолларалла 1940–1950-чуй шерашкахьлерачу нохчийн литературин тоьлашха йолчу агІонех ю.

**Хаттарш а, тІедахкарш а**

1. Мамакаев Іаьрбин бераллин, дешаран хенах дийца.

2. Маца араяьлла Мамакаев Іаьрбин дуьххьарлера поэтически книга? Муха яра цу тІехь зорбатоьхна произведенеш?

3. Дагаяийта шаьш хьалха Іамийна цуьнан произведенеш.

4. Мамакаев Іаьрбин кхоллараллехь коьрта, йоккха меттиг дІалоцуш ерг муьлха поэзи ю, эр дара аша?

5. Муьлхачу жанрашкахь язйина шен произведенеш яздархочо?

## Мамакаев Іаьрбин кхоллараллин башхаллаш

Мамакаев Іаьрбин поэзин орамаш къоман дахарх дара. Халкъан ойланаш, сатийсамаш, адамийн хазахетарш, церан деган Іийжамаш бу поэтан произведенийн чулацамехь берш.

Цуьнан кхоллараллехь тайп-тайпанчу жанрашкахь йолу произведенеш ю: лирически миниатюраш, сюжет йолу яккхий стихотворенеш, поэмаш, дийцарш, повесть, очерк, пьесаш. Делахь а поэтан кхолларалла, коьрта долчу декъана, лирически жанрашкахь кхиъна. Ерриг нохчийн поэзехь гІараваьлла лирически поэт хилла иза. Цуьнан дуккха а стихотворенеш эшаршка ерзийна.

Шуьйра чулацам болуш ю Мамакаев Іаьрбин кхолллларалла. Дахаран дуккха а агІонийн ойла йо поэто: даймохк, даймехкан Іаламан исбаьхьалла, стеган вахаран Іалашо («Кавказан латта», «Сайн кІанте», «Сарахь Теркан тогІехь»,«БІаьстенан Іуьйре», «Шуьйта»); къинхьегаман адамашна паргІато кхайкхор («Терк», «ЦІен седа»); паргІатчу дахарехьа къийсам латтийнчеран сий деш, замано хьалхахІиттош долу декхарш кхочушдар («Ден коша тІехь», «Партизанийн илли», «1921-чу шеран 13 сентябрь», «Вайн дайша буьйсанаш...»); догцІена, оьзда безам, тешаме доттагІалла («ЙоІе», «Айза», «Нохчийн лаьм-

нашкахь»); юкъараллин дахарехь поэтан декхарш а, поэзин меттиг а («Даге»). МостагІех Даймохк паргІатбаккхаран, къоман паргІато Іалашъяран ойла чІагІъеш яра Сийлахь-боккха Даймехкан тІом лаьттинчу хенахь Мамакаев Іаьрбис язйина произведенеш («ДоттагІ гІароллехь», «Дерриге – тІамна», «Даймехкан тІом бечохь», «Чевнаш хиллачу капитане», «Турпалчу танкистан доьзал»). Поэто шен кхоллаpалла, исбаьхьаллин ницкъ Даймехкан хьашташка, адамийн синпаргІатоне хьажийнера:

Алкханчах ека хьо,
Синошна там луш,
Лозунгах кхайкха хьо,
Дегнашна ницкъ луш! –

боху цо шен поэзига. Юх-юха а боккхачу айамца, керлачу исбаьхьаллин ницкъаца яздо поэто шен хьомечу даймахках лаьцна. Ерриг а кхоллараллех чекхболу даймахках, шен къомах болу цуьнан дегалазам.

## Даймахках ойланаш

Даймехкан ойла йо Мамакаев Іаьрбис шен дукхахйолчу произведенешкахь. Даймахке болчу безамах юьззина ю цуьнан кхоллаpалла. Даймехкан дуьхьа вехаш ву поэтан лирически турпалхо. Цуьнан ойланаш даим даймахках хьерчаш ю, ша вина мохк, даймехкан Іалам, цуьнан адамаш хьоме ду цунна.

Стеган мехалла цо махкана, халкъана дечу гІуллакхашца билгалйолуш хилар чІагІдо поэто. «Сан дог, хьо деттало къахьоьгуш халкъана», – иштта ю поэтан лирически турпалхочун вахаран Іалашо.

«Сайн кІанте» стихотворенехь къеггина го и ойла. Даймехкан дуьхьа, халкъан дуьхьа вахар, шен хаарш, хьуьнарш, дерриг шен дахар халкъана, хьомечу махкана дІалуш хилар лору цо стеган сийлалла. Халкъан лазамашца, цуьнан хазахетаршца вехаш хиларх йоллу стеган оьздангалла:

Хьайн мехкан, хьайн халкъан
Ирс дебна аьлла,
Догдика хиллачу
Сирлачу дийнахь,

Дуьненах воккхавеш,
Самалхадаьлла
Хьо велахь, къонахчун
Дог ду хьан кийрахь!

Адамийн хьашташка ладугIуш, нехан баланаш, гIайгIанаш юххера тIеоьцуш верг лору халкъалахь къонах. Иза чIагIдо авторо а:

Вайн нехан хьал-де ахь
Хийра гIуллакх ларахь,
Хьо къонах воцийла
Хаалда хьуна.
Вуьззина нохчийн кIант
Сайн воI ву алахь,
Ирсан да со хеташ
Там хир бу суна!

Иштта боху «Сайн кIанте» стихотворенин лирически турпалхочо.

Шен Даймохк йистйоцуш дукхабезаш волчу турпалхочун васт хIутту вайна хьалха «Кавказан Латта» стихотворенехь:

Ва Кавказ,
сан марзо,
сан серло,
безам,
Сайн нене,
езарге
санна, хьоь лаьтта.
Беркатан,
Майраллин,
Хазаллин
латта,
Арахьа лелла со
кхечи хьан хьаьтта.
Сох хьуна,
хьох суна
байна бац тешам,
Хьох ваьлча, сан дагна
хир бара эшам,

Бахьана а хьаха ду
вай вовшийн деза-м!

Стихотворенин чулацамехь кхидIа а даг тIе кхочучу дешнашца гайтина лирически турпалхочун шен Даймахкаца йолу уьйр:

Сан син аз,
бIаьргийн нур –
Кавказ, ас хьтти
Сайн даге, яьккхинчу
хенах чекх а хьоьжуш,
Са паргIат хиндолчу
меттигах хьоьгуш,
МаьI-маьIIехь вахаран
некъаш а тоьгуш:
Хьуна тIехь санна, хан
мерза ца яьккхи,
Хьан хьаннийн,
хьан лаьмнийн
сурт хьалха лаьтти,
Сан лерг, бIаьрг,
довха дог
ахьчул ца хьаьсти.

Стихийн хIора дош, хIора могIа шен Даймохк йистйоцуш дукхабезаш, еххачу хенахь цунах хьегначу, хIинца цуьнан исбаьхьаллех, аьхналлех марзо оьцуш волчу лирически турпалхочун дог-ойла гойтуш ду. Цуьнан ерриг ойланаш, лаамаш, сатийсамаш Даймахках хьерчаш бу, цуьнца бен хила тарлуш дац ирс я сапаргIат вахар. Iожаллин сахьт тIехIоьттича, Даймахках къаьстина хилар ца деза цунна:

ЦIен зезаг дасталац
гарманан арахь,
Стиглара можа малх
хьоьжуш ца хилча.
Ирс долуш хилла вац
уьйрех дIатилча,
Даймахках ваьллачун
дог хуьлу ирча,

Векхалой хилац стаг
сахьийзош вахахь.
Цундела лаьар-кха,
Іожалла ягІахь,
Сайн каш а
хьан лаьттахь
хуьлийла, дагІахь!

Іаламат говза далийна поэто кхузахь и тІаьххьара долу «дагІахь» дош. Оцу дашца, иза шен меттахь далорца, цунна хьалха ялийнчу соцунгІица шен лирически турпалхочун амалех, цуьнан оьздангаллех дерг говза билгалдаьккхина авторо. Цуьнан шен Даймахке болу бокъкха лерам го вайна кхузахь. Махко, халкъо шен кІант лоруш тІеэцар йоккха сийлалла хета цунна. ХІинццалц схьа даймехкан дуьхьа ша динарг а, кхидІа вахаран некъ кхачабаллалц шен дан ницкъ кхочуберг а кІезиг хета цунна оцу сийлаллица дуьстича.

Исбаьхьчу поэтически дашца гойту Мамакаев Іаьрбис Даймахке болу безам. «Ва Кавказ, сан марзо, сан серло, безам»; «Беркатан, майраллин, хазаллин латта»; «Поэзин, музыкин хьостанан латта»; «Сан син аз, бІаьргийн нур – Кавказ». И ерриг исбаьхьа эпитеташ хьаналчу кІентан шен даймахкаца йолу юкъаметтигаш билгалйохуш ю.

**Хаттарш а, тІедахкарш а**

1. Тидам бе «Кавказан Латта» стихотворенехь васткхолларан, поэтически суртхІотторан башхаллийн.
2. Дагахь Іамае стихотворени тІера шайна хазахеташ йолу шиъ-кхоъ строфа.
3. ХІун ойла хуьлу хьан «Сайн кІанте» стихотворени ешча?
4. Муха хета хьуна оцу стихотворенин маьІна?
5. Поэтан шен Даймахке болу безам муха го вайна цуьнан лирикехь?

**Ешначух ойла е вай**

1. «Кавказан латта» стихотворени пейзажни лирикера ю, ала тарлур дуй? Шайн жоп бакъде.
2. Кавказан сурт муха хІоттийна поэто? Авторан муьлха синхаамаш билгалбовлу цу тІехь?
3. Муьлхачу дешнашца гайтина поэто шен Кавказан латте болу безам?
4. Даймахкаца уьйр ерг, цунах дІахервелларг мича кепара хуьлу, боху поэто?
5. ХІун лаам бу лирически турпалхочун?

6. «Сайн кIанте» стихотворени поэтан шен кIанте дина весет ду, ала мегар дуй?

7. ХIун хьехам бу авторо шен кIанте бийриг, иза муха хила лаьа цунна?

8. Ша ирс долуш маца хетар ву лирически турпалхочунна?

9. Поэтана хетарехь, къонахчун дог мича кепара детталуш хила деза?

### Стихотворенийн исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. Стихотворенехь метафорех, олицетворенех пайда эцна. Схьалаха уьш. Ойла е, хIун гIуллакх кхочушдо цара Кавказан сурт хIотгош.

2. Схьалаха инверсин масалш (дешнийн къепе хийцар):

а) сказуеми подлежащил хьалха лаьтта;

б) билгалдош цIердашна тIехьа лаьтта. Оцу исбаьхьаллин кепах пайда хIун бахьана долуш оьцу авторо?

3. Стихотворенеш тIера меттан исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсаш схьалаха. ДIаязбе уьш шайн белхан тетрадаш тIе.

4. Муьлха дустарш гира шуна стихотворенеш тIехь? ХIун маьIна ду церан?

5. Муьлхачу формехь язйина вай хьахийна йолу стихотворенеш (дийцар, диалог, монолог, ойлаяр)?

### Кхоллараллин тIедиллар

Билгалйинчу цхьана темина цIахь сочинени язъе: «Кавказ, сан марзо, сан безам», «Мамакаевн суна дукхаеза стихотворени».

### Культурийн диалог

А. Пушкин, М. Лермонтов, Л. Толстой Кавказехь хилла. Кавказан аьрхачу Iаламо а, вайн оьздачу гIиллакхаша а тIеIаткъам бар бахьана долуш, Кавказах лаьцна произведенеш язйина цара. Есенин Сергейн поэзи герга хилла Мамакаев Iаьрбина а. Цунах Iемаш кхоьллина цо шен поэтически произведенеш. Цундела олуш хилла Iаьрбих Чеченский Есенин.

Кхин муьлхачу оьрсийн яздархойн кхоллараллa йозаелла яра вайн Кавказца?

## Iаламан, безаман лирика

Шуьйра тематика йолчу Мамакаев Iаьрбин лирикехь коьртаниг, хаддаза поэто юх-юха а гойтург даймохк, даймехкан Iалам, адамийн сирла ойланаш ю.

Iаламах лаьцна йолу поэтан стихотворенеш йоьшуш («Терк», «БIаьстенан Iуьйре», «Сарахь Теркан тогIехь», «Кхаш тIехь къора», «Шуьйта») авторца цхьаьна вай тергалйо Теркан тулгIенаш а, Теркан тогIеш а; бIаьрг беларца го вайна «сирлачу шовданийн хьесапща

ерина ... даймехкан аренаш», тергалдо вай «бІаьстено къагийна ламанийн баххьаш», поэтан зевнечу дашо лерг хьоьстуш ладугІу вай баьццарчу бошмашкахь декачу олхазарийн эшаршка; хазахеташ хьуьйсу «алкханчийн ловзаршка».

Массо басарщца лепаш, олхазарийн аьзнашца декаш ду даймехкан Іалам «БІаьстенан Іуьйре» стихотворенехь:

Буьйсанна набарха йолий,
Сирла бІаьрг дуьнен чу боьллий,
Сахуьлий, тІекхочу, гІоттий,
Эсалчу бІаьстенан Іуьйре.

Стиглахь малхбалехьа серло
Мархийн бос дашо беш кхерста,
Баххьашца къегачу малхо
ЗІенаршца бода дІатотту.
..................................................
Олхазарш, бошмашкахь ловзуш,
Дуткъачу гаьннаш тІехь дека.
Юткъачу шакарщца эшарш
Цара, дилха дог хьоьстуш, лоькху.

Мамакаев Іаьрбин лирика дог делош, ойла серлайоккхуш ю. Цуьнан лирически произведенийн коьрта башхалла ю уьш цІеначу маттаца язйина хилар, хІоранна а даг чу кхочуш долу исбаьхьаллин суьрташ, васташ царна тІехь кхоллар, къоман дахарехь, адамийн ойланехь дерг, хьакъйолчу исбаьхьаллин кепа а дерзийна, схьагайтина хилар.

Оьзда гІиллакхаш, догцІена безам, тешаме доттагІалла, халкъан беркате ламасташ го вайна поэтан лирикехь. Кегийрхошна юкъара, хьаьъна, шовда санна цІена безам гайтина шен лирикехь поэто. Безаман лирикехь къаьсттана мехала ю «ЙоІе» стихотворени. Хьаналчу безаман сирла синхаамаш бу оцу стихотворенехь:

ІиндагІаш лахделла
Акхтаргийн, диттийн,
Сайний бен, кхечунна
Хьо гарна кхоьруш
Лаьтта со тогІи чохь,
Теркан хин йистехь,

Хьо йогIур ю моьттуш,
Миноташ лоьруш.

Исбаьхьаллица кхоьллина стихаш ю уьш. Кхузахь яц чолхе инверсеш а, маьIна хьулдеш йолу метафораш а, я цхьа эпитет а, амма лаккхара поэзи ю.

Мамакаев Iаьрбин стихаш дукха атта кхоьллина хета, поэто башха къа а ца хьоьгуш, ша-шаха цунна дагаяьхкича санна хетало. Амма иза царна тIехь дукха къахьегна хиларан билгало ю. Ненан меттан хазни юккъера шена оьшуш долу дош схьа а лохуш, шен поэтически ойла гучуяккхархьама, иза хила деззачу метте дIанисдина авторо. Цо керла дешнаш ца кхоьллина я дешнийн керла форманаш ца яьхна, меттан синтаксис ца талхийна. Стихийн куц хаздан гIерташ, «исбаьхьаллин гIирсаш» тIекIел а ца боьттина. Къаьсттана гуш ду, нохчийн мотт шен йоцчу кепа нисбан а ца гIерташ, поэто цуьнан бакъонаш ларийна хилар.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Щерш яха Мамакаев Iаьрбин Iаламах йолчу стихотворенийн. Муха хета хьуна поэтан Iаламан лирика?

2. Даймехкан Iаламан суьрташ кхуллуш исбаьхьаллин гIирсех муха пайда оьцу авторо?

3. «ЙоIе» стихотворенехь лирически турпалхочун дог-ойла, безаман синхаамаш муха билгалбовлу?

4. ХIун башхаллаш ю Мамакаев Iаьрбин безаман лирикин? «ЙоIе» стихотворенехь муха бу лирически турпалхочун йоIе болу безам? Стаг хазвеш кхолург хIун ду, боху цо цу тIехь?

5. Поэто шен стихотворенехь юьйцург билггала цхьа йоI ю я юкъара васт ду цо цу тIехь кхоьллинарг?

6. Муха бу поэтан безаме болу хьежам? Шайн жоп масалшца тIечIагIде.

7. Оьрсийн поэтан Есенин Сергейн дукха ю безамах лаьцна стихотворенеш. Цо шен стихашкахь кхоьллина йоьIан сурт догIий Мамакаев Iаьрбис хаьржинчу йоIаца? ХIун ду церан цхьаьнадогIург а, къаьстарг а?

## «Даге»

Адамийн дахарехь поэзин хIун маьIна ду? ХIунда оьшуш ю иза? Муха хила еза и? Поэтана хьалха хIун декхарш лаьтта? Муха меттиг лаца еза цо дахарехь? Ша нийса вехий-техьа, ша ала дезарг аьллийтехьа, дан дезарг диний-техьа? – Иштта хаттарш хIуьтту муьлххачу

а воккхачу поэтана хьалха. Оцу хаттарш тӀехь ойла еш язйича санна хета Мамакаев Ӏаьрбин «Даге» стихотворени.

Авторан монологах лаьтташ ю «Даге» стихотворени. Иза язйина 1957-чу шарахь. Цул тӀаьхьа цхьана шарахь а ца ваьхна поэт. Сталински лагершкахь, сибрехахь лайначу халонаша хьалхе хадийра цуьнан дахаран некъ.

Шовзткъа шере бен валаза волчу поэто, шен Ӏожалла герга юйла хууш санна, яздо:

Суьйренга лестина
сан шерийн йорта,
Дог, шек ма далалахь,
хьалхе ду алий;
Йисинчу хьайн ханна
гӀоза а далий,
ЙогӀучу суьйренан
беркат а ларий,
Ӏуьйренца цадинарг
дан кхиа гӀорта,
Кхетаммий,
безаммий
хилийта шорта.

Шен даге дечу къамелан кепехь язйина авторо стихотворени. Цо ойла йо шен дӀадахначу дахаран, ша яздинчун, яздан таро йоцуш дисна, кийрахь шена Ӏеткъаш лаьттинчеран хьокъехь:

Яздан ницкъ боллушехь,
ца яздеш дисна,
Дагахь дерг дӀаяздан
таро ца хилла,
Безаман алонна
хьо юьстах тилла,
Лаамца, лаамза
некъаш тӀе диллла.
Кхолламо гамдинарг
ницкъ боцуш нисдан,
Хиллачу гӀелонна
хьо кӀел ма дисалахь!

Мамакаев Іаьрбин стихотворенин маьІна шуьйра ду. Цу тІехь авторо ойла йо, дахарехь мухачу лехамашца хила еза поэзи, хІун декхарш кхочушдан деза поэто, дуьнене хьежамаш муха хила беза цуьнан, нахаца йолу юкъаметтигаш, уьйраш муха хила еза, шегара хІун амалш гайта еза цо.

Авторо чІагІдо, муьлххачу а хьелашкахь хилча а, поэт, нийсонна тІера ца волуш, бакъдерг нахе дІакхачош, цІеначу, беркатечу ойланашца вехаш а, яздеш а хила везар. Шен стихотворенехь цо боху:

Хьайн мукъам,
хьайн ойла
ма-ярра хьолахь,
Эхь деца дагахь – цхьаъ,
дуьйцуш кхин хилча,
Поэт бакъ, нийсачу
некъах дІатилча,
ЦІенаниг бехдича,
боьханиг дилча.
Гонахе бакъонан
бІаьргашца голахь,
Стаг кхарда йиш йоцчу
амалца гІолахь!

Халкъан ойланашца детталуш хила деза поэтан дог. «Сохьтан сий ца лоьхуш, халкъана язде», – боху цо. Къоман дахарехь хилларг, долуш дерг, хиндерг дийцар, осалалла, кІезгалла сийсазъяр, тайна дерг, оьзданиг, сийлахь деш, чІагІдар лору авторо поэтан декхар.

Юьххьера дуьйна ерриг стихотворенех чекхйолу халкъана, махкана хьанал хиларан ойла. Оцу ойланца ерзайо авторо стихотворени:

Нах безаш, нахана
ша везаш ваха –
Шен халкъан вoI волчун
бу ирсан корта.
Ша винчу
мехкан хьал
хилийта шорта,
Халкъана хьайн хьуьнар
дІадала гІорта.

ГӀуллакхийн сий цкъа а
дойур дац наха,
Поэтан вахаран
маьӀна совдаха!

Поэт къоман хьаштанца вехаш а волуш, поэзи халкъан лехамашца йогӀуш хила езар чӀагӀдо Мамакаев Ӏаьрбис «Даге» стихотворснехь.

**Хаттарш а, тӀедахкарш а**

1. Муьлхачу жанрашкахь ю Мамакаев Ӏаьрбин кхолларалла?
2. «Даге» стихотворенехь авторан ойла муха хета хьуна?
3. Муха лору Мамакаев Ӏаьрбис адамийн юкъараллехь поэтан меттиг а, поэзин маьӀна а?
4. Шуна хетарехь, хӀунда оьшу поэзи, стеган дахарехь а, юкъараллехь а хӀун меттиг дӀалоцу цо?
5. Мамакаев Ӏаьрбина хетарехь, хӀун гӀуллакх кхочушдо поэто юкъараллехь?
6. «Даге» стихотворенин интонаци массо а дакъошкахь цхьатера ю я хийцалуш ю?
7. «Даге» стихотворенехь муьлха дешнаш ду коьрта, маьӀне? ХӀунда ду уьш коьрта? Шайн жоп бакъде.
8. Оьрсийн поэтийн Пушкин А.С. «Кавказ», Лермонтов М.Ю. «Кинжал» стихотворенешца юста Мамакаев Ӏ. «Даге», «Сайн кӀанте» стихотворенеш.
9. Дийца поэтан лирикин чулацаман, исбаьхьаллин мехаллех.

**Билгалйинчу темина проект кхоллар**

1. Мамакаев Ӏаьрбин стихотворенеш къастош ешар. Къовсамна кечам бе. Классехь дӀахьо иза.

**ХӀун Ӏемина вайна**

Поэтически тексташ талла, авторан дог-ойла а, синхӀоттам а лирически турпалхочуьнца цхьаьнатоха.

Ойла е, муьлха коьрта теманаш билгалъевлира Мамакаев Ӏаьрбин кхоллараллехь.

## Лирикех кхетам балар

Исбаьхьаллин литературин произведенеш, дахар гайтаран кепе хьаьжжина, кхаа тайпане екъало: эпос, лирика, драма. Оцу кхаа тайпанах хӀора а шен къаьсттана башхаллаш йолуш ду. Шатайпана ю царна

тIехь дахар гайтаран кеп. Эпически, драматически произведенешкахь билггал болчу хиламех лаьцна дуьйцу, тайп-тайпана персонажаш кхуллу, церан вовшашца йолу юкъаметтигаш гучуйоху, цара кхочушден гIуллакхаш гойту. И персонажаш шайн юьхь-сибатца, амалца, духарца, леларца, къамелан башхаллашца къаьсташ хуьлу. Эпически, драматически произведенешкахь чекхдаьлла долу (дIадоладалар а, кхиар а, дерзар а долуш) гIуллакх я гIуллакхаш гойту. Масала, Бадуев СаьIидан «Щеран арц» повесть тIехь къоман хьалхалерачу дахаран исбаьхьаллин сурт хIоттийна. Билгалйолу персонажаш ю повесть тIехь: халкъан векалш Хонмурд, Бану, Залуба, юьртахь паччахьан Iедал дIакхехьа хIоттийна волу пристав Кулдевич, цунна тIаьхьавозу Мирза а, Элберт а. Церан вовшашца йогIучу юкъаметтигех, цара кхочушдечу гIуллакхех лаьтта повестан сюжет. Къеггинчу хиламашкахь гучуболу цуьнан чулацам. Оцу ардамечу шуьйрачу чулацамах схьадолу повестан маьIна а.

Лирически произведенешкахь дахар гайтаран кхин кеп ю. *Лирикехь дахар гойту оцу дахаречу гIуллакхаша, хиламаша меттахъяьхна адамийн ойланаш, синхаамаш гайтарехула.*

Искусствон теоретико Г.В. Гегела яздина: «Поэто дахарехь дерг шега чу а эцна, цунах шен чулацам бан безаш хиларх бохку лирикин коьрта лехамаш». Дуьненан хиламаш, дахарера гIуллакхаш шен даг чу «схьаоьцу» поэто, тIаккха цуьнан кхоллалуш йолу ойланаш ю вайна лирически произведенешкахь хаалурш. Дуьненца, шена гонахарчу дахарца поэтан йолу юкъаметтигаш го вайна лирикехь.

Iаламехь я адамийн дахарехь шена гуш долчо меттахбоху поэтан синхаамаш, ойланаш, тIаккха кхоллало лирически произведени. Тидам бер вай Арсанукаев Шайхин «Баьпкан юьхк» стихотворенин. Иштта дIайолалуш ю иза:

Баьпкан юьхк Iуьллу.
Дийнна баьпкан юьхк.
Iуьллу и новкъахь,
Iуьллу дIасалелачу адамийн
когаш кIел!

Лаьттахь Iуьллу баьпкан юьхк, цунах кхоам ца хеташ тIехдуьйлу адамаш. И сурт Iаьткъина поэтана. Цуьнан синтем байна, дог карзахдаьлла:

ТIехбуьйлу...
ТIехбуьйлу –
ца гуш санна,
ТIехбуьйлу – .
бен доцуш.
ТIехбуьйлу –
ойла ца еш.
ТIехбуьйлу –
шайн модни мачашца
кхоамза
дахаран цуьрг а хьоьшуш!
ТIехбуьйлу...

Оцу суьрто инзарваьkkхинчу поэтана карладолу хьалха хилларг, адамо хьалха лайнарг. ХIинца шена гушдерг оцу хьалхалерачуьнца ойланехь дуьстича, кхин а чIогIа тохало поэтан дог, карзахбовлу синхаамаш, дулало аз:

ТIехбуьйлу,
Ленинградан блокада,
цкъа а ца хилча санна.
ТIехбуьйлу,
къизачу тIеман
бIаьстенан юьххьехь,
мокхачу арахь,
шийлачу махо лоьkхучу,
эгIазчу бераша
ахдешначу лай кIелхьара
берцан кан
цкъа а ца лехьийча санна!

Кхузахь поэтан дог-ойла, синхьегам шаьш кхиарехь лакхарчу тIегIане кхаьчна. Цул тIаьхьа цецвийлар, тамаш бар лах а лой, шена гинчу хьокъехь паргIат ойлаяре волу иза. Стихотворени ерзош, и шайца дIайолаелла дешнаш делахь а, хIинца церан маьIна кхин ду, иза хаало интонацехь а:

Баьпкан юьхк Iуьллу,
Дийнна баьпкан юьхк!

Iуьллу и новкъахь,
Iуьллу дIасалелачу адамийн
когаш кIел...

Говза кхоьллинчу оцу поэтически васто вайн синхаамаш карзахбоху, дог Iовжадо, ойланаш йойту.

Лирически произведенеш стихашца язъеш ю. Стихотворенин формано дешнаш цхьана куьцехь дIанисдо, царна чIагIо а луш, чекхдаьллачу маьIница вовшахтуху. Стихехь шен массо а озаца дека дош, исбаьхьаллица къега цуьнан маьIна, гучудолу шена юххерчу дешнашца цуьнан тамашийна хаза уьйраш тасаялар.

Хьовсур вай Арсанукаев Шайхин кхин цхьана стихотворенига:

Бода бешаш гиний шуна?
Гиний Iаьржа буьйса йовш?
Серло яьржаш гиний шуна?
Гиний Iалам меттаххьовш?

Iуьйре гIоттуш гиний шуна,
Баржабеш шен сирла мор?
Йогу беснеш гиний шуна,
Доьллуш цо шен сирла кор?

Нуьре хьажар гиний шуна,
Гонах бIаьрг цо кхарстабеш?
Елакъажар гиний шуна,
Дахарах сов йоккхаеш?

Къона Iуьйре тергалъелаш –
Товш ю, нускал санна, и.
Денна иза декъалъелаш –
Серло яхьаш йогIу и!

Оцу стихотворенин цхьа шатайпана аьхналла кхоьллина авторо нохчийн меттан исбаьхьаллин таронех говза пайдаэцаро, шен ойла гучуяккхархьама оьшуш долу дош шеца догIуш доллучу дашца цхьаьнадаладаро. Церан исбаьхьалла, хаза декар нисделла поэто уьш говза дIанисдар, цхьаьнатасар бахьана долуш. Стихан ритм а, цхьа шатайпана лирически интонаци а кхоьллина цара. Лирически

интонаци лору лирически произведенийн коьртачу башхаллех цхьаъ. Интонацино гIо до стихотворенин маьIнех кхиа.

Масала, Мамакаев Мохьмадан «ТIулгаша а дуьйцу» стихотворенин маьIна цуьнан интонацехь а гучудолу:

Со лам чу вогIура кху ширчу новкъа,
Некъаца тидам беш, тIулгашка хьийжи.
Дай баьхна гIирсаш а, хилларг а довзош,
Цу тIулгийн тархаша шайн мотт а бийци.

Хьан бах хьо, сан Даймохк, яхначу хенахь,
Йоза а хьайн доцуш, бIарзбелла баьхна?
Къийсамо аьгначу хьан тIулган белшахь
Гуш ду-кха яздина сан дайшка кхаьчнарг...

Чевнаш дIайирзина, хIиттина моьнаш,
Уьш ду-кха хатI кIорга яздина йоза.
Ас йоьшу цуьнца хьан къайлаха чевнаш,
Эхь-бехк а, къийсам а – бIеширийн ойла.

Хьалхарчу строфахь йолу хаамбаран интонаци шолгIачу строфахь хаттаран интонацига йоьрзу. Оцу риторически хаттарца поэто чIагIдо ша бохуш дерг, шен ойланехь дерг. КхидIа а хийцалуш йолчу интонацино гIо до оцу стихотворенин маьIнех кхета.

Стихан интонаци билгалъяккхарехь доккха маьIна ду хьаьркаш хIитторан: айдаран а, хаттаран а хьаьркаш, дукхатIадамаш, цIоьмалг, тIадам, сизалг.

Шайн чулацаме хьаьжжина, тайпанашка екъалуш ю лирически произведенеш: граждански лирика, Iаламан лирика, безаман, доттагIаллин лирика и. д. кх.

«Куц гойтуш, бакъдерг ду поэзин дезарш», – яздина Мамакаев Iаьрбис. Лирически произведенин мехалла, кхечу жанрехь йолчу произведенин а санна, цуьнан чулацамах йозуш ю. Кхузахь произведенин чулацам бохучу кхетамна юкъайогIу цуьнан исбаьхьаллин агIо а. Поэтан шен стихотворенехь бохуш долчуьнга, цунах схьадолучу маьIне, цуьнан исбаьхьалле хьожжий, хадабо стихотворенин мах.

## Лирически турпалхо

*Авторан ойланаш, лаамаш, синхаамаш шеца билгалбовлучу исбаьхьаллин вастах лирически турпалхо олу.*

Лирически турпалхо шен дегӀ а, юьхь-сибат а долуш персонаж яц. Иза лирически произведенешкахь авторан дог-ойла, цуьнан дуьнене хьежар шеца билгалдолу исбаьхьаллин васт ду.

Лирически турпалхо ша поэт лара ца веза. Цуьнан синхьегам а кхето ца беза еккъа поэтан шен ойланаш, синхаамаш санна. Иза иштта кхетош хилча, дукха лахлур дара поэтан кхоллараллин а, ерриг лирикин а маьӀна. Лирически турпалхочун васт, кхечу жанрашкахь йолчу произведенешкахь а васт кхуллуш ма-хиллара, дахарера материал а гулйой, иза исбаьхьаллин кепехь литта а луьттий, шен поэтически фантазица тӀе а дузий, кхуллуш ду. Делахь а дукххаьолахь лирически турпалхочун васт, цуьнан дог-ойла, дуьнене хьежар авторан дахарерчу гӀуллакхашца, дуьнене хьежарца цхьаьнадогӀуш хуьлу.

Поэт билггал йолчу ханах вехаш ву, шен ханахьлерачу нахаца уьйраш йогӀуш а, юкъараллин лехамаш кхочушбан гӀерташ а хуьлуш ву. Бакъволчу поэтан ойланаш шен заманан лехамашца, халкъан хьашташца цхьаьнайогӀуш хуьлу. Лирически произведенеш тӀехь авторан ойланашкахь вайна гучудериг – иза еккъа поэтан дог-ойла, цуьнан дуьнене хьежар хилла ца Ӏаш, юкъараллин маьӀна дерг, адамийн лехамашца дерг ду.

### Хаттарш а, тӀедахкарш а

1. Исбаьхьаллин произведенеш муьлхачу тайпанашка екъало?

2. Дийца, муха ю дахар гайтаран кеп эпически, лирически, драматически произведенеш тӀехь.

3. Шайн чулацаме хьаьжжина, муьлхачу тайпанашка екъалуш ю лирически произведенеш?

4. Муха къаьста вовшех лирически турпалхо а, автор а?

5. Муха кхуллуш ду лирически турпалхочун васт, муха хуьлу цуьнан дог-ойла, дуьнене хьежар?

6. Муха хила декхар ду поэтан ойланаш, хӀун ду вайна цуьнан ойланашкахь гучудериг?

### Кхоллараллин тӀедиллар

Пособи тӀера статья кхин цкъа дӀа а еший, хаам кечбе «Лирика а, лирически турпалхо а» темина.

## «Нохчийн лаьмнашкахь»

Мамакаев Іаьрбин 1940-чу шарахь араяьллачу «Теркан тулгІе» поэтически сборник тІехь зорбатоьхна яра «АслагІий, Селехьаттий» йоккха поэма.

1939-чу шарахь язйина йолу и поэма, поэтан кхолларалллехь йоккха меттиг дІалаьцна ца Іаш, нохчийн эпически поэзи кхиарехь а керла тІегІа хилла дІахІоьттина.

1958-чу шарахь авторо, кІеззиг хийцамаш беш то а йина, керла цІе а тиллина, арахецна шен поэма. ХІетахь дуьйна вайн литературехь «Нохчийн лаьмнашкахь» цІарца евзаш ю и произведени.

Мамакаев Іаьрбин поэтически корматалла къеггина гучуйолу оцу поэмехь. Ша гайтина йолу дахаран материал кІорггерчу исбаьхьаллин кепехь листина поэто.

«Нохчийн лаьмнашкахь» поэмин идейно-тематически чулацам шуьйра бу. Хьалхалерачу заманахь халкъа юкъахь даьржина хилла чІиръекхаран Іадат Іорадоккху цу тІехь. ДогцІена безам а, тешаме доттагІалла а гойту. Обаргаллин гІуллакхаш а къастадо. Къехоша паччахьан Іедалан тІеІаткъам лайна хиларх дуьйцу. Нохчийн Іер-дахаран дуккха а исбаьхьаллин суьрташ дехкина авторо. Іаламат хаза гайтина къоман гІиллакхаш, даймехкан Іалам.

### Поэмин дІахІоттам

Поэма хьалхарчу дашах, деа декъах, тІаьхьарчу дашах лаьтташ ю. Хьалхара дош доккха дац – 8 строфа чулоцуш ду. Цу тІехь авторо поэмин хиламаш нохчийн къоман дахарерчу гІуллакхех бозуш хилар а, иза язъеш шена хьалха лаьттинчу Іалашонех а дуьйцу.

Хьалхарчу декъа тІехь поэмин турпалхойх дерг хоуьйту, церан вовшашца йолу уьйраш йовзуьйту. Кхузахь дІайолало поэмин коьрта проблемаш къастор шайх дозаделла йолу сюжетан зІенаш: АслагІа – Селехьат, АслагІа – ШахІид, АслагІа – ШахІид – Селехьат, АслагІа – цуьнан чІирхой.

Цу тайпана, поэмин коьрта проблемаш хьалхарчу декъа тІехь юкъайоху авторо.

ШолгІачу декъа тІехь къастош ю АслагІа – обаргаш аьлла билгалъяьккхина йолу сюжетан зІе. Лурволар бахьана долуш, шен чІирхойх

къаьхкина, обаргех дӀакхета АслагӀа. Паччахьан салташна дуьхьал бечу тӀамехь дакъалоцу цо.

Поэмин кхоалгӀа дакъа АслагӀа – ШахӀид – Селехьат сюжетан зӀенаца къастош йолу проблемаш кхидӀа а кӀаргъеш ду. ШахӀидан гӀиллакх-амалш а кӀорггера билгалйовлу кхузахь.

Поэмин хиламаш шаьш кхиарца кульминацига кхочу доьалгӀачу декъа тӀехь. ГӀуллакхийн дерзар а кхузахь ду. АслагӀа къизачу Ӏадато тӀаьххьар а вожаво, Селехьат а, Ӏадаташца къийсаме йолий, царна дуьхьало еш, ле.

Доцца далийначу тӀаьхьарчу дашца авторо гойту: ирча зуламаш, зенаш шеца долуш хилла хьалхалера дахар, амма иза хилларг, дӀадахнарг ду, ткъа вайн хӀинцалера дахар сирла, ирсе хила деза.

Поэмин хӀора декъана эпиграф ялийна. *Эпиграф олу произведенина (я цуьнан дакъошна) хьалха далийна, цуьнан коьрта маьӀна доцца шайца гучудолучу дешнех.* Уьш, гуттар бохург санна, кхечу произведени тӀера схьаэцна я кхечу цхьаммо аьлла говза дешнаш хуьлу. «Нохчийн лаьмнашкахь» поэмин деа декъах хӀоранна а хьалха ерш халкъан иллешний, эшаршний тӀера схьаэцна эпиграфаш ю. Иштта хьалхара дакъа долалуш ялийна ю халкъан илли тӀера схьаэцна эпиграф:

Стиглахь марха ва йоцуш,
Мела догӀа догӀур дац.
Кийрахь бала ва боцуш,
Ши бӀаьриг боьлхур бац.

Оцу дешнаша сингаттам хьоьху, цара билгалдоккху кхидӀа дуьйцурш гӀайгӀане, балане гӀуллакхаш хилар.

Поэмин халкъан барта кхоллараллица юххера уьйр ю. Вай билгал ма-даккхара, массо а эпиграф халкъан иллешний, эшаршний тӀера схьаэцна ю. Поэмина говза юкъадалийна масех халкъан илли а ду, юкъаялийна мехкарийн эшарш а ю. Масала, хьалхарчу декъа тӀехь Селехьатан йиш «ДӀабузу малх дӀабузале», кхоалгӀачу декъа тӀехь корера йиш «Де доьхна со йисча», доьалгӀачу декъа тӀехь хьуьнхара мукъам, илли «Вай, делча, денлур дац». Поэмин мотт а, стих а ю халкъан барта кхоллараллица уьйр хилар билгалдолуш.

## Поэмехь безам а, доттагIалла а

Поэмин коьрта турпалхо АслагIа чIиро дакъазваьккхина лелаш цхьалха стаг ву. ХIун ду АслагIера даьлларг, хIун бахьана ду цуьнга чIир кховдаяран? Оцу хаттаршна, шалхе йоцуш, къеггина жоп ду поэмехь:

Мацах цкъа (ткъа маца?),
Тхох стаг вер тIехтоьхна,
ЧIирна тхан ден карах
Стаг валар хиллера.
Еха хан ялале
Тхан да а кхелхира,
Со кхиъна валале,
Соьга чIир хьейира.

Къоначу АслагIе чIир хьейина, хIинца иза лурвоьлла стаг ву. «Дехаре юрт эхарх, машар ца хилира». Гергарнаш, нийсархой дIа а тесна, шен цIийнах, винчу юьртах ваьлла, хийрачу нахехь лечкъина Iен деза цуьнан, я хьуьнан хотешкахь адам ца кхоччехь лела деза. Де а, буьйса а маьрша дац, гуттар а Iожалла когаш кIел ю. Хаддаза иза лоьхуш болу мостагIий тIекхаьчна минот цуьнан дахарехь тIаьххьарниг хир ю. Ииттта ду къинхетам боцчу чIиран низам. Лурволаро дуьненан марзонах воккху стаг, халкъана а, махкана а пайдехь хиларх хадаво. Иза Iаламат къегина гойту поэмехь АслагIин вастаца. Лурвоьлла хилар бахьана долуш ца йоуьйту АслагIе иза везаш а, цунна езаш а йолу Селехьат шен дас, нанас. Уггар чIогIачу, мерзачу синхаамна – безамна дуьхьал ду поэмехь Iадат. Дезаш долу шиъ холчухIоттадо АслагIина тIехь чIир хиларо, оцу гIуллакхо ирс дайъина цушиннан.

Мамакаев Iаьрбис шен турпалхо яккхийчу халонашкахула чекхвахарца гойту чIиръекхаран Iадатан тIеIаткъам. ЧIирхошна гучуваьлча, нехан юьртахь доттагI волчохь Iан а маьрша дац АслагIина. ЦIийнах-цIарх ваьлла, бевзарш-безарш битина, безамах, ирсах хаьдда, дуьххьалдIа шен са лардеш хьуьнхахь лечкъина Iийча а ца вуьту лурвоьлларг. Нахана юкъахь лелачу Iадато иза вер тIедожадо. «Цара йийнарг котам яц, цуьнан дас стаг вийна», – боху наха. ЧIирхошна юкъара мостагIалла чIагIдо оцу хабарша.

Поэмехь йоккхачу исбаьхьаллица гайтина чIир тIехь хиларо стаг дакъазвоккхуш хилар. «Мацах цкъа» кхуьнан ден карах стаг валар бахьана долуш, адамех терра вахарх а, леларх а ваьлла АслагIа.

Маршоно хьегавеш,
Шен вахар гIийла ду,
ЧIирхоша къехкавеш,
Кху хьуьнхахь шен бен бу.
Ког биллал латта дац
Ша теша йиш йолуш,
КIайн маьлхан хьо дуьне,
Ша маца дуур-техьа? –

бохуш, гIийла ойла йойту АслагIе шен декъазчу кхолламо.

Психологически кхачам болуш гойту Мамакаев Iаьрбис турпалхойн ойланаш а, цаьрца Iиттало хиламаш а. Исбаьхьаллин сурт къеггина, шех тоьшуьйтуш, дагах хьакхалучу кепехь хIоттадо.

Бсхкбоцуш тIебеанчу балано хаддаза ойла йойту АслагIе маьршачу дахарх лаьцна, набарха а изза дуьхьалтуьйсу цунна:

ЧIирхоша витина,
Маьрша стаг шех хилла.
Селехьат ялийна,
Ирс долуш ша хилла,
ГIаннабарш гуш шена
Iуьллур и, вицвелла.

Дог лозуьйтуш сурт ду иза. Иштта набарха дуьхьалтеснарг бен, кхин хIума ца хилла дуьнен чохь лурвоьллачу стеган самалхадаккха бохучу маьIнехь хIоттийна поэто и исбаьхьаллин сурт. Адамашна зуламе долу Iадат Iорадаккхаран Iалашо ю авторо поэмехь шена хьалхахIоттийнарг. И Iалашо кхочушъяре хьажийна ду поэмин массо исбаьхьаллин васт а, сурт а.

Яккхийчу халонех чекхвоху авторо шен произведенин коьрта турпалхо. «Къасттал воцчу хенахь дех-ненах къаьстира», цIийнах а, юьртах а вала дийзира, тешаме доттагIчун ШахIидан хIусамера а дIавахаза ца велира, «даго къастийна оьзда йоI Селехьат» а, шена сил дукхаеззашехь, ялайойла ца хилира. Обаргех дIакхетча, паччахьан эскаран отрядана дуьхьал бинчу тIамехь вон чов йира цунна. Цу тайпана халонаш лов АслагIас, чIирхойх къехкаш.

ЧӀир екхар тӀедожош долу Ӏадат ду цуьнан бахьана боху ойла кхиайо авторо ешархочун. Поэмин хиламаш кӀаргбаларца кхидӀа а чӀагӀйо поэто шен произведени тӀехь и ойла.

Халонаш ларах кӀелхьара ца волу АслагӀа, мичча иза вахарх а, хӀуъа хиларх а, даим цунна тӀаьхьаяьлла лелаш Ӏожалла ю. Ӏожалло эххар а схьа а лоцу АслагӀа. Ӏаламат чӀогӀа Ӏаьткъаш сурт ду хьуьнхахь хаза гӀаннабарш гуш Ӏуьллучу АслагӀина чӀирхо тӀекхачар гойтуш дерг:

ЧӀирхочун шаьлта, ло
Санна, кӀайн лестира,
Бехкбоцчу некхах цо
И шаьлта йоьллира,
АстагӀа АслагӀа
ТӀулга тӀехь сеттира,
Лехначу дегӀаха
ЦӀийн хьаста кхоьссира.

Халахетарца, дагна Ӏаьткъачу агӀор яздина ду и могӀанаш. «ЧӀирхочун шаьлта», «бехкбоцчу некхах», «астагӀа АслагӀа», «лехначу дегӀах», «цӀийн хьаст», «шаьлта йоьллира» – цхьанаметта далийна и шийла, валар хьоьхуш долу дешнаш чӀир екхаран Ӏадато бехкевоцчу стагана тӀекховдийначу къизачу Ӏожаллин сурт хӀоттош ду.

Иштта гӀуллакхаш Нохчийчохь дуьххьара хилла дац, я хӀумма а инзаре а дац иза хӀинццалц хиллачарел: «Хийлазза и саннарг дайна хьун, эшшара, и хилларг ца гучуха, меллаша техкира», – боху поэто.

Поэмин турпалхой шаьш а дуьхьал бу чӀир екхаран кхелана, амма уьш шайн заманахь къомана юкъахь лелачу Ӏадаташца бехаш нах бу, оцу Ӏадато кхиийна церан гӀиллакх-амалш, оцу Ӏадатан лехамаш бу цара хӀинца шайн гӀуллакхийн бухе боххурш а. Цундела ца ваьлла вен дийзи чӀирхочун АслагӀа. БӀешерашкахь дуьйна адамашна юкъахь долчу Ӏадатна дуьхьалвала хала ду, кхераме ду.

Къона, могуш, ницкъах дуьззина долу АслагӀий, Селехьаттий уггар дуьне дезачу хенахь хӀаллакьхили. И шиъ хӀаллакьхиларна бехке чӀир екхар тӀедожош долу Ӏадат ду. Оцу Ӏадатца къийсам латто беза, иза юкъара дӀадаккха деза. Иштта ю, поэма ешча, кхоллалуш йолу ойла.

Мамакаев Іаьрбис шен поэмехь гойту АслагІин, ШахІидан юкъахь кхолладелла тешаме доттагІалла. Лурвоьлла АслагІа, «цхьалха стаг велахь а, ШахІид ву тешаме» олий, шена иза вуьйцуш хазарна, чІирхойх лачкъа цуьнан хІусаме воьду. ШахІида шена тІеоьцу АслагІин гІайгІа-бала. Ваша хуьлий дІахІутту цунна иза, вочух а, зуламах а Іалашво. ШахІид волчохь шо а даьккхина АслагІа дІавоьдуш, Іаламат халахеташ вовшахкъаьста ши доттагІ.

Поэмехь доттагІий къаьсташ хІоттийначу суьрто гойту церан вовшашца йолу йоккха марзо а, дегайовхо а. Цкъа тасаделла тешаме доттагІалла дицлуш а, довш а дац. «Висахь а со цхьалха, ца хетта вай хийра», – боху ШахІида. ДоттагІий хийра хила а ца хиллера. Дуккха а хан яьллачул тІаьхьа, чевнаш а хилла, халачу хьолехь ша волуш, АслагІас, шена текхача аьлла, хаам бича, дукха сиха кхочушбира ШахІида доттагІчун лаам. Селехьатана шена цадезачу марера яда гІо а дина, иза а эцна вахара ШахІид АслагІа волчу. Йоккхачу исбаьхьаллица гайтина АслагІин, Селехьатан бохамна ШахІидан холчухІоттар. Дика накъост а, тешаме доттагІ а, оьзда стаг а ву ШахІид. Амма иза а ирс доцуш ву, АслагІина тІехь чІир хиларо сингаттамаш латтабо цунна.

ХІора стеган, дерриг къоман ирс халкъан социальни дахарх доьзна ду. «Бакъонан малх кхетча», социальни нийсо дІахІоьттича, маьрша, ирсе хир ду адамийн дахар – иштта ойла кхуьу поэма йоьшуш.

### Поэмин эпически, лирически чулацам.
### Авторан васт

«Нохчийн лаьмнашкахь» поэма лиро-эпически произведени ю. Поэмехь хІиттина теманаш эпически, лирически кепехь къастайо автороо. Поэмин эпически агІо билгалйолу, коьрта долчунна, цуьнан сюжет ардаме хиларца, эпически гІирсашца дехкина АслагІин, Селехьатан, ШахІидан васташ. Шуьйра гайтина адамийн Іер-дахар, лерина дуьйцу къоман оьздачу гІиллакхех, боккхачу безамца яздо нохчийн ярташкарчу дахаран суьртех. Оцу дерригено а гІо до поэмехь нохчийн халкъан XIX бІешарахьлера дахар эпически шуьйра гайта.

Къегтина билгалйолу поэмехь цуьнан лирически агІо а. Ерриг поэма ю шеца лирически, эпически билгалонаш йоккхачу исбаьхьаллица цхьаьнайна.

Поэма шеца йолалуш долу хьалхара дош а, иза чекхъяьлча далийна тӀаьхьара дош а авторера ду. Кхузахь вайна хьалхахӀутту шен халкъ, Даймохк безаш, царах дог лозуш волчу оьздачу лирически турпалхочун васт. Поэмин сюжетана юьстах а вуьйлуш, философски ойланаш йо авторо дахаран гӀуллакхех лаьцна, шен турпалхошка йолу шовкъаш гучуйоху, даймехкан Ӏаламан хазаллех цецвуьйлу. Дуккха а долчу лирически юьстахвийларшкахь поэто дахарх, безамах, доттагӀаллех, валарх-висарх еш йолчу ойланаша гӀо до поэмин хиламех кӀорггера кхета.

Поэмин кхечу васташна юккъехь билгалдолу авторан васт. Хьалхарчу дашехь поэма йоьшуш волчуьнга къамел до авторо шен поэмин чулацамах лаьцна, цунах дагаволуш санна, ойланашка вахна ву иза. Хьехамаш бар доцуш, дагаваларан хьесапехь схьадуьйцу цо шена ала лууш дерг. Поэма йолалушшехь юххера гергарло тосу цо иза йоьшуш волчуьнца а, шен поэмин турпалхошца а. И гергарло кӀеда-мерза дӀа а хьо поэма чекхъяллалц.

АслагӀин накъост ву автор. Цунна Ӏеткъа АслагӀас балахьегар, иза Ӏалашван, кӀелхьарваккха ойла лаьтта цуьнан. Наб кхетта Ӏуьллучу АслагӀина чӀирхо тӀекхочуш са ца тохаделлачу авторан даг чуьра аз долу:

...Ма гӀерта, ма гӀертахьа
Цунна герга, витахьа,
Къона пекъар ву иза,
Къоналлех ирс эцаза,
Шен паргӀато йовзаза...

Дакъазаъяьллачу Селехьатах дог лозуш, къинхетамечу дешнашца вистхуьлу цуьнга автор. Шен накъостех хьаьдда, ша висначу ШахӀиде беана бала байбан гӀерта автор, цуьнан дог оьцуш боху цо:

Маржа-яӀ, ШахӀид, хьо
Воьхна, ткъа бехк а бац!
Хьайн дагца чӀагӀло хьо –
Уьш шиъ кхин гӀоттур дац...
Ӏадатой, Ӏаламой
Хьан бан а аьтто бац.
Бакъонан малх кхетталц,
Хьан нехан ирс хир дац!

Поэмехь къеггина го авторан патриотически дог-ойла, цунна Даймохк а, шен халкъ а Iаламат дукхадезар.

«Нохчийн лаьмнашкахь» поэмин лирически билгалонаша цуьнан эпически чулацам кIаргбо, идейни маьIнах кхета гIо до. Поэмехь шуьйра гайтина халкъан дахар, кхоьллина хьуьнаречу турпалхойн васташ, дехкина исбаьхьчу Iаламан суьрташ. И дерриг эпически хIуманаш поэто гайтина шен даг чухула чекхдовлуш санна, деган йовхо царна дIаелла цо. Цундела поэми тIера хIора васт шеца эпически, лирически билгалонаш цхьаьнаийна ду.

### Исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсаш. Мотт а, стих а

Поэмехь исбаьхьаллин суртхIотторан шен башхаллаш ю.

Дукха ду поэмехь исбаьхьа хIиттийна Нохчийчоьнан Iаламан суьрташ. Церан шайн маьIна ду. Хьовсур вай поэмин дIайолалучу юьххьехь хIоттийнчу суьрте:

Къеначу лаьмнашций,
Ширачу хьаннашций,
ДIадевлларш хьехадеш,
Къамел дан йиш хилча,
ЦIий лайнчу тIулгаший,
ТIом гинчу пепнаший,
ЛадоьгIург велхавеш,
Хийла аз хазор дара.

Оцу халонийн теш хилла лаьттинчу зоьрталчу Iаламан суьрто произведенин чулацам эпически шуьйра хирг хилар хоуьйту, цу тIехь дуьйцу долу даккхий гIуллакхаш шен хьекъалца литта поэто мелла а кечво йоьшуш верг. Цуьнца цхьаьна поэтан лирически ойла гучуйолу кхузахь, иза дийца воллург цунна Iаьткъина, цуьнан дог Iийжош хIума хилар билгалдолу. Мамакаев Iаьрбис, шен поэмин хIора дакъа бохург санна, дIадоладо Iаламан сурт гайтарца. Лекхачу лаьмнийн, шерачу аренийн, ширачу хьаннийн, шийлачу шовданийн поэтически суьрташ кхолларо гIо до поэмехь даймехкан эпически васт хIотто.

Турпалхойн дог-ойла гайтар кIаргдаран Iалашо йолуш а даладо авторо Iаламан суьрташ. Масала, Селехьат ШахIидца йодучу хенахь дукха буьрса «Iаьржа Iаржъелла еанера» буьйса, «ткъес лепаш, сте-

лахаьштиг деттара», «тулгIешца догIа чехкаделира». И буьйса санна, карзахдаьлла дара АслагIина тIекхача сихъеллачу Селехьатан дог. ТIаьхьа гучудолу вайна иза шен Iожаллина тIейоьдуш хилар.

Иштта авторан тайп-тайпана Iалашонаш кхочушъеш ду поэмехь Iалам гайтар.

Поэма халкъан барта кхолларраллех пайда оьцуш язйина. Халкъан иллешна, эшаршна тIера ялийна ю массо дакъойн маьIна доцца гучудоккхуш йолу эпиграфаш. Дукхахьолахь Селехьатан дог-ойла а, цуьнгара гIайгIа-бала а гучуболу цо лоькхучу эшарца. Поэто кIеззиг хуьйцуш я хийццане ца хуьйцуш ялийна йолу нохчийн халкъан лирически эшарш ю уьш. Оцу эшарша а гIо до Селехьатан гIиллакхоьздангалла, цуьнан лаамаш, сатийсамаш гучубахарехь. АслагIас шен «гIайгIане ойланаш» а ялхайо иллешца («Хьуьнхара мукъам», «Селехьате даийтина кехат»). Поэмин турпалхой шайн гIиллакхашца халкъаца цхьаьна хилар чIагIдо царна халкъан барта кхолларалла евзаш а, езаш а хиларо, шайн ойланаш цара иллешка, эшаршка яхкаро.

Мамакаев Iаьрбис пайда эцна халкъан произведенийн меттан поэтически гIирсах а. Дуккха а ю поэмехь барта произведенешкахь гуттар а лелаш йолу эпитеташ, дустарш: «нана дуьне», «мерза маршалла», «кIайн бамба», «мела цIий», «шал шийла шовданаш», «сийна цIе», «бос сира сай санна», «меца борз», «дог майра».

Чолхе инверсеш а, маьIна сов хуьйцуш далийна дешнаш а доцуш, кхета атта а, шера ешалуш а ю поэмин стих. Цу тIера цхьайолу стихаш халкъан эшарш хилла дIахIиттина (масала, «Мерза маршалла ду массаьрга», хIинца а езаш, лоькхуш йолу).

Дактилан барамехь язйина ю поэма. Иза строфашка екъна ю, хIора строфа 8 стихах лаьтта. Рифмовка жIарийн хьесапехь а (перекрестная), юххера а (смежная) ю.

Меттан поэтически гIирсаш: метафораш, эпитеташ, дустарш говза кхоьллина поэто. Турпалхойн дог-ойла бакъонца гайтар, хуьлуш долчун сурт исбаьхьаллица хIоттор кхочушдо цара.

Цхьалха виснач у АслагIин сингаттам гойтуш а исбаьхьа сурт кхоьллина:

> Ялхаеш Iуьллу со
> Сайн гIайгIа гоне –

Корах чукхевдинчу
Акхтарган тIоме.

Поэмин хIора персонажан мотт шен къастамаш болуш бу, ша буьйцучун социальни хьоле а, амале а хьаьжжина. Масала, моллийн къамела юкъахь дукха ду динах доьзна долу дешнаш: «мутаIеламаш», «хьуьжар», «ялсамани», «неIалт», «шайтIа». Моллас буьйцучу матто а билгалдоккху иза динна юххера стаг хилар.

Яздархочо шайх пайда оьцуш болу берриг исбаьхьаллин гIирсаш поэмин коьрта идея кхочушъярна тIехьажийна бу.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Поэмехь юьйцург муьлха зама ю, хIун хиламаш бу, муьлш бу цуьнан коьрта турпалхой?
2. Поэмин коьртачу турпалхойн васташ кхолларан хIун башхаллаш ю?
3. Муха гайтина поэмехь цIена безам а, тешаме доттагIалла а?
4. Авторан васт муха кхоьллина поэмехь?
5. Муха пайда эцна поэмехь нохчийн барта кхоллараллех?
6. Дагахь Iамае поэми тIера шайна езаелла 4–5 строфа.

**Ешначух ойла е вай**

1. ШахIидан муьлха амалш ю шуна дика хеташ? Муха накъост хилла иза АслагIина?
2. Ша валар чу вирзинчу хенахь шен чIирхочуьнга АслагIас аьлларг муха туьдур дара аша?
3. Баьллачу бохамна бехке мила лору аша: паччахьан Iедал я вайн дайн Iадаташ?
4. Йийсаре балийна оьрсийн салтий обаргаша дIабохуьйту. ХIун гойту цо?
5. Шен доттагI волчохь а ца Iаш, обаргех дIакхета дIавоьду АслагIа. Дийца, хIунда до цо иза?
6. Шаьш цу хенахь дехаш хилча, хIинцалера хьежамаш хир барий шун поэмехь дуьйцучух лаьцна?
7. ХIун хаьа шуна поэмехь юьйцучу хенан синъоьздангаллин культурех, синъоьздангаллин мехаллех лаьцна? Цу хенахьлера муьлха синъоьздангаллин мехаллаш денйийр яра аша? Шуна хетарехь, и хила тарлуш дуй, хIинца ца хилахь а, йогIучу хенахь? (Жоп дала хала хилахь, хьастех пайда эца я хьехархочух дагадовла.)

**Текстана комментари**

Оьрсийн суддий, ламанхойн Iадатан кхеллий цхьаьна цаяр а, паччахьан Iедало харцонаш лелор а бахьана долуш, нохчашна юкъара цхьаболу доьналлина

а, амална а аьрха болу кIентий обаргаш бовлуш хилла. Уьш маьрша баха а ца буьтуш, цаьрца луьра къийсам латтош хилла паччахьан Iедало.

Обаргаша лайна ца Iаш, церан гергарчу наха а, юьртахоша а хьоьгура бала. Обаргаша хIаллакбора паччахьан администрацин белхахой, талораш дора поштана, банкашна.ТIаккха Iедал маьршачу нахана гIелонаш, таIзарш дан долалора, гIуданаш детташ, гIожах бохуш, Сибрех кхалхош, ирхъухкуш. И харцо ца ловш, Iедална резабоцу нах обаргех дIакхетара, церан тоба стамъеш. Iедало динчу таIзарна дуьхьал обаргаша бекхам бора. Халкъо озабезам беш хилла обаргашкахьа, цара Iедалан харцонна а, акхараллина а дуьхьал къийсам латтош хиларна.

### Поэмин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. Тидам бе поэмин хьалхарчу дешан. ХIун маьIна ду цуьнан?

2. «Нохчийн лаьмнашкахь» поэмин дIахIоттам муха бу?

3. Халкъан иллеш тIера могIанаш ду далийна поэмехь. Дийца, хIун гIуллакх кхочушдо цара поэмехь.

4. ХIун маьIна долуш ду поэмин юьхьехь эпиграфна далийна дешнаш?

5. Дагалаца, муьлха исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсаш а, кепаш а хуьлу нохчийн барта кхолларалллин. Муьлхачу фольклоран гIирсех, кепех пайда эцна авторо шен поэмехь?

6. Муьлхачу билгалонаша бакъо ло вайна хIара произведени йозанан литературин кхоллаpалла ю ала? Поэми тIера персонажаш, фольклорехь санна, шина декъе – дика берш, зуламе берш – бекъа мегар дуй?

7. Поэмин меттан башхаллаш къастае.

### ГIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай

1. Селехьата динарг муха лору аша? Вайн Iадаташца догIуш дуй цо динарг? Къинхетам я сийсазъяр. Цу синмехаллех муьлханиг хоржур яра аша цо диначунна? ХIунда?

2. АслагIин ден карах стаг велла. Цхьа а бехк боцчу АслагIе чIир а ца хьееш, вита мегаш вацара иза?

### Кхоллараллин тIедиллар

Сочинени язъян теманаш:

1. Муха хета суна «Нохчийн лаьмнашкахь» поэмин турпалхо Селехьат?

2. «Нохчийн лаьмнашкахь» поэмехь автора ваcт.

3. «Нохчийн лаьмнашкахь» поэмин барта кхоллараллица йолу уьйр.

# ХАМИДОВ IАБДУЛ-ХЬАМИД ХАМИДОВИЧ
*(1920–1969)*

Яздархочо Дадашев Iабдуллас шен дагалецамашкахь боху: «Халкъана боккха эшам беш хийла къонах дIавоьду дуьнен чуьра. Дагахь лаьттинарг дерриг дан ца кхиира нохчийн халкъана везаш, лоруш волу драматург, поэт, яздархо Хамидов Iабдул-Хьамид. Дуккха а дара динарг, амма дан Iалашо йолуш даг чохь латтийнарг кхин а дукха дара. Язъян йолийначу произведенийн могIа чекхбалаза а болуш, кехат тIе охьабиллинчохь къолам а буьсуш, сихха гIуллакх хилла, юьрта ваха араваларх, юха ца вирзира Iабдул-Хьамид. Новкъахь авари хилла, кхалхар нисделира цуьнан. Амма иза вицвелла вац. Цуьнан дийцарш, пьесаш ехаш ю, дехаш ду цуьнан гIуллакхаш, цIе а».

ДIадахначу бIешеран 50–60-чу шерашкахь нохчийн, гIалгIайн драматурги а, театр а кхиорехь доккха гIуллакх дина Хамидов Iабдул-Хьамида. Цуьнан пьесаш тIехь хIиттийна спектаклаш хIинца а ю нохчийн къоман театран репертуарехь.

## Дахар а, кхолларалла а

Хамидов Iабдул-Хьамидан кхоллааралла а, дерриг дахар а къоман театраца, искусствоца, литературица дозаделла хилла. Къаьстт анчу мехаллин бу театрехь цо бина болх. Театрехь гIуллакх деш кхиъна цуьнан драматургически говзалла, кхоллараллин похIма. Шен дерриг хьуьнарш къоман театрана, искусствона дIаделла цо.

## בераллa а, дешаран шераш а

Хамидов Iабдул-Хьамид вина 1920-чу шеран 15 октябрехь Йоккхачу АтагIахь ахархочун Хьамидан доьзалехь. Юьртахь бераллин хенахь дукха ладийгIина цо нохчийн туьйранашка, эшаршка, забаречу дийцаршка. Жимчохь евзина цунна къоман барта произведенеш, уьш дагахь латтош а, шен нийсархошна юьйцуш а хилла Iабдул-Хьамида.

Юьртара школа чекхъяьккхинчул тIаьхьа, 1935-чу шарахь, Серноводскерчу хьехархойн училище деша вахна иза. Кхузахь доьшуш волуш кхидIа а чIагIделла Iабдул-Хьамидан халкъан исбаьхьаллин даше марзо хилар. ХIетахь хьехархойн училищехь доьшуш хиллачу

Эдилов Хасмохьмада яздо: «Цунна дукха хаьара нохчийн хьалхазаманахьлера а, хIетта юкъадуьйлуш долу а халкъан дийцарш, кицанаш, забарш. Студентийн дехаршца цо уьш кест-кеста дуьйцура общежитин кертахь мукъачу денойн суьйренашкахь тхо гуллуш хиллачу майданахь. Цу дийцаршна юккъехь цо ша кхуллуш дерш а хуьлура, амма цо ца олура цу хенахь, уьш ша кхоьллина ду». Схьахетарехь, оцу хенахь дуьйна волавелла Хамидов Iабдул-Хьамид исбаьхьаллин дешан говзалла караерзо.

1938-чу шарахь Московски театральни искусствон институтехь схьайиллина Нохч-ГIалгIайн студи. Цига деша вахна Хамидов Iабдул-Хьамид. Кхузахь цо актеран говзалла Iаморца цхьаьна дIадолийна драматургехь болх бар а. ХIетахь Хамидов Iабдул-Хьамида нохчийн матте яьхна классически драматургин произведенеш.

1939-чу шарахь гочйина цо Ж. Мольеран «Мещанин дворянствехь» («Мещанин во дворянстве»), А. Толстойн «Боданан Iедал» («Власть тьмы»), 1940-чу шарахь нохчийн матте яьккхина У. Шекспиран «Отелло», кхиерш а. Дуьненан литературин а хазна йолчу оцу произведенеш тIехь болх бар Iаламат мехала хилла Хамидов Iабдул-Хьамидна шен драматургически кхолларалла кхиарехь.

Институт чекхъяьккхина валале, йоьалгIачу курсера, къоман театрехь болх бан цIа валийна Хамидов Iабдул-Хьамид. Дуккха а тIаьхьа чекхъяьккхина цо Ленинградски театральни институтан актерийн факультет.

## Драматург, актер, театран куьйгалхо

Нохч-ГIалгIайн драматически театрехь юьхьанца актер хилла Хамидов Iабдул-Хьамид. Цу хенахь иттех шо бен дацара къоман театр кхоллаелла, амма шен исбаьхьаллин говзаллица сиха кхуьуш йолчу театрехь дуккха а бара актерийн корматалла йолу къона артисташ. Царна юккъехь бIаьрла вара Хамидов Iабдул-Хьамид. Дукха хан ялале театран директор хIоттийра иза.

ТIеман хан яра, 1943-гIа шо дара доьдуш, театран коллектив кест-кеста йоьдура бIахошна хьалха спектаклаш хIитто. Театран репертуарехь алссам яра тIеман тематика йолу адамийн патриотизм, тIемалойн майралла, доьналла гойту спектаклаш, сценкаш. БIахоша,

резахуьлий, самукъадолуш тӀеоьцуш хилла Нохч-ГӀалгӀайн драматически театран актераша говза хӀиттийна спектаклаш.

Хамидов Ӏабдул-Хьамида театральни балхаца цхьаьна кхочушдора исбаьхьаллин литературехь болх бар а. 1943-чу шарахь иза язъян волавелира халкъан иллин чулацаман буха тӀехь йолу «Совдаттий, Дауддий» драма. Амма и кхоччуш чекхъякккхар дикка тӀаьхьа бен ца нисделла цуьнан. Драматурган дуьххьарлера йоккха произведени яра иза, цу тӀехь нохчийн къоман хьалхалера дахар, гӀиллакх-оьздангалла, Ӏадаташ гойтуш дара. Пьеса дуьххьара зорба тоьхна 1956-чу шарахь Алма-Атахь арадолуш хиллачу «Къинхьегаман байракх» газетан агӀонаш тӀехь.

1958-чу шарахь Соьлжа-ГӀалахь Нохч-ГӀалгӀайн книжни издательствос арахийцира «Совдат, Дауд» пьеса. Цул дуккха а тӀаьхьа Нурадилов Ханпашин цӀарахчу драматически театро хӀоттийна «Совдаттий, Дауддий» драми тӀехь спектакль. Къоман театран репертуарехь екха лаьттина и спектакль.

Нохчийн къам махкахдаьккхинчу хенахь, 1944–1956-чу шерашкахь, Джамбулехь а, Фрунзехь а тайп-тайпанчу культурин учрежденешкахь белхаш бина Ӏабдул-Хьамида. Киргизски республикански Халкъан кхоллараллин ЦӀийнан директор вохуьйту иза 1945-чу шарахь, цул тӀаьхьа Киргизски ССР-н культурин министесрствон театрийн отделан куьйгалхо а хӀоттаво. Оцу хенахь Киргизин муьран зорбанехь кест-кеста арайийлина цуьнан театрах, спектаклех лаьцна статьяш а, рецензеш а. Царах яра дуьненаюкъарчу классикех лаьцна статьяш: Ф. Шиллеран «Ямартло а, безам а» («Коварство и любовь»), У. Шекспиран «Ромео а, Джульетта а», А. Островскийн «Бехкбоцу бехкенаш» («Без вины виноватые»), М. Горькийн «Васса Железнова», кхиерш а.

ТӀеман хенахь Хамидов Ӏабдул-Хьамида бинчу белхан Ӏедало лаккхара мах хадийна: «За доблестный труд в дни Отечественной войны 1941–1945 гг.» медаль елла цунна.

1955–1956-чу шерашкахь яздархо Алма-Атахь нохчийн маттахь арадолуш хиллачу «Къинхьегаман байракх» газетан редакцехь цхьана муьрехь литературин белхахо, тӀаккха культурин отделан заведующи лаьттина, Казахски ССР-н яздархойн Союзан литературин консультантан болх а бина. Казахски пачхьалкхан радиохь нохчийн маттахь йолу передачаш кечъеш а, дӀахьош а хилла Хамидов Ӏабдул-Хьамид.

Нохч-ГӀалгӀайн эшарийн а, халхаран а ансамбль вовшахтоьхна, цуьнан куьйгалхо а лаьттина иза. Алма-Атара и ансамбль а ялош 1957-чу шарахь даймахка цӀа веана Хамидов Ӏабдул-Хьамид. Цуьнан куьйгаллица Нохч-ГӀалгӀайн эшарийн а, халхаран а ансамбль ерриг Советски пачхьалкхехь а тоьллачу ансамблех хилла дӀахӀоьттинера.

Нохч-ГӀалгӀайн къоман искусство кхиорехь бакхий кхиамаш хиларна Хамидов Ӏабдул-Хьамидна 1959-чу шарахь Нохч-ГӀалгӀайн АССР-н халкъан артистан цӀе тиллина.

Муьлххачу балхахь хилча а, шена тӀедехкина декхарш леррина кхочушдина Ӏабдул-Хьамида.

1959–1961 шерашкахь Нохч-ГӀалгӀайн Республикин Яздархойн союзан правленин председатель хаьржина иза. Цул тӀаьхьа Ленинградски театральни институтан нохчийн отделенехь шина шарахь хьехархочун болх бина цо. Ленинградера цӀа веанчул тӀаьхьа, 1962-чу шарахь, Ӏабдул-Хьамид юха а Нурадилов Ханпашин цӀарх йолчу Нохч-ГӀалгӀайн драматически театран директор хӀоттаво.

Театр а, театральни искусство а кӀорггера евзаш волчу Ӏабдул-Хьамида дика дӀахӀоттабо театран болх, иза куьйгаллехь волуш бакхий кхиамаш боху къоман театран труппо. Театран куьйгаллехь ялх шарахь болх бинчул тӀаьхьа Нохч-ГӀалгӀайн обӏастан партин комитете балха дӀавуьгу иза. Культурин секторан заведующи а, агитацин, пропагандин отделан куьйгалхочун заместитель а хӀоттаво Хамидов. Оцу хенахь лакхара, жоьпаллин дарж дара иза, хьан-хьаннах тешош а дацара.

Ӏабдул-Хьамид дика ларавора балхаца, амма дукха бан доьгӀна ца хиллера цунна и болх.

1969-чу шарахь Хамидов Ӏабдул-Хьамид хеназа кхелхина.

Ӏабдул-Хьамидан кхоллаpалла, коьрта долчунна, драматургически произведенех лаьтташ ю, амма мехала сатирически дийцарш а ду цуьнан, мелла а поэтически произведенеш а ю. Шуьйра евзаш яра цуьнан стихаш тӀехь яьхна «Нохчийн вальс», «Забаре байташ», кхийолу эшарш а.

Хамидов Ӏабдул-Хьамидан кхоллаpалла, цуьнан драматургически произведенеш, сатирически дийцарш, цо театрехь дина гӀуллакх Ӏаламат мехала ду къоман театр, литература, культура кхиарехь.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Хамидов Iабдул-Хьамидах лаьцна муха яздо цуьнца доьшуш я иза вевзаш хиллачу яздархоша?

2. Дийца Хамидов Iабдул-Хьамидан дешарх а, иза яздан волаваларх а.

3. Муха гулъеш хилла Хамидовс шен произведенешна материал?

4. Муха хилла Хамидов Iабдул-Хьамидан дахаран а, кхолларалин а некъ?

4. «Хамидов Iабдул-Хьамид – яздархо-сатирик, драматург» темина хаамаш кечбе.

## Дийцарш

1958-чу шарахь Нохч-ГIалгIайн книжни издательствос арахецна яздархочун «Абубешар» дийцарийн а, кегийчу пьесийн а гулар. Оцу гулар тIехь зорба тоьхна яздархочун сатирически дийцарш: «Абубешар», «Дурдий, Даргий», «ГIирмасолтас яьккхина са», «ДIа – коч, схьа – коч», цхьана декъах лаьтташ йолу сатирически пьесаш: «Абубешар», «Мохсолтин доьхна де». И прозаически а, драматургически а произведенеш цхьаьнатухуш дерг дара царна тIехь яздархочо адамийн амалшкахь нислуш йолу ледарлонаш беламе йохуш гайтар.

Къаьсттана шуьйра девзаш, нахана дезаделла дара «Абубешар», «ДIа – коч, схьа – коч», «Дурдий, Даргий», «ГIирмасолтас яьккхина са», «Хингал» цIерш йолу дийцарш. Уьш дерриш а сатирически, забаре дийцарш ду.

*«ДIа – коч, схьа – коч»* дийцар яздархочун дикачу произведенеш юкъа догIу. Говза яздина, исбаьхьалла шеца йолуш ду иза. Дийцаран турпалхо Хелисат шен гергара нах болчу хьошалгIа яхча, церан лулахочо Забус, чу а кхайкхина, кхунна совгIат деш, кучана кIади делла хилла. ХIинца Забу Хелисат йолчу еана цо «ша тIе муха оьцу хьожур ша аьлла».

Забу ХелисатгIаьрга иза ган сагатделла а, я и шен гергара лоруш а, я цуьнца гIуллакх долуш а ца еана, леррина цо ша тIе муха оьцу хьажа, иза зен еана ю, мацах цкъа ша цунна хьошалла дина дела. Забуна дагахь дац Хелисат шен берашца муха йоллуш ю хьажар, я хьалха ша цунна хьошалла а дина тесна долу гергарло чIагIдар. Оьздачу ойланца ца еана иза Хелисат йолчу. Ткъа оцо хоуьйту, мацах Хелисатна дина совгIат Забус даггара дина цахилар, нахана гергахь дика хила, ша йоцург ю моттийта гIерташ иза хилар. Авторо и санна

долчу хIуманашна дуьхьалхьажийна шен дийцар, адамийн амалшкахь нислуш долчу оцу сакхташца къийсам латтабо цо.

Дийцаречу персонажийн шегара мах ца хадийна авторо, амма царах лаьцна шена хеташ дерг исбаьхьаллин суртхIотторца къеггина гучудаьккхина. Забу, ХелисатгIаьргахь а Iийна, цо совгIатана коч а елла, новкъа а яьккхина, дIайоьдуш яра. «Кха[1] доххал генаялале, газет а даьстина, шена еллачу кIадене хьаьжира Забу. Дукха цунна резацахиларна, цуьнан лахара балда, деман гала санна, хьаьвзина дIахIоьттира, ши цкъоцкъам айаделира, ши бIаьрг, гонаш оза а бина, эрчабелира, ирххьаьдда цуьнан хьаж, пондар санна, хебаршка а дахана, дIахIоьттира». Кхузахь шера го вайна яздархо оцу шен персонажо лелочунна резацахилар.

Говза хIиттийна ю дийцар тIера диалогаш. ХIора персонажан мотт шен къастамаш, башхаллаш йолуш бу. Масала, Хелисатан лулахочо Жарадата иштта дуьйцу: «Биронкъин да вижначу кашор, со цхьанхьа яхча, сайна кучана кIади елча, гIайгIа ма хуьлу суна, юхаялар муха нислур ду-техьа бохуш, сагатдеш. Кортин Жабраила дешначу Къуръанор, олучух ларлуш хьеша-дена шуьйттазза кучана кIади ма елла аса, цхьайттазза суна схьа ма елла. Елла юьсийла сан, цу сайна схьаделлачу кIадинах аса сайна цхьа коч тегнехь, я доьхкина, я хийцина юхадIаделла-кх. Мурца-Iелас дешначу Къуръанор, дац уьш совгIаташ даларш, дош доцурш ду-кх».

Авторан ойла билгалйоккхуш ду дийцаран персонажан къамела юкъара хIара дешнаш: «Стеган вахарехь цхьа дезде деана – зуда ялийна меттиг хилча, кIант я йоI дешна даьлча, я хаза шен гIуллакх дан гIерташ воллу да-нана доцу жимха хьаста, цунна, я уьш санна долу кхидолу гIуллакхаш бахьана долуш, шен дан тарлуччул совгIат дар хаза ду. Амма, схьаелла дела дIаяла еза бохуш и кучамаш дIасхьа хуьйцуш лелош дерш ца оьшуш ду. Уьш дита деза вай».

Хамидовс къоман дахарехь долу оьзда гIиллакхаш, дика гIуллакхаш чIагIдо, ткъа моттаргIанаш лелор, наха а до иштта бохуш, цаоьшург лело гIертар, дагахь цхьаъ долуш, тIехула кхин лело гIертаран хIуманаш беламе а дохуш, царна дуьхьал къийсам латтабо.

*«Абубешар»* дийцар тIера коьрта персонаж Абубешар, балха ца воьдуш, деш-дуьтуш доцуш, ша кхаьч-кхаьчначохь даккхий хабарш

[1] *Кха* – дIадуьйш долу латта, огород.

дуьйцуш, дерриг цIийнан дукъ шен зудчунна тIе а диллина лелаш ву. Нахана а, шена а пайдехь воцуш ша лелаш воллушехь, зуда шен куьйга кIел латтийчахьана, ша дика къонах хета Абубешарна. Нахана юккъехь даккхий хабарш дийцаррий, зудчуьнца къийсаррий бен, кхин гуьнахь а дац цуьнан. ЦIен тIехь ша зудчунна гIо дича, шена тIе доккха эхь догIу, моьтту цунна. Абубешаран лулахочо, гIараваьлла дика тракторист волчу Мохьмада боху цуьнга: «И хьуна эхь ду моьттурш-м эхье хьаха дацара, Абубешар, эхь хьаха ду шен Даймахкана ямарт хилча, къола дича, деш а, дуьтуш а доцуш, йорт етташ лелча, харц дерш дийцича, маларш мийлича, пачхьалкхан болх ца бича, шена вон а, ледара а гучунна, и шена ца гуш санна, тIехваьлча, воккханиг, да-нана, зуда ца лерича, цомгашчунна гIо ца дича, берашка ца дешийтича… – уьш а, и санна мел дерш а ду-кх эхь».

Абубешарна дезаш къамел дац иза. Цунна «дукха резацахиларна, оьгIазвахна Iарж а велла лаьтташ волу Абубешар, нитт Iоттабелча санна, балдаш меттах а хьадина, керта вахара». Амма тIаьхьо кхийтира Абубешар, кхийтира, ша хьийзош йолу Баянт дIа а яхна, ша цхьаъ висча.

*«ГIирмасолтас яьkkхина са»* дийцарехь, нах Iеха а беш, мах лелош волу ГIирмасолта гайтина.

Даймехкан тIом болчу хенахь Брест-гIап ларъеш да а вийна, байлахь йисна йолу шен кIентан йоI Лайла а кхобуш, гIийла Iаш яра йоккха стаг Маликат. ЙоIана ден цIарх догIучу пенсех жимжимма охьадуьллуш ахча а IaIийна, цунна совгIатана хIуманаш эца яхна йолу Маликат, чIогIа чIагIдеш харц дуйнаш бууш ле а йина, дукха безачу мехах цунна куз а, шал а доьхкира ГIирмасолтас. Иштта харц-бакъ а ца лоьруш, нах Iеха а беш, шена сайоккхуш ву иза. Шен хIума мехал еза йохка гIерташ, Делан цIарх къера дуйнаш буу ГIирмасолтас. Иза Делах а ца кхоьру, нахах эхь а ца хета цунна. Милицех-м кхоьру ГIирмасолта. ТIаьххьара нах Iехорца сайоккхуш хиллачу ГIирмасолтина, лаьцна чу а воьллина, кхел кхайкхийна.

*«Дурдий, Даргий»* дийцар тIера Дурда маларо галваьkkхина лелаш ву. Маларна тIаьхьаваларо дикачу балхах а вохийна иза, доьзалехь башха барт а бац. Цуьнан садаIар а, сакъерар а маларца ду. ЦIахь а, арахь а хаддаза малар ду цуьнан дагахь. Шена а, доьзална а пайдехь вац Дурда, маларо дерриг а дIадаьkkхина цуьнан.

Дахарехь галваьлларг бакъонга верзаран некъ гойту яздархочо шен дукхахдолчу дийцаршкахь. Иштта ду «Дурдий, Даргий» дийцарехь а. Дурда, балха а хIоьттина, нийсачу новкъа а ваьлла дIагIуриг хиларх тешам буьту авторо шен дийцар дерзош.

Говза яздина ду Хамидов Iабдул-Хьамидан дийцарш. Исбаьхьаллин васт кхоллар, меттан башхаллаш, Iаламан сурт хIоттор яздархочо шена хьалха хIоттийначу коьртачу Iалашонца догIуш ду. Яздархочун дийцарш тIера хIора персонажан мотт шен башхаллаш йолуш бу. Церан маттехула а хIоттадо авторо шен персонажийн хIора а шатайпана долу васташ. Персонажийн чухуле, церан дагахь дерг, ойланийн кIоргенехь дерг билгалдаккха гIерта автор.

Шайн къеггина маьIна а долуш, аьхна Iаламан суьрташ хуьлу Хамидов Iабдул-Хьамидан произведенешкахь.

*«Абубешар»* дийцар Iаламан суьртаца дIадоладо авторо: «Iуьйре шийло яра. Генах хаьдда гIа наггахь дитта кIел охьадужуш хаалора. Дуьнен чохь йорт йиттина кIадъелча санна, мархаш ламанца набарна тевжинера. Стигалан гар, хи ца кхоош йилча санна, цIена а, сийна а дара. Со лаьттачу хийистерчу чхара тIера дIахьаьжча, аьрру агIор бIаьрго схьа ма-лоццу йолчу арахь, дикачу дайша лерина куьг тоьхна, ялташ чу а дерзийна, ерзина яьхна аренаш яра гуш. Цхьацца меттехь етт а, эса а, уьстагIий а, цхьа наггахь ежаш говр а гора».

Оцу хазачу Iаламца догIуш дац Абубешаран ков-кертахь гуш долу сурт: «Кхузара дIахьаьжча, гуш колхозан эвлан йистехь долу Абубешаран тиша цIеной дара. Уьш къаьсттана тиша а, ледара а хоьтуьйтура царна гобаьккхина гуш долчу колхозхойн дикачу цIеноша. Абубешаран цIенойн тхов ах эрз буьллуш, важа ах гIодамаш дохкуш бина бара. Цуьнан цIеной юххехула тIех вер-верриг велакъежара, Абубешаран стохка дуьйна а доьхна, раздаьлла лаьттачу кевнах бIаьрг кхетча».

Iаламан исбаьхьа сурт а хIоттийна, тIаккха гайтина авторо тишъелла, тIекхетта йоллуш, тоярхьама куьг тухуш а йоцуш, нах бела а боьлуш лаьтташ йолу Абубешаран цIенойн къепал. И ши сурт вовшех дустуш санна гайтаро алсамдоккхуш хета шолгIачу суьртан ирча гар.

Абубешар ледара къонах хилар кхин цкъа а гучудоккхуш ду цуьнан цIенойн декъаза сурт.

Адамийн ледарлонаш а гойтуш, дахарехь новкъарло еш долу хIуманаш гучу а дохуш, царна дуьхьал къийсам латторан ойла кхиайо авторо шен дийцаршкахь.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. ХIун тематика ю Хамидов Iабдул-Хьамидан дийцарийн? Яздархочун дийцарийн жанран башхаллаш муха ю? Шаьш 7–8 классашкахь дешна Хамидовн дийцар юхасхьадийца кечде.

2. ХIун маьIна ду «Абубешар», «ГIирмасолтас яьккхина са», «Дурдий, Даргий» дийцарийн? ХIокху хаттарна дуьззина жоп кечде. Ойла е, муха бу авторан шен турпалхошка болу хьежам. Шайн жоп масалшца тIечIагIде. ХIун синхаамаш кхоллабалийти шун дегнашкахь дийцарийн персонажаша (емалбар, къинхетам, дегазло и. д. кх.)?

3. Тидам бе, муха хийцало Абубешаран амал, къамел шен хIусамненаца, Асетаца хуьлучу юкъаметтигашкахь. ХIун гойту цо?

4. ХIун чIагIдеш а, стенна дуьхьал хьажийна а хета хьуна Хамидов Iабдул-Хьамидан дийцарш?

**Вайн къамел кхиадо**

1. Схьалаха дийцарш тIера меттан исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсаш. ДIаязбе уьш шайн белхан тетрадаш тIе. Муьлхачу гIирсех алссам пайда эцна авторо? ХIун гIуллакх кхочушдо цара персонажийн амалш билгалъяхарехь?

2. Шуна хетарехь, муьлха хиламаш бу маьIне произведенийн коьрта проблема билгалъяккхарехь? Юхасхьабийца уьш.

3. Дийца, хIун хии шуна дийцарийн персонажех лаьцна. (Жоп лучу хенахь тидам тIебахийта куц-кепана (портретана), амална, юкъаметтигашна, къамелана.)

**ГIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай**

1. Муьлха адамаллин а, синъоьздангаллин а хаттарш хIиттийна шен дийцаршкахь Хамидовс?

2. ХIун пайдениг схьаийцира аша Хамидовн дийцарш тIера?

3. *Стаг, адам* боху кхетамаш бу вайн оьздангаллин гурашкахь. Дийцарийн персонажашкахь мел хаало и кхетамаш? Шуна хетарехь, *стаг, адам* бохург хIун ду?

**Кхоллараллин тIедиллар**

1. Муьлххачу а цхьана дийцаран текст дакъошка екъа. ЦIерш тахка царна, коьрта маьIна билгалдаккха.

2. Хамидов I.-Хь. «Экзамен хаттар» дийцар дIа а деший, цунна йозанехь шайна хетарг язде.

**Културийн диалог**

Чехов А.П. муьлха сатирически дийцарш дешна аша? Дуста уьш Хамидов I.-Хь.сатирически дийцаршца. ХIун ду церан цхьаьнадогIург а, къаьстарг а?

## Пьесаш

Хамидов Iабдул-Хьамидан драматургически произведенешна юкъа йогIу «Лийрбоцурш», «Бож-Iела», «Совдаттий, Дауддий», «Ламанан йоI», «ТIам сийна кхокха», «Мохсолтийн доьхна де» цIерш йолу пьесаш. Нохчийн драматургехь, театрехь шайн билггал йолу меттиг дIалаьцна произведенеш ю уьш.

*«ТIам сийна кхокха»* пьеса берашна лерина ю. Кхаа декъах, ворхI суьртах лаьтташ а йолуш, гIеххьа йоккха драматически произведени ю иза. Туьйра-пьеса аьлла, билгалъяьккхина авторо цуьнан жанр. Нохчийн барта кхоллараллин сюжетех пайда оьцуш, барта произведенийн персонажаш юкъаялош, язйина пьеса. Халкъан барта дийцаршкахь, туьйранашкахь санна, Iаьржа-Хожа а, Жоьра-баба а ду пьесехь, тIам сийна кхокха а бу. Кед-кедал бIаьргаш болуш, маьрс-маьрсал цергаш йолуш волчу инзаре воккхачу Iаьржа-Хожас нахана даккхий зенаш до, кест-кеста юьрта а вогIуш, бежанаш дIакхуьйлу, нах а дIабуьгу. Юьртахь тоьлла болу кIентий Лечий, Лоьмий воьду Iаьржа-Хожех лата. Майра кIентий бу уьш. Юьртахь вац царал нийса пха[1] тухуш иччархо[2], дика эраш[3] долуш таллархо. Шен ши кIант Iаьржа-Хожех лата новкъавоккхуш, нанас Бикатус олу цаьрга, шух дог-м лозу сан, «делахь а хIара санна деэшначу хенахь лата вина аса шуьшиъ. Хожех кхералой, юха ма верзалаш, сан ши кIант, аса бехк боккхур бу шуьшиннах». Нохчийн иллеш тIерачу нанойх тера ю Бикату, церан ойла ю цуьнан кийрахь ерг а.

Майра летара Лечий, Лоьмий инзаре ницкъболчу Iаьржа-Хожех. «Стигалхула лела олхазар мас таса ца даьхьачу, лаьттахула лела акхарой берг тоха ца яьхьачу кху сан махка тIе вала шуьшиъ муха ваьхьна?» – бохуш, буьрса леташ ву Iаьржа-Хожа а. «Ца богIу ницкъ беш миска нах хьийзош, аттах хоттавелларг шен аттах воккхуш, етт боцуш виснарг шен сих воккхуш, бехкбоцу гIийла нах къиза хьийзош

[1] *Пха* – кхузахь: Iодара кхуссу цхьамза.

[2] *Иччархо* – кхузахь: нийса пха тухуш верг.

[3] *Эр* – таллархойн жIаьла.

ву хьо, сийдоцу Хожа», – олий, дарлой, тарраш детташ, кхин а чIогIа лета Iаьржа-Хожех ши ваша.

Амма ямартчу Хожас, тешнабехк а бой, кIоргачу гIу чу вожаво Лечий, Лоьмий.

Масех шо даьллачул тIаьхьа хиира Куьйрина шен вежаршна хилларг. Лечий, Лоьмий санна, майра, къонахалла йолуш хьалакхиъnера Куьйра. Ненера пурба а даьккхина, шен ши ваша кIелхьарваккха воьду иза. ЧIогIа вовшахлета Iаьржа-Хожий, Куьйрий. Шен кIант Iаьржа-Хожа эшо воьлча, цунна гIо дан йогIу Жоьра-баба, стигал къекъош, стелахаьштиг детташ, мох болуьйтуш. ШайтIанаш а шайна гIоьне кхойкху цушиммо. Амма Куьйрина гIо дан а богIу мацах тIам лазийна гIелбелла хилла болу, кхо дарба лелийна, то а бина, дIахецна хилла тIам сийна кхокха. Оцу тIам сийначу кхокхан гIоьнца Iаьржа-Хожа эша а вина, Лечий, Лоьмий, Куьрин безам болу хаза йоI Маьлха-Аьзний, кхиболу юьртахой паргIат а баьхна, цIехьа бирзира уьш. Адамаш Iаьржа-Хожин балех девлира.

Пьесин коьрта маьIна иза чекхйолуш далийначу дешнашкахь ду:

Халкъана гIуллакх дар
Уггар а деза ду,
Сий хуьлда даима
Халкъан ирс лоьхучун.

Язйинчу хенахь боккха кхиам хилла «ТIам сийна кхокха» пьесин. 1959-чу шарахь драматургически произведенешкахула республикехь дIаяьхьначу конкурсехь лаккхара мах а хадийна, преми еллера цунна.

*«Ламанан йоI»* кхаа декъах лаьтташ драма ю. Къоман театро 1960-чу шарахь хIоттийна Хамидов I.-Хь., Алексеев А. соавтор[1] а волуш язйина граждански тIеман хенахьлера гIуллакхаш гойтуш йолу «Ламанан йоI» пьеса. «Кху тIехь дуьйцуш долу гIуллакхаш хилла зама – 1918 шо, сентябрь бутт» аьлла, билгалдина авторо.

Пьесин коьрта турпалхочун Мареман вастехула Соьлжа-ГIалахь бIе дийнахь лаьттинчу тIемашкахь турпалаллица йоьжначу нохчийн йоьIан Арсанова ПетIаматан хьуьнаречу дахаран цхьа мур гайтина пьесехь. Нохчийн литературин классик волчу Арсанов СаьIид-Бейн йиша яра тIамехь лор-йиша хилла дIакъалаьцна йолу Арсанова

[1] *Соавтор* – кхечуьнца цхьаьна произведени язйинарг.

ПетIамат. ТIеман халачу хьелашкахь доьналла, хьуьнар, адамалла гайтарна, истори юкъа яхна ПетIамат.

Хамидов Iабдул-Хьамидан пьесин турпалхо, лор-йиша хилла ца Iаш, божаршка нийсса юй-техьа аьлла, тIемало а ю. ЙоьIан эхь-бехк а, тIемалочун майралла а ю цуьнца. ТIеман халачу хьелашкахь шен оьзданаллех ца йоьхна драмин турпалхо. Нохчийн йоьIан сий а, шен цIе а ларъеш, чекхъяьлла иза.

Тайп-тайпана мах хадабора «Ламанан йоI» драмин иза язйинчу хенахь, амма Нурадилов Ханпашин цIарахчу Нохч-ГIалгIайн драматически театран сцени тIехь оцу пьесех хIоттийна спектакль еххачу хенахь лаьттира.

Хамидов Iабдул-Хьамидан дукхахйолчу пьесийн чулацамехь дерг, кхин хIумма а тIе а ца тухуш, ма-дарра дахарера схьаэцча санна хеталуш ду.

*«Мохсолтин доьхна де»* пьеса а иштачарах ю. Цхьана декъах лаьттащ ю и жима сатирически произведени. Пьесехь коьртаниг сатирически басарщца кхоьллина ХIуьлкаев Мохсолтин васт ду. Керла хIоттийна райпон председатель Мохсолта юьхьанца куьйгалхо хила хьакъволуш хетало. Шайн гIуллакх дахьаш цунна тIебаьхкина нах Мохсолтина мелла а резабоцуш бистхилча, цуьнан секретарь йолчу Хьавраа боху: «Соьца-м вац и вон. Хьаькамашца а чIогIа хаза гIиллакх лело хууш ву. Кхуза и балха ваийтинчу вайн райисполкоман председателан заместитель волчу Дагаевс, «чIогIа гIиллакх долуш а, болх бевзаш а стаг ву и», олу хезна суна». Амма тIаьхьа, аьлча а, сихха билгалдолу Мохсолтас «хаза гIиллакх» хьаькамашца бен лелош цахилар. Берийн яслин заведующи Саибат йогIу Мохсолтина тIе яслина оьшуш йолу шифер язъяйта. Юьхьанца, иза райисполкомехь балхахь ю моттаделла, цуьнца чIогIа кIеда-мерза, гIиллакхе хуьлу Мохсолта. Оцу сохьта цунна цхьа бIе шифер а язйо. Ткъа Саибата, ша-м яц райисполкомехь балхахь, ша яслин заведующи ю аьлча, цунна шифер язйина кехат схьадоккху Мохсолтас, Iаламат кIоршаме къамел до, кабинет чуьра араяккха дагахь а ву. Цул тIаьхьа Саибатан цIийнда райисполкоман председатель хилар шена хиъча, оцу минотехь хийцало Мохсолта, дукха чогIа гIиллакх дуссу цуьнга:

*Мохсолта:* Муха бахара ахьа? Ойн, хIинца вайн райисполкоман председатель волу Ахьмадов хьан майра ву?

*Саибат*: Ва-те.

*Мохсолта:* Уй, цIе хала кIегаш тIе! Со лолда хьан, ма биллалахь суна бехк! Болх дукха хиларна, хьероволуш лаьтта-кха со. ТIаккха, хIун деш ду шу, могуш Iай? Охьахаахьа.

*Саибат:* Дика Iа тхо-м, могуш а ду.

*Мохсолта:* Ахьмадов а веца могуш?

*Саибат:* Могуш ву и а.

*Мохсолта:* Деллахьа, ма дика хета суна и. Шун гергарнаш а, бовза-безарш а беца могуш?

*Саибат:* Уьш а бу дика Iаш.

*Мохсолта.* ЧIогIа дика ду, чIогIа дика. Шун хIусамдега а, хьоьга а чуккхойкхур бохуш, со ойла еш волу дукха хан ю. Сайн чохь хIусамнана йоцу дела, шуна там бар ма-хетта сайн цанисдаларна кхоьруш Iийна со. Хьайн майрачуьнга, суна оьгIаз ма гIо, ала-кх…

Цу тайпана, Мохсолтин гIиллакх догIуш а, доьдуш а ду. Шена пайдехьа хир ву аьлла хетачу стагаца Iаламат гIиллакхе волу Мохсолта, кхечаьрца чIогIа кIоршаме хуьлу.

Ша куьйгалла дечу меттехь болх дIабодахьара, дика хилахьара аьлла, саготта а вац Мохсолта. Кхо тIе куьг а яздина, шен хеннахь кехаташ дIацадаларна, схьаэца дезаш долу товар довш ду аьлла, шега хаам бича, «и-м, дахь а, кхин яздойтур дара», боху Мохсолтас. Ша бахьана долуш районна доккха зен хиларх шек ца волу иза. Iаламат ледара куьйгалхо ву Мохсолта. Иза дика куьйгалхо хуьлийла а дацара. Дешна а вац, я мегарг болх бина а вац. Шена харц кехаташ а нисдина, цаьрца балха хIоьттина ву. ХIинца ша хьаькам вахча, хIумма а товелла а вац, товала гIерташ а вац, я товала хуур долуш а вац. Хьарамлонца нисдинчу хIуманах беркат ца хуьлу. Куьйгалхочун Мохсолтин болх а беркате ца хилира нахана а, я цунна шена а.

Шен доьзалца а ца хилла Мохсолта хьанал.

Стагана ша дина дика а, вон а дуьхьалдолу. Диканиг диканца дуьхьалдолу, вониг – вонца. Мохсолтас дина дика, схьахетарехь, дан а дац, ткъа ша дина вонаш цхьана дийнахь дуьхьалдевлира цунна. Оцу дийнах Мохсолтин доьхна де хилира.

Хамидов Iабдул-Хьамида шен пьесехь Iора а дохуш, шайна дуьхьал къийсам латтош долу хIуманаш вайн дахарехь хIинца а долуш

ду. Уьш гучудахарехь, адамийн ойла царна дуьхьалъяккхарехь мехала ю «Мохсолтин доьхна де» пьеса.

Хамидов Іабдул-Хьамидан драматургически говзалла къеггина билгалйолу забаре, беламе чулацам болчу произведенешкахь. Царна юккъехь шен исбаьхьаллица къаьсташ ю «Бож-Іела» комеди.

«Бож-Іела» комеди, Хамидов Іабдул-Хьамидан кхоллараллехь хилла ца Іаш, ерриг нохчийн драматургехь а мехала произведени ю. Іаламат боккха кхиам хилира комедин. Ира сюжет, цІена, исбаьхьа мотт, шен чулацамехь дерг дахарца догІуш нисдар, васташ шатайпанчу комедийни кепехь кхоьллина хилар дара оцу пьесина кхиам беанарг.

Авторан дуккха а зеделларг дара забаре, сатирически произведенеш язъярехь. «Бож-Іела» комеди тІехь къастийна йолу проблемаш драматурго шен хьалхалерачу кегийчу произведенеш тІехь а хІиттийнера. «Абубешар», «ГІирмасолтас яьккхина са» дийцаршкахь а, «Абубешар» дийцаран чулацам тІехь язйинчу изза жимачу пьесехь а авторо беламе йохуш гайтинера адамийн амалшца йолу ледарлонаш, дахарехь нислуш долу сакхте гІуллакхаш. Изза проблема шуйра а, кхидІа кІаргъеш а къастийна «Бож-Іела» комеди тІехь а. Комедин чулацам чолхе бац, цу тІера хиламаш шайх атта кхетар волуш бу, персонажийн къамелаш къеггина маьІна долуш, исбаьхьчу маттаца ду.

Драматургически произведенин коьрта башхалла ю цуьнан сюжетан бухахь къовсам хилар. Вовшашна дуьхь-дуьхьал льттачу ницкъашна юкъара къовсам бу драмехь сюжет кхуллуш берг. Бож-Іелиний, цунна гонахара цхьаболчу наханий юкъарчу къовсамах льтташ ю «Бож-Іела» комедин сюжет. Цул совнаха, Бож-Іела шашеца а ву къийсамехь, шен амалера цхьадолу хІуманаш дуьтуш, царах паргІатволуш ву иза.

Коьрта турпалхочун Бож-Іелин кхечу персонажашца йолчу юкъаметтигашка хьаьжжина масех сюжетан зІе билгалйолу комедехь: Бож-Іела – Сутарбий, Бож-Іела – Зулай, Бож-Іела – Маймий, Бож-Іела – Абубешар. Царах хІоранца а Бож-Іелин йогІучу уьйрашца гучуйовлу цуьнан амалш, къоман гІиллакх-оьздангаллех льцна болу кхетам, адамашка, дахаре цуьнан йолу шовкъаш, хьежамаш.

Комеди тІехь алссам гайтина ю Бож-Іелин, Сутарбин юкъаметтигаш. Шайн дуьненан лехамашца вовшашна нийсса дуьхь-дуьхьал

ву и шиъ. Сутарби шен сутаралло ваьккхина лелош ву. Муьлххачу хIуманна тIехь а шена саяккхар, пайда бар дагахь ду Сутарбина, хьарам иза хиларх, шек а ца волуш. Туьканахь волуш цо дина къоланаш бахьанехь бархI шо хан а тоьхна, чувоьллина хилла Сутарби. Царах пхи шо чохь даьккхинчул тIаьхьа «болх дика барна, хьалхе цIа вайити ша» боху цо. Амма хIетте а кхетамчу ца веана, юха а йохк-эцар тIехь хьалхалерра хьарамлонаш лелош ву.

Бож-Iела чIогIа реза вац Сутарбис лелочунна. «Милк санна, ворта а йолуш, верстана ваттIа воллуш ву хьо. И хIуманаш а дитий, цхьанхьа, хьайга балур боллучу балха гIо», – боху цо Сутарбига. Бож-Iела хьарамлонца гулдина хьал дезаш вац. Сутарбис шега йохка-эцаран декъа вола, тIаккха ахча хир ду хьуна аьлча, сацам боллуш жоп ло цо: «Деллахьа, Сутарби, со-м хьанал къоьлла тоьлуш хеташ ма ву, хьарамчу хьолал».

Сутарбис, шен долахь мелла а хIума йолуш ю аьлла, зуда шена хьахийча, Бож-Iелас боху: «ХIума йолуш ю аьлла, зуда ялор маре вахар хеташ ву со».

Цу маьIнехь ду Бож-Iелас Сутарбига цул тIаьхьа дина къамел а:

*Бож-Iела:* Нагахь санна и Бабаци соьга тховса ян реза хилахь, йосса мичахь йийр ю вайша иза?

*Сутарби:* Йосса, бахий ахьа? Суна хетарехь, цхьанхьа Теркйистехь йоссийча, бакъахьа хир ду.

*Бож-Iела:* ХIунда?

*Сутарби:* Ловзаргахь хIума чIогIа тосу, боху, цигахь.

*Бож-Iела:* Цунах гIуллакх хир дац.

*Сутарби:* Тентак, цигахь йоссийча, ши можна хир ма ду хьуна: нускал а, ахча а.

*Бож-Iела:* ХIан-хIа, Сутарби, со жима волуш дуьйна а сагIа дехар осала хетта ву со. ДIадерзор сан чоьтах хила деза.

Цу тайпана, Бож-Iелин Сутарбица йолчу юкъаметтигашкахь билгалдолу иза хьарам хIума лелор доцуш, хьаналчу къинхьегамца ваха лууш хилар. Бож-Iела, цхьадолчу ширачу хIуманашна тIегIерташ велахь а, шен ойланца цIена ву, шен амалшкахь къонахаллин билгалонаш хаалуш а ву. Таро йолу зуда а ялийна, цуьнан хьола тIехь ваха хуур волуш вац иза я осалваьлла дуьненан хIума лоьхур долуш а вац.

Бож-Iела дуьхьал ву Маймин бозбуанчаллашна а, Абубешара дечу десачу къамелашна а, цуьнан декъазчу кураллина а. Абубешар, Маймий, Сутарбий дахарна тIаьхьабисна нах бу, шайн амалшца сакхташ долуш а бу. Бож-Iела, цара шайн тобанах ларахь а, царах дикка къаьсташ ву. Амма царах дикачу агIор къаьсташ велахь а, алссам ледарлонаш ю Бож-Iелица а. Ша-шех дозалла деш, шех тоам бина стаг ву иза. «Дукин ирзехь саьрмако, цIога тоьхна, бIаьрг баьккхинчу БугIин Лом-Iелин кIант Бож-Iела ву со», – олу цо дозаллица. Шегахь къонахалла а хета цунна, къоман гIиллакхашца вехаш а лору цо ша. Амма Бож-Iелина шех хеташ дерггий, цо лелош дерштий цхьаьна ца догIу. Уьш цхьаьна цадаро беламе а воккху иза.

Мала а мелла, некъана генна йистехь лаьттачу зIенан бIогIамна тIетоьхна машен а йохийна, ша балхара дIаваккхийтина Бож-Iелас. ХIинца хIургон тIе балха гIо аьлча, ца воьду. Шен сий лахлуш хета цунна, хIургон лело вахча. Маларх ветталуш, деш хIума а доцуш, цкъа цхьана колхозе воьдуш, тIаккха вукху совхозе воьдуш, машен тIе балха ваха меттиг лоьхуш ву ша бохуш, лелаш ву Бож-Iела. ХIусамнанас Зулайс боху цуьнга: «Ма ца оьшурш леладо ахьа! Уьш а дитий, хьайга гIо боххучу балха гIохьа. Ахьа болх дика бахь, юха а машен тIе воккхур ву хьо». Амма Бож-Iела ца веша хIургонахь болх бан: «Пхеа шарахь трактор а лелийна, итт шарахь шофер а лелла, хIинца хIургон тIе вахар говрара вир тIе хаар санна хIума ду. Нах стигала оьхуш лаьтташ, со хIургон тIе ваха веза-кх», – олий, хададо цо.

Зулай колхозехь тоьлла хьелийозархо ю. Шен дика хьелий кхечуьнга дIа а делла, цуьнгара машанна[1] ледара долу гIийла бежанаш шега схьаэцна цо. Бож-Iела реза вац, шега ца хоттуш, Зулайс иза дарна: «Аса хьоьга, нахана гIуллакх ма де, ца боху? Соьга хатта а ца хоттуш, ахьа уьш дIа хIунда делира, боху?» Зулай цхьадолчу кхечу хIуманаш тIехь а яц Бож-Iелин лааме башха ладугIуш. Масала, цIийндас шена чIогIа дихкиншехь, «клубе а яхна, цкъа халхасатта-м йоллу» ша олий, гIабали а оьций, клубе йоьду иза. Зулай керлачу заманан керла стаг ю. Бож-Iела нохчийн гIиллакхашна, Iадаташна тIегIерташ ву. И ду Бож-Iелин, Зулайн къийсамна бухахь дерг.

«Бож-Iела» комеди дIадахначу бIешеран кхузткъалгIачу шерашкахь язйина ю. Оцу заманан лехамаш а, цу хенахьлера идеологи а ю

[1] *Маша* – шура, шурех схьайолу хIума.

пьесин чулацамехь ерг, цуьнца доьзна ду пьесин маьIна а. Бож-Iела тIаьххьара а тIевирзира Зулайс а, цуьнан магIарехь болчара а бохучунна. Иштта ю Бож-Iелин тIаьххьара монолог: «… айса лелораш нийса хиларх со шекволлушехь, дахар керла хилча, гIиллакхаш керла хила дезий а ца хууш, сонта мел дерш лелий аса. Цундела, шуна ма-гарра, балхах а, зудчух а, нахах а вели со, цу тIе, сонта ву аьлла, цIе а яха сан. Массо хIуманал а хала ша-шен вовза хилла. Ша-шен вевзича, атта хилла шен вон долчух а, дика долчух а кхета. Хьалххехь кхеттехь, дика дара дан-м. Делахь а, оьрсашна а дайна, цкъа а ца кхеташ хуьлучул, тIаьхьа кхетта а, кхетча тоьлу». Оцу дешнашкахь билгалдолу пьесин коьрта маьIна а.

«Бож-Iела» комедин могт нохчийн халкъан меттан исбаьхьаллица кхелина бу, дукхахйолу репликаш ирачу аларех лаьтташ ю. Персонажаш, къамелаш деха а ца деш, сцени тIехь вовшашца сих-сиха хийцало. Уьш дикачу драматургически произведенийн билгалонаш ю.

Нурадилов Ханпашин цIарахчу Нохч-ГIалгIайн драматически театран сцени тIехь хIоттийра «Бож-Iела» комеди. Театран директор волчу Хамидов Iабдул-Хьамида пьеса язъешволуш дуьйна коьрта ролаш билггал болчу актерашна леринера, муьлха актер муьлхачу персонажан роль ловзош хир ву билгал а дина, церан корматалла тидаме а оьцуш, кхоьллинера коьртачу персонажийн васташ. ГIарабевлла болу халкъан артисташ бара комедин коьрта ролашкахь: Давлетмирзаев Iабдул-МутIелип (Бож-Iела), Дениев Iаьльви (Сутарби), Исаева Асет (Майма). Лаккхарчу исбаьхьаллица язйинчу пьесехь лаккхара корматалла йолчу актераша инзаре дика спектакль хIоттийра. Цхьана а кхийолчу пьесин ца хиллачу тайпана боккха кхиам хилира комедин. Оьрсийн литературин классикан Гоголь Н.В. шуьйра евзаш йолчу «Ревизор» комедица юстура иза хIетахьлерачу зорбанехь.

Комедин коьрта персонажаш Бож-Iела, Сутарби, Майма харцахьарчу амалшца болушехь, шайн исбаьхьчу маттаца, хазачу забаршца, шаьш цхьа шатайпана беламе хиларца нахана безаелира. Къоман барта произведенийн персонажийн цIерш санна, нахана юкъа яьржира церан цIерш, гуттаренна а халкъа юкъахь йиса а йисна. Пьеси тIера дукхахдолу ира аларш кицанашка а дирзина, нохчийн матте даьхкина. Масала, «девнах шура ца йогIу», «ахьар дезачо хьера ваха мало ян мегар дац», «юучу хIуманийн паччахь жижиг-гала ду», «дика нах-м

шорта, хьаха, бара, комаьрша нах кIезиг бу-кх», «метиг санна, дукха хьайгахьа ву хьо», «ша шакарца тамаш балла доккха хIума ду и».

1967-чу шарахь дIаяьхьначу драматически произведенийн Ерригсоюзан конкурсехь кхоалгIачу даржан диплом делира «Бож-Iела» пьесина. Оцу пьесехь спектаклаш хIиттийна Къилбседа Кавказерчу республикийн ерриг а бохург санна драматически театраша. Нохчийн драматически театран сцени тIехь ша язйичхьана дуьйна тахханалц боккхачу кхиамца хаддаза хIиттош ю и комеди.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Муха чулацам болуш ю Хамидов Iабдул-Хьамидан драматургически произведенеш?

2. «ТIам сийна кхокха» пьесин халкъан барта кхоллараллица йолчу уьйрийн хIун башхаллаш ю?

3. Муьлхачу исторически хиламаш тIехь язйина «Ламанан йоI» драма?

4. Стагана ша дина дика а, ша дина вон а дуьхьалдолу олуш, кица ду вайн. Муха догIу хIара кица «Мохсолтин доьхна де» пьесин коьртачу персонажаца? Масалшца тIечIагIде шайн жоп.

5. «Мохсолтин доьхна де» пьесин коьрта персонаж вуста Чехов А.П. «Хамелеон» пьесехь вуьйцучу Очумеловца. ХIун ду церан амалшкахь цхьаьнадогIург?

6. «Бож-Iела» комеди Хамидов Iабдул-Хьамида хьалха язйинчу забаре произведенешца муха зIе йогIуш ю?

7. Муьлхачу дешнашкахь билгалдолу «Бож-Iела» комедин коьрта маьIна?

8. Дуста вовшашца «Бож-Iела» комеди тIера Бож-Iелин, Сутарбин васташ.

9. Хьуна хетарехь, хIун бахьана «Бож-Iела» комедин сел боккха кхиам хиларан?

10. Шайн белхан тетрадаш тIе схьаязде «Бож-Iела» комеди тIера кицанашка дирзина ира аларш.

## «Лийрбоцурш»

Хамидов Iабдул-Хьамидан кхоллараллехь дукхахъерш забаре, сатирически произведенеш ю, масала, «Абубешар», «ДIа – коч, схьа – коч», «Дурдий, Даргий», «ГIирмасолтас яьккхина са», «Хингал» дийцарш, «Бож-Iела», «Мохсолтийн доьхна де» пьесаш.

Цаьрца цхьаьна яздархочун кхоллараллехь йоккха меттиг дIалоцуш ю драматургин кхечу форманашкахь язйина произведенеш а. Царах ю вай лакхахь хьахийна драмаш «Ламанан йоI», «Совдаттий, Дауддий», берашна лерина туьйра-пьеса «ТIам сийна кхокха»,

турпалаллин драма «Лийрбоцурш». Уьш мехала драматургически произведенеш ю.

Царна юккъехь къаьсттана билгалъяккха еза «Лийрбоцурш» драма. Нохчийн къоман сийлахьчу кIантах Советски Союзан Турпалхочух Нурадилов Ханпашех, цуьнан накъостех-тIемалойх лаьцна ю и пьеса.

Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тIамехь цхьа эзар гергга фашист хIаллаквинчу пулеметчикан Нурадилов Ханпашин цIе гIараяьлла евзина ерриг а пачхьалкхехь. Цуьнан бIахаллин хьуьнарш кхечарна масалла хилла лаьттина.

Сталинградски фронтан Политуправленис Нурадилов Ханпашех лаьцна арахецначу листовки тIехь яздина:

«Придя на фронт из Чечено-Ингушетии, Ханпаша Нурадилов воплотил в себе лучшие черты доблестного чеченского народа, его геройство и орлиную удаль, его смелость и отвагу, мужество и доблесть… Взгляни, боец, на богатырский образ героя, горного орла Ханпаши Нурадилова! Пусть ратные подвиги героя Кавказа, сына чеченского народа, станут для тебя и твоих товарищей примером доблести в бою!»

ЦIеяхна болчу оьрсийн, нохчийн поэташа стихаш, эшарш, поэмаш яьхна Нурадилов Ханпашех лаьцна. Ерриг пачхьалкхехь гIараваьлла вевзаш волчу поэто Е. Долматовскийс Ханпашех лаьцна язйинчу стихаш тIехь яьккхина йиш хилла лакхахь вай хьахийначу листовки шолгIачу агIон тIехь зорба тоьхна.

1942-чу шеран 31 октябрехь арадаьллачу «Известия» газето яздина: «Пройдут годы, и счастливая молодежь Чечено-Ингушетии, девушки Дона, парни Украины будут петь песни о гвардии старшем сержанте Х. Нурадилове».

Луьрачу тIамехь халкъан маршо ларъеш, шен къона дахар дIаделлачу Нурадилов Ханпашин цIе гуттаренна а йисна Даймехкан исторехь, къоман эсехь.

Хамидов Iабдул-Хьамида ша пьеса язъян волавалале Сийлахь-боккха Даймехкан тIом документаш тIехь еххачу хенахь болх а бина, дуккха а материл гулйина хилла Нурадилов Ханпашин бIахаллин хьуьнарх лаьцна.

Оцу исторически бакъдолчийн буха тIехь язйина драматурго шен «Лийрбоцурш» турпалаллин драма.

## Пьесин тема, жанр, дIахIоттам

Фашистийн Германис ямартлонца тIом болийча, дерриг а халкъ Даймохк Iалашбан мостагIчунна дуьхьалдалар гайтина пьесехь. ТIеман арахь бIахоша а, тылехь хьаналчу къинхьегамца дерриг адамо а мостагIчунна тIехь толам баккхарехьа латтийна турпала къийсам бу пьесин чулацамехь.

Гитлеран фашистех вайн Даймохк Iалашбан гIевттинчу бIахойн къонахалла, майралла, шаьш кхиийна Даймохк барам боцуш царна дукхабезаш хилар гайтина авторо.

Турпалаллин драма дIайолало дагах кхетачу авторан дешнашца: «Хьоме доттагIий, зама дIаоьху, оьхур а ю. Амма адамийн дегнаш чуьра цкъа а дIаяьлла яц, я ер а яц Даймехкан тIеман буьрсачу деношкахь, вайн халкъан сий, ирс лоьхуш, шайн синош дIаделлачийн сийлахь цIерш. Оцу сийлахьчу цIершна юкъахь ю Нурадилов Ханпашин а, цуьнан накъостийн а цIерш. Бала къона бара Нурадилов а, цуьнан накъостий а. Амма къонахийн дахар шерашца дагардеш хила ца деза, цара шайн халкъана диначу гIуллакхашца дагардеш хила деза.

БIе шарахь ваьхнарг а ца ваьхна дукха, и шен халкъана гIуллакх деш ца ваьхнехь, ткъа шарахь ваьхнарг а ваьхна дукха, и шен халкъана гIуллакх деш ваьхнехь.

Суна лаьа, доттагIий, цкъа а лийрбоцчу башхачу турпалхойх дерг шуна дийца. ЛадогIалаш сан дийцаре!»

Иза пьесин пролог ю. Цу тIехь а билгалйолу авторан Iалашо а, пьесин тема а.

Шен барамехь гIеххьа йоккха ю пьеса. Прологах, ворхI суьртах долчу кхаа декъах, эпилогах лаьтташ ю иза. Пьесехь ткъе исс персонаж ю: ЦIечу Эскаран эпсарш, салтий, дошлойн эскадронан тIемалой, немцойн эпсарш, салтий, гестаповцаш, эвлара зударий, кхиболу наххий. Пьесин хиламаш тайп-тайпанчу меттигашкахь кхочушхуьлу: нохчийн юьртахь, Украинехь, Сталинградски фронтехь, немцойн блиндажехь.

Пьесин сюжет, цу тIера хиламаш кхиар иштта ду.

Хьалхара сурт – нохчийн юрт, машаре дахар, Нурадилов Ханпаша эскаре ваха новкъаваьлла, тIом болабалаза бу.

ШозлагIий, кхоалгIий суьрташ – тIом боьдуш бу, Украинерчу Захаровка эвлана гена йоцчу хьуьнан йийстехь мостагIчунна тIамца

дуьхьал льтташ бу Нурадилов Ханпаша а, цуьнан накъостий-тIемалой а. Дика кечам а бина, мостагIчунна рогIера тIелатар кхиамца чекхдоккху цара. Дуккха а фашисташ хIаллакбина, ворхI йийсаре валийна.

Нурадилов Ханпаша пулеметни расчетан командир хIоттаво.

ДоьалгIа сурт – Каметин хIусам. Зударий бу тIемалошна яхьий-та бедарш а, яахIума а гулъеш. Тешнабеххкаца чу а вогIий, Исраьил нуьцкъала Камета шена йига гIурту. Каметас, шалгон топ схьа а оьций, дуьхьало йо. И шиъ вовшийн карах ле.

ПхоьалгIа сурт – Сталинградски фронт, Серафимович-гIалина юххехь. 1942-чу шеран август бутт. Нурадилов Ханпашас хIинцале ялх бIе ахбIе фашист хIаллакдина, пхиъ пулеметни точка йохийна, шийтта мостагI, льцна, каравалийна. Лакхарчу сержантан дарже а ваьккхина, пулеметни шина взводан командир хIоттийна иза.

Нурадиловн бIахоша шайна тIедехкина тIеман декхарш кхиамца кхочушдо. Шайн магIаршкахь зенаш хиллехь а, мостагIчун луьра атака юхатоьхна цара.

ЙолхалгIа сурт – немцойн блиндаж. Минаш тIе нисвелла чевнаш хилла, гIелвеллачул тIаьхьа шаьш каравалийна Баркинхоев, Федо-ров леван гIерташ бу гестаповцаш. Амма мостагIчун оьшуш долу цхьа дош ца долу цаьргара. Федоровна тоьпаш туху, Баркинхоев кIелхьарвоккху тIекхиъначу Ханпашассий, Бульбассий.

ВорхIалгIа сурт – Сталинградски фронт. Йогучу гIалин цIерш. Цхьана борза тIехь долчу ор чохь оборона льцна севцца бу Нура-дилов, Баркинхоев, Бульбий. Пулемет дIа а хIоттош, тIамна кечам бо цара. Цхьа гIап бен пулеметан патармаш дац, цхьаъ бен граната а яц. ХIорш лоьхуш болу немцой тIекхочуш льтта. Фашистийн ар-данг йоккха ю, хIорш кхоъ бен вац. Iаламат халачу тIамехь алссам мостагIий хIалакбеш, турпалаллица Iожалла тIеоьцу кхааммо а.

Пьеса дIайолалуш ма-хиллара, иза чекхйолуш эпилогехь а ондда дека авторан аз:

«Иштта чекхделира цу башхачу кегийрхойн дахар! Хьоме на-къостий, вайн ирс, паргIато Iалашъеш, шайн синош дIаделлачу сий-лахьчу советски салтийн сий деш, хьалагIовтта! Диц ма де, тахана а дуьнен чохь маьI-маьIIехь тIамо ягош гIаланаш, ярташ хилар, дойуш зударий, бераш хилар.

ТӀеман цӀе яйна яц. Шайн кхане йоцурш, шайн тахане яхьян гӀерташ, герзе кхийда. Сема хила, доттагӀий, латта хӀинца а халкъан мостагӀех цӀандаза ду! Сема хила!»

Даймохк Ӏалашбеш, халкъан паргӀато ларъеш, турпалалла гайтина бӀахоша. Цара, майраллех, доьналлех ца бухуш, Даймехкан мостагӀашна дуьхьалбевлла, халкъан сий лардеш, дӀаделла шайн синош. Уьш эша ца белла луьрачу мостагӀашка, фашисташна тӀехь толам боккхуш, турпалаллица эгна сийлахь тӀемалой. Дерриг халкъ ду мостагӀчуьнца болчу къийсамехь турпалалла гайтина. Иза къеггина билгалдолу пьесехь. Цундела аьлла авторо шен пьесех турпалаллин драма. *Даккхий хьуьнарш долу турпалхой а болуш, шен чулацамехь адамийн майралла, доьналла гойтуш йолчу драматургически произведенех олу турпалаллин драма.*

Даймехкан тӀамехь адамийн патриотизм, майралла, доьналла гайтина йолу турпалаллин драма ю «Лийрбоцурш».

**Пьесин хьалхара дакъа**

***Ханпаший, Мутий***

Пьеса дӀайолало Ханпашин, Мутин диалогаца. Эскаре ваха новкъаваьлла Ханпаший, фински тӀамехь чов а йина цӀа вогӀуш волу цуьнан ваша Мутий дуьхь-дуьхьал кхета. Мутина, цкъа-делахь, хазахета шен ваша воккха а хилла, эскаре воьдуш, шолгӀа-делахь, цуьнан шел жимачу веше йолу къинхетаме ойла а хаало кхузахь. Ханпашига боху цо: «Ден, ненан марзо ахьа ца эцна дела, со вара хьуна, жимма айса терго-хӀума а еш, хьо деша вохуьйтур бохуш». Амма, шен ваша эскаре ваха лууш, доьналла долуш, къонахалла йолуш хиларх воккхаве Мути.

Ханпашина хьехар до цо: «Эскар къонахийн меттиг ю. Салтий вовшийн гӀо деш а, терго еш а хила беза. Яхьйоцчу кӀантах дан хӀума дац. Яхь хила еза. Молханан хьожа йогӀуш зама ю хӀара, Ханпаша. ТӀом эккхаран сахьт дац. Ӏедална а, нахана а гергахь хьайн дика цӀе йоккху агӀо лаха». Иштта хьехар дина, эскаре хьажаво Мутис шен ваша. Шен коьртара куй Ханпашина а туьллий, цуьнан куй шена туьллу Мутис: «Саьнгалан хьожа а йогӀуш бу хьуна и куй, гӀоза а, декъала а лелабойла ахьа и!» – олий. Ханпашас а боху: «И сан куй а бу хьуна, Мути, мехкадаьттанан хьожа а йогӀуш, ахьа и а лелабойла гӀоза а, декъала а!»

КIорггера маьIна ду оцу суьртан. Даймохк Iалашбаран а, къинхьегамца цуьнан хьал деборан а ламасташ хедаш дац, уьш, баккхийчаьргара кегийчаьрга а кхочуш, дехаш ду, даим даха дезаш а ду. Адамийн дахаран коьрта гIиллакх ду и.

Ханпашин безаман уьйраш а, цуьнан доьналла а гучудолуш кхин цхьа меттиг а ю пьеса дIайолалучу юьххьехь. Вовшашка безам болуш, вовшийн дезаш ду Ханпаший, Каметий. Камета езаш, иза резайоццушехь, шена йига гIерташ ву церан юьртахо Исраьил. Каметас шена дуьхьало йича, иза сийсазъян гIурту Исраьил. ТIекхаьчначу Ханпашас, шега, осала а ца лелаш, дIавала кхузара аьлча, урс даьккхина, цунна чугIерташ ву иза. Ханпашас, урс, схьадаькккхина, хи чу а кхоьссина, гIеххьа лаза а веш, эккхийна вахийтира Исраьил.

Каметассий, Ханпашассий вовшийн диц ца дан, шайн цIена, хьанал безам ларбан чIагIо йо. Ханпаша эскаре дIавоьду.

Ишттa чекхдолу пьесин уггар жимахдолу хьалхара сурт. Оцу жимачу суьрта тIехь а авторо йовзийтина пьесин ялх персонаж, царах хIораннан а амалехь долу коьртаниг мелла а билгал а даькккхина. Иза кхочушдина говза хIиттийначу персонажийн йоццачу репликашкахь а, кIеззиг йолчу авторан ремаркашкахь а. Шайн къамелаш дах а ца дойтуш, персонажаш сих-сиха хийцайолуьйту драматурго. ХIораннийн къамел чулацаме, шен маьIна долуш хуьлуьйту. Оцу хьелаша дог доуьйту пьеса еша а, сцени тIехь хIотточу хенахь цуьнга хьажа а, таро хуьлуьйту авторан ойланах кхиа а.

### *Ханпаша а, цуьнан накъостий-бIахой а*

Фашистех вайн Даймохк Iалашбан гIевттинчу бIахойн къонахалла, майралла, шаьш кхиийна Даймохк йистйоцуш дукхабезаш уьш хилар гайтина «Лийрбоцурш» пьесехь.

Пьесин шолгIачуй, кхоалгIачуй суьрташ тIехь тIеман хьелашкахь го вайна Нурадилов а, цуьнан накъостий а. Украинерчу Захаровка эвлана юххехь мостагIчунна дуьхьал лаьтташ бу уьш. Дошлойн эскадронан командиро Николаевс кхеран взводана хьалхьа тIеман декхарш хIиттийна. Дошлойн полко кхаанхьаша Захаровкина го а лаьцна, сатоссуш тухур ю мостагIчунна. Операци кхиамца чекхъялахь, мостагIчунна кхузахь бен юхавала меттиг бац, цундела пулеметни взводо кхузахь кIело ян еза.

Пьесехь мух-мухха а ца гайтина мостагІий а, уьш ондда ницкъ болуш, тІелата а хууш, шайгахь майралла а йолуш бу. Командиро боху: «МостагІ ницкъболуш а, говза а, хІилла долуш а ву. Цундела кечам дика хила беза. Нах а ларбе, ледара а ма Іе».

Взвод тІеман декхарш кхочушдан кечам беш ю. ХІора тІемало а шен-шен гІуллакх деш ву. Баркинхоев, иччархо хилла хьул а велла, мостагІашна эшам бан кечлуш ву. Бульба гонахара го талла вахийтина. Соловьев, Ханпаший пулемет дІахІоттош ву. Дикачу герзех воьттина мостагІ тІевогІуш ву аьлла, хІумма а боьхна бац тІемалой. Вовшашка забарш еш, вовшийн иракара а хІиттош, мостагІчунна тІелата кечам беш бу уьш. Го талла вахна Бульба юхавеача, Асановс цуьнга хотту, немцошна юххехь дуй вай олий. И хаттар ца тайначу Бульбас жоп ло: «Немцошна а, Іожаллина а-м ду». ТІаккха Ханпашас боху: «Іожалла аьттехьа ма-гІоьрттинехь, катохий схьа а лаций, тоьпа чу а йоллий, фашисташна кхосса ахьа, Бульба. ТІаккха гена ер ю хьуна Іожалла».

Николаевс ма-баххара, шайна го бича юхахьаьвдда богІу немцой, пулеметни взводо йинчу кІелонна тІе а нислой, атаке бовлу. Амма ХанпашагІара ондда юхатоьхна немцойнерриг а атакаш. Дукха фашисташ бисна тІеман арахь Іахка, ворхІ йийсаре валийна, алссам герзаш схьадаьхна мостагІашкара. ХанпашгІеран магІаршкахь а хилла дараш, взводан командир Соловьев, чов а йина, кхелхина.

БІахошкара доьналла, майралла, говзалла оьшуш тІом хилла иза. Лаккхара тІеман хьуьнарш гайтарна командованис баркалла элира бІахошна.

Нурадиловн чоьта тІе бІе ткъа фашист хІаллаквар дІаяздина. Дукха хан ялале пулеметни расчетан командир хІоттийна иза.

Ерриг пьесах чекхдолуш ду Нохчийчоьнан оьздачу кІентан, майрачу бІахочун Нурадилов Ханпашин турпала васт. Цуьнга ца лалора фашистийн йовсарша шен Даймохк аьшнаш беш, цаьрга болчу цабезамах дуьзнера тІемалочун майра дог.

Пьесехь исбаьхьаллица билгалдаьхна турпалхочун бІахаллин хьуьнарш, Даймехкан маршо, халкъан паргІато Іалашъеш цо ша-шен кхоориг цахилар. Іожаллех кхоьруш вац къона тІемало Нурадилов, луьрачу тІамехь мостагІчух леташ, эшахь, шен са а дІалур долуш ву.

Лаккхарчу айамца кхоьллина авторо Нурадилов Ханпашин накъостийн-бIахойн Соловьевн, Баркинхоевн, Бульбин, Федоровн, Гнездиковн, Асановн васташ а. Вайн махка Iазап дахьаш веанчу мостагIчунна тIехь толам баккхархьама, дерригенна а кийча бу уьш. МостагI мел ницкъболуш велахь а, цунна тIехь толам боккхург хиларх даггара тешна бу пьесин турпалхой.

## Пьесин шолгIа дакъа

### *Тыл[1] а, фронт а. Дерриг а – фронтана*

Гитлеровски Германи вайн Даймахкана ямартлонца тIе а летта, Сийлахь-Боккха Даймехкан тIом дIаболабелча, мостагIчунна дуьхьалделира дерриг халкъ. ТIаме хIоттал верг фронте вахара, кхечара, даймехкан хьал дебош, тылехь къахьоьгура. ТIаме бахначу божарийн меттана балха дIахIуьттура зударий. Ярташкахь, гIаланашкахь, гул а еш, йовха бедарш а, юург а, тIемалошна пайдехьа хинйолу кхиерг а фронте дIакхоьхьуьйтура.

Пьесин доьалгIачу суьрта тIехь къеггина гучудолу тIамо деш долу зенаш, адамашка деана вон, церан гIайгIанаш-баланаш. Юьртахь биснарш беккъа зударий бу. ТIамехь цхьанна цIийнда вийна, вукхуьн – кIант, кхечун ваша вийна. ХIетте а церан дегнаш чIагI ца делла, къинхетам бу цаьргахь, комаьрша бу уьш. Драматурго говза кхоьллинчу диалогашкахь билгалдаьккхина нахе деанчу воно шайн къинхетаме ойланех уьш бохийна цахилар. Бикатун хIусамехь тIемалошна яхьийта хIуманаш вовшахтухуш бу юьртахой. Бесират йогIу шен цIийндех дисина верта дохьуш.

*Бесират:* Тхан цIийнда тIамехь вийча дисна хIара верта дара. Магахь, хIара эскаре дохьуьйтур аьлла, еара со-м.

*Бикату:* ХIара хаза совгIат ду. Цхьа командир вохвийр ву кхо-м.

*Бесират:* Оцу берийн ден безамна, лерина лелийнера оха хIара, цхьа дико лелодолчуьнга нислахьара.

*Камета:* Нислур ду, Бесират. Цхьана майрачу командире. Охьахаахьа.

*Бесират:* Охьа ца хуу со. Самартах кхета а деза… КIант тIамехь вийна аьлла, кехат кхаьчна цаьрга.

[1] *Тыл* – тIеман хенахь фронт йоцу меттиг.

*Бикату:* Миска-яI! И цхьаъ бен ван а вацара цуьнан. Хала мур бу хIара, Бесират. ТIехIоьттинарг ланза девр дац-кх вай.

*Бесират:* Сайниг вийнехь а, кхечернаш биса лаьар-кх. Iодика йойла! (*ДIайоьду*).

*Бикату:* Марша гIолда! Кхо бер кхобуш Iаш ю и, хIетте а верта дахьаш еана.

*Камета:* Нах дика бу, нана.

Нохчийн зударий Бикату, Бесират, Аза, Ану, Хьава, Зина, кхиберш а тIаме бахначу божарийн метта белхашкахь бу. Азас боху, тIом балале, шиммо, кхааммо деш хилларг хIинца цхьаммо а деш, далург а, цадалург дан гIерташ дохку адамаш. Анус тIетуху: «Ахьа-м баккхийнаш буьйцу. Массо а бер а-м ду, таса а делла, шайн хирг дан гIерташ доллуш».

Фронте тIемалошна яхьийта хIуманаш яхьаш баьхкина уьш. ЦIеначу даггара, шайгара мелла хилла а тIемалошна гIо хилахьара аьлла хеташ, йохьуьйту цара шайн йолу-йоцург.

*Аза:* Аса хIара гали а, тIергIан ши пазат а еана.

*Бикату:* Шийла хан ю, хIорш вуно чIогIа оьшур йолуш хIуманаш ю.

*Ану:* Цомгуш-могуш хилча а бохуш, Iалащдина Iежаш дара сан. ХIара цхьа тIоьрмиг Iежаш а, ши кара а деана аса.

*Бикату:* ХIара Iежаш дархошна дохьуьйтур ду, кху каранаша цхьана тIемалочун куьйгаш дохдийр ду.

*Зина:* Аса хIара ши этка еана.

*Бикату* (*хьажа а хьожий*): ХIорш-м, хьаха, ю, инарлина яхьийта а мегар йолуш, дика эткаш. Ахьа хIун еана, Хьава?

*Хьава:* Аса ши пазат а, итт хIоа а деана. КIезиг хIума-м ю хIара, эскаре яхьийта.

*Бикату:* ХIума кIезиг елахь а, гIуллакх доккха ду. ХIара ши пазат йита, итт хIоа дIахьо, хьо деа бераца хала йоллу.

*Хьава:* И дийца а ца оьшу. Ца йиъна а, ца мелла а, царна оьшург латтор ду-кх вай.

*Бикату:* ХIара хIоаш вай лазарете[1] дохьуьйтур ду, ткъа кху пазаташа цхьана тIемалочун ши ког бохбийр бу.

Цу тайпана, жима а, воккха а, гIийланиг а, мисканиг а – тылехь волу шаверг – тIемалошна оьшург латтош, фронтана гIуллакх дан

[1] *Лазарет* – эскаран дакъа долчохь йолу жимо больница.

кийча ву. Шаьш гIело ларах, шайна ницкъ хиларх, бен ца хета царна, мостагIчунна тIехь толам баькkхичхьана.

Амма наггахь нисло шен къомах дIакъаьстинарг а. Иштта ву тIамах ведда лелаш волу ши дезертир – Исраьиллий, Супалуй. Къонах мел верг тIаме вахна, хIара шиъ, осала мел дерг лелош, шайх нах а кхардош, ваьлла лелаш ву.

Исраьил, шега ца йоггIушехь, Камета йига араваьлла. Хан яьллачу хенахь, Супалу а эцна, тешнабехкаца БикатугIеран чу а вахна, Камета ядо гIоьртина иза. Каметас, шен ден хилла шалгон топ схьа а эцна, дуьхьало йина. Каметий, Исраьиллий, вовшашкара герзаш а кхетий, ле.

Деши санна цIена, оьзда йоI Камета цхьа а тайпа бахьана а доцуш хIаллакйина осалчу Исраьила.

Иштта къиза хедира Каметин, Ханпашин вовшашка болу мерза безам.

ХанпашагIар Сталинградски фронтехь бу. Серафимович-гIалина юххехь лаьтташ йолу церан взвод шайн полкаца керлачу позицешка юхаяьлла. Са а даьIна, тIаме хIитта дезаш бу бIахой. Шаьш садоIучу хенахь цIа дагадогIу царна, машаречу дахаре сатосу.

Бульбас боху, тIом чекхбаьлча, ша агроном хир ву, массо хIуманал а латта дукхадеза шена, адамашна ялта, стоьмаш, зезагаш кхиор ду ша.

Гнездиковс ша болх бинчу школе сатуьйсу. Червленне дIакхоччушехь, ша юха а берашна хьеха хIуттур ву, дукха хан ялале, аспирантуре а гIур ву ша, боху цо.

Асановс дуьйцу: «Вай цIа кхаьчча, малх санна цIеначу метта охьавуьжуш, мерза-мерза хIума юуш, дика са а даьIна, цхьана йоккхачу туьканан заведующи гIур ву со я ансамблехь илли ала волалур ву».

Цаьрга ладугIуш а Iийна, Ханпашас боху: «Йохийнарг вай, тIом дIабаьлча, меттахIоттор ю. Доцчу хи далор ду, керла заводаш, хIордаш дохкур ду. Туьйранахь санна, хаздийр ду дахар. ТIаккха, Iаббалц деша а дешна, оцу стигалан Iаьршашка, цу седарчаш тIехь хIун ду хьажа гIоттур ву».

Цу тайпана ойланаш йо бIахоша тIамехь шайна мукъа еанчу хенахь. Адамийн машаре дахар дохош веанчу мостагIчух кхин а чIогIа лата дог догIу церан иштачу ойланашка бевлча. Уьш шайн лехамашца, деган ойланашца машаре адамаш ду, беркате бу церан

лаамаш, къинхетамах дуьзна церан дегнаш. Амма, Даймахкана тӀе кхерам хӀоьттича, тӀемалой хилла царах.

Пьесин пхоьалгӀачу суьрта тӀехь гучудолу Ханпашас кхин а даккхий тӀеман хьуьнарш гайтина хилар. Лакхарчу сержантан дарж а делла цунна, пулеметни шина взводан командир а хӀоттийна. Драматурго, Нурадилов тӀамехь гайтина ца Ӏаш, цуьнан шен накъосташца йолу юкъаметтигаш гучуяьхна ца Ӏаш, кхечу бӀахошка а дуьйцуьйту

Ханпашин амалех, цуьнан къонахаллех, майраллех лаьцна. Гнездиковс боху: «Шо сов хан ю накъост Нурадилов соьца тӀамехь волу. Оцу ханна Захаровка, Толстой, Шигра, Байракх районашкахь ялх бӀе ахбӀе фашист вийна цо, пхиъ пулеметни точка йохийна, шийтта мостагӀ, лаьцна, каравалийна. Цо и гӀуллакх дарна ЦӀечу Седанан а, БӀахаллин ЦӀечу Байракхан а ши орден елла цунна. Вуьззина тӀемало а, дика накъост а ву Ханпаша».

Иштта мах хадабо Ханпашин цуьнца цхьаьна тӀамехь болчу бӀахоша.

Майра бӀахой а, тешаме накъостий а бу Нурадиловн взводехь. Тайп-тайпанчу къаьмнех бу уьш: оьрсий, нохчий, украинцаш, гӀалгӀай, гӀебартой. Вежарий санна, бертахь бу, вошашна гӀо деш, вовшийн Ӏалашбеш, ларбеш, шайн синош ца кхоадо цара. МостагӀчун пулеметни ши точка йохор тӀедиллина Нурадилов Ханпашин взводана. Хала а, Ӏаламат кхераме а гӀуллакх ду иза, хӀетте а, шайн накъостий ларбархьама, ша-ша цига вахийтар доьхуш бу тӀемалой:

*Ханпаша:* …МостагӀчун пулеметни и ши точка йохор вайна тӀедиллар вайн взводана бина боккха ларам бу. Шен лаамехь цига ваха ши стаг веза. Хьанна лаьа цига ваха?

*Федоров:* Сан цӀахь делха а, диса а дац, со вахийтахьа цига, накъост командир.

*Баркинхоев:* Федоров цига ваха жима ву, со гӀур ву, накъост Нурадилов.

*Федоров:* ТӀамехь жима хила цхьаннан а бакъо яц.

*Гнездиков:* Со тӀамехь волу дукха хан ю, накъост старший сержант, со гӀур ву цига.

*Бульба:* ДегӀана жима волуш, цхьанне гур вац, со вахийтийша цига.

*Асанов:* Накъост командир, аса доьху со цига вахийтар.

*Федоров:* Я велла, я и декхар кхочуш диний бен, юхавогӀур вац со.

*Ханпаша:* Вала атта ду. Толам баккха хала ду. Коьртаниг, толам а боккхуш, висар ду. Іаламат кхераме а, хала а гІуллакх ду иза. Цундела суна цига Баркинхоев, Бульбий вахча бакъахьа хета. Федоров керла веана ву. Гнездиков, суна цхьаъ хилахь, сан метта хила везаш ву.

*Федоров:* Накъост командир, аса вайн Даймехкан дуьхьа доьху хьоьга цига со хьажор.

*Баркинхоев:* Цунна иштта лууш хилча, Федоров ваийта соьца. Тхойша ледара ца хила вогІу.

«Некъ дика хуьлда, кхиамца воьрзийла!» – олий, и шиъ дІахьажаво командиро и жоьпаллин декхар кхочушдан. Иштта вовшашна чусадиллина, цхьабартболуш, доьналла, майралла йолуш гайтина тІемалой. МостагІчух озавалар, кхеравалар хІун ду, ца хаьа царна.

Керла атака ян кечлуш бу мостагІий. Немцойн кеманийн гІовгІа хеза, бомбанаш етта. Яккхийчу тоьпийн, минометийн йийлар чІагІло, пулеметаш, автоматаш сихло. Фашисташ луьрачу атаке богІу, тІом чІагІло. Цхьаьна хьарчийна пхи граната а оьций, йогІучу немцойн танка кІел эккха Гнездиков. Танк соцу. Чу-кара баханчохь Бульбас а, Асановс а эшабо немцойн салтий. Ханпашин пулемето аре мел ю охьабеххина фашисташ. МостагІий бевдда. Амма тІамехь турпалаллица воьжна Гнездиков а, Асанов а. Юха ца вирзина немцоша дІалаьцна йолчу лакхен тІера пулеметни ши точка йохо вахна Баркинхоев а, Федоров а.

МостагІчун цхьайолу пулеметни точканаш хІинца а йохоза ю. Бульба а оьций, шен пулеметца уьш хІаллакьян воьду Ханпаша.

### Пьесин кхоалгІа дакъа

### *Немцойн блиндажехь*

Пьесин йолхалгІачу суьртехь фашистийн къизалла гучуйолу. Дика кечйинчу блиндаж чохь, паргІатбевлла Іаш бу гестаповцаш Ральффий, Ганссий. Хьалха лаьтташ хаьржина даар-малар делахь а, синтем байна хеталуш ву ши гестаповец. И шиъ мелла а воьхна хилар гойтуш ду церан къамел. Амма цкъачунна шаьш ницкъболуш хета царна.

Немцойн пулеметни ши точка йохо вахна волу Баркинхоев, Федоров минаш тІе нисвелла, чевнаш а хилла, гІелвеллачул тІаьхьа, лаьцна, каравигна цара. И шиъ леван, цаьргара шайна пайдехьа болу

хаамаш баха гIерта гестаповцаш. Юьхьанца Федоров чу а вигна, дукха чIогIа цунна гIело еш, шайна оьшург цуьнга дийцийта гIерташ, хьийзаво цара. Амма мостагIчунна оьшу цхьа дош шен багара ца долуьйтуш, ерриг а церан къизалла а лайна, Iожалла тIеоьцу Федоровс. Баркинхоевна кхерам тосуш, кхунна хьалха тоьпаш тоьхна фашисташа Федоровна.

Цул тIаьхьа Баркинхоев хьаьстина-хьаьгна чувигира гестаповцаша. Кхуьнга чIогIа хаза дуьйцуш, шайна тIеверзо гIоьртира уьш. Амма Федоровсчул а чIогIа дуьхьало йира Баркинхоевс. И ца ладелла гестаповцаш, кхуьнца хьалха шайн хилла кIеда-морзалла а йитина, къизалла гайта бевлира. «Аса хIинцца вуьйр ву хьо, вахкавелла ламанхо!» – боху Ганса. Амма сихха тIекхиъначу Ханпашассий, Бульбассий кIелхьарвоккху Баркинхоев.

Авторо шен драми тIехь вайн бIахойн къинхетамалла, фашистийн къизалла вовшах юстуш гайтича санна, хетало.

## «Турпалхой леш бац»

Хамидов Iабдул-Хьамида шен коьртачу турпалхочо Нурадилов Ханпашас тIамехь дакъалаьцна коьрт-коьрта меттигаш гайтина пьесехь. Драмин тIаьххьара долу ворхIалгIа сурт Сталинград ларъеш бина тIемаш гойтуш ду.

ГIали йистехь цхьана борза тIехь оборона лаьцна НурадиловгIара. Йоккхачу тIеман чIагIонца тIегIерташ бу фашисташ. Ханпашаьргахь кIеззиг бу тIеман гIирс. Пулеметан патармаш цхьа гIап бен дац, цхьаъ бен граната а яц. ТIеман гIирсах боьттина тIебогIуш болу мостагIий аре яьккхина бу. ХIорш кхоъ бен вац: Нурадилов, Бульба, Баркинхоев. Оцу Iаламат халачу хьелашкахь йоккхачу майраллица фашистех лета уьш. Шайн герз чекхдаьлча, шаьш байъинчу мостагIчун салташкара оцу тIеман кIуьралахь герз схьа а оьцуш, тIом бо цара. Йиъ автомат, цхьа тапча а еара Ханпашас. Алссам фашисташ бисира тIеман арахь Iахка, амма кхачош дацара мостагIийн магIарш. Луьра тIом бира НурадиловгIара, дукха фашисташ эгийра цара шайн тIаьххьарчу тIамехь. Къонахаллица Iожалла тIеийцира кхаа турпалхочо.

Нурадилов а, цуьнан накъостий а байъина аьлча, дошлойн полкан командиро, полковнико Захаровс боху: «И бакъ дац! Турпалхой леш

бац, шаьш халкъана диначу гӀуллакхца баха буьсуш бу. Аса куралла йо иштта чу тӀемалойн со куьйгалхо хиларх. Хан-зама дӀаяьлча, дуккха а хӀуманаш дицлур ду, амма цкъа а йицлур яц Нурадиловн, цуьнан накъостий санначийн сийлахь цӀерш!»

Буьрсачу тӀамехь цхьа эзар гергга фашист хӀаллаквина турпалчу пулеметчико Нурадилов Ханпашас. ТӀеман даккхий хьуьнарш гайтина цуьнан накъосташа Гнездиковс, Баркинхоевс, Бульбас, Соловьевс, Федоровс, Асановс. Даймахкана дӀаделла цара шайн къона дахар. МостагӀчунна тӀехь толам боккхуш, тӀеман арахь эгна уьш. Даймохк Ӏалашбеш, халкъана паргӀато йоккхуш велларг адамийн дегнашкахь гуттаренна а вуьсу, тӀекхуьучарна масал хуьлий лаьтта цуьнан цӀе. Цундела аьлла авторо шен турпалхойх «лийрбоцурш», адамашна уьш цкъа а бицлург цахилар чӀагӀдеш.

**Хаттарш а, тӀедахкарш а**

1. Шен пьесех турпалаллин драма аьлла яздархочо. Дийца, хӀунда ю иза турпалаллин драма.

2. «БӀе шарахь ваьхнарг а ца ваьхна дукха, и шен халкъана гӀуллакх деш ца ваьхнехь, ткъа шарахь ваьхнарг а ваьхна дукха, и шен халкъана гӀуллакх деш ваьхнехь» кица ду вайн. Муха догӀу халкъан кица пьесин чулацамца?

3. Драмин муьлхачу меттехь билгалйолу авторан Ӏалашо а, пьесин тема а? Дийца, хӀун ю пьесин тема.

4. Муха бу пьесин дӀахӀоттам?

5. Даймохк ларбан хӀиттинчу бӀахойн майралла, турпалалла муха билгалйолу пьесехь?

6. ТӀеман хенахь жима а, воккха а, гӀийланиг а, мисканиг а – тылехь волу шаверг – тӀемалошна оьшург латтош, фронтана гӀуллакх деш ву. Амма массо а ца хилла цу кепара. Иштта ву тӀамах ведда лелаш волу пьесехь вуьйцу ши дезертир Исраьил, Супалу. И тайпа нах дукха хиллий вайн къомана юкъахь. Дийца, хӀун хезна шуна иштачу нахах лаьцна дуьйцуш.

7. Тайп-тайпанчу къаьмнех болчу бӀахошна юкъара доттагӀалла а, уьш къинхетаме хилар а муха гайтина драматурго?

8. Дийца, пьесехь Нурадилов Ханпашин васт кхолларан башхаллех.

9. Пьесин прологан, эпилоган хӀун маьӀна ду?

10. Хьуна хетарехь, пьесин цӀе «Лийрбоцурш» хӀунда ю?

**Шуна, хӀума довза луурш**

Нурадилов Ханпашех яьхна кинофильмаш («16 мальчишеских лет»), язйина поэма (Н. Сергеев. «Солнце в крови»), роман-хроника, повесть (А.Л. Горлов

«Огненный, огненный конь», В. Матиев «Мокхазан дог») ю, кхоьллина стихаш, даьхна иллеш а ду.

**ГӀиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай**

1. Шуна хетарехь, шена тӀе хала киртиг хӀоьттича, доьналлица цунах хьалхавала адамна гӀо деш дерг хӀун ду?

2. Оьрсийн къоман кица ду: «Турпал цкъа бен ца ле, кӀилло – бӀозза». Дийца, муха кхета шу цунах. «Лийрбоцурш» драми тӀехь буй кицанахь буьйцурш?

3. Даймохк беза, сийлахь, хьоме бу хӀора стагана. ХӀокху аларца реза дуй шу? Шуна хетарехь, Даймохк бохург хӀун ду?

4. Пьесехь вуьйцучу Нурадилов Ханпашас санна, оцу тӀамехь шайгара майралла, доьналла, хьуьнарш гайтина кхин а дуккха кӀентий хилла вайн.

ХӀетте а, цхьа а бехк боцуш, вайн халкъ махкхахдаьккхина 1944-чу шарахь.

Сталина, цуьнан хьадалчаша вайна тӀехь лелийна харцо бакъян гӀерташ, тахана а хаамийн гӀирсашкахь нохчаша Даймехкан тӀамехь дакъа а ца лаьцна, уьш ямарт хилла бохуш яздо цхьаболчу яздархоша а, журналисташа а.

Шуна хӀун хета цу хьокъехь?

**Кхоллараллин тӀедиллар**

Турпалаллин драма дӀайолало дагах кхетачу авторан дешнашца: «Хьоме доттагӀий, зама дӀаоьху, оьхур а ю. Амма адамийн дегнаш чуьра цкъа а дӀаяьлла яц, я ер а яц Даймехкан тӀеман буьрсачу деношкахь, вайн халкъан сий, ирс лоьхуш, шайн синош дӀаделлачийн сийлахь цӀерш».

Махкана, халкъана шайн синош дӀаделлачу кӀентех хаамаш кечбе.

**Билгалйинчу темина проект кхоллар**

«Даймехкан сийлахь кӀентий».

Сочинени язъян теманаш:

1. Даймехкан тӀамехь бӀахочун майралла.
2. Нурадилов Ханпаша Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тӀамехь.
3. «Лийрбоцурш» – турпалаллин драма.

## *КХОАЛГIА ДАКЪА*

# ХIИНЦАЛЕРА НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРА
## *(XX бIешеран шолгIа ах)*

## КЪОМАН ЛИТЕРАТУРА
## XX БIЕШЕРАН 20–40-чу ШЕРАШКАХЬ КХИАРАН ЖАМIАШ А, ХIИНЦАЛЕРА ЛИТЕРАТУРА А

Халкъан дахарехь хуьлучу хийцамашца цхьаьна кхуьуш схьаеана къоман исбаьхьаллин литература. 1920-гIа шераш дуьйлалучу муьрехь кхоллаелла керлачу буха тIехь йолу нохчийн поэзи, язйина дуьххьарлера пьесаш, араевлла прозин жанрашкахь йолу произведенеш: дийцарш, очеркаш, повесташ. Къоман литература сиха кхуьуш схьаеана хан ю дIадахначу бIешеран 20–30-гIий шераш. Оцу муьрехь язйина нохчийн литературин бухбиллархо волчу Бадуев СаьIида шенерриг исбаьхьаллин произведенеш. Теманашца, жанрашца шуьйра ю цуьнан кхолларалла, халкъан оцу хенахьлерачу дахаран ерриг агIонаш чулоцу яздархочун исбаьхьаллин произведенеша. Бадуев СаьIидан проза тахана а ю нохчийн литературин исбаьхьаллин лакхенашкахь.

ХIетахьлерачу литературехь коьртанаш поэтически жанраш хиллехь а, цаьрца цхьаьна кхиъна проза а, драматурги а. Цунна тоьшалла ду Сальмурзаев Мохьмадан дийцарш, Эльдарханов Iисин, Шерипов Денильбекан пьесаш, Бадуев СаьIидан прозин, драматургин произведенеш, Музаев Нурдинан пьесаш, дийцарш, Айсханов Шамсуддинан дийцарш, очеркаш, пьесаш, цаьрга терра кхиболчу авторийн произведенеш а.

1930-чу шарахь «Революция и горец» журналан масех номерехь зорбатоьхна Арсанов СаьIид-Бейн йоккхачу эпически произведенин дакъош. Дукха хан ялале нохчийн маттахь «Ши тIаьхье» цIе а йолуш арахецна и роман. Оццу шарахь араяьлла Бадуев СаьIидан «ПетIамат» чекхъяккхаза йисина роман а. Цу тайпана, къоман литературехь романан жанр йолорхо ву Арсанов СаьIид-Бей а, Бадуев СаьIид а. Билгалдаккха деза, Бадуев СаьIид юьззина чекхъяьлла роман язъян ца кхиънехь, Арсанов СаьIид-Бейс эпически йоккхачу форманан

берриг а лехамашна жоп луш йолу роман нохчийн, гIалгIайн литературашкахь дуьххьара язйина хилар. Бакъду, Арсанов СаьIид-Бейс шен произведенеш оьрсийн маттахь язйина, амма шайн чулацамца, исбаьхьаллин суртхIотторан а, васткхолларан а къастамашца къоман литературин произведенеш ю уьш.

Арсанов СаьIид-Бейн дуьххьарлера произведенеш араевлла 1920-чу шерийн хьалхарчу эхехь. Цуьнан дийцарш, очеркаш, статьяш зорба тоьхна «Советский юг», «Известия» газетийн агIонаш тIехь. ТIаьхьо яздархочун произведенеш арахецна «Красная новь», «Народный учитель» цIерш йолчу журналаш тIехь а.

1930-чу шерашкахь а, 40-гIа шераш дуьйлалучу муьрехь а араийлина Мамакаев Мохьмадан исбаьхьаллин произведенеш а. Царах ю «Коминтерн» очерк, «ДоттагIалла», «ЧIегIардиг» стихотворенийн сборникаш, поэма «ЦIий хуьйдина лаьмнаш», «Суй» стихотворенийн, поэмийн сборник.

Оцу шерашкахь къоман литературехь эвсараллица болх бина Музаев Нурдина а. Зорбанехь араевлла цуьнан «Вайн заманан заза», «Iуьйре а, суьйре а», «Колхозан ловзар» цIерш йолу пьесаш, «АтагIийн тогIи чохь» дийцар, «Бакъ новкъахь гIулч», «Сан некъ», «Деган аз», «Ткъес деттачу новкъахь» цIерш йолу стихотворенийн сборникаш.

1930-гIа шераш чекхдовлучу – 40-гIа шераш дуьйлалучу муьрехь литератури юкъа баьхкина исбаьхьаллин похIма долу къона поэташ, прозаикаш Мамакаев Iаьрби, Сулаев Мохьмад, Гадаев Мохьмад, Эдилов Хасмохьмад, Саидов Билал, кхиберш а.

Цу тайпана, XX бIешеран 20–40-гIий шераш нохчийн литература сиха кхиъна мур бу, ерриг а жанрашкахь кхиамца болх бина хIетахьлерачу яздархоша.

Нохчийн литературни мотт кхиарехь мехала хилла оцу хенахьлера литература.

Мехала чулацам, лаккхара исбаьхьалла йолу халкъан барта кхоллаpалла шен бухехь йолуш кхиъна нохчийн йозанан литература. Исбаьхьаллин говзалла караерзош Iаьрбийн, оьрсийн классически литературех а, дуьненан кхечу къаьмнийн литературех а пайда эцна нохчийн яздархоша.

## Нохчийн литература Сийлахь-Боккха Даймехкан тIом латтинчу шерашкахь (1941–1945)

Адамийн машаран къинхьегам юкъахбаьккхира гитлеровски Германис ямартлонца болийначу тIамо. 1941-чу шеран 22 июнехь вайн Даймахкана тIелетира фашистийн мехкашдIалецархой. Дуьненахь хIинццалц схьа хиллачу тIемех уггар буьрса а, къиза а тIом бара милитаристски Германис болийнарг. Iаламат яккхий халонаш хIиттира вайн Даймахкана хьалха. Кхийолу пачхьалкхаш дIалоьцуш вайна тIекхаьчна герзах йоьттина йолу фашистийн ардангаш эшо езара. Дерриг халкъаш хьалагIевттира мостагIчунна дуьхьал, дIаболабелира Сийлахь-Боккха Даймехкан тIом.

ТIамо хийцира Даймехкан дерриг дахар. Берриг ницкъ мостагI эшорна тIехьажо дийзира. Литературина хьалха а хIиттира керла декхарш. Сийлахь-Боккха Даймехкан тIом болчу шерашкахь, массо а къаьмнийн литературашна санна, нохчийн литературина хьалха а хIиттира Даймохк фашистийн акхаройх ларбарна тIехьажийна долу сийлахь декхарш.

Герз кара а лаьцна, тIаме хIиттира цхьаболу яздархой, вукхара идейно-политически болх вовшахтухура халкъана юкъахь. Массо а яздархочун дош даггара, ницкъах дуьззина дара оцу буьрсачу хенахь. Яздархойн исбаьхьаллин дашо адамийн дегнашкахь мостагIчуьнга луьра цабезам кхиабора, Iорайохура фашистийн мехкашдIалецархойн Iалашонаш. Шайн произведенешца цара кхин а алсамбоккхура Даймахке а, халкье а болу мерза безам, бIахойн дегнашкахь стогалла, майралла кхиайора. Лаккхарчу идейни айамца кхочушдира вайн литературо оцу халачу хенахь шена хьалха лаьттина сийлаллин декхарш.

ТIеман юьххьехь дуьйна литературин коьрта тема хилла дIахIоьттира мостагI хIаллакваран, даймохк фашистийн йовсарех паргIатбаккхаран тема. Яздархойн ерриг произведенеш оцу Iалашоне хьажийна яра.

Къаьсттана сиха араевлира поэтически произведенеш. Царна тIехь поэташа Iорайохура мостагIчун ямарта Iалашонаш, гойтура фашизман ма-ярра йолу амалш, адамашка тIамна ондда дуьхьало яре кхойкхура. Оцу кхайкхаман маьIна «мехкан сий лардан», мостагI эшо адамийн ойла гIаттош дара. Иштта яра Мамакаев Iаьрбис язйина

«Дерриг а тIамна», Саидов Билала язйина «ДIахаалда хьуна», Музаев Нурдинан, Эдилов Хасмохьмадан, Сулаев Мохьмадан стихотворенеш.

1941-чу шарахь, тIом дIаболабелла дукха хан ялале, нохчийн, гIалгIайн, оьрсийн меттанашкахь язйина произведенеш тIехь а йолуш арахийцира №1 йолу «Альманах»[1]. Нохч-ГIалгIайн яздархойн Союзо арахецначу оцу альманах тIехь зорба тоьхна яра Музаев Нурдинан, Эдилов Хасмохьмадан, Яндиев Джамалдин, Осмиев Хьамзатан, кхечеран стихотворенеш, публицистически статьяш, кхийолу материалаш а. «Тахана хIора советски стаг турпалхо хир ву. Шайн догIмашца ларбо турпалхоша шаьш кхиийна Нана-Даймохк. Цара балар гIоле лору безаш болу Нана-Даймохк мостагIчунна дIа ца луш. Иштта болу турпалхой эшалур бац, уьш мостагIчух озалур бац... МостагI вохийна хир ву! Фашизман цIийшлахь долу куьг сацийна хир ду! Толам вайгахь хир бу!» – чIагIдора яздархоша.

1941-гIа шо чекхдолуш араелира «Капитан Маташ Мазаев» книга. Цу тIехь нохчичун Мазаев Маташан бIахаллин хьуьнарш дуьйцуш йолчу «Правда» газет тIера схьаэцначу материалашца цхьаьна зорба тоьхна яра Мамакаев Iаьрбин «Турпалхочун танкистан доьзал» очерк а, «Чевнаш хиллачу капитане» стихотворени а, кхечу нохчийн, оьрсийн, гIалгIайн яздархойн Мазаев Маташан тIеман хьунарех лаьцна йолу произведенеш а.

Иштточу произведенеша майрачу тIемалойх масал эцаран ойла кхиайора, мостагIчунна ондда дуьхьало яран, Даймехкан паргIато ларъяран лаам чIагIбора.

Даймахке кIорггера безам кхиош яра Мамакаев Мохьмада тIом болчу хенахь язйина стихотворенеш а. Дог Iовжош ю цуьнан «И йоьлхуш яц» жима стихотворени. Говза поэтически васт кхуллуш гайтина цу тIехь тIамехь кIант вийна нана. Шен кIантана дог лозу цуьнан, холчухIоьттина иза, амма йоьхна яц. Даймахке деана вон кхин а алсам Iаьткъина нанна, бекхаман ойла гIаьттина цуьнан кийрахь:

> ТIулг санна, макхъелла и нана
> Шен кIентан коша тIехь лаьтта.
> ХIан-хIа, яц! Йоьлхуш яц и нана –
> Катоьхна и борзах хьаьрчи.

---

[1] *Альманах* – тайп-тайпанчу яздархойн произведенех лаьтташ йолу литературин сборник.

Тlаккха, шен кхолламна кlел сецна,
И гlаьтти, дог цlарца догуш,
Ягийнчу хlусамех бlаьрг кхетта,
Гlулч яьккхи цо, хьалха йолуш.

Цlе яккха, доттагl, нуьцкъалчун:
Безамо гулийна чlир ю,
Я ненан сийлахьа безам бу?

Кlант вийначу ненан васт хlоттош яздархоша гойтура цуьнан Даймахке болу боккха безам.

Вайнехан халкъан барта произведенешкахь санна, кlант дlахьажош нанас цунна тlедиллира майра хилар, ша ца кхоош Даймохк lалашбеш, эшахь, шен са а дlадалар. Осала хилий, кlиллолла дахьаш шена тlе юха ма воьллахь олий, кхуьйлура нанас тlаме воьдучу кlанте.

Мамакаев Мохьмада шен «Кlиллочунна» стихотворенехь дика гайтина стешхалла, тlамехь шен са дадийна лелар халкъалахь дукха сийсазхилар. Ишттаниг, юха цlа вирзича, тlе ца оьцу дас а, къомо а, махко а. Халкъан цlарх поэто боху кlиллочуьнга: «Къам, хlусам я Даймохк мичахь бу хьан? Йиш-вешин, доттагlчун цlе яккхалахь. Даймохк бац, къам а дац, осала са» – халачу дийнахь Даймахкана ямарта хиллачунна цкъа а геч ца до адамо, неlалт кхайкхош, бlал кхуссу цунна:

Дlо новкъахь гуш болу и лекха барз
Ас хьуна кхийсинчу бlаьллеха бу...
Кхоссалаш, кхоссалаш цу борзе бlал!
И хьан барз неlалтца хьекъабеш бу.

Иштта нуьцкъала сурт хlоттадо Мамакаевс шен махкана ямарта хиллачуьнга болу цабезам буьйцуш.

«Фашисташна дуьхьал стихаш» сборник арахийцира вайнехан поэташа 1941-чу шарахь. Оцу поэтически сборник тlехь яра Мамакаев lаьрбин, Музаев Нурдинан, Эдилов Хасмохьмадан, кхечеран фашисташна дуьхьалхьажийна йолу стихаш. Мостагlчунна дуьхьал халкъан оьгlазло гlаттайора цу произведенеша. Даймахке, халкъе йолу ойла чlагlйора.

Оьрсийн яздархойн публицистически статьяш, очеркаш, стихотворенеш, кхийолу тIеман тематикех льтта исбаьхьаллин произведенеш нохчийн матте а йохуш, зорба тухура. Иштта нохчийн маттахь араевлира А. Толстойн статья «Мила ву Гитлер, стенга кхача гIерта иза». И. Эренбурган «Адамашдаархой», «Муьлш бу уьш», «Стешха тIемало Бенито Муссолини», Н. Тихоновн «Кавказан сий», П. Павленкон «ГIазот», В. Гроссманан «Боьмаша цIийIуьйдурш», цаьрга терра кхийолу произведенеш а. Лев Кассила берашна язйина «Кегий буденовхой» книга а арахийцира, Мамакаев Iаьрбис гоч а йина.

Оцу произведенеша, фашистийн Iаьржа Iалашонаш Iора а йохуш, адамийн дегнашкахь цаьрга луьра цабезам гIаттабора.

ТIеман хенахьлерачу дуккха а произведенешкахь къаьсташ билгалдолу бIахочун турпалаллин васт. Бакъонца болчу тIамехь Даймохк ларбеш волу тIемало ша тоьлур хиларх даима а тешна хуьлу. МостагI мел ницкъ болуш велахь а, иза эшор вац аьлла цуьрриг шеко йолуш бацара вайн тIемалой.

Нохчийн поэзехь кхоьллина долу бIахочун исбаьхьаллин васт Даймахко кхиийначу тIемалочун йоккха патриотизм а, турпалалла а гойтуш дара. Саидов Билалин «ТIемалочуьнга», «Советски эскар», «КIанте», Эдилов Хасмохьмадан «БIаьрзе стаг», «ТIемало, хьоьга!», «Кавказан аьрзу», «Суьрте», Музаев Нурдинан «Толам вайн бу», «Вайна хьехна» стихотворенешкахь вайна хьалха хIутту шен Даймехкан, халкъан маршо ларъярхьама муьлхха хало ловш волчу, мостагIчунна йоккхачу турпалаллица дуьхьалволучу тIемалочун васт.

Саидов Билала шен «ТIемалочуьнга» стихотворенехь яздо:

Даймахкехьа майра леташ,
Халкъан маршо доггах ларъеш,
Шайн сий-пусар дан йиш йоцуш,
Шу ду уггар турпалчарах.

ХIора дешан къеггина маьIна а долуш, кхета аттачу, ондда интонаци йолчу оцу стихаша дика гойту бакъонехьа къуьйсуш болчу тIемалойн патриотизм а, майра дог-ойла а. Ницкъ а, оьздангалла а шайца билгалйолучу «майра леташ», «маршо... ларъеш», «сий», «турпалчарах» бохучу дешнаша гIо до паргIато ларъеш волчу бIахочун дуьззина васт кхолла. «Советски эскар» стихотворенехь авторо чIагIдо вайн тIемалой – «дог майра лоьмаш» – мостагI цуьнан шен

«бенахь» вохор волуш хилар. Саидов Билалин кхечу стихотворенин лирически турпалхочо боху: «Дог дера сан майра кIант, етташ ата мостагI!»

Даймохк ларбеш волу тIемало гуманист ву, къинхетаме дог ду цуьнан, амма цуьнан «бекхаман ойланаш малхбузе керча». Шен махка бохам бохьуш веанчу мостагIчух дера лета иза, цунна тIехь толам баккхархьама, эшахь, шен са а дIадала кийча ву. Иштточу бIахочун васт хIутту Эдилов Хасмохьмада тIеман хенахь язйинчу стихотворенешкахь. Буьрсачу тIамехь чIагIло фашисташна дуьхьал гIаьттина ойла. «БIаьрзе стаг» стихотворенехь поэто гайтина тIамехь бомбано чов ярна бIаьрса дайна салти. Иза шегара бала балхош вац, мелхо а, шех къахетачеран дог иракарахIиттадо цо. «Болатал чIагIло шу фашисташ бохо!» – иштта бу салтичун даггара лаам.

«Кавказан аьрзу», «Суьртс» цIерш йолчу стихотворенешкахь Эдилов Хасмохьмада хIоттийна вайн халкъан сийлахьчу кIентан, Советски Созан Турпалхочун Нурадилов Ханпашин васт. Майрачу бIахочо Нурадилов Ханпашас шен къона дахар дIаделла Даймохк ларбеш. Ханпашина дукхабезара ша кхиийна Даймохк, цуьнга ца лалора фашистийн йовсарша иза аьшнашбар. Шен лаамехь фронте вахна волу Нурадилов чIогIа летара мостагIех, цаьрга болчу цабезамах дуьзнера цуьнан майра дог. Луьрачу тIамехь цхьа эзар гергга фашист вожийна турпалчу пулеметчико. Поэто исбаьхьаллин васт хIоттош билгалдоху къоначу тIемалочун бIахаллин хьуьнарш, Даймехкан дуьхьа, халкъан дуьхьа цо шен дахар дIаделла хилар.

Нурадилов Ханпаша шен са кхоош а, Iожаллех кхоьруш а вац. Иза, Даймахкана орцахваьлла, хьашт хиллачохь Iожалла тIеэца кийча ву. «Ша винчу халкъана дахар дIаделла, герзаца Iожаллин тIаме дIахIоьттира» боху стихотворенехь. Халкъана паргIато йоккхуш велларг даим а адамийн дегнашкахь вуьсу, цуьнан цIе цкъа а йицлуш яц. Цундела поэто Ханпаша дагалоцуш боху: «Декар ду халкъан аз дуьне мел деха, декар ду иллеш а, хьан хьуьнар дуьйцуш».

Эдилов Хасмохьмадан тIеман хенахьлерачу стихийн лирически турпалхочун дог-ойла къеггина гучуйолу «Сий делахь, Латта!» стихотворенехь. КIорггера маьIна долуш ю поэтически говза язйина йолу и стихотворени. Стеган дахар, ирс, сий цуьнан шен Даймахкаца йолчу юкъаметтигах дозуш ду. Даймехкан латта ду стаг сийлахь

веш дерг, цуьнга ирс кхочуьйтург. Иза лардар хIоранна а тIехь ду. Эдиловн лирически турпалхочо чIагIо йо «кхехка цIий саццалц» и лардан. Нагахь санна мостагIчуьнца дIахьочу къийсамехь валар нислахь, «хинболчу сан борзах цинц тохий бIаьрга, совцабе! Ата уьш! ХIаллакбе, Латта!» боху цо. *Латта* дош шуьйрачу маьIнехь даладо поэто. Иза вина меттиг а ю, вайн берриг Даймохк а бу.

Чов йоцуш, цIий доцуш,
ТIом хилла бац-кха,
Ирсан стом ларбан а
Дац цуьрриг атта.
Ас дегI ца кхоийна
Сайн дуй чекхбаккха:
«Кхехка цIий саццалца
Хьо лардан, Латта!»

Лирически турпалхочун кхоллам Даймехкан лаьттах дIакъасталур боцуш бу. «Турпалхойн магIарехь» шен Iожаллин сахьт тIехIоьттича а, бовхачу безамах юьззина йолчу сирлачу ойланца боху цо: «Чурта тIе яздан хьан баркалла оьшу, ирс къуьйсуш веллачун сий делахь, Латта!»

ТIеман заманахьлерачу нохчийн литературехь мехала произведени ю Сулаев Мохьмадан «Малх тоьлур бу» поэма. Оцу поэмел хьалха тIеман хьокъехь Сулаев Мохьмада язйинера «Малх къуьйсу тIом», «ГIовтта» цIерш йолу стихотворенеш. Царна тIехь поэт кхойкхура массаьрга а «Даймехкан сий лардечу цу тIаме» хIиттаре. Фашистийн къиза амалш схьагойтуш, адамийн дог-ойла царна дуьхьалъяккхар яра авторан Iалашо. Изза тема, кхидIа кIарг а еш, хIоттийна «Малх тоьлур бу» поэмехь а. Шуьйра чулацам болуш ю поэма. Фашистийн Германин «Iаьржа хьарамло» ма-ярра гайтар; адамийн йоккха патриотизм; дерриг а къаьмнаш цхьабарт хилла мостагIчунна дуьхьалдовлар; вайн тIемалой Даймохк ларбеш майра летар а, церан даккхий хьуьнарш а; тылехь адамаша боху къинхьегаман толамаш – иштта ду поэмехь къастош долу гIуллакхаш. МостагI мел чIогIа велахь а, вайн халкъаша цунна тIехь толам боккхур хилар чIагIдо авторо.

Поэмехь ши идея, ши ницкъ бу вовшашна дуьхь-дуьхьал лаьтташ: «Цхьаъ – Серло – СССР коьртехь! Важа – Бода – гитлеризм коьртехь!» Серлой, Бодий поэтан символаш ю. Серло – диканиг,

адамашна паргlато яхьарг, маршонан идеалах дозуш дерг ду. Бода – вониг, къизаниг, lазапехь адам латтош дерг, фашизмах дозург. Иза тидаме эцча, къеггина билгалдолу поэмин Пушкин А.С. дешнех латтташ йолчу эпиграфан маьlна а: «Малх бехийла, дlабайла бода!»

Сулаев Мохьмада поэтически сурт хlоттош гойту халкъийн неlалт хилла болчу фашистийн ямарта амалш:

Фашисташ! Можа кучамаш! lаьржа дегнаш!
Тlаьххьара, шаьш далале аьлла,
Шу тохаделла, карзахдевлла
Вонна нуьйр тиллина,
И шайн дин хаьржина,
Дуьнен чохь и хоьхкуш хьийза:
Доцче вон кхачо гlерташ,
Долчохь дика дохо гlерташ.

«Зулам дебош» чубаьржинчу фашисташна дуьхьал гlевттира «миллионийн дегнаш».

Вайн боккхачу Даймехкан дерриг а халкъаш вовшашца юххера доттаглалла, вошалла долуш хиларо а, уьш цхьабосса мостаглчунна дуьхьалдовларо а тоьшалла дора фашизм хlаллакйиийриг хиларан. Поэмехь къастош хьахийна къаьмнийн республикаша мостаглчунна тlехь толам баккхарехьа лоцуш долу дакъа.

Мостаглчунна дуьхьал латтташ волчу тlемалочун лаам а, доьналла а нуьцкъала сурт хlоттош гойту поэто:

Шу гинчу сохьтехь, карахь герз ца нислахь,
Шен кийрара даьккхина цо дог тухур ду!
Дуьненнал бомба тlекхетча санна,
Шу лелхар ду!

Исторически дlадахнарг теллича а билгалдолу поэмин лирически турпалхочунна фашисташ «шайн lожаллина тlе» боьлхуш хилар.

1943-чу шарахь язйина йолчу оцу поэмехь Сулаев Мохьмада дог тешош гайтира вайн халкъаша фашизмана тlехь шеко йоцуш толам боккхург хилар. Тlеман халачу муьрехь мостагl эшор хиларан ойла адамийн дегнашкахь члаглъяр доккха маьlна долуш гlуллакх дара.

ТӀеман заманахьлерачу нохчийн литературо, кхечу къаьмнийн литератураша а санна, шен болчу ницкъаца гӀуллакх дина, фашисташ хӀаллак а бина, Даймохк паргӀатбаккхарехьа.

**Хаттарш а, тӀедахкарш а**

1. Сийлахь-Боккха Даймехкан тӀом болабеллачу хенахь литературина хьалха хӀун декхарш хӀиттира?

2. Муха чулацам бара тӀеман хенахь араевллачу произведенийн?

3. Нохчийн литературехь кхоьллинчу бӀахочун вастан хӀун башхаллаш яра?

4. ХӀун маьӀна хета хьуна Мамакаев Мохьмадан «И йоьлхуш яц» стихотворенин?

5. Эдилов Хасмохьмадан стихотворенийн лирически турпалхо хӀун дог-ойла йолуш ву? Цуьнан стихашкахь *Латта* бохучу дешан хӀун маьӀна ду?

6. Сулаев Мохьмадан «Малх тоьлур бу» поэмин хӀун идея ю? ТӀом марсабаьллачу хенахь язйинчу оцу поэмин хӀун маьӀна дара?

7. ТӀеман заманахьлерачу нохчийн литературо хӀун гӀуллакх дина Даймохк мостагӀчух паргӀатбаккхарехьа?

## Нохчийн литература XX бӀешеран 50–70-чу шерашкахь

Шен чулацамца а, исбаьхьаллин гӀирсашца а сиха кхуьуш схьаеана къоман литература. Шо-шаре мел дели керла теманаш, васташ, жанраш юкъаялош, шайн произведенийн исбаьхьалла лакхайоккхуш хилла яздархой. Амма нохчийн литературина, дерриг а къомана цӀаьххьана инзаре бохам тӀебеана. 1944-чу шарахь нохчийн халкъ, шен махках а даьккхина, сибрех дахийтина. Сибрехахь даьккхинчу кхойтта шарахь сецна лаьттина къоман йоза, литература, искусство кхиар. Нохчийн маттахь хьоьхуш школаш ца хилла, нохчийн яздархойн книгаш ара ца хецна, къоман театр ца хилла.

Республика юха метта а хӀоттийна, нохчийн къам цӀа дирзинчул тӀаьхьа, 1950-чу шерийн шолгӀачу эхехь дуьйна дӀадоладелла литература кхиар. ХӀетахь литературехь кхиамца болх беш хилла нохчийн къоман баккхий яздархой: Арсанов СаьӀид-Бей, Мамакаев Мохьмад, Мамакаев Ӏаьрби, Исаева Марем, Гадаев Мохьмад-Салахь, Музаев Нурдин, Саидов Билал, Сулаев Мохьмад, Эдилов Хасмохьмад, кхиберш а. Церан гӀоьнца литературе баьхкина къона яздархой а.

1956-чу шарахь Алма-Атахь араяьлла Арсанов СаьӀид-Бейн «Маца девза доттагӀала» роман. Авторан хьалхалерачу «Ши тӀаьхье» рома-

нан буха тIехь язйинера и йоккха эпически произведени. Турпалхойн васташ даржош, сюжетан зIенаш тIеюзуш, идейно-исбаьхьаллин чулацам кIаргбеш болх бина авторо шен произведени тIехь. XIX бIешо чекхдолучу – XX бIешо долалучу муьрехь Нохчийчохь хилла юкъараллин дахаран социальни хьелаш гайтина романехь. Оцу хенахьлерачу дахаран суьрташ эпически шуьйра, кIорггера дехкина. «Маца девза доттагIалла» романан шолгIачу книги тIехь болх беш а вара яздархо. Цуьнан цхьадолчу дакъошна зорба а тоьхна авторо. Амма шен Iалашо кхочушъян ца кхиъна иза.

1965-чу шарахь зорбанера араяьлла яздархочун «Серебристая улыбка» книга. Арсанов СаьIид-Бейс, ша къона волуш болх бинчу Колыме а вахна, хIетахь ша лелла меттигаш а гина, цигарчу адамашца цхьаьнакхетарш а хилла цIа веача, арахецна и книга. Оцу мехкан буьрсачу хазаллех, цигарчу адамийн хьуьнарех дуьйцу яздархочо шен книги тIерачу дийцаршкахь, очеркашкахь.

Арсанов СаьIд-Бей гоьваьлла яздархо вара. Цо мехала хазна йиллина литератури юкъа. Цунах а, цуьнан кхолларallех а лаьцна статьяш арайийлина «Дружба народов», «Дон» цIерш йолчу журналаш тIехь а, кхечарна тIехь а. Яздархочун «Маца девза доттагIалла» роман маситтазза араяьлла зорбанехь тайп-тайпанчу гIаланашкахь: Москвахь, Алма-Атахь, Соьлжа-ГIалахь. Цуьнан дийцарш, очеркаш арайийлина тайп-тайпанчу меттигашкахь, изданешкахь. Арсанов СаьIид-Бейн дахаран некъ хедира 1968-чу шарахь. Иза кхелхинчул тIаьхьа арахецна «О близком и далеком» цIе а йолуш, коьрта долчу декъана зорба тохаза хиллачу произведененийн книга. Цу тIехь кхечу произведенешца цхьаьна зорба тоьхна дара «Маца девза доттагIалла» романан шолгIачу книгина яздархочо лерина хилла дакъош а.

Арсанов СаьIид-Бей шен кхолларallица, дахарца интернациалист, патриот хилла. Шен хаарш, беркате исбаьхьаллин похIма дIаделла цо къоман литература, культура кхиорна, къаьмнашна юкъара доттагIалла чIагIдарна.

Нохчийн литератури юкъа йоккха хазна йиллина Мамакаев Мохьмада. Цуьнан прозин, поэзин произведенешкахь къеггина гуш ду шен къомана хьанал волчу турпалхочун оьзда васт. Цунна хьоме бу шен Даймохк, ду халкъ, цуьнан хьалха дIадахначух, таханлерачу дийнах, хиндолчух кIорггера ойла йо цо («ТIулгаша а дуьйцу», «Даймахке»).

Стеган паргIато, сий цуьнан халкъаца йолчу юкъаметтигах доьзна хилар гойту поэто. Цуьнан лирически турпалхочо шен дахар халкъан дахарца дусту. Даймохк дош шуьйрачу маьIнехь кхетадо поэто. Иза вина, меттиг хилла ца Iаш, берриг вайн боккха Даймохк бу. И ойла къеггина билгалйолу «Со Сибрех вина вац» бохучу стихотворенехь:

Даьржинчу сайн Соьлжан боьрахь,
Амуран лекхчу тулгIешкахь,
Цхьабосса дог паргIат лаьтта,
Суна со Даймахкахь хета...

Говза язйина ю поэтан лирически произведенеш. Церан чулацам а, исбаьхьаллин форма а, вовшех къасталур йоцуш, башха цхьаьнаийна ю.

Граждански тIеман турпалхочун Шерипов Асланбекан васт кхоьллина Мамакаев Мохьмада 1962-чу шарахь араяьллачу шен «Революцин мурд» романехь.

Исторически бакъдолчийн буха тIехь язйина ю «Зеламха» роман а. Яздархочо боккхачу безамца кхоьллина Зеламхин васт. Шен турпалхочун гIиллакх-амалш билгалъяхар авторо кхочушдина цуьнан адамашца йолу юкъаметтигаш гайтарца, цуьнан ойла, психологи къеггина гучуйолу хьелаш кхолларца. Къехой, муьлххачу къомах уьш белахь а, Зеламхас лоруш а, царна гIуллакх деш а хилла. Зеламхех обарг винарг цу хенахьлера социально-политически дахар дара, боху романан авторо шен коьртачу турпалхочух лаьцна.

Мамакаев Мохьмадан поэзи а, проза а нохчийн литературин мехала цхьа дакъа ду.

Ошаев Халидан кхолларалло а йоккха меттиг дIалоцу нохчийн литературехь. Исбаьхьаллин дийцарш, очеркаш, повесташ, романаш, пьесаш, литературоведчески, критически статьяш ю яздархочун кхолларааллехь. Теманашца а шуьйра ю цуьнан произведенеш. Исторически а, вайн заманан а тайп-тайпана гIуллакхаш ойу яздархочо шен произведенешкахь. Къаьсттана мехала ю «Алун шераш» роман-эпопея. 1959–1964-чу шерашкахь зорбанера араяьлла йиъ книгех лаьтташ а йолуш, шуьйра чулацам болу и роман. Коьрта долчунна, граждански тIеман хьокъехь ю и йоккха роман. «Алун шераш» роман-тетралоги[1]

[1] *Роман-тетралоги* – шайн чулацаман, исбаьхьаллин башхаллин цхьаалла а йолуш, деа декъах (еа книгех) лаьтташ йолу йоккха эпически произведени.

вайнаха граждански тIамехь паргIатонехьа шайн мохк ларбеш латтийна къийсам гойтуш ю. Шуьйра эпически суьрташ дехкина оцу чолхечу хенахь хиллачу къоман дахаран. Исбаьхьаллица кхоьллина, хIоранна гIиллакх-амал гучуйолуш ду коьртачу турпалхойн Шепиев Ахьмадан, Чергизов Амадин, Сачин Александран васташ. Церан юкъараллин кхетам кхиар, уьш шаьш хаьржинчу новкъа хIиттар бакъдолчуьнца нийса догIуш гайтина романехь. Персонажийн дог-ойла, кхетам, амалш шайн кхиарехь гайтина. Говза кхоьллина къехошна хьалхабевллачу куьйгалхойн Шерипов Асланбекан, Ахриев ГIапуран, Гикало Николайн васташ. Къеггина гучудолу романехь вайнехан халкъ шен мохк ларбеш, паргIатонехьа къийсам латтор болуш хилар. Нохчийн, гIалгIайн ярташкахь деникинцашна дуьхьал бина тIемаш гайтинчу суьрташкахь яздархочо къинхьегамхойн майралла, маршонехьа цара ондда къийсам латториг хилар гайтина. Исбаьхьаллин ницкъаца кхоьллина Iалхан-Юьртахь, ГIойтIахь хилла буьрса тIемаш гайтина суьрташ.

Авторо шен роман оьрсийн маттахь а арахецна. «Пламенные годы» цIе а йолуш. Кхаа книгех льтташ ю иза.

Ошаев Халидан драматургически произведенеш юкъахь шен идейно-эстетически чулацамца къаьсташ ю «Асланбек Шерипов» пьеса. Нохч-ГIалгIайн драматически театро еххачу хенахь хIиттош яра оцу пьесехула спектакль. Иштта къоман театран сцени тIехь хIиттийна цуьнан «Ахьмар-Хьаьжа», «Цхьана куьйга ши хорбаз» пьесаш а. Евзаш яра Ошаев Халидан «Ши Зойбалла», «Селасат», «Зулай» цIерш йолу кегийра пьесаш а.

ТIаьхьарчу хенахь яздархо Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тIеман тематикехула произведенеш язъеш вара. Брест-гIап ларъеш турпала эгначу вайн махкахойн цIерш лохуш мехала болх дIабаьхьира цо. Оцу хьокъехь яздархочо гулйинчу материалех цхьаерш «Брест – орешек огненный» книги тIехь яздархо кхелхинчул тIаьхьа араевлира. Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тIамехь дакъалаьцначу вайн махкахойх Ошаев Халидан гулйинчу материалех льтташ йолу йоккха книга араьлла 2005-чу шарахь. «Слово о полку Чечено-Ингушском» оцу книгин Iаламат мехала чулацам бу. Кхечу материалашца цхьаьна книги тIехь зорбатоьхна ю Брест-гIап ларъеш хиллачу Нохч-ГIалгIайчуьра шибIе кхузткъе пхийтта тIемалочун цIерш.

Вайнехан литературехь мехала ю Ошаев Халидан исбаьхьаллин кхолларалла.

1974-чу шарахь зорбанера араяьлла Гайсултанов Іумаран «Александр Чеченский» исторически повесть. Хиллачийн буха тІехь язйина ю и произведени. Паччахьан Ӏедало колониальни Іалашонаш кхочушъеш Кавказехь тІом латтийначу хенахь а оьрсийн прогрессивни нехан нохчашца хилла беркате юкъаметтигаш гойту авторо шен повестехь.

А.С. Пушкина а бовхачу безамца вийцина волчу Николай Николаевич Раевскийс тІе а лаьцна кхиийначу нохчочун Александр Чеченскийн кхолламах лаьцна ю повесть. Московски университет чекх а яьккхина, лаккхара образовани а, культура а йолуш волчу Александр Чеченскийс шен хенан тІеман говзалла караерзийна. Инарла-майоран чине кхаьчна иза. ТІамехь тІехмайралла а, хьуьнарш а гайтарна коьртакомандующис М.И. Кутузовс а сий деш хилла А. Чеченскийн. Денис Давыдовс а дуккха а диканиг яздина шеца партизански отрядехь хиллачу А. Чеченскийх лаьцна.

Дуккха а исторически гІуллакхаш чулоцуш бу повестан хиламаш. БерхІитталгІачу бІешеран шолгІа эхе юкъалтІехъяьллачу хенахь Алдара Ушурма коьртехь а волуш нохчийн а, Къилбседа Кавказан кхидолу къаьмнаш а паччахьан эскаршна дуьхьал шайн паргІато ларъеш гІовттар гойтуш дІайолало повесть. Говзачу исбаьхьаллин кепехь гойту произведени тІехь и исторически бакъдерш. Повестан композици чолхе а йоцуш, турпалхойн васташ дика гойтуш, авторан идея къеггина билгалйоккхуш ю. Кавказера, Россера я Францера хиламаш гойтуш а бакъдолчунна тІера ца волу автор. Ша гайтина долу гІуллакхаш кІоргера цо теллина хилар го книга йоьшуш. Халкъан патриотизм а, майралла а дика билгалйолучу суьрташца, говза кхоьллинчу исбаьхьаллин васташкахь гайтина, 1812–1814-чу шерашкахь Даймехкан тІамехь оьрсийн халкъо Наполеонан эскарш эша а дина, Даймохк паргІатбаккхар. Оцу тІамехь къаьсттана билгалдевлла долу Александр Чеченскийн бІахочун хьуьнарш хьакъдоллучу исбаьхьаллин басаршца гучудаьхна яздархочо.

Повестан хиламаш 1816-чу шарца чекхбовлуш бу, амма эпилогехь авторо хаийтина шен турпалхочун кхидІа а хиллачу дахарх дерг.

Александр Чеченскийн васт дуьззина кхоьллина яздархочо. Цо тоам ца бина шен турпалхочун бІахаллин хьуьнарш билгалдахарх. Вайна схьагайтина Александр Чеченскийн ойланаш, цуьнан цІена

безам, йовха доттагIаллин уьйраш, даймахкана а, халкъана а иза хьанал хилар. Ша вина меттиг, дай баьхна мохк – Нохчийчоь – дагаеача, цуьнан дог дуткъдалар хаало вайна. И дерриг а яздархочо кхочушдина дагах хьакхалуш долчу исбаьхьаллин васташца а, суьрташца а.

КIорггера идейно-эстетически чулацам болуш ю Ахматова Раисин лирика. Шен исбаьхьчу стихашкахь Даймохк, халкъийн доттагIалла, къинхьегам, безам, машаре дахар дуьйцу цо. Дог доккхадедеш, синкъераме, патриотически дог-ойла гIаттош ю цуьнан кхолларалла. Ахматован поэзин коьрта турпалхо керла ойла йолу нохчийн къона зуда ю. Оьзда гIиллакхаш, цIена безам, сирла ойла ю поэтан лирически турпалхочун. Иза билгалдолу «Даймахке», «Безам», «Дог дика хьан бIаьргаш», «Кхерац со доттагIа ...» цIерш йолу стихашца а.

«Дикалла» ю Ахматова Раисин поэтически сборникех цхьаннан цIе. Дикалла – и дош яздан мегар дара Ахматован ерриг а поэзина хьалха эпиграфан маьIнехь. Адамашка дикалла, аьхналла, адамалла кховдош ю цуьнан поэзи. «ХIора стаг гойла-кха шен ирсе кхаьчна. Комаьрша доькъийла ирс шайлахь наха!» – иштта бу цуьнан «безамна, диканна» даим кийча йолчу лирически турпалхочун даггара лаамаш.

Даймехкан лаьттаца бозуш, дай баьхна латта хаздеш, тодеш, цунах Iилманца пайда оьцуш бу Ахматован турпалхой. Хьаналчу къинхьегамца мехкан сий лакхадоккхуш болу вайзаманхой бу «Олхазар» поэмин турпалхой. Керланиг юкъадалош кхоллараллица къахьегаро, лаккхара Iалашонаш йолуш хиларо гIо до царна балха тIехь толамаш баха.

«Дагалецамийн новкъахь» поэмехь шен дахар даймехкан дахарца дустуш, ойланехь луьсту лирически турпалхочо, тIаккха цунна къеггина гучуйолу махкаца шен йолу уьйр:

ДIадахнарг луьсту ас, сагатдар доцуш,
Дагалоьцу терахьаш, диц ца лур долу.
Тахана сихачу дийно чулаьцна
Дерриг а, хIинццалц схьа девзинарг суна.

Сол хьалха дуьнен чохь мел хилла дерг а,
Дагахь а доцуш, кхин тIе мел хиндерг а…
ХIай хьоме Даймохк, сан деза латта,
Хьан ю со, хьан йоI ю, ахь яха Iамош.

Даймехкан тема Ахматова Раисин ерриг кхоллараллех чекхйолу. Авторо поэтически исбаьхьа сурт хIоттош гойту шен хьоме Даймохк. «Тхо долчу дуьйла, москвичаш» стихотворенехь цо боху:

Ган меттиг хиллий-техь хьуна цкъа бIаьрга,
Суьйренца дашо малх чубуза сихлуш,
Гергарчу шовдан тIе йоI хи дан йоьдуш,
Чилхьесан бухкарца, цу цIеста кIудалца?

Хиллий шу тхо долчохь, Кавказан лаьттахь,
Пушкина, Лермонтовс дийцинчу лаьттахь,
Iаламан хазалло кхелинчу махкахь,
Хьешан сий лардечу беркате хьаьттахь?

Халкъана, Даймахкана пайдехьа вацахь, стеган вахар эрна ду. «Хьомечу махкана сайн ницкъаш дIабала со кийча ца хилахь, дIаэца лаьттара!» – боху поэтессин турпалхочо.

60–70-чу шерашкахь нохчийн поэзехь хилла кхиамаш Сулаев Мохьмадан, Эдилов Хасмохьмадан, Саидов Билалан, Арсанукаев Шайхин поэтически кхоллараллех бозабелла а бу. Шайн кхоллараллин хотIаца тайп-тайпана болчу оцу поэташа хIораммо шен дош аьлла нохчийн поэзехь.

Саидов Билалан «Деган аз» стихотворенин турпалхо адамашкара гIайгIа-бала дIаоьцуш, массо а стаг ирсе, паргIатоне кхачоран Iалашо йолуш ву. Дуьненахь хуьлуш долчу дерриг гIуллакхашна ша жоьпаллехь хета цунна, цуьнан ойла массанхьа а кхочу:

Декахьа, деган аз,
Цу стигал Iаьрчашкахь.
Даржахьа, мерза аз,
Доллучу лаьтта тIехь.
Къинхьегам къахьбелларг
Балха тIе верзавеш,
Ойланехь курваьлларг
ГIиллакхе валавеш,
Зуламна гIаьттинарг
Машаре хьовзавеш,
Даржахьа, мерза аз,
Хан-зама ца лоруш.

«Меттиган сурт» стихотворенехь поэто исбаьхьаллин басаршца дуьллу Даймехкан Iаламан сурт. Амма Даймохк хазбийриг исбаьхьа Iалам хилла ца Iа, иза адамийн оьзда гIиллакхаш, комаьршо, беркате гIуллакхаш, хаза дог-ойла хилар чIагIдо авторо, къаьмнашна юкъахь гергарло, доттагIаллин, вежараллин уьйраш хилар кхайкхадо.

Вина мохк, вина юрт хьоме ю хIора стагана а. Шен махках, халкъах, дайн ламастех дIахаьддарг ирсе ца хуьлу. Екхна ойла а, синпаргIато луш ерг шен махкаца, адамца мерза уьйраш хилар ду.

Жималлехь левзина
Хаза урамаш,
Къонахий хIиттина
Юьртан майданаш,
КIентийн дой хьийзина
Бай сийна тогIенаш
Ца тиги йиицъяла,
Валарх мел гена.

Иштта гойту Саидов Билала «Вина юрт» шен стихотворенехь еххачу хенахь Даймахках къаьстина леллачу лирически турпалхочун дог-ойла.

ХIинцалерачу нохчийн литературин уггар исбаьхьчу агIонех цхьаъ ю Арсанукаев Шайхин кхолларалла. Дуккха поэзин книгаш арахецна цо. Царна юккъехь ю «Лаьмнашкахь Iуьйре», «Безаман шовда», «ЦIеран суй», «Сийна некъаш», «Лакхенан гIиллакх», «Керла де», поэмийн книгаш «Тешам», «Ушармин Ших», стихашкахь роман «Кхолламан сизаш». Шайца лирически кIорге йолуш, говза язйина стихаш ю поэтан. Царна юкъа йогIу «Лаьттана, сискална хастам беш...», «Ненан мотт», «Гиний шуна», «Нагахь хьан гIо оьшуш...», «Винчу лаьмнашкахь», «Баьпкан юьхк».

Арсанукаев Шайхин лирически турпалхо вайн дахарехь диканиг чIагIдеш ву. Иза деккъа шен ирс лоьхучех вац. Тийналла, синтем ца бевза цунна, даим новкъахь, лехамехь, къийсамехь ву иза. Цунна Iаламат дукхабеза вина мохк, цуьнан хьалха дIадахнарг, хIинцалераниг:

Лаьмнийн мохк!
Курачу къонахийн латта!

Лайначийн моьнаш го
хьан некха тӀехь.
Эшам а,
эшар а кхаьчна хьан хьаьтта,
Амма ца лайна ахь
осаллин эхь!

«Винчу лаьмнашкахь» цу стихотворенехь авторо кхидӀа а яздо дайн къонахаллех лаьцна:

Стогаллин къурдашца
халонаш муьйлуш,
Ларйина декъаза
паргӀато шайн.
ТӀулг белххал къизачу
Тимуран герзо,
Къарбина, гора уьш
ца хӀиттийна.
Тешамах,
майраллех деш хазнийн терза,
Безам шайн деших а
ца боьхкина.
Тахана дӀахьаьжча,
сан кура лаьмнаш,
Шун баххьаш лепаш го
маьлхан нуьрехь,
Ламанхой бехаш бу,
ца къестош къаьмнаш,
Кхолламан дай хилла
шайн лаьтта тӀехь.
Воккхавеш хьоьжу со
хьомечу хьаьтта,
Кхуьуш бу
керлачу заманан стом.
Нохчочун хӀусамехь,
шаьлтанан метта,
Го хӀинца
сирлачу Пушкинан том.

Авторан дегайовхо а, граждански ойланаш а ю Арсанукаев Шайхин стихашкахь. Шен мехкан воI ву цуьнан лирически турпалхо, кхечу къаьмнашца гергарло дезаш а ву иза. Диканиг чIагIдеш, вочунна дуьхьал къийсам латтош вогIу иза дахаран новкъа. Нийсо кхайкхайо, чIагйо цо:

Хастам бу Нийсонна!
Ехийла Нийсо!
Халкъашлахь вошалла
ЧIагIдийриг – Нийсо,
Пачхьалкхийн машаран
Дозанаш – Нийсо,
Адамаллин хьекъалан
Дозалла – Нийсо.
Хастам бу Нийсонна!
Ехийла Нийсо!

Поэтан лирически турпалхочунна берриг мехкан, лаьттан бала кхочу. Цуьнан дагах кхета махке, Лаьтте беана бала:

ЦIаьххьана кхерийна, Лаьттан дегI дегий,
ЭхI, Латта, дийцахьа хиллариг хьайна.
Алахьа,
ХIун цатам хилла хьо дегий?
Я дог хьан лазий-те,
Харцо ца лайна?
Я, атом иккхина, мархаш гин гIенах?
Я жима бер гин-те къаьстина ненах?..

Поэто кхидIа а дагардо шен «Мохкбегор» стихотворенехь махкана бохам бан тарлуш долу гIуллакхаш:

Алахьа, хIай Латта,
ХIун гира хьуна:
ДоттагIчо тешнабехк
Бин доттагIчунна?
Я, меттахь дIатесна
Шайн нана къена,
СапаргIат баха-те кIентий дIа гена?
Я къона безам гин осалчо Iехош?

Я поэт воллура харц дешнаш лехьош?
Бен доцуш лелачийн гин аьрта яххьаш?

Шайн чулацамца тайп-тайпана долу и дерриг гIуллакхаш махкана кхераме лору поэто. Къйнхетамах дуьзначу даггара боху цуьнан лирически турпалхочо:

ЭхI, маржа-яI, Латта, хIун хили-техьа?
Со орцах вер ву-кх, хьо дега ма дехьа...

Дукха болх бо Арсанукаев Шайхис поэзин эпически жанрашкахь а. Цо язйина «Кхоллам», «Безаман ирзу», «Хан-гIала», «Захар», «Баркалла, адамаш», «Заманийн аьзнаш», «БIаьстенан юьххьехь», «Ушурмин Ших» цIерш йолу поэмаш, «Тимуран тур» боху стихашкахь повесть, «Кхолламан сизаш» стихашкахь роман. Иза вайн литературехь дуьххьара стихашца язйина роман ю. Цуьнан произведенеша чулоцу вайн халкъан истори а, хIинцалера зама а. Цара гIо до вайн Даймехкан хьалха дIадаханчух а, таханлерачу дийнах а кхета.

Поэтан лирически турпалхо халкъана чусадиллина ву. Цуьнан дог лазадоккху тахана Даймахке, халкъе кхаьчначу тIеман балано. Амма иза тешна ву шен мохк цIинбан, цуьнан хьал юхаметтахIотто, культура айа адамийн доьналла а, кхетам а тоьург хиларх.

ХIинцалера нохчийн поэзи кхиарехь мехала ю Арсанукаев Шайхин кхоллаpалла. Къоман поэзи юкъа керла теманаш, идейш, жанраш, исбаьхьаллин форманаш, стихан керла кепаш еана цуьнан произведенеша.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Муха дара нохчийн литература 50–70-чу шерашкахь кхиаран хьелаш? ЦIерш яха оцу муьрехь араевллачу яккхийчу эпически произведенийн. ХIун башхаллаш яра церан? Поэзи кхиар муха дара оцу шерашкахь?
2. Дийца Ахматова Раисин поэтически кхоллараллех.
3. Муха хета хьуна Арсанукаев Шайхин поэзи?
4. Докладаш кечъе теманашна:
   1. «50–70-чу шерийн поэзи».
   2. «50–70-чу шерийн проза».

## Хьалха дIаяхначу хенахь оьрсийн, вайнехан вовшашца хилла машаре уьйраш литературехь гайтар

БIешерашкахь дуьйна а нохчашний, оьрсашний юкъахь хилла машаре уьйраш гойту вайнехан яздархоша шайн произведенешкахь. Царах ю Арсанукаев Шайхин «Ушурмин Ших» драматически поэма. Цу тIехь гайтина XVI бIешарахь нохчийн, оьрсийн вовшашца латттина машаре юкъаметтигаш. Билгалйолчу хенахь, 1587–1589-чу шерашкахь, хуьлуш бу поэми тIера хиламаш, цу хенахь исторически хилла гIуллакхаш ду поэмин чулацамехь дерш. Произведенин коьрта турпалхо нохчийн эла Окин мехкан долахо Ших-Мурза ву.

Дас Ушурмас, ша кхелхаш, весет дина кIанте Ших-Мурзе:

Машарна кховдийна
Куьг дIа ма татта,
Луларчу элашца
Бертахь хьо ваха,
Я даьхни, я мохк а
Ма къийса нехан.
Москохан паччахьца
Гергарло чIагIде,
Тешаме гIуллакх де
Цунна, ас санна...

Ушурма ша а ваьхна луларчу элашца барт болуш, оьрсийн паччьалкхаца машаре юкъаметтигаш латтош, доттагIаллин уьйраш тосуш. ХIинццалц схьа ша схьабеана некъ шел тIаьхьа кIанта дIакхехьа лууш ву Ушурма. Ден весет кхочушдо кIанта. Шена гонахара дукхахберш дуьхьал боллушехь, оьрсийн халкъаца доттагIаллин уьйраш чIагIъярехьа къийсам латтабо цо.

Поэмин чулацам шуьйра бу. Дукха турпалхой, эпически суьрташ ду цу тIехь. Поэма дIайолало халкъан хала дахар гайтарца. Иза кхочушдо барта произведенех пайда оьцуш а, стихаш юкъа прозаически кийсакаш ялош а. Поэмин юьххьехь ялийнчу халкъан эшаршкахь, иллешкахь билгалдолу адамашкара гIийла хьал. Хезаш долу цхьалха аз а, ахархойн, зударийн, мехкарийн хораш, йийсаре лоьхкучу кегийрхойн хор а гIайгIанах, баланах юьзна.

Язъелла, даръелла
Текхара зама –
Къизачу лоллица
Лаьмнийн мохк къарбан..
Дийзира маьршачу
Ламанхойн Іама
Декъаза паргІато
Ларъян шайн цІийца.

МостагІий-м бацара
Кху лаьмнех Іебаш,
Къизалла-м даима
Халхарехь хьийза.
Иштта и нисделла:
Я лоллехь хебаш
Іен веза ламанхо,
Я валлалц къийса.

Иштта и нисделла,
Хаьржина къийсам –
Къонахийн амалца
Тарлуш дац лолла.
ПаргІато – кху лаьмнийн
Сирла сатийсам.
Иштта и нисделла,
Иштта бу кхоллам!

Халкъан машаре дахар дохош тІелета тайп-тайпана мостагІий. Шаьш йоккхуш йолу гота юьтий, дІадуьйш долу ялта сацадой, мостагІашна дуьхьалбовлу ахархой. Майра леташ турпалаллица дуьхьало йо мел нуьцкъалчу мостагІчунна а. Кхерабалар, юхабовлар доцуш, шайн мохк ларбеш, шайн синош дІало цара. «Летачийн хор» аьлла ялийначу байташкахь къеггина гучуйолу къоман ойла, къоман амал:

Доьхначу кху дийнахь,
КІентий, ма дохалаш,
Иштташу денна вай
Дина вайн наноша!

Буьрсачу кху дийнахь
КIентий, ма дохалаш,
Ишттачохь лата
Вай дина вайн наноша!

Болатах дина и
Терсмаймал ва тарраш
Детташ, аш цесталаш
МостагIийн и кIезий.

Амма шен амалца машаре долу халкъ даим а тIамехь лаьттина ца долу. Адамийн гота аха еза, ялта ден деза, баккхийчеран терго ян а, бераш кхио а деза. Халкъана машаре дахар оьшу, тIеман алу хьашт яц. Цундела йо Ших-Мурзас шен махкана тешаме хинволу доттагI лоьхуш ойланаш: «Лаьтта со, лаьтта со, ца хууш хIун дер, лаьтта со къаьстачохь ца девза некъаш: муьлханиг хоржур бу? Муьлха бу нийса? Мила ву, мичахь ву кхерамехь шена тIетовжа тешаме хинволу доттагI». Шен дас Ушурмас шега динчу весетаца оьрсийн махкана, оьрсийн халкъана тIетовжаран ойла чIагIло Ших-Мурзин. Майралла, доьналла долуш, шен мехкан дола деш гайтина поэмехь Ших-Мурза. Къонахаллин амалш а ю цуьнан вастаца. «Дозаллий, кураллий дац хьуна цуьнца. Майра ву, лом санна. Оьздангаллий, яххьий цуьнгара йоккхур яц цхьана а кIанта», – боху поэмехь.

Амма Ших-Мурза эла ву, элийн ерриг а амалш ю цуьнца. Ахархошкара ясакх йоккху цо, мел хала, къен уьш хиларх.

Ясакх дIайоьху-кха
Ших-Мурзас соьгара,
Дехарх ас шозза а,
Тигац цо ладогIа...
ВорхI бер ду... цомгаш ю
Сан хIусамнана а...
Мичара лур ю ас
И ясакх, алахьа?..

бохуш, латкъамаш бо къехоша. Амма элин къинхетам бац къинхьегаман адамах:

Иза хьан гIуллакх ду.
Миччара яккхий,

Ясакх схьалолахь, кхин
Хабар ца дуьйцуш!

Иштта жоп ло мискачу ахархочунна Ших-Мурзин вешин кlанта Батайс. Элийн амалш, цераҥ саьхьаралла къайла ца йоккхуш, нийса гайтина авторо.

Къинхетам болуш, адамашца аьхна, кlеда-мерза хиларца къаьсташ ю Ших-Мурзин зуда Бlаьсте. Элин сту елахь а, къинхетаме дог долуш, адамах доглозуш ю Бlаьсте. Элашначул юххе ю иза шен амалшца къинхьегаман адамашна. Иза билгалдаьккхина поэмехь Бlаьстес шен ойланаш, гlайгlанаш халкъан барта эшаршка йохкуш хиларца а.

Дуккха а персонажаш ю поэмехь: нохчийн, гlалгlайн, гlумкийн, оьрсийн элий, пачхаьан векалш, молла, мозгlарш, гlалагlазкхийн атаман, кегий, баккхий нах, зударий, бояраш, паччахь, дворянаш. Амма йоллучу поэмех чекхдолуш ду коьртачу турпалхочун Ших-Мурзин васт. Поэмин коьрта идея цуьнгахула кхочушхуьлуш ю. Адамийн лаамца догlуш ду поэмин хиламаш чекхбовлуш, къийсаман жамl деш Ших-Мурзин барта авторо дехкина дешнаш:

Сутарчу султанийн
Дитт гома тарраш
Хийла а листина,
Вай наной белхош.
Къинхетам ца бевзаш
Лихкина хийла
Йийсаре вайн эвхье[1]
Мехкарий хана!
Доттагlий лоьхуш, вай
Кхийдийна куьйгаш
Ямартчу шахаша
Хийла а lовжий...
Хlан-хlа, нах,
Вайн некъаш
Цаьрца ца догlу.
Кхин некъ ас
Шун цlарах
Хаьржина хlинца.

---

[1] *Эвхье* – эхь-бехке.

И некъ бу Арусан
Некъах дӀаккхеташ!
Муьлххачу кхерамехь
Куьг вайга кховдо
Нуьцкъала доттагӀа
Карийна вайна.

Амма берриг бац оцу дешнашна реза. Ушурмин шича Куьйра, молла Ӏела ву, Ших-Мурзига и лаам кхочуш ца байта, адамаш цунна дуьхьалдаха гӀерташ. Нехан маьхьарша сацаво и шиъ: «Тоийта! Дах ма де хьайн къамел, Куьйра! Тоийта! Кхерамаш ма тийса тхуна! Лалла и! Лалла и! Яхийта, Куьйра». Юха а Ших-Мурзин къамеле ладугӀу наха. Сацам боллуш кхидӀа а чӀагӀдо Ших-Мурзас:

Ден весет кхочушдеш,
Со доггах тешна,
И некъ ас хаьржина
Шун цӀарах вайна.
И некъ бу Арусан
Некъаца богӀуш.
И некъ бу кхоллам вайн
Цуьнца цхьаъ бийриг!
И некъ бу вайн хиндерг,
Вайн маьрша кхане!
Ерриг а Нохчийчоь,
ГӀалгӀайчоь, теша,
ХӀуттур ю цу новкъа,
Вайх масал оьцуш.
ГӀур ду вай Арусца
Даима хьалха,
Халонехь, кхерамехь
Юха ца довлуш!

Ших-Мурзас шен мехкан кхоллам оьрсийн пачхьалкхаца цхьаьна байита бина сацам къобалбеш маьхьарий детта наха:

Нийса ду! Нийса ду!
Бакълоь хьо, эла!
Кхин некъ бац вай харжа,

Ахь нийса боху,
Арусца гIур ду вай
Даима хьалха!

Поэмин чулацаман жамI деш ду Ших-Мурзин къамел а, иза къобалдеш, наха детта маьхьарий а. Поэмин коьрта маьIна кхузахь билгалдолу.

Шатайпана дIахIоттам, стихан башхаллашца, диалогически кепаца шен къастамаш болуш ю «Ушурмин Ших» поэма. Эпически, лирически, драматически билгалонаш шайн башхаллашца цхьанауьйш ю поэмехь.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. ХIун зама ю «Ушурмин Ших» поэмехь гайтинарг? Маца хуьлуш бу цу тIера хиламаш? Муьлха исторически хиламаш бу произведенин бухе бехкинарш?

2. Ша кхелхаш, хIун весет дина хилла Ушурмас шен кIанте Ших-Мурзе?

3. Муха кхоьллина поэмехь Ших-Мурзин васт? Муьлхачу билгалонашца къаьсташ ю цунах цуьнан хIусамнана БIаьсте?

5. Шуна хетарехь, «Ушурмин Ших» поэмин коьрта маьIна муха ду?

6. Муха бу поэмин дIахIоттам а, стихан башхаллин къастамаш а? Схьа а лахий, поэми тIера эпически, лирически, драматически билгалонаш белхан терадаш тIе дIаязъе.

8. Юста Арсанукаев Шайхин произведени Пушкин А.С. «Борис Годунов» драмица. ХIун ду цу произведенийн цхьаьнадогIург а, къаьстарг а?

## Нохчийн литература XX бIешеран 80–90-чу шерашкахь

80–90-гIа шераш нохчийн литературо керла кхиамаш баьхна хан ю. Лакхахь йийцинчу произведенел совнаха, цу муьрехь араевлла Сулаев Мохьмадан «Лаьмнаша ца дицдо» роман, «Лаьттан бос», «Нохчийн кIант Волгин йистехь» боху поэмаш, Айдамиров Абузаран «Ирхеш» роман, Эдилов Хасмохьмадан «Кхел», Курумова Селимин «Дохк», «Сан гIалат» цIерш йолу повесташ, Окуев Шимин «Лай тIехь цIен зезагаш», «Юьхь», «ЦIий, латтий» цIерш йолу романаш, Саракаев Хьамзатан «Шира гIап», «Эдалханан некъаш», «Малхана тIаьхьа», «Толамах тешарца» боху повесташ, Сулейманов Ахьмадан поэмаш, стихаш, Эдилов Хасмохьмадан, Шайхиев Iалвадин поэтиче-

ски книгаш, Яшуркаев Султанан проза, поэтически книгаш. Поэзехь кхиамца болх бина Арсанукаев Шайхис, Рашидов Шаида, Кибиев Мусбека, Гацаев СаьIида, Махмаев Джамалдис, Кусаев Iадиза, Ибрагимов Лоьмас, дуккха а кхечара а.

Литературин юкъа баьхкина шайн къеггина кхолларааллин хатI долу къона литераторш. Яздан корматаллa йолу кегийрхой литературин юкъа балорехь Iаламат мехала хилира 1975-чу шарахь къоначу яздархоша вовшахтоьхна литературин цхьаьнакхетаралла «Пхьармат». Цигахь гулбелира билггал шайн исбаьхьаллин похIма долу кегийрхой. Шайна юккъехь а, баккхийчу яздархоша гIо деш а «Пхьарматан» декъашхоша, лаккхара лехамаш а хIиттош, йийцаре йора шайн произведенеш. Лерина гIо дора яздан буьйлалучарна, шордора пхьарматхойн магIарш.

«Пхьарматехь» цхьаьна гулдалар, вовшех дагадийлар, къамелаш дар, яздаран корматалла кхиарехь пайдехьа хиларал совнаха, синан кхача хилла лаьттира шайна олий, дуьйцу пхьарматхоша.

«Пхьарматехула» чекхбевлла хIинца цIеяхна болу яздархой Абдулаев Леча, Ахмадов Муса, Бексултанов Муса, Бисултанов Апти, Исмаилов Абу, Цуруев Шарип, Эльсанов Ислам, Яхъяев Леча, дуккха кхиберш. Цара поэзехь, прозехь язйинчу произведенеша нохчийн литературе керла ойланаш, васташ, исбаьхьаллин басарш деана. Оьрсийн литературех пайда эцна ца Iаш, дуьненан исбаьхьаллин культурех а кхолларааллица пайда оьцуш кхиъна яздархой бу уьш. Шен чулацамца, исбаьхьаллин говзаллица къоман литературин керла тIегIа ду церан кхоллараалла.

ХIинццалц ца хиллачу исбаьхьаллин лакхене яьккхина къоман литература XX бIешеран 70–80-чу шерашкахь литературин юкъа а баьхкина, хIинца а эвсараллица болх бечу яздархоша, хьалха дуьйна нохчийн литературехь болх беш хиллачаьрца цхьаьна.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Статья юхасхьайица кечъе.

2. 80–90-чуй шерийн нохчийн литературин муьлха произведенеш ешна аша? Дийца царах.

3. Нохчийн литература кхиарехь хIун маьIна дара «Пхьармат» литературин цхьаьнакхетараллин? ХIун керланиг деара литературе цуьнан декъашхоша?

## СУЛАЕВ МОХЬМАД АБУЕВИЧ
### *(1920 – 1992)*

Сулаев Мохьмада шен «Яздархойн а, журналистийн а юкъара дєкхар» статья тIехь яздина: «Турпал ю вайн халкъан дIаяхна зама, турпал ю вайн халкъо дIакхоьхьу таханлера хан а. Делахь а вайн халкъан дIаяхна зама вайн яздархоша шайн произведенешца дика йийцина а, кхин а йийца йиш йолуш а ю. Амма дIадаьлларг сов а дуйцуш, таханлерачу денойн турпалалла гайтар тIаьхьа а тоьттуш вай Iийча, кху денойн тешаш долчу вайгачул дика гайталур юй тIаьхьенга вайн зама? Кху заманан бIахой а, тешаш а долчу вайн декхар ду вайн зама исбаьхьаллин произведенешкахь ма-ярра схьагайтар. И вайга дикахо далур ду, вайна гергахь а ду. И вай ца дахь, тIаьхьено вайна бехк буьллур бу». Яздархочун и кхайкхам муьлххачу хенахь а шен маьIна лахлур долуш бац.

Нохчийн халкъан поэт, прозаик, критик Сулаев Мохьмад вина 1920-чу шеран 20 сентябрехь Нохчийчоьнан Хьалха-Мартанан районерчу ГIойтIахь совдегаран Абун доьзалехь. Шен бархI шо кхаччалц винчу юьртахь хьалакхиъна Мохьмад. 1928-чу шарахь церан доьзал Соьлжа-ГIала кхелхина. ГIаларчу 16-чу школехь дешна цо. Цул тIаьхьа Асланбековски юьртахь (хIинца – Серноводск) школа чекхъяьккхина.

Мохьмадан да Абу гIеххьа таро йолуш совдегар хилла. Нохчийчохь а, Бакохахь а дIакхехьна цо шен гIуллакхаш. Цундела Бакохахь а ехха хан йоккхуш хилла СулаевгIар. Мохьмад 1933-чу шарахь Бакохарчу С.М. Кировн цIарх йолчу педагогически рабфаке деша вахна. Рабфакера ваьлча, Азербайджански медицински институте деша а хIоьттина, 1941-чу шарахь иза чекхъяьккхина Мохьмада.

Мохьмадан дена Абуна, советан пачхьалкхехь Сталинан Iазап лаьттинчу хенахь чу а воьллина, 1938-чу шарахь тоьпаш тоьхна. Доьзална шайн дех лаьцна дерг хоуьйтуш а ца хилла. Сулаев Мохьмад хIетахь шен йоьхна ойла стихашца гайта гIиртина, царах ю хIара бераллин беамогIанан стихотворени:

ГIийла ойла ян дог догIу,  
Хийла ойла шен йоьхначуьна.  
ХIора суьйре тIе моссаз йогIу,  
Сайн вайна да дагавогIу суна.

Цу хенахь Мохьмадан терго йина Магомаев Іабдул-Муслима. Йоккхачу АтагІара схьаваьлла волу нохчи Магомаев Іабдул-Муслим Азербайджански музыкальни театр кхоллинчарех а, церан къоман оперин бухбиллинчарех а волуш, СССР-ехь цІеяхна музыкант хилла. Вайн заманан гІараваьлла эшаршлакхархочун Магомаев Муслиман деда хилла Іабдул-Муслим.

Институт чекхъяьккхинчул тІаьхьа Нохчийчу цІа веана Мохьмад. Сийлахь-Боккха Даймехкан тІом болабелча фронте ваха гІоьртина иза, амма бІаьрса ледара хиларна ца вахийтина. Цо тІеман госпиталехь болх бина, чевнаш йинчу тІемалошна дарба лелош. ТІаьхьо Итон-Кхаьллан районерчу больнице хьажийна, цигахь коьртачу лоьран болх бина Сулаев Мохьмада. Шен «Ши ойла» гІеххьа йоккха стихотворени 1941-чу шарахь Итон-Кхаьллахь язйина цо.

Нохчийн къам махкахдаьккхинчу хенахь, 1944–1957-чу шерашкахь, Казахстанехь лоьран болх бина.

Даймахка цІа веача шен лоьран балха дІавахна иза. Шен дахаран тІаьххьара де тІекхаччалц оцу балхахь хилла иза.

Сулаев Мохьмад цІаьххьана кхелхина 1992-чу шеран 27 июнехь Соьлжа-ГІалахь.

Мохьмад яздан волавелла шен 14–15 шо долуш. 1935-чу шарахь язйина шен дуьххьарлера стихотворени «Нохчийн йиш». Иза, барта кхоллараллехь йолчу нохчийн эшарех пайда оьцуш, царах таръеш язйина яра. Поэтан говзалла кхуьуш хилар гойтуш яра цул цхьа шо тІаьхьа язйина «Орга» стихотворени. И стихотворени литературехь шена чІогІа гІо деш волчу Бадуев СаьІидна лерина язйинера цо.

Сулаев Мохьмадан дуьххьарлера стихаш арайийлина «Ленинан некъ», «Ленинхо» газетийн агІонаш тІехь а, журналаш тІехь а. Оцу стихаша гайтира яздархо шен хатІ долуш а, поэзехь ала шен дош долуш а хирг хилар. Иза къеггина гучуделира дукха хан ялале Сийлахь-Боккха Даймехкан тІом болабелча. Нуьцкъалчу исбаьхьаллин дашца поэт кхойкхура Даймохк фашистки йовсарех Іалашбаре. «Малх къуьйсу тІом», «ГІовтта» кхийолу а стихотворенеш язйира поэто тІом болабеллачу хенахь. Церан маьІна дара даймохк ларбан адамийн ойла гІаттор, мостагІчунна тІехь толам баккхаре кхайкхар.

1943-чу шарахь Сулаев Мохьмада язйина «Малх тоьлур бу» поэма. Иза тІеман хенахь нохчийн литературехь язйинчарех уггар йоккха, чулацаме произведени ю.

ТӀом чекхбала ши шо долуш язйинчу поэмехь Сулаев Мохьмада дог тешош гайтира даймехан халкъаша фашисташна тӀехь, шеко йоцуш, толам боккхург хилар.

1943-чу шарахь Сулаев Мохьмад дӀаэцна СССР-н яздархойн Союзе.

Нохчийн къам махкахдаьккхинчу хенахь нохчийн йоза лелаш дацара, нохчийн маттахь зорбатохар дихкина дара. 1944–1955-чу шерашкахь лаьттира и харцо. Казахстанехь Алма-Ата-гӀалахь 1955-чу шеран 1 июнехь арахеца долийра нохчийн маттахь «Къинхьегаман байракх» газет, цу тӀехь зорба тухура нохчийн поэтийн стихаш, прозаикийн кегийра произведенеш. Сулаев Мохьмадан «Гила», «ТӀамна дуьхьал», кхийолу стихотворенеш араевлира «Къинхьегаман байракх» газет тӀехь.

Нохч-ГӀалгӀайн республика юхаметтахӀоттийча, 1957-чу шарахь даймахка цӀа а веана, боккхачу айамца болх бо Сулаев Мохьмада исбаьхьаллин литературехь. Республикин газеташ тӀехь, радиохь, «Орга» альманах тӀехь арайовла юьйлаелира цуьнан стихаш, очеркаш, дийцарш, критически статьяш.

Сулаев Мохьмадан кхолларaллин дахарехь эвсара мур дӀаболало 1958-чу шарахь «Безаман эшарш» поэзин гулар араяларца. Лирически стихаш яра книги тӀехь, шаерш бохург санна. Царах дукхахъерш, композиторша мукъамаш а баьхна, эшаршка йирзира.

1959-чу шарахь Нохч-ГӀалгӀайн книжни издательствос арахийцира Сулаев Мохьмадан «Велларг денвар» дийцарийн, очеркийн книга. Цу тӀерачу произведенех коьртаниг «Велларг денвар» дийцар дара. И дийцар дика лерина книгашъешархоша. Критикехь а дика мах хадийна цуьнан. Дийцар теллинчара иштта билгалдаьккхина цуьнан маьӀна: вайн лоьраша адамийн могашалла ларъярехь, шайн ницкъаш ца кхоош, хьанал гӀуллакх деш хилар, даймехкан медицинин говзалла лакхара хилар; вайн къаьмнийн доттагӀалла: оьрси – милицин капитан, киргиз – прокурор, нохчи – хирург – массара а бертахь бечу балхаца лечуьра хьалхавоккху могӀарера белхало Гранаткин; вайн даймахкахь уггар йоккха хазна адам ларар гойтар.

Пачхьалкхана къола дина вогӀуш волчу зуламхочо Мечника шена дуьхьалкхетта Гранаткин, ша дина къола гучу ца далийта, коьртах хӀума а тоьхна, вийна, аьлча а иза велла моьттуш, цхьана бердах къайла а ваьккхина, хьулвина. Цул тӀаьхьа ткъе кхоъ де даьлча кара а вина, иза дийна хилар а хиъна, лоьраша иза меттавало гӀерташ

къийсам латтабо. Гранаткин меттавогӀу, иза «денло», тӀаккха цуьнан гӀоьнца зуламхо гучувоккху. Иштта бу дийцаран хиламаш.

Къегина ду дийцаран турпалхойн васташ. Царах хӀора а шен амалш, шен меттан башхаллаш йолуш гайтина авторо. Уьш берриш а хьанал белхалой бу, шайн-шайн меттехь шайн декхарш кхочуш деш бу уьш. Стеган дахарал мехала хӀума ца лору цара. Коьртаниг стаг шен дахаре юхаверзор, цуьнан могашалла меттахӀоттор ду. Оцу агӀор къаьсттана шена тӀе тидам боьдуш ду воккхачу лоьран Шахаб Шапиевичан васт. Иза дуккха а дахар гина а, лоьран лаккхара говзалла шегахь йолуш а ву. Шахаб Шапиевич сих ца ло Гранаткин велларг лара, кегийра лоьраш а юхаузу цо оцу сацамах. Юьхьанца хетало воккхачу лоьран шеко бух болуш йоцуш санна. Ткъе кхоъ де бердах воллуш даьккхина стаг дийна муха хир ву, иза-х мацалла а лийр вара олий, хетало, амма цунах теша а сих ца ло Шахаб Шапиевич. ТӀаьххьара а гучудолу Гранаткин чохь садолуш хилар.

ТӀаккха къийсам латтабо лоьраша велла лоруш хиллачу стагана юха могашалла яларехьа. И къийсам лоьрийн толамца чекх а болу. Гранаткин, то а лой, когаш тӀе хӀутту. Цо гӀо до милицина зуламхо Ӏораваккха.

«Велларг денвар» дийцаран цӀе гиперболически ю, велларг денлур вац, иза денлуш ца хуьлу, амма адамийн кхетамехь велла хила везаш волчу стагана юха могашалла елла говзачу лоьраша, шаьш хӀора лазархочунна а йоккха терго еш хиларна.

Бакъду, шолгӀа арахоьцуш цӀе хийцира авторо дийцаран.

Поэтан рогӀера книга «Даймехкан зӀенарш» араелира 1961-чу шарахь. Шен барамца йоккха йоцу и гулар стихотворенех, балладех, поэмах лаьтташ ю. Оцу книги тӀерачу стихийн лаккхара мах хадош Мамакаев Мохьмада шен «Поэты и современность» статья тӀехь билгалдаьккхина Сулаев Мохьмадан лирика кхуьуш хилар, шен махках йолу беркате ойланаш, поэтан даг чу а ца хоьъна, исбаьхьаллин стихашца Ӏанаяхна, аьлла. Авторан болх книгин барам жима я боккха хиларца лоруш хила ца беза, поэтан ойла дахаран кӀоргене кхачарца, шена гинарг, ша лайнарг исбаьхьаллин кепе дерзо цунна хаарца хадо беза белхан мах, тӀаккха жима книга йоккхачу томан метта хуьлу, чагӀдора нохчийн поэзин къаночо Мамакаев Мохьмада, «Даймехкан зӀенарш» шен барамца жима книга хилар тидаме оьцуш.

Сулаев Мохьмадан поэтически кхоллараллехь хьовха, ерриг нохчийн поэтийн лирикехь а шен исбаьхьаллица, аьхналлица, адаман

кийрахь къинхетаме ойла гIатторца къаьсташ ю «Даймехкан зIенарш» книги тIера «Сай» стихотворени.

Юьхьанца сен хазалла, оьзда куц, сирла сибат гойтуш долу лакхарчу исбаьхьаллин васт кХоьллина, тIаккха гойту стихотворени тIехь и инзаре исбаьхьалла мажаро йожор. Цул тIаьхьа ю цу дегаIийжамечу суьрто кхоьллина лирически турпалхочун къинхетаме ойла. И ойла вайга кхочуш а, вайн дегнашкахь юьсуш а ю.

Сулаев Мохьмадан кхолларалла шен орамашца нохчийн фольклорах йозаелла ю. Яц къоман барта кхолларалллин сюжеташший, васташший цо шен произведенешка деккъа схьаоьцуш-м, халкъан произведенийн исбаьхьаллин мутт ду цуьнан поэзехь хаалург.

Поэтан «Сай» стихотворени нохчийн барта кхолларалллин жовхIарех долу «Сай» илли дагадоуьйтуш, цуьнца йогIуш ю. Амма поэто шен стихотворенин маьIна, илли тIехь санна доцуш, кхечу агIор дерзийна. Кхузахь коьртаниг адамалла, адамийн къинхетам бу. Iаламе, дийнаташка, адамашка, Дала мел кхоьллинчу хIумане хила еза къинхетамалла, беркате хилар шена тIехь долу адаман дог-ойла ю поэто шен стихотворенин чулацаме йиллинарг.

Адамаллин тема Сулаев Мохьмадан поэзехь а, прозехь а коьртачарех ю. «Адамалла» книга а араяьлла цуьнан. И цIе авторо ларамаза ца тиллина книгина. Цу тIера дукхахйолу произведенеш нохчийн къоман гIиллакх-оьздангаллина лерина ю.

Къинхетам, стогалла, доттагIалла, безам, хьошалла, ненан беркат, адамийн лерам, собар… – оцу къоман синмехаллийн ойла йо поэто. Царах лаьттащ ю къоман гIиллакх-оьздангалла, цара кхуллу адамалла, адамалла къоман гIиллакх-оьздангаллин лаккхара тIегIа лору цо:

Вайн нана-лаьмнашкахь
Вайнаха уггар а
Лакхара лерина
Собар, стогалла.
Делахь а царал а
Лакхара гуттар а
Вайнаха ма лору
Бакъ адамалла!

Иштта бу поэтан лирически турпалхочун хьежамаш.

Сулаев Мохьмадан стихашкахь даймахкаца йолу юкъаметтиг ю цхьа шатайпана аьхна. Лирически турпалхо, шена Даймохк дукхабеза, ша и боцуш мегар вац бохуш, кхайкхамаш беш вац. Цуьнан дагца, ойланца, бIьаьрхишца бу Даймохк.

– Вай динчу махкара
Къайллаха деана,
Хьуна ас безамна
ХIара зезаг лур ду.
– Схьада и, сагатдеш
Вай динчу махкана
Веллачу ден коше
Ас иза хьур ду…
– Вай динчу махка со
Юхавоьду кхана,
Хьоьгара безамна
ХIун хьо ас, ала?
– Доьху хьоь, доттагIа,
Сан бIаьрхиш канахь
ДIахьолахь ахь цига,
Цхьа цинц ца Iанош.

«Вайнехан фольклоран суйнаш» (XVIII–XIX бIешо) коьрте а яздина, стихийн жима цикл ю поэтан. Цу тIера ю и диалогах лаьтташ йолу стихотворени. Адам даймахках даккхар хьахо ца могуьйтуш хиллачу советан пачхьалкхан цензурех стихаш ларъеш дехкиний-техьа авторо къовларш юккъера терахьаш а, язйиний-техьа циклан цIе а олий, дагадогIу.

Алссам поэтически книгаш арахецна Сулаев Мохьмада. Вай хьахозачарах ю «Даймехкан зIенарш» (1961), «Даг чуьра суйнаш» (1968), «Йовш йоцу цIе» (1970), «Бакъдерг» (1973), «Лаьттан бос» (1978), «Сирла суьйре» – хаьржинчу поэзин, прозин книга (1980), «Лаьмнаша ца диццдо» – роман, стихаш, поэмаш (1990). Оьрсийн маттахь Соьлжа-ГIалахь а, Москвахь а арайийлина книгаш «Бой за солнце» (1970), «Чинар на скале» (1972), «Иду на зов» (1979), «Цвет планеты» (1982), «Орлиной тропой» (1987).

Поэтан масех стихотворени ю «ДоIа» цIе йолуш. Нохчийн дош «доIа» Iарбийн «дуIаун» дашах схьадаьлла ду, «дехар» маьIна долуш.

Йо, Дела! Цхьа шеко
Сан дагах лета:
Іожаллех цакхерар –
Цакхерар хьох хета!
Іожаллех тІех кхерар –
Цатешар хьох хета!
Нисвехьа нийссачу
Барамехь, Дела:
Ийманехь чІагІваллалц
Іожаллех ларвай,
Іожалла тІекхаччалц
Стогаллехь чІагІвай,
Кхачаве Ахь тІаккха
Хьайн дикчу кхеле.

Сулаев Мохьмад иййман долуш стаг хилла. Цуьнан лирически турпалхочо Деле доьху ша дикачу Іамалехь нисвар. Далла дуьхьалвоьдуш цІеначу ойланца, ийманехь чІагІвелла хила лаьа цунна.

Мохьмадан поэзи, коьрта долчунна, лирикех льтташ ю. Цуьнца цхьаьна поэтан кхоллараллехь балладаш а, поэмаш а ю. Шена тІе тидам боьдуш ю «Хьерабаьлла дин» баллада. ГІебарточо гІалгІайн махкара шена хазбелла дин бигна. Керлачу махкана, гІебарточунна тІе ца боьрзу аьрха дин. КІанта дин хьоьсту «хазачу нускалал» а хьоме хеташ, «Іуьйренца тхи милош», «туьханца чам тобина, кІай, борцций» латтош. ТІаьххьара а «джайрахойн дин шена тІебирзина», моьттира кІантана. Амма цхьа хан яьлча «генарчу Мят-Ломан басера мохца цхьа хьожа кхечира цу дине схьа». И хьожа схьакхетташехь карзахбаьлла, баргол а хадийна, дІахьаьдда дин:

Боьдура и баьлла
Буракъах тІома,
Шуьйра кхес, тІам санна
ДІаслесталуш,
Ахках дІа чу туьлуш,
Хьалатуьлуш лома,
Боьдура, хьаннашка
Ца сацалуш.
……………………..

Шех тарлуш махо
ДӀайовдийна мархаш,
Шех тарлуш дорцаца
ДӀауьду жин,
ТӀехь бере гуш воцуш,
Яйъина архаш,
БӀаьрге ца лацалуш
Боьдура дин.
Цецбевлла нах тӀаьхьа
Хьуьйсура цунна:
«И хьерабаьлла бу…
Лацалур бац…»
Хаацара цхьанна а
И бохучунна
Цу дине дӀакхойкхург
Буй нана-арц!

Адамна, дийнатна, массо са долчу хӀуманна хьоме бу шен мохк, шен махкахь бен дац сапаргӀат дахар. И тема юх-юха керлачу исбаьхьаллин васташца гучуюьйлу поэтан кхоллараллехь.

Сулаев Мохьмадан поэзехь ю яккхий жанрашкахь йолу произведенеш а: «Лаьттан бос», «Винчу лаьттан цинц», «Дайн кешнашкахь», «ГӀойтӀарчу Чочех илли», кхиерш а.

«Лаьттан бос» поэма ялх стихах йолчу шовзткъе ворх строфах лаьтташ ю, цхьа барам, цхьа ритм йолуш. Лирико-философски произведени ю иза. Адам а, Латта а ю цуьнан тема. Къинхьегам, хьанал къинхьегам бу Адаман Лаьттаца уьйр латториг. Латта цхьаъ ду, тайп-тайпана меттигашкахь иза бес-бесара хетахь а. Цу тӀехь мел деха Адам а цхьаьна хила деза. Лаьттан бераш ду цу тӀехь мел еха садолу хӀума а. Уьш Адаман гӀоьнчий ду, бертахь хаздан деза цхьаъ бен доцу Латта. Иштта ойла кхиош ю «Лаьттан бос» поэма.

Мехала ю Сулаев Мохьмадан проза а. Къаьсттана *«Лаьмнаша ца дицдо»* роман. 1966-чу шарахь яздархочо арахийцира «Товсолта ломара дӀавоьду» роман. Иза кхин а шоръеш, тоеш болх а бина, «Лаьмнаша ца дицдо» цӀе а йолуш, юхаарахийцира 1990-чу шарахь. Оьрсийн маттахь араелира 1992-чу шарахь «Горы молчат, но помнят» цӀарца. Роман шен чулацамца а, исбаьхьаллин башхаллашца а Ӏаламат мехала произведени

ю. Нохчийн халкъан дахарехь уггар халачу муьрехь (1940–1960-чуй шерашкахь) хилла адамийн кхолламаш гайтина романехь цхьана довзалан масалш тӀехь. Романан Ӏаткъаме чулацам, вайнехан бохамах боьзна ца Ӏаш, изза Ӏазап гиначу дуккха а кхидолчу къаьмнех а – гӀалгӀайх, гӀалмакхойх, балкхарцех, кхарачайцех, кхечарех тасабаларал совнаха, тахана, дерриг дуьненахь адамаллин бакъонашкахьа дӀакхоьхьучу къийсамна бух хӀотторехь доккха маьӀна долуш бу. Цхьа а бехкбоцу жима бер, муьлхха адам дер дуьненан хьекъалчаша, эвлияаша ца магийначу кху Лаьтта тӀехь дийнна къаьмнаш, шайн берашца цхьаьна, махкахдохуш, Сталинан омрица хӀаллакдар инзаре доккха зулам ду. Цунах лаьцна нийсачу маьӀнехь яздинарг мехала ду тахана дехачу къаьмнашна, тӀейогӀучу тӀаьхьенна.

Цу темина лерина яра Сулаевс 1966-чу шарахь язйина «Тавсолта ломара дӀавоьду» роман. Бакъду, халкъан бохамах лаьцна цу хенахь ма-дарра яздан йиш цахиларна, и тема юьззина схьаястаза йисира романехь.

«Лаьмнаша ца диццдо» романехь го вайна хьалхалерра турпалхой: ондда, цхьана амалехь лаьтта Тавсолта, шен миска дакъа дӀакхоьхьу цуьнан хӀусамнана Нурбика, шайн кхоллам бес-бесарчу хоршехь болу Селита, Нурседа, Дауд, школан директор Керим, завуч, оьрсийн зуда Анна Львовна, казах Ахат, кхиберш. Амма цуьнца цхьаьна го, мел шорбелла, кӀаргбелла романан чулацам, хьалха ган йиш ца хилла керла, ира дакъош тӀекхетта. Уьш ду: нохчий махкахбоху ирча суьрташ – «Къематан буьйса», спецпереселенцашкахь латтийна Ӏазап довзуьйту – «Лагершкахула», эладитанца вайнахана уголовникаш чухаххар – «Лениногорскехь», НКВД-хойн зулам Ӏорадоккху – «Бухаринан томик» и. д. кх. а.

Керла турпалхой а бу романна юкъабалийна: нийсо ларъеш волу немцо – лор Эзау, жуьгти-юрист Венкин, ша лелийначух дохковаьлла чекист-нохчи Бакар, оьрси лейтенант Еланцев, моттбетташ лелла Тойсум, сагӀа деха дола хеташ, мацалла яла резахилла МаригӀаз и. д. кх. а. Цо гойту Сулаев Мохьмадан «Лаьмнаша ца диццдо» роман, хьалха язйина хиллачу «Тавсолта ломара дӀавоьду» романца зӀе йогӀуш елахь а, дикка цунах къаьсташ, керла роман ю ала мегар хилар. Авторан ницкъ кхаьчна вайн халкъан дахар уггар халчу хенахь, историн голатухучу кӀуркӀманехула чекхдолуш ма-дарра схьаохьа. Романан дӀахӀоттам, турпалхойн кхолламаш кхаа декъе бекъна

схьагойту: тIом балале хьалха, тIом иккхича хилларг, цхьа бехкбоцу дерриг халкъ махкахдаккхар, хийрачу махкахь, цхьа а бакъо йоцуш, йохьах ца духуш, Iазапе зама токхуш вайн къам чекхдалар, бала хьегна цIадирзинчул тIаьхьа шен махкахь цо дахар юхахIоттор.

Романан хIора персонаж ю шен юхь-сибат долуш. Турпалхойн кхоллам, дахаран бердех бетталуш, халкъан кхолламах боьзна, биллина хьалхахьа дIаоьхуш го.

Къоман гIиллакхаш, оьздангалла, ламасташ Товсолтин вастаца ду. Советан заманахь кхиъна цуьнан ши йоI Нурседа, Селита, комсомоло бохучунна тIегIерташ, кхечу амалехь ю. Ши йоI деца эвхьаза ца йолу, юьхь-дуьхьал эхь-бехк лардо, амма царна юкъахь къийсам бу. «Лаьмнаша ца дицдо» роман нохчийн литературехь дуьххьарлера произведени яра нохчийн къам махкахдаккхаран тема иштта шуьйра хIоттийна.

### «Лаьмнаша ца дицдо» романехь Сийлахь-Боккха Даймехкан тIом хилла шераш

Европа, ерриг а бохург санна, шена кара а ерзийна, вовшашна тIе ца лата бина барт боллушехь, цIаьххьана 1941-чу шарахь фашистийн Германи Советан пачхьалкхана тIелетира. МостагIчун ямартло ца ловш, дерриг а бохург санна советски халкъ тIамна дуьхьал гIаьттира. Дуккха а зенаш дира тIамо: йохийра гIаланаш, ягийраярташ, миллионаш адамаш хIаллакдира. МостагI эшош дIабирзира пхеа шарахь гергга бина луьра тIом.

«Лаьмнаша ца дицдо» романехь къегина гайтина Эскинойхь бехачу нохчаша оцу тIамехь лаьцна дакъа. Массарна а шайн дагца хиира, хIара тIом шатайпана хир буйла, хIора доьзале иза кхочур буйла, цо цхьа а юьстах вуьтур воцийла. Царна дика хаьара, шайна «тIамо шура ца йохьийла». Оцу тIеман буьрсалла гойтуш санна, карзахдаьлла ду Iалам а, тIом болабелла аьлла хаам беача: «Сарахь, ерриг стигал дIалоцуш, мархаш гулъелира, Эскинойна тIехула бода хIоттош. ХIаваэхь садукъаме хилира, адамийн дог-ойла таIош».

Эскинойн бахархоша, тIом сиха чекхбалийта, шайга далург дора. Асланбек Шериповн цIарх танк ян ахча гулдира цара. Эскинойн бахархошна а лаьара, тIаме шайн кегий нах дIахьовсорал совнаха, танк ярца а фашисташна тIехь толам боккхуш дакъалаца. Йовха

дукха бедарш а яхьийтира цара тIемалошна. Дешархоша шаьш гулбина стоьмаш бохьуьйтура тIемалошна посылкаш чохь. Немцоша ЧIап-лома кхоьссина десант каралош а дакъалоцу юьртахоша. Цу дерригено а гойту, тIамна гена белахь а, бахархой дог-ойланца, дечу гIуллакхашца шайн тIемалошца цхьаьна хилар, уьш фронтана шайга далуш долу гIо деш хилар.

Тавсолтас шен кIант Дауд тIаме дIахьажош дина къамел оьздангаллех дуьззина ду. БIешерашкахь дуьйна ламаст хилла схьадеана гIиллакх ду иза. Цо дIахоуьйту цуьнга адамна дуьнен чохь уггар беза, сийлахь Даймохк хилар. Цунна хьанал хила везар тIедожадо цо, весет дой. Кхечарал оьшуш воцуш, накъосташца йохьевуьйлуш чекхвала хьажар а тIедожадо цо Даудна. «ТIаьхьенан ойла тIехийнчух къонах ца хилла! Iожаллех ларло, амма ма кхера!» – ишттачу дешнашца дIахьажаво тIам тIе шен кIант. Кху я кхарах тера догIучу дешнашца хийла кIант тIаме хьажийна дас-нанас вайн махкахь. Цунах вайна го, хIун дог-ойла йолуш буьрсачу тIаме хIуьттуш хила нохчийн кIентий. Цу тIамехь шайгара майралла гайтина нохчийн кIентий дуьненна а бевзаш бу.

## Тавсолтин васт

Тавсолта романан коьрта турпалхо ву. Романехь мел болу хиламаш, сюжетан зIенаш цуьнан вастаца йозаелла ю. Тавсолтин васт кхечерачул а дагах кхеташ, бIаьрг бузош ду, иза шен халкъан амалехь ира хьекъал долуш, ша схьалаьцначу оьздангаллин экъан тIера ца волуш, винчу махкана гергахь цхьана а Iоттамехь шегара хьарамло ца йолуьйтуш, къонах санна, чекхваларна.

Граждански тIом болчу хенахь кIайгвардейцашца майра летта хьуьнаре цIен партизан вара иза. Оцу тIамехь чов а хилла, астагIа висина а вара.

Маьршачу дахарехь хьанал къинхьегамхо, доьзалан дика да, юьртахь хуьлу хийцам резахиларца тIеоьцуш, халкъ, мохк безаш волу патриот ву Тавсолта.

«Аз цуьнан стоммо декара; астагIа воллушехь, тIехьаьжна заьIап ца хетара Тавсолта, дегI оллийна ца лелорна. Дан дисина дуккха а гIуллакхаш долчух тера дара, даим гIайгIане гора цуьнан юьхь, садоIучу хенахь а тIехь. Амма мукъачу хенахь паргIат хетало иза, болх беш, хийцалой, кадс хуьлура».

Кху кепара ду романехь Тавсолтин хIоттийна сурт.

Тавсолта гIеметтахIоьттина стаг ву, колхозехь къахьоьгуш ву иза. Болх дика барца а, шена тIедеxxкина декхарш дика кхочушдеш хиларца а билгалваьлла Тавсолта. Цундела куьйгалхоша а, юьртахоша а лору иза.

Iадаташна тIетийжаш, уьш лоруш велахь а, керлачу Iедална а реза ву Тавсолта: «Дика а, хьекъале а ду Советан Iедал…Цкъа а хьалхенгахь хилла йоцу маршо ели халкъана, маьхза больницаш ехки, некъаш шорди, туьканаш лам чу кхачий, берашна бошмаш, яслеш яржий, мах ца боккхуш доьшуьйту ламанхошка». Амма цу Iедало дайн Iадаташна нийсса дуьхьалдолу керланиг юкъадалорна реза вац Тавсолта. Цуьнан дог-ойланаш цхьана гурахь латтарна, дов гIотту цуьнан даг чохь керлачу заманан ламасташца: и реза вац зудабераш божаршца цхьаьна ловзарна, уьш цхьаьна кино эхарна, нохчийн хазачу ловзаран метта хIун ду ца хуу «комсомольски ловзарш» юкъадаларна. Цо и тайпа хIуманаш зударийн цIеналлина, церан оьздангаллина зуламе, царна юккъехь цаоьшу эвхьазло кхолларна кхераме лору. Ткъа зударийн оьздангалла, церан цIеналла Тавсолтас къоман цIеналлин бух лору. Цунах доьзна ду Тавсолтин шен берашна – Даудна, Нурседина, Селитина цкъацкъа дуьхьалвалар. Тавсолтас, берашкара цхьаъ даьлча, шен хIусамнана Нурбика бехке йо. Нурбика беркате хIусамнана яра, цIийнан дукъ цунна тIехь ду. Тавсолтина и хууш дара, схьа хIума ца алахь а, дагахь воккхавера иза.

Iадаташца цадогIург зудабераша леладарх а, наха аьндолчух а вогура иза. Царах лаьцна шена товшдоцург хезча, оьгIазвоьду иза, кхин школехь цаьрга ца дешийта чIагIо а йо. Цу тIехь а Нурбикин бехк бо цо.

Тавсолта шен заманан бер ду: ша лелориг цхьа дош ду моьттуш, цунах воккха а веш, граждански тIамехь а дакъалаьцна керлачу дахарехьа къуьйсуш, цул тIаьхьа юьртахь колхоз юьллуш а къахьоьгуш, Советан Iедална муьтIахь схьавеана иза, я пачхьалкхера, я Сталинера шена харцо хирг цахиларх цхьана муьрехь тешна. Амма юьхьанца цо керла дахар къобалдеш тIеэцнехь а, кестта цунна гучудолу цхьаболу шен лехамаш, къаьсттана динций, халкъан оьздачу Iадаташций боьзнарш, керлачу замано емалбар, церан метта кхечу амалехь долу кхитайпа гIиллакхаш нуьцкъала цо юкъатеттар.

Халкъан оьздангаллехь кхоллабелла Тавсолтин къовсам цхьадолчу социальни, экономикин гIуллакхех а хьакхало: иза реза ца хуьлу юьртахь хьаьжкIийн метта томка лелорна, иза санехь ду а бохуш. И тайпа хIуманаш кхидIа лан а ца лой, Тавсолта юьртах волу, кхин юха ца ван дагахь. Шен беллачеран тIаьххьара Iодика ян кешнаш долчу воьдуш, хьуьн чохь тIеIоттаеллачу барзах латар а хуьлий, ле иза, и лохуш цунна тIаьхьабевлла доьзалш тIе а кхуьуш.

«Дауд вуй шуьца?» – олий, тIамехь шен веллачу кIантах тIаьххьара хаттар до Тавсолтас.

Тавсолта ломара дIавахаран маьIна, Тавсолтин сибатехь ломара дIайоьдург дайх йисна, эзар шерашкахь кхоллаелла йолу шира, бакъйолу оьздангалла ю, нуьцкъала тIедожийначу, цунна бехке хетачу ламасташа эшийна. И лан а ца делла воьду юьртара дIа Тавсолта.

### Кегийрхойн а, кхечеран а васташ

Дукхха а ду цу заманан кегийрхойн васташ романехь. Уьш бу: Дауд, Увайс, Нурседа, Селита и, кхиберш. Церан хIоран а шен-шен амал ю: собаре, шен гIайгIанаш даим кийрахь къуьйлу, гуттар ойлане Селита, доьналле, даим шен бакъонгахьа къовса кийча догцIена Нурседа, шен мохк доггах безаш волу тешаме, яхьйолу Дауд, кхиберш. Юьхьанца Тавсолтин доьзал цунна муьтIахь бу, цо аьлларг до кегийрхоша, шайн да лору цара, цуьнан сий до. Амма шаьш баккхий мел хили а дас бохучунна реза ца хуьлу уьш. Зама хийцаелла, цуьнца цхьаьна хийцалуш ду цхьадолу гIиллакхаш а. Адаман дахарехь новкъарло еш долчу Iадаташна дуьхьалбовлу уьш, хIунда аьлча советски идеологин низамехь шаьш хьалакхиъна дела. Нурседина, Селитина шайн да керлачу ламасташна дуьхьалвалар, иза ширачу бухадисначу Iадаташна тIетийжар ца деза. Кхиболчу кегийрхошна санна, царна лаьа школехь деша, дечу гIуллакхашкахь жигара дакъалаца, комсомоле бовла. Церан лаамаш массарна а ца тов. ХIума ала кийча берш а бу. Цара кхин тIе а марсайоху Тавсолтин шен йоIаршца йолу экаме юкъаметттигаш. Нурбика а ца хIутту Тавсолтина дуьхьалъяла, шина йоIехьа яла. Шайна тIедеана вон дIадийца, къа-бала балхо, шайгахьа гIо даккха стаг лоху цара. ЧIогIа лаьа шина йоIана деша. Хьехархо Анна Львовна бахьана долуш дерриг а дика дIадоьрзу.

ТІом болабелча Дауд а, Увайс а шайн лаамехь тІам тІе воьду. Юьхьанца дуьхьало йинехь а, тІаьхьа бакъо ло цушинна. Дас шега весет дича, Дауда дехар до дега, шен йижаршка кхидІа дешийта аьлла. Цо гойту, Дауд шен йижарийн терго еш а, уьш кхечарал оьшуш ца хилийта а гІерташ хилар. ТІеман хенахь шаьш школехь доьшуш долуш фронтана шайга далург деш къахьоьгу цара. Дауд тІамехь вийна олий, хаам кхочу, Увайс тІепаза вов, амма дуккха а халонех чекхволий, шен юьрта юхавогІу. Жимчохь дуьйна вовшийн дезадела Увайс, Селита цхьаьнакхета. Цу хенахь ламасте дирзина комсомольски ловзар до и шиъ цхьаьнакхетр декъалдеш. Ишта а Нурседас, Селитас лелочунна резавоцу Тавсолта, школан кертахь дІахьош долчу ловзаргахь коьртаІуьйра льатта шен ши йоІ гой, кхоччуш оьгІазвоьду.

Казахстане кхалхийначу хенахь шен йоІарша лелош дерг башхха къобал ца дора Тавсолтас. Цушинна кхиболчу кегийрхоша дІакхоьхьучу новкъа яха лаьара. Тавсолтина новкъадогІура иза. Даймахка цІадирзинчул тІаьхьа церан вовшашца йолу юкъаметтигаш, шарлой, дІа ца йоьлху, мелхо а, Іоттабаккхаме йоьрзу. Тавсолтина шен йоІаршна гергабоьду кхин некъ ца карабо. Советски идеологехь хьалакхиъна Нурседа, Селита шаьш аьллачунна тІера ца йолу.

Керлачу Іедало, ширачух бухадиснарг ду бохуш, кІоршаме емалдо нохчийн оьзда гІиллакхаш. Товсолта даррехь дуьхьал ву цунна. Дика къинхьегамхо а, нахана оьшучохь накъост а волу Товсолта ца кхета Советийн Іедало шен халкъаца харцонаш лелоран бахьанех. Уггар боккха бохам – дерриг нохчийн къам дІакхалхор – тІехІоьттича а ца вуху и къонах стаг. Цо собарца лов Сибрехан халонаш. Амма шен доьзалехь нохчийн Іадаташ кхоччуш дохош схьадогІу керла чкъор гуш, цунна хала ду къарвелла саца. Шен къийсам эрна а хетий, иза дІавоьду ломара.

Тавсолтин доьзалехь хуьлучу юкъаметтигашкахь дакъалоцуш ю романехь оьрсийн хьехархо Анна Львовна. Ламанан юьртахь бераш кхетош-кхиош болх беш ю иза. Харцахьарчу новкъа кхийда цхьаболу баккхийнаш а кхетабо цо. Массаьрца а ийна, ламанхоша лоруш стаг ю иза. Шен ши йоІ дешарх юкъахъяккха ойла хилла волу Тавсолта а юхаволу оьрсийн зудчо дехар дича. Анна Львовна даим масал хилла льатта ша кхиочу, Іамочу берашна.

«Лаьмнаша ца диццдо» романехь нохчийн литературехь дуьххьара гайтира халкъан дахарехь хилла хала а, чолхе а мур. Романан уггар

коьрта маьIна ду: вайн къомо лайна Iазап мел доккха хиллехь а, цул йоккха цу балех вай чекхдаьхна йолу халкъан къонахалла ю. И чIагIдеш, цунах вайн дог тешош ду романан массо а дакъош. Тавсолтас шаьш Казахстане дIакхаьчначул тIаьхьа олу шен йоIе Селите: «ТIехдоккха вон ду доьзалера тIамехь цхьаьна виъ стаг дIавахьар! ТIехдоккха! Амма хIетте а вайчул доккха ду ала а, и вайчуьнга нийсса ду ала а бакъо яц: цхьана доьзалера Даймахкехьа болчу тIамехь цхьаьна виъ стаг вер мел боккха лазам белахь а, доккха сий а ду доьзална! Вайн орамаш буххера схьадаьхна, вайн хиндолчух а цIенна дIахадош, дерриг а вайн къоме доккха эхь доуьйтуш, дийна доллушехь хIаллакдина вай. Амма вай хIаллакьхир дац: халкъ хIаллакьхила йиш яц. ХIан-хIа! Вайн доь дайалур дац цхьаьнгга а! Вай кхоьллинчу Дала Ша а дуьтур дац вай, Шен бераш, Шен орца доцуш».

Халачу муьрах чекхделира нохчийн къам, эшамаш а хилира. Оцу муьро цхьацца сакIезиг нах доьналлех, гIиллакхех бохийра, халкъана юкъахь гIиллакх лардар мелла а лахделира. Цу хьолехь шен махка цIадирзинчу халкъан амалехь долу диканиг дIадаккха гIоьртира КПСС-н идеологаш. Цу хьолехь дехачу халкъан дахар дара вайна Сулаев Мохьмада шен романехь гайтинарг.

Советан Iедал долуш нийсса схьаала йиш цахиларна, Сулаев Мохьмада шен турпалхочун Тавсолтин вастаца гайтина нохчийн къам шен культурех, гIуллакхех, ламастех дIахердар муха дIахьош хилла.

## Сулаев Мохьмад – критик, гочдархо

Сулаев Мохьмад литературин критик а вара. Цуьнан кхоллараллин цхьа дакъа ду литературно-критически белхаш. Цо вайнехан яздархойн кхоллараллех алссам язъеш йолу критически статьяш, рецензеш арайийлина «Ленинан некъ», «Сердало», «Грозненский рабочий», «Комсомольское племя» газеташ тIехь, «Орга», «Лоаман Iуйре» журналаш тIехь. Кест-кеста цуьнан статьяш оьрсийн маттахь зорба тухура «Дон», «Знамя», «Дружба народов», кхидолчу Москвахь арадовлачу стаммийн журналаш тIехь. 1968-чу шарахь Сулаев Мохьмада арахецна нохчийн литературех лаьцна «Октябро кхоьллинарг» шен литературно-критически белхех лаьтта гулар.

Мохьмад дика гочдархо а вара. Цо нохчийн матте яьхна оьрсийн, гIалгIайн, хIирийн, жIайхойн, лаьзгийн, гIазгIумкийн, гIумкийн,

карелийн, гуьржийн, таджикийн, туркменийн, туркойн, корейцийн, китайцийн, афганхойн, немцойн, австралхойн поэтийн стихаш.

Цуьнан стихаш гочйина гӀалгӀайн, оьрсийн, украинийн, хӀирийн, гӀебартойн, балкхаройн, гуьржийн, жӀайхойн, лаьзгийн, гӀазгӀумкийн, гӀумкийн, туркойн, иштта кхечу къаьмнийн а меттанашка.

Сулаев Мохьмадан поэзин кхерч бовха бу, серлаяьлла йогуш ю цуьнан поэзин цӀе хӀинцалерачу нохчийн литературехь.

**Хаттарш а, тӀедахкарш а**

1. Теманашна докладаш кечъе:
   «Сулаев Мохьмад – поэт».
   «Сулаев Мохьмад – прозаик».
   «Сулаев Мохьмад – критик, гочдархо».

**Ешначух ойла е вай**

1. Шен стихотворенина «ДоӀа» цӀе хӀунда тиллина авторо? ХӀун доьху Деле авторо? Стихотворенин шина-кхаа могӀанца жоп ло.

2. Муьлхачу могӀанашкахь билгалдолу стихотворенин маьӀна?

3. Авторан Делаца йолу юкъаметтиг муха билгалйолу стихотворенехь? Поэто шена Деле дехнарг деха реза дуй шу? И доцург, кхин хӀун доьхур дара аша Деле шайн доӀанехь?

4. Стихотворенехь далийна юх-юха аларш схьалаха, дийца, авторо хӀунда далийна уьш.

5. ХӀун ойла кхоллаялийти шун дегнашкахь «Сай» стихотворенино?

6. ХӀун дог-ойла ю авторо шен стихотворенин чулацаме йиллинарг?

7. «Сай» халкъан иллица цхьаьнадогӀург а, къаьстарг а хӀун ду хӀокху стихотворенин?

10. Стихотворенин юьхьехь а, чаккхенехь а гайтина сен сурт мича кепара ду? ХӀун маьӀна ду уьш дуьхь-дуьхьал хӀотторан?

11. Характеристика ло стихотворенин лирически турпалхочунна.

**Текстана комментари**

Шен «Сай» стихотворени Сулаев Мохьмада вайн махкахь дика вевзаш волчу яздархочунна Ошаев Халидна лерина ю.

Халид волчу веанчу хенахь цуьнан белхан стоьла тӀехь огар гина Сулаевна. ЦӀечу басахь хилла иза. И буц ша овкъаран басахь хуьлу дела, цецваьллачу поэто хаьттина: «ХӀара цӀечу басахь хӀунда ю?». Халида жоп делла: «Дага ца догӀу хьуна сай бен аьтто баьллачу таллархочух лаьцна долу халкъан илли? ЦӀен огар багахь леш болу сай бу цу тӀехь буьйцуш. Цундела цӀен басар хьаькхна аса огарна. Цул сов, вайн, нохчийн, кӀант кхиъна ваьлла ларало 15 шо кхьачначул

тӀаьхьа цо шегара кхо хьуьнар гайтича: говр хаьхкина воггӀушехь ор чуьра газа хьалаяккхар, тӀома доьду олхазар секхаӀодаца дожадар, секхаӀодаца сешна хьалхабаьлла болу тоьлла сай бер. И кхозлагӀа хьуьнар гайта уггар хала хилла. Сай чӀогӀа сема а, стешха а дийнат ду. Мел генахь велахь а, таллархо хаало цунна. Вовшийн терго яр а, лардар а лаккхарчу низамехь ду церан. Амма цхьа ледарло йолуьйту цара шайгара шаьш дежачу хенахь. Огар бецана тӀенисделча (царна дукхаеза буц ю иза), само яр дӀадолу церан, ха дан дицлой, дерриш цхьаьна дӀа а хӀуьттий, дежа уьш. Оцу меттехь бен аьтто болу царна хьалхабаьлла лела сай. ДегӀехь ницкъ а, куьг каде хилар а тоьуш дац, кӀант кхиъна вала собар а, зеделларг а оьшу».

Халид волчуьра дӀавахначул тӀаьхьа дукха ойла йина Сулаевс цо шега дийцинчух лаьцна. ТӀаккха цунна лерина «Сай» стихотворени язйина. Ала деза, историк, этнограф, публицист Ошаев Халид коммунистийн Ӏедало луьра хьийзош волу хан яра. Вайн къомах болчу нахана хала хетара Ӏедало и хьийзош, амма Халидна дан гӀо дацара церан.

Сулаев Мохьмада шена лан хала дерг, дагна хуьлуш йолу чевнаш поэтически гӀирсашца хьулъеш элира шен «Сай» стихотворенехь.

Дийнатех лаьцна стихотворенеш а, поэмаш а ю вайн литературехь. Ткъа «цӀен огар багахь леш болчу» сен васт дегаӀийжаме ду.

### Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. Муьлхачу поэтически кепех, гӀирсех пайда эцна авторо стиховоренехь шен синхаамаш билгалбаха?

2. Схьалаха стихотворенехь йолу метафорш, эпитеташ. Хьайн белхан тетрада тӀе дӀаязъе уьш.

3. Халкъан иллехь кхоьллина сен васт а, стихотворенехь дерг а цхьаьнадогӀий?

### ГӀиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай

1. Хууш ма-хиллара, сай бен атта дац. Муха лору аша таллархочо динарг? Шегара хьуьнар гайтина цо я къизалла? Аьлларг бакъде.

2. Гурахь цхьана йоццачу хенахь экха ден магош дац. Сен само яйначу хенахь цунна топ тохар къизалла яц ткъа? Шуна муха хета иза?

3. Шуна хетарехь, Сулаев Мохьмадан «Сай» стихотворени ешархошкахь адамалла кхиош ю аьлла хетий шуна? Шайн дешнашца дийца адамалла бохург хӀун ду.

4. Шайлахь муьлха амалш кхио луур дара шуна? Жоп тӀечагӀде.

### Вайн къамел кхиадо

1. Дийца, *кура кур* бохучу дешнийн цхьаьнакхетарех муха кхета шу.

2. Дошам тӀера *мажар* дош схьа а лахий, маьӀна даста цуьнан.

3. Экамечу экханан васт хIотто шатайпана дешнаш карийна авторна. Схьа а лахий, дIаязде уьш.

## Роман «Лаьмнаша ца диццдо»

### Текстана комментареш

НКВД – чоьхьарчу гIуллакхийн халкъан комиссариат.

**Лениногорскехь хилла гIаттам.**

ТIом чекхбаьллачул тIаьхьа, Сталина, Берияс араяьккхина амнисти, пачхьалкхана, халкъана пайдехь йоцуш, уголовникийн аьтто боккхуш яра. Эзарнаш лецначуьра схьа а хецна, уьш баьржира гIаланашкахула къоланаш, зуламаш карладохуш. Цул сов, Советан Iедална ямарт хилла аьлла, къиза махкахдехира дукха къаьмнаш. Оцу къаьмнашна дуьхьал, уьш сийсаздеш, шайн агитаци дIаккхоьхьура сталинхоша. Цара тесначу оцу хIух даьлла дIовш дара 1956-чу шарахь Лениногорскехь (Къилба Казахстан) хилла гIаттам. Доцу бахьана а кхоьллина, Лениногорскехь болчу уголовникаша махкахбаьхна кхуза балийначу нохчашна дуьхьал бина гIаттам бара иза. Марха достучу дийнахь хилла а ду и тасадалар. Дикка зен дира оцу гIаттамо: лазийнарш а, байъинарш а бара шина а агIор. Чоьхьарчу гIуллакхан эскар далийна, юхатуьйхира гIаттам. Юьхьанца «Iедална ямарт хилла нохчий» бехке хетта, царна тIебирзира талламхой. Амма нохчашкахьа, церан бехк цахилара хоуьйтуш, гIо даьккхира меттигерчу бахархоша, казахаша, цхьаболчу куьйгалхоша. Бехкболу уголовникаш суьдан кхелаца юхалаьккхира шаьш хиллачу лагершка. Нохчашна юкъара а лецира цхьацца «барамал тIехбевлларш».

### Ешначух ойла е вай

1. «Лаьмнаша ца диццдо» роман кхолларан исторех дийца. Муьлхачу хенахь хуьлуш бу цу тIера хиламаш? ХIун проблема ю цу тIехь хIоттийнарг? Муха бу романан дIахIоттам?

2. Муха хийтира шуна романан коьрта турпалхой? Барта жоп кечде оцу хаттарна, роман тIера масалш а далош. ХIун ала гIерта автор Тавсолтин вастаца?

3. Нурседас, Селитас дийриг аша муха тIелоцу? Къобалдой аша цара дийриг? ХIун ду шуна церан амалехь дика а, ледара а хетарг?

4. «Халкъан ойла», «доьзалан ойла» цхьаьнаяр муха нисделла романехь? ХIун ду Нурседа вукху зударийн вастех къастош дерг?

5. Тавсолта ломара дIавахаран хIун бахьана ду? ХIун ду Тавсолтина уггар лазаме а, дан хала а дерг? Романехь дийцина керла ламасташ халкъо тIецаэцаран хIун маьIна ду?

6. Кегийрхойн вастех лаьцна хIун эр дара аша? Церан амалехь дерг дерриг а къобалдеш тIелаца кийча дуй шу?

7. Дийца, хIун халонаш лайра вайн халкъо махкахдаьккхинчу хенахь. Шайн жоп масалшца тIечIагIде.

8. Шира бухадисна Іадаташ дІадоху бохуш, хІун политика яра Советан Іедало дІакхехьнарг? Шуна хетарехь, дарий уьш зуламе?

9. Романан ерзор кхечу кепара хила йиш ярий? Аша муха чекхйоккхур яра иза. Романан цІе «Лаьмнаша ца диццдо» ю. Дийца, хІун маьІна ду цуьнан.

**Произведенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Произведенин сюжет муха ю? ХІун ду цуьнан бухехь? Билгалдаккха сюжет кхиаран коьрта дерг: хиламийн долор, кхиар, куьлминаци, дерзор.

2. ХІун маьІна ду произведенин дІахІоттарехь хІокху хиламийн: Анна Львовнин, Тавсолтин къамел, Тавсолтас Дауде дина весет; халкъ махкахдаккхаран ирча суьрташ, декъаза цІадерзар, комсомольски ловзарш, Тавсолта дІавахар.

3. Тидам бе Тавсолтин къамелан. Мича кепара ду цуьнан къамел шен доьзалца, Анна Львовница, кхечу персонажашца деш? Деле дехар деш доІанаш до цо. ХІун гойту цо: иза суьпа стаг хилар я деэшна хилар? Шайна хетарг текст тІера масалшца тІечІагІде.

## ГАЦАЕВ САЬІИД
### *(1938–2012)*

ТкъоалгІачу бІешеран 50-гІа шераш чекхдовлучу – 60-гІа шераш дуьйлалучу муьрехь нохчийн литературе баьхкира исбаьхьаллин похІма долу кегийрхой: Айдамиров Абузар, Абдулаев Зияудди, Арсанукаев Шайхи, Саракаев Хьамзат, Курумова Селима, Хасбулатов Ямлихан, Дикаев Мохьмад, Кусаев Іадиз, Рашидов Шаид, Кибиев Мусбек, Окуев Шима, Сатуев Хьусейн, Махмаев Жамалдин, кхиберш. Хан яларца исбаьхьаллин дешан говзанчаш хилла дІахІиттира уьш. Царах хІоранна а кхолларалла нохчийн литература кхидІа а кхиарехь мехала хилира. Церан произведенеша къоман литература теманашца, ойланашца, жанрашца, мукъамашца шорйира, исбаьхьаллин лакхарчу тІегІане яьккхира. Цу яздархойн нуьцкъалчу тобанах вара Гацаев СаьІид а.

Гацаев СаьІид вина 1938-чу шеран 2 декабрехь Веданан районерчу Дишни-Веданна юххерчу кІотарахь ахархочун Асланбекан доьзалехь. Поэтан дахаран хьалхара пхи шо исбаьхьчу Іаламан аьхналлехь дІадахна. Гонахарчу хьуьнхахь декачу олхазарийн зевне эшарш, диттийн баххьаш тІехь лепа маьлхан зІенарш, эсалчу махо ловзош долу диттийн гІаш – цу исбаьхьчу Іаламан хазаллех марзо оьцуш, ша цецвийлар ду беран хенах шен эсехь диснарг, олура СаьІида.

Йоза-дешар хууш вацара шен да, амма мел генара хIума а дагадогIуш, ойланан кIоргалла йолуш, дуьненан гIуллакхех чогIа кхуьуш вара Асланбек. Харачойн Зеламхин йишин воI волчу цунна, оцу заманан дуккха а хIума дуьйцу хезнера, иза эсехь латтош, юхасхьадуьйцуш вара иза. Нана Джовзан, йоза Iамийна яцахь а, нохчийн эшарш, назманаш хууш, дика назма олуш, хаза йиш локхуш яра олий, хьахадора поэто шен да-нана.

1944-чу шарахь нохчийн къам махкахдаьккхича, Казахстанан Семипалатински областе нисбелла ГацаевгIеран доьзал. Цигахь чекхъяьккхина СаьIида юккъера школа.

Нохч-ГIалгIайн республика юха метта а хIоттийна, адам цIадерза доладелча, Соьлжа-ГIалахь 1957-чу шарахь Нохч-ГIалгIайн педагогически институтан историко-филологически факультетехь схьайиллина нохчийн меттан, литературин, оьрсийн меттан, литературин хьехархой кечбеш йолу отделени. ХIетахь шайн доьзалца даймахка цIавирзина волу СаьIид, йоккхачу конкурсах чекх а ваьлла, цу отделени деша вахна. Институтан ши курс чекхъяьлча, цхьана ханна дешарх юкъахвала дезна цуьнан, амма тIаьхьа, 1963-чу шарахь, чекхъяьккхина цо иза.

Масех шарахь Веданарчу школашкахь нохчийн меттан, литературин, оьрсийн меттан, литературин хьехархочун болх бинчул тIаьхьа Москва А.М. Горькийн цIарх йолчу Дуьненан литературин институтан аспирантуре (Институт мировой литературы имени А.М. Горького АН СССР) деша воьду Гацаев СаьIид. Иза чекхъяьккхича, шина-кхаа шарахь Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университетан нохчийн меттан, литературин кафедрехь ассистент лаьттина. Цул тIаьхьа ДаьргIарчу, тIаккха МахкатIерачу, Дишни-Веданарчу школашкахь директоран даржехь белхаш бина.

Гацаев СаьIид стихаш язъян хьалхxе волавелла. Исбаьхьаллин литературе, къоман барта кхолларалле шен безам бахийтинарг жимчохь, бераллехь хезна ненан эшарш а, божарша олучу назманашка ша ладегIар а дара, боху поэто. Шен поэтически корматалла кхиарехь беркате хилла лору цо нохчийн фольклор, оьрсийн, малхбале къаьмнийн лирика, Пушкинан, Блокан, Есенинан кхолларалла.

Поэтан дуьххьарлера стихотворени зорбане яьлла 1961-чу шарахь. ХIетахь дуьйна поэзехь а, драматургехь а хаддаза болх беш схьавеана иза. Цуьнан стихотворенеш кест-кеста зорбане йийлина

«Орга» альманахехь а, республикин, районийн газетийн агІонаш тІехь а. Поэтан хьалхара книга араяьлла 1969-чу шарахь. Пхийтта стихотворенех лаьтташ «Іуьйре» стихийн гулар яра иза. Къоначу поэтан дуьххьарлера книга и хиллехь а, цу тІера дукхахайолу стихаш исбаьхьаллица къаьсташ яра: «БІаьсте кхечи, – хезий хьуна?», «Сийна, сийна Іуьйре», «Хьоме Даймохк! Дагна деза…», «ДІаІе хьайна», «Зезагаш, зезагаш тайна», кхиерш а.

Гацаев СаьІидан поэтически кхоллараллин коьрта аматаш къаьсташ гучудевлира цуьнан шолгІачу книги тІехь. Иза яра 1973-чу шарахь зорбане яьлла «БІаьстенан гІара» стихотворенийн, поэмин гулар. Цу тІехь зорба тоьхна 28 стихотворений, цхьа поэмий яра, амма и гулар а, шен барамца йоккха яцахь а, стихотворенеш лаккхарчу поэзех хиларна Іаламат мехала яра. Халкъан яздархочо Ахмадов Мусас яздо: «Оцу шина гуларна юкъаяхначу стихийн коьрта цхьа маьІна хета – Даймахке, цуьнан Іаламе болу безам. Амма и безам цхьана кепара бац, и тайп-тайпана бу шен гучубийларшца, иза бекъабелла бу Іаламан тайп-тайпаналлехь, поэтан синхаамашкахь.

Коьрта долчунна, поэтан тидамехь бІаьстенца меттахдаьлла, шовкъашца кхехка, баьццарчу «цІарца» серладуьйлу Іалам ду. БІаьстенан мелачу махах, олхазарийн эшарех, шовданийн лешарех… – Іалам денлучу хенан гІовгІанех тера бу Гацаевн стихийн мукъамаш».

КхидІа а Ахмадовс яздо: «Гацаев СаьІидан дуьххьарлерачу шина гуларна юкъаяхначу стихашкахь шерра го оьрсийн поэтан Есенин Сергейн тІеІаткъам. Ур-атталла Гацаевн «Аза» поэмин сюжето а, коьртачу васто а дагайоуьйту «Анна Снегина»… Цуьнца цхьаьна билгалдаккха деза, иза дуьххьалдІа тарвала гІертар цахилар. Нохчийн поэто кхоллараллица пайда оьцура шел хьалха ваьхначу меттан говзанчин исбаьхьаллин кхиамех, цунна карийначух. Есенинах Іемаш дукха ца вахлуш кхидІа а воьду СаьІид шен лехамашца кхоллараллин новкъа».

«Іуьйре», «БІаьстенан гІара» гуларш тІерачу стихаша а, царал тІаьхьа муьран зорбанехь, юкъарчу гуларшкахь арайийлинчу произведенеша а гайтира Гацаев СаьІид литературе билггал шен исбаьхьаллин хьежамаш болуш, шен поэтически хатІ а долуш, дика къаьсташ стихан форма йолуш веана хилар. Иза шеко йоцуш хилар гучуделира кхидІа поэтан арайийлинчу книгаш тІехь а: «Хазахетар» (1982), «Суьйренан Іеха» (1988), «Мекара цициг» (1991).

СаьIидан араяьллачу цу пхеа книгех хIоранна тIехь керла произведенеш ю, юх-юха зорба тоьхнарш яц. Масех юкъарчу гуларшкахь, нохчийн поэзин антологи тIехь, муьран зорбанехь арайийлина цуьнан произведенеш.

Iаламат исбаьхьа ю Гацаев СаьIидан лирика. Даймехкан тема коьртаниг а йолуш, шуьйра чулацам бу цуьнан лирикин. Ненан марзо, доттагIаллин, безаман уьйраш, адамийн юкъаметтигаш, хазахетарш, халахетарш, дегайовхонаш, деган Iийжамаш – и берриг синхьегамаш гайтар шатайпанчу исбаьхьаллица кхоьллинчу Iаламан суьрташца доьзна ду поэтан дукхахйолчу стихашкахь.

Жимчохь дуьйна хийрачу махкахь кхойтта шо доккхуш ша сатийсинчу даймахкс йолу шовкъаш ю поэтан стихашкахь лаккхарчу исбаьхьаллин кепашка йирзина. Даймахках лаьцна йолу поэтан стихаш, шаерш бохург санна, авторан дахарх йозаелла ю. Ма-дарра аьлча, поэтан ерриг лирика а ю авторан даймахкаца йолчу юкъаметтигех лаьцна, даймехкан Iаламан исбаьхьалла гойтуш, цаьрга болчу безамах юьзна. Цо юх-юха а юьйцу даймехкан хазалла, аьхналла, цуьнца йолу шен марзо.

Даймохк а, цуьнан Iалам а. И ши кхетам вовшах къасталур боцуш цхьаьна бу цуьнан лирикехь. Даймехкан хазалла Iаламца ю, Iаламан исбаьхьалла даймахкаца ю. Даймехкан васт Iаламан суьрташца кхуллу авторо. Берахь даг чу йирзина, шен сих, ойланах дIаийна даймехкан Iаламан хазалла, цуьнан «зевне эшарш» исбаьхьаллин даше ерзо, «маттс яло» лаьа поэтана:

Хьоме Даймохк! Дагна деза
И хьан сийна нана-лаьмнаш,
Аьзнийн цIарца йисттех юьзна
Зевне техка тийна хьаннаш.
....................................
Хьуьнца легаш Iаь ю сийна,
Малхо нуьре чилла бузу,
Берахь дуьйна хазчух ийна,
ХIинца майрра сан дош ловзу.

Долчун хам бо, куро яц сан,
ГIерта цунна сайн дог лало.

Беза мохк, со хир ву хьоьца,
Зевне эшарш матте яло.

Поэтан сапаргIатдалар, ойла серлаялар, цуьнан самукъадалар, дог хазахетарца тохадалар винчу махкаца ду. Даймехкан цIе йоккхуш а хазахета цунна: «ПаргIате Нохчийчоь», «Сан Нохчийчоь хаза, мерза…», «Юха а Нохчийчоь…», «Шеме ю-кх хьо, Нохчийчоь…», «Со-м хьан варий, Нохчийчоь, Хьо-м сан ярий, Нохчийчоь …», «Нохчийчоьне» – иштта ю стихотворенийн цIерш а. Даймахкаца цхьаьна дало, и санна «мерза», и санна «деза», и санна «тешаме», и санна «оьшуш» хIума ца карадо поэтана шен «Хила-м хир ду…» стихотворенехь а. Даймахках воккхавер поэтан ерриг кхолларалех чекхдолуш ду.

Шен нанна, йишина, доттагIашна лерина стихаш ю поэтан лирикехь («Ненера кехат», «Йише Маржане», «Хьамиде», «Хедижате», «Хаза вара кхин ца хиллал», «Хьо дIаваха…»). Ненан безам, йишаveше йолу деган йовхо, доттагIаллин уьйраш Iаламан суьрташкахула билгалйоху авторо. «Ненера кехат» стихотворенехь цIера ваьлла, цIа ван хьевеллачу кIантана сагатделлачу ненан дог-ойла йоькъуш ду Iалам: «УьйтIахь Iежаш, Хьоьга хьуьйсуш санна, Наггахь таьIна, гIийла хетало. Шайца мерза Iийнарг веза царна, Махехь лестий, сарахь тохало». УьйтIара Iежаш хьовха, ерриг бIаьсте а ю ненаца цхьаьна цуьнан кIант цIаваре сатесна: «БIаьсте ша а, хьоьга сатесна, Йоьлу, ека шен йовхонан цIергахь, Йоьлу, ека эсал лестина».

Иштта, шен кIантана, ша санна, сагатдеш го нанна гонахара Iалам а. Ненан сийлахь безам а, оцу безамна чIагIо луш долу Iалам а цхьаьнаийна ду, цхьаьна ойланехь ду. Шен стихотворенехь поэто адамийн амалш елла Iаламна. УьйтIара Iежаш «таьIна гIийла хетало. Шайца мерза Iийнарг веза царна». БIаьсте а кIанте «сатесна… йоьлу, ека, эсал лестина». Кхузахь и сурт метафора санна а ца хета, иза шен нийсачу маьIнехь далийча санна хетало, авторо «адамалле дерзийначу» Iаламан (Iежийн а, бIаьстенан а) «лаамаш» бу цуьнца билгалбохурш. Гацаев СаьIидан кхолларалехь Iаламан лирикин аматаш бу уьш.

«Ненера кехат» стихотворенехь адаман ойла а, Iаламан суьрташ а цхьаьнадогIуш хиллехь, «Йише Маржане» стихотворенехь и хьелаш мелла а кхечу кепара ду. Стихотворени дIайолалуш лирически турпалхочун ойла гIийла ю, иза шеко йолуш ву, махкана, халкъана ша «деш долчу гIуллакхо стом» лурий-техьа бохуш. Оцу шеконаша

ойла йойту цуьнга: «ХIун дер аса? Воьлур со Я воьлхур цунна, Сайн боллу цатемаш Балхабеш гIийла?» Ткъа Iалам таьIна дац, кхоьлина дац: «БIаьстенан суьйре ю Хьесталуш сийна, Дац цуьнан цхьа а аз КIоршаме, шийла». Кхузахь лирически турпалхочун ойлий, Iаламан хIоттаммий цхьаьнабогIуш бац, уьш къаьсташ бу, къаьсташ хилла а ца Iаш, вовшашна дуьхь-дуьхьал бу. Амма стихотворенехь кхидIа го лирически турпалхочун шен мехкан дуьхьа къахьега болу лаам чIагIлуш хилар: «Ас хийла къахьегна, Хьоьгур ду хийла, Вайн мехкан шораллехь Сайн иллеш къаггалц. Ас царна дIалур бу Деган ницкъ, ойла, Цхьа мерза дош хилла, Со верриг ваггалц».

Iаламе йолу марзо а чIагIло цуьнан: «цхьа чIогIа дезало вайн нана-лаьмнаш», «бIаьстенан зезагийн» аренаш, «езало суьйренаш, бохь лекха хьаннаш». ТIаккха цуьнан ойла а хийцало, серлайолу:

Цундела воьлу со,
Воьлу со хьуна,
Сайн болу цатемаш
Ца балхош гIийла…
БIаьстенан суьйре ю
Хьесталуш сийна,
Дац цуьнан цхьа а аз
КIоршаме, шийла.

ХIинца лирически турпалхочун ойла гIийла яц, сирла ю, айаме ю. Иза цхьаьнайогIу бIаьстенан аьхначу Iаламца.

Адам а, Iалам а. И тема, даймехкан тема санна, поэтан ерриг лирикех чекхйолуш ю. Гацаев СаьIидан Iаламах лаьцна йолчу стихотворенешкахь ши хIоттам хуьлу: Iаламан сурт, адаман ойла. Iаламан суьрташ сирла, аьхна ду. Даим бохург санна, адаман ойла Iаламан суьрташца цхьаьна йогIуш хуьлу. Нагахь санна стихотворени дIайолалуш и ши хIоттам вовшашца ца богIуш гайтинехь а, тIаьхьа адаман ойла исбаьхьчу Iаламо серлайоккху, екхна хуьлуьйту, самукъане ялайо, лаккхахь хьахийначу «Йише Маржане» стихотворенехь санна.

Гацаев СаьIидан лирикехь адамна беркате ду даймехкан Iалам, цо цатемаш байбо, дог паргIатдоккху, самукъане хуьлуьйту. Адамо зовкх хьоьгу Iаламехь, цунна синкхача хуьлий дIахIутту даймехкан Iалам. Адамна синмарзо луш, синхьегамаш серлабохуш, дагна паргIато луш лору поэто Iалам. Катарсисан – адам шен ойланца цIандаларан – хьаст

лору Гацаев СаьIида Iаламан аьхналла, Iаламан исбаьхьалла. Аристотела шен «Поэтикехь» трагедин, музыкин жанрашкахь лерина катарсис (адам шен ойланехь цIандеш тIеIаткъам бар). ХIинцалерачу эстетикехь а, литературин критикехь а трагедина хилла ца Iаш, лирикин, поэмин, дийцаран, романан, кхечу жанрашкахь йолчу мелла а трагедин хьу шайгахь хаалучу произведенешна а лелош бу и кхетам.

Цхьаболчу баккхийчу поэташа шайна езаш, беркате лоруш хоржий шеран цхьа хан я хенан хIоттам хуьлу. А. Пушкин гуьйренах воккхавеш хилла, Ф. Тютчевна бIаьстенан юьххьехь стигал къекъар хазахеташ хилла, А. Фета шен стихийн йиъ книга арахецна ши-кхо шо юкъадулуш. Царах хIоранна а цIе «Суьйренан серлонаш» («Вечерние огни») тиллина цо. Гацаев СаьIидна бIаьсте езаелла, «сийна бIаьсте». БIаьстенах лаьцна дукха стихаш ю цуьнан. Поэтан лирикехь бIаьсте Iалам карладалар, адаман ойла серлаялар, дахар беркате хирг хилар гойтуш йолу символ ю.

Поэтан дуьххьарлера гулар «Iуьйре» схьайоьллуш, хьалхара стихотворени ю *«БIаьсте кхечи...»*. Цуьнан лирически турпалхо воккхаве бIаьстенах, «бIаьсте кхечи» бохуш, кхаьънаш доху цо, бIаьстенан исбаьхьаллех, ша санна, кхечара а марзо оьцийла лаьа цунна:

БIаьсте кхечи, – хезий хьуна? –
БIаьсте кхечи сийна схьа,
Зевне йоьлуш, – хезий хьуна? –
Зазах яьржаш кхаьчна схьа.
Зезаг доьлу сенчу бай тIехь,
Лестош хьоьга ховха куьг.
Хезий хьуна, сенчу бай тIехь,
Хьайга лестош ховха куьг?
Кхуро тоьлла эшарш лоькхуш,
Самукъадаьлла техка балл.
Хезий хьуна, эшарш лоькхуш,
Самукъадаьлла техка балл?
ХIаваъ, сийна бIаьргаш санна,
Бешахь хьоькху мерза хIо.
Хезий хьуна, хIаваъ сийна,
Бешахь мерза хьоькху хIо?
Iалам лепа зевне-сирла,

Дети санна догу тхиш.
Хезий хьуна, Iалам сирла,
Дети санна догу тхиш?
Мерза лазам бу сан кийрахь,
Матто юьйцу тоьлла йиш.
Хезий хьуна, лазам кийрахь,
Матто юьйцуш тайна йиш?

Лаккхара поэзи ю иза. Юх-юха а еша дог догIу и стихотворени. Масазза йийши а даг чохь хазахетар кхоллало, дог делало, самукъадаларца шатайпана айам хаало. ХIун бахьана ду-техьа и стихотворени (и санна йолу кхин лирически произведенеш а) сел чIогIа дагах хьакхалуш, сел аьхна синхьегам кхуллуш хиларан? Жоп дала хала ду оцу хаттарна. Кхачам боллуш жоп цунна дан а дуй хьовха? Бакъйолу поэзи дIайийцалуш яц, иза, еша а йоьшуш, цунах марзо а оьцуш, кхета везаш ву. Делахь а лирически стихаш а къастош, церан башхаллаш билгалйохуш-м хуьлу.

«БIаьсте кхечи...» стихотворенехь гайтинарг Iалам бIаьстенца самадаларан, юхакхолладаларан сурт ду. Поэто кхоьллинчу исбаьхьаллин суьртехь Iалам серлонца лепаш ду, кхоьлина дац, тем хилла, сецна лаьтташ дац, бIаьстенан боларехь ду: кхуьуш, цIинлуш, заза доккхуш. БIаьсте дерриг Iаламе кхаьчна: «зезаг доьлу сенчу бай тIехь», кхор «тоьлла эшарш» лоькхуш бу, цунах «самукъадаьлла техка балл», хIаваъ ду «сийна бIаьргаш санна», тхиш догу «дети санна», «бешахь хьоькху «мерза хIо», бIаьсте «зевне йоьлуш ю». Зезаг, кхор, баьллаш, сийна бай, сийна хIаваъ, детин тхиш, мерза хIо – уьш стихотворенин персонажаш ю. Поэто царна адамийн амалш елла: уьш дела а ло, цара хьоьга куьг а ластадо, эшарш а лоькху, церан вовшашца самукъа а долу. Амма Iаламан хиламашца дац и хIуманаш, уьш поэтан ойланехь, синхаамашкахь Iаламца йолу юкъаметтигаш ю, цуьнан Iаламе болу лирически хьежамаш бу, цунна Iаламан исбаьхьалла гаран башхаллаш ю. Поэтан синхаамийн йовхо ю бIаьстенан Iаламехь «яьржинарг». Иштта адаман йовхой, Iаламан хазаллий цхьаьнаийна долу исбаьхьаллин васташ кхоллар Гацаев СаьIидан лирикин коьрта башхалла ю, поэтан исбаьхьаллин хатI а ду иза. Нохчийн литературехь дуьххьара цу тайпана Iаламан васташ кхоьллинарг, адам, Iалам сел исбаьхьа цхьаьнадалийнарг Гацаев

СаьIид ву. Нохчийн поэзехь дахар гайтаран таронаш шорйина поэто, адаман, Iаламан уьйраш керлачу исбаьхьаллин кепехь гайтина.

«БIаьсте кхечи…» стихотворенехь Iалам а, адам а вовшашна беркате ду. Стихотворени шайца чекхйолу тIаьххьара йиъ стих ю лирически турпалхочун синхIоттам гойтуш, цуьнан Iаламца йолу юкъаметтиг гучуйолуш. БIаьстенан Iаламо лирически турпалхочун кийрахь синмарзо меттахъяьккхина, синъайам кхоьллина. БIаьстенца денлуш, заза доккхуш долу Iалам санна, адаман кийрахь а кхуьу дагна марзо луш болу аьхна синхьегам, кхолларалин хьуьнарш меттахдовлу.

Гадаев Мохьмад-Салахьа яздина: «ХIума, и хIуъа делахь а, гар, хаадалар, дагна Iеткъар (оьрсашха аьлча: наблюдательность, проницательность, чувствительность) – и бу поэтан цхьа агIо – аьрру агIо. Ткъа поэтан (яздархочун) аьтту агIо бу и гинарг, хааделларг, дагна Iаьткъинарг дешнашца нийса, ма-дарра схьаала (дIаяздан) хаар. И ши агIо цхьаьнакхетча, хIутту поэт, яздархо. Цушиннах муьлхха а цхьа агIо бацахь, тIаккха кхоллаpалла «садоцуш» хир ю, шийла хир ю, дегнех (нехан дегнех) ца кхеташ хир ю».

Гацаев СаьIидца и ши агIо а хилла. ХIума ган а, цуьнан тидам бан а, цунах марзо эца а хаара цунна, ткъа и шена гинарг, «дагна Iаьткъинарг» кхечеран дагах кхеттачу кепара дIаяздан а хиъна цунна. Iаламат исбаьхьа бу Гацаев СаьIидан поэзин мотт. Цо говза пайда оьцу поэтически суртхIотторан а, стихкхолларан а гIирсех.

«БIаьсте кхечи…» стихотворени еа гIулчах лаьттачу хорейн барамехь ю, шала (четные) стихашкахь каталектика а йолуш. Ерриг стихотворени ткъе йиъ стихах лаьтта. Рифмаш зударийн, божарийн ю. Рифмовка жIарийн хьесапехь ю, зударийн рифмаш божарийчаьрца хийцалуш. Цхьана а меттехь ритм, рифма, рифмовка талхийна йоцуш, юьххьера дуьйна чекхъяллалц цхьана хIоттамехь ю стихотворени.

Цхьа исбаьхьа юхааларш ду стихотворенехь. Уьш алссам а, тайптайпана а ду. Стихотворени дIайолалуш, хьалхарчу стихехь «хезий хьуна?» дешнаш – риторически тIедерзар а, хаттар а ду. Уьш ворхIазза далийна барамца башха йоккха йоцчу оцу стихотворенехь. Поэто цаьрца юххера юкъаметтигаш кхуллу стихотворени йоьшуш волчуьнца, шен сирлачу синхьегамашна юкъа валаво, бIаьстенан хиламех ирс эцаре кхойкху. Авторо юхааларш цхьана рожехь леладо. «Хезий хьуна?» юхаалар хIоразза а шалзачу (нечетные) стихашкахь далийна.

Хьалхарчуй, кхоалгӀачуй стихашкахь эпифора ю иза (стихана тӀехьа), кхечанхьа даим а анафора ю. Поэто цкъацкъа дешнаш карладахарца маьӀна хуьйцу церан. Ма-дарра аьлча, бакъйолчу стихашкахь дукхахьолахь дешнийн масех маьӀна даккхалуш хуьлу. Иштта «БӀаьсте кхечи…» стихотворенехь дукхамаьӀнийн ду «хезий хьуна?» бохург а.

БӀаьсте яларан билгалонаш гойтуш йолу стихаш а юх-юха ялайо поэто. Иза а шен цхьана хьесапехь леладо. Ерриг стихотворенин чулацамехь хӀоразза, шишша стих чекхъяьлча, царна тӀаьхьа йогӀу шиъ, жимма хийцина я хийцам банне ца беш, юхаялийна ю. Уьш а риторически тӀедерзаран, хаттаран кепехь далийна исбаьхьа юхааларш ду. Стихотворенин маьӀна кӀарг а деш, маттана шатайпана аьхналла, исбаьхьалла ло цара.

Гацаев СаьӀидан Ӏаламан лирика тайп-тайпанчу беснашца лепаш ю, амма алсам берг сийна бос бу. «БӀаьсте кхечи…» стихотворенехь пхоьазза хьахийна сийна бос: «бӀаьсте кхечи сийна схьа», «зезаг доьлу сенчу бай тӀехь», «хӀаваъ, сийна бӀаьргаш санна» и. д. кх. а. БӀаьстенан бос бу иза – Ӏалам самадаларан, юхакхолладаларан, дахар кхиаран бос.

«БӀаьсте кхечи…» стихотворени зевне ю, екаш ю. Зевне аьзнаш юх-юха а далийна стихашкахь. Масала, «з» аз: «БӀаьсте кхечи, – хезий хьуна?», «Зевне йоьлуш, – хезий хьуна?», «Зазах яьржаш кхаьчна схьа», «Зезаг доьлу сенчу бай тӀехь», «Бешахь хьоькху мерза хӀо. Хезий хьуна, хӀаваъ сийна, Бешахь мерза хьоькху хӀо? Ӏалам лепа зевне – сирла», «Мерза лазам бу сан кийрахь», «Хезий хьуна, лазам кийрахь», кхидерш а. Оцу аллитерацино мелла а совдоккху стихотворени зевне хилар, екар. БӀаьстенан зов хезаш санна хетало.

Ассонанс а ю стихотворенехь (цхьатера мукъа аьзнаш долу дешнаш юх-юххехь далор). Цара стихотворени, мукъаме еш, цхьа яй, еша атта хуьлуьйту.

Меттан исбаьхьаллин гӀирсашца – башхачу эпитеташца, дустаршца, метафорашца – кхелина ю стихотворени.

Цу тайпана, и дерриг мехала ду «БӀаьсте кхечи…» стихотворенехь Ӏаламан исбаьхьа сурт кхолларехь.

Гацаев СаьӀид шен лирикехь Ӏалам тергалдина Ӏаш вац, Ӏаламан тидам бина Ӏаш вац. Иза хаддаза даймехкан Ӏаламца цхьаьна ву, цунна Ӏалам деза, цунах воккхаве. «Лойша эсала мох…» стихотворенехь

эсала мох а, бецан тхи а, «махехь ийало» коьллаш а «дагна марзо луш, хаза елало» цунна. «Бай тIехь техка полла санна, сан дог техка лаьмнашкахь» боху цо «БIаьсте хир ю…» стихотворенехь. Иштта ю цуьнан ойла «Ма ца Iий хьо, сан дог», «Лалла хьайна некъаш мел ду» стихотворенешкахь а. Поэто юххера юкъаметтигаш ю Iаламца, адамашца санна уьйраш ю цуьнан цуьнца. Иза Iаламан Iаламаташца къамеле а волу, цаьрга хIума а хотту цо, цунна жоп а ло цара. Шен деган ойланаш а ялхайо цо Iаламе:

ХIай йоI, делхьа, собар де,
КIезиг олуш, дош ларде.
Мила ю хьо? ЦIе хIун ю?
Мичахь ю шун горга юрт?
Кхана, хазчу суьйрана,
Лаахь, кхана Iуьйрана, –
Миччахь хиларх и шун юрт,
Ас хьо цIарца лохур ю.

Хир ду лесташ боллан га,
Хоттур ду ас хIоранга:
«Евзий шуна? Мичахь ю? –
ЭхI, шун хаза горга юрт!»

Жоп лур суна меллаша,
Жоп лур сенчу баьллаша:
«ЦIахь ю, хитIа йогIур ю, –
ЭхI, тхан хаза горга юрт!»

Къоман ламасташ ду стихотворенин чулацамехь. Нохчийн гIиллакх-оьздангаллица гайтина стихотворенехь лирически турпалхочун, цунна езаеллачу йоьIан васташ. И шиъ новкъахь, арахь ца девза вовшийн. Нохчийн гIиллакхаща догIуш ма-хиллара, йоI ехаш йолу юрт а лехна, цуьнга хитIа кхайкхa лерина ву лирически турпалхо. ЙоIе хитIа кхайкхa цхьаъ вохуьйтуш хуьлу. «ЦIахь ю, хитIа йогIур ю», – боху «сенчу баьллаша». Iалам а къоман гIиллакхашкахь ду.

Ерриг стихотворенех чекхдолу исбаьхьаллин васт – «горга юрт». Иза нохчийн барта кхоллараллин васт ду. Цуьнца а билгалдолу стихотворени геннара схьадогIучу къоман Iадаташца, ламасташца хилар.

Стихотворенин дIахIоттамехь еа стихах лаьтташ йолу йиъ строфа ю. ХIора строфа, чекхдаьлла маьIна а долуш, лирически турпалхочун билггал йолу ойла, лаам гойтуш ю. Стихашкахь юххера рифма ю. Строфан хьалхара ши стих вовшашца йозаелла дактилически рифмашца, тIаьхьара шиъ – божарийн рифмашца. Стихотворени чекхъяллалц ларийна цутайпана йолу рифмаш а, рифмовкин кеп а.

Нохчийн меттан таронех говза пайда оьцу авторо. Исбаьхьа ю цуьнан стихийн лексика. Шен кхоллаелла ойла я билгалболу синхьегам гучубаккха, иза кхечуьнга дIакхачо бIегIийла болу меттан гIирсаш (дош, дешнийн форманаш, дешнийн цхьаьнакхетарш, дешнаш вовшашца дазаран кепаш) лахаран а, уьш стихехь дIанисбаран а лаккхара корматалла ю поэтан. Цуьнан стихаш яй ю, ешалуш ю, шайх атта кхеташ ю, самукъане ю. Цхьа шатайпана дай, атта, аьхна ловзадо цо стихашкахь дешнаш, карладохуш юх-юха даладо: «Кхана, хазачу суьйрана, лаахь, кхана Iуьйранна», «Мичахь ю шун горга юрт?», «ЭхI, шун хаза горга юрт!», «ЭхI, тхан хаза горга юрт!» Иза а поэтан исбаьхьаллин хотIан цхьа билгало ю.

СаьIидан кхоллараллехь гIеххьа меттиг дIалоцуш ю безаман лирика. Масала: «Безам, безам, хьо стен хьекъий?», «Безам! – бохуш, техка бецаш…», «Дашо лаьмнаш хIиттор дара», «Хьох тийшира…», «Мехкарий», «Вайшиннан безам а дIа йисте кхечи…», «И цхьа суьйре», «ЭхI, хьо буьйса!», «ХIай йоI, делхьа, собар де...», «Ахь эли, безамна безам бу, аьлла…», «Мичахь кхиъна, мичахь лелла…», «Вайша лулахь дехира…», «БIаьргийн сийна цIе», «Со шун марзо эцна вели-теша?», кхиерш а. Поэтан лирикехь безам, лакхахь вай ялийнчу стихотворенехь санна, къоман гIиллакх-оьздангаллин гурашкахь бу. Диалогаца язйинчу шен цхьана стихотворенехь поэто боху:

– Безам, безам, хьан сурт хIун ду?
Иза муха девзар ду?
– Оьздангалла, гIиллакх со ду,
Иза, лаахь, хуьлуш ду.

Гацаев СаьIидан лирически турпалхо шен безамца цIена ву, лераме ву, къинхетаме ву. Шен безамна жоп ца луш, кхиверг хаьржинчу йоIаца а оьгIазе вац, иза ирс долуш ехийла лаьа цунна:

Хьан бIаьргийн йовхоне со эсал кхийди,
Хир дац и кхин юха, ахь некъ дIакхеди.

ХІун дер ткъа?
Самукъне хьо йоьлуш лела.
Хьо ца гуш со-м воьлхур, сан деган эла.
Ирс хила ца кхачош, мел еха, хьуна,
Хьо ирсе юй хаар – там хир бу суна,
ДІаІе хьо,
Самукъне хьо йоьлуш лела,
Хьо хилар – хазахетар, сан деган эла.

Масех поэма, стихийн яккхий циклаш ю СаьІидан кхолларал-лехь. ДІадахначу бІешеран 70-гІа шераш чекхдовлучу муьрехь цхьа аьхке яккха Узбекистане вахара Гацаев СаьІид. Цигара гурахь ша цІа вогІуш дуьненан бахам ца беара поэто, амма нохчийн поэзехь гутаренна а юьсур йолу хазна – «Юккъера Ази» стихийн йоккха цикл еара. Оцу цикла юккъера цхьайолу стихаш зорба туьйхира 1981-чу шарахь араяьллачу поэтан «Хазахетар» стихийн гуларехь. Дуьненан Іилманехь, поэзехь, философехь бух боллуш шайн цІерш йолу Фир-доуси, Бируни, Ибн Сина, Саади, Улугбек, кхиберш а хьахабо поэто, церан дахарца, кхолларалница исбаьхьаллин зІе тосу авторо (стихот-воренеш «Хаьий хьуна, Фирдоуси…», «Хатта хьайна Саадига…», кхиерш).

Гацаев СаьІидан лирикехь дукхахйолу произведенеш философски маьІна долуш ю. Адамо дуьненахь йоккхачу хенан мехалла, даймах-каца, Іаламца йолу юкъаметтигаш, ненан безам, йиша-вешин марзо-наш, доттагІалла, кегийрхойн безаман уьйраш, къоман гІиллакхаш, ламасташ, валар-висар – и дерриг дагадоуьйтуш, цуьнан ойла йойтуш ю поэтан стихаш. Масала: «Хала ду дуьненахь ваха…», «ГІа-буц а маргІалло, маргІалло зезаг а», «Дуьне – сийна, самукъа…», «Хаза хуьлу, нуьре лестий…», «Малх схьакхеташ, и дІабузуш дуьне ду», «Некъаш, некъаш, сирла некъаш…», «Маьлхе, хаза, екхна стигал», «Зезагийн сагатло». «Екар, екар хьо, сан йиш», «Къонахашка», «Шеме ю-кх хьо, Нохчийчоь», «Даге», «И цхьа суьйре», «ЭхІ, хьо буьйса!», «Суьйре, суьйре, хьо стенна елхий?», «Хаза вара кхин ца хиллал», «Хьо дІаваха». Царалахь къаьсттана мехала ю стихийн цикл «Малхана гимн».

Гацаев СаьІида болх бина драматургехь а. Цуьнан комедеш «Балс ваьлла нуц», «Пелхьонаш» кхиамца хІиттийна къоман театрехь. Иза

автор ву Советски Союзан Турпахочух Нурадиловх йолчу «Ханпашин валар» пьесин а, берашна язйинчу «Чора» пьесин а.

Гацаев СаьIид кхелхина 2012-чу шеран 13 декабрехь, пIераскан буьйсана.

Нохчийн халкъан яздархочо Бексултанов Мусас яздина: «Гацаев СаьIид нохчийн поэташ юккъехь шатайпана йозанан кеп йолуш поэт ву, массаро а (поэзи езачарна) атта кхетар волуш. Цуьнан поэзи – алхха цхьа бIаьсте ю, синан зовкх, хазахетар, дуьненах ца Iеба ойла. Муьлххачу а темина цо язйина стих Iаламат мукъаме а, екаш а нисло цуьнан куьйга кIелахь, хуьлда иза бIаьсте, шовда я деган синхаам.

Дешнаш юх-юха карладахарца, кхечу маьIнехь ловзадарца, церан кеп хуьйцуш, шена маттов керла васташ кхуллу СаьIида, стих хазъеш, мукъаме йоккхуш, кхечу кепехь екош.

СаьIидна Дала делла похIма доккха совгIат ду вайн къомана».

Иштта дан а ду иза.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Дагалаца, Гацаев СаьIидан муьлха произведенеш ешна аша. Дийца, муха хилла цуьнан дахаран а, кхолларалин а некъ. Муьлха теманаш герга ю поэтана?

2. Шайн дешнашца дийца, муьлха суьрташ хIуьтту шуна хьалха поэтан могIанаш доьшуш? Муьлха синхаамаш, синхIоттам гайтина авторо?

3. ХIун характеристика лур яра аша Гацаев СаьIидан поэтически дуьненна? ХIун ду шуна цуьнан стихотворенеш тIехь къаьсттана дагахкхеттарг?

**Ешначух ойла е вай**

1. Муха хийти шуна «БIаьсте кхечи..» стихотворени? Шеран муьлхачу хенахь лаьцна дуьйцу цу тIехь поэто? Муьлхачу исбаьхьаллин башхаллех пайда оьцу авторо тIейогIуш йолу бIаьсте гойтуш? Текста тIера масалш даладе.

3. Мича кепара гойту поэто адаман, Iаламан вовшашца йолу юкъаметтигаш? ХIун тIеIаткъам бо цара вовшашна?

3. Шуна хетарехь, бIаьсте хIун билгало ю поэтан лирикехь? Цуьнан стихотворенешкахь муьлха ши кхетам бу коьрта, вовшех къасталур боцуш?

7. Iаьно шеца сингаттам, халонаш йохьуш хуьлу. Ткъа бIаьстено хIун йохьу, поэтана хетарехь?

**Стихотворенийн исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Муха бу стихотворенийн дIахIоттам? Меттан исбьахьаллин гIирсаш билгалбаха, дIаязбе уьш шайн белхан тетрадаш тIе.

2. Муьлха къоман ламаст ду «ХIай, йоI, делхьа, собар де» стихотворенин чулацамехь?

3. ХIун маьIна ду «БIаьсте кхечи» стихотворенехь зевне аьзнаш юх-юха а далоран (ассонанс) ?

4. Поэт шен стихотворенешкахь Iаламан Iаламаташца къамеле волу. ХIун маьIна ду цуьнан?

5. «БIаьсте кхечи..» стихотворенехь муьлхачу могIанашкахь билгалболу лирически турпалхочун синхIоттам, цуьнан Iаламца йолу юкъаметтиг?

6. Цхьа исбаьхьа юхааларш ду «БIаьсте кхечи» стихотворенехь. Уьш алссам а, тайп-тайпана а ду. Стихотворени дIайолалуш хьалхарчу стихехь «хезий хьуна?» дешнаш риторически тIедерзар а, хаттар а ду. Уьш ворхIазза далийна барамца башха йоккха йоцчу стихотворенехь. Дийца, хIун маьIна ду церан.

**Культурийн диалог**

Iаламан хиламех йолу оьрсийн литературин муьлха стихотворенеш евза шуна?

**ХIун Iемина вайна**

1. Iаламан хазалла а, исбаьхьалла а кхин а кIорга ган.

2. Поэзехь гайтинчу Iаламан суьрташца дахаран тидамбарш дуста. Схьахетарехь, тийначу буьйсанан а, йолучу бIаьстенан а аша тидам бина хир бу. Гацаев СаьIида хIоттийначу суьртаца цхьаьнабогIий уьш?

№ 124115

## ЧУЛАЦАМ

Хьоме дешархо! ........................................................................ 3

**Хьалхара дакъа**
Нохчийн халкъан барта кхолларалла ........................................ 5
Нохчийн барта кхолларallин башхаллаш ........................................ 6
Туьйранаш ........................................................................ 6
Халкъан дийцарш, хабарш, аларш ........................................ 9
Эшарш ........................................................................ 14
Кицанаш ........................................................................ 20
ХIетал-металш ........................................................................ 21
Иллеш ........................................................................ 23
Лирически иллеш ........................................................................ 24
Турпалаллин иллеш........................................................................ 28
«Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан,
Адин Сурхон илли» ........................................................................ 29
Адин Сурхо – халкъан турпалхо ........................................ 30
Сурхон нана ........................................................................ 31
Иллин цхьайолу исбаьхьаллин башхаллаш а, тIаьхьара дош а .................. 32
«Аьккхийн Жанхотан илли» ........................................ 34
Иллин чулацам а, дIахIоттам а ........................................ 35
Иллин турпалхой ........................................................................ 37
Иллехь къаьмнийн доттагIаллин тема ........................................ 44
Иллин маьIна ........................................................................ 45
Халкъан илланчаш ........................................................................ 48
Нашхара Чийтмаран Зовр ........................................ 48
Сулейманов Баудди ........................................................................ 49
Гакашев Мохьмад ........................................................................ 52
Орзимов Денисолта ........................................................................ 53
Оьрсийн яздархоша, Iилманчаша нохчийн барта кхоллараллех яздинарг ... 55
Назманаш ........................................................................ 59

**ШолгIа дакъа. Нохчийн литература**
Нохчийн йозанан историех лаьцна ........................................ 63
Исбаьхьаллин литература ........................................ 66
Къоман исбаьхьаллин литература йолийнарш ........................................ 69
Дудаев Iабди Дудаевич ........................................ 69
«Серло тIеузур вай къоламца хьостуш...» ........................................ 70

«Стоьмийн беш» .................... 72
«Ма гӀертал, колхозхо, сан бахамна юкъа...» .................... 72
Цхьадолу жамӀаш .................... 74
Сальмурзаев Моьмад Сальмурзаевич .................... 75
Нажаев Ахьмад Идигович .................... 78
Нажаев Ахьмадан кхоллараллин коьрта теманаш .................... 80
«ЖаӀу» .................... 81
Поэма .................... 82
Айсханов Шамсуддин Катаевич .................... 85
Дахар а, кхоллаpалла а .................... 85
Политотделан газетехь .................... 86
«Шен заманан векал» .................... 87
Бадуев СаьӀид-Салихь Сулейманович .................... 89
Дахаран а, кхолларалин а некъ .................... 89
Beралла а, дешаран шераш а .................... 89
Яздан волавалар .................... 91
Бадуев а, къоман театр а .................... 93
Бадуев СаьӀидан оьрсийн яздархошца хилла доттагӀаллин,
кхолларалин уьйраш .................... 96
«Бешто» .................... 98
Повестан тема а, дӀахӀоттам а .................... 98
Васташ кхолларан башхаллаш .................... 101
Бештой, Бусаний .................... 105
«ЦӀеран арц» .................... 110
Авторан Ӏалашо а, повестан дӀахӀоттам а .................... 110
Кулдевич а, цунна тӀаьхьабозурш а .................... 111
Хонмурд а, цуьнан доьзал а .................... 118
Повестан маьӀна .................... 121
«Лам» .................... 124
Бадуев СаьӀидан кхолларалин мехалла .................... 127
Мамакаев Ӏаьрби Шамсуддинович .................... 130
Дахар а, кхоллаpалла а .................... 130
Мамакаев Ӏаьрбин кхолларалин башхаллаш .................... 133
Даймахках ойланаш .................... 134
Ӏаламан, безаман лирика .................... 138
«Даге» .................... 140
Лирикех кхетам балар .................... 143
Лирически турпалхо .................... 148
«Нохчийн лаьмнашкахь» .................... 149

Поэмин дIахIоттам .......... 149
Поэмехь безам а, доттагIалла а .......... 151
Поэмин эпически а, лирически а чулацам. Авторан васт .......... 154
Исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсаш. Мотт а, стих а .......... 156
Хамидов Iабдул-Хьамид Хамидович .......... 160
Дахар а, кхоллараллa а .......... 160
Бералла а, дешаран шераш а .......... 160
Драматург, актер, театран куьйгалхо .......... 161
Дийцарш .......... 164
Пьесаш .......... 169
«Лийрбоцурш» .......... 177
Пьесин тема, жанр, дIахIоттам .......... 179
Пьесин хьалхкара дакъа. Ханпаший, Мутий .......... 181
Ханпаша а, цуьнан накъостий-бIахой а .......... 182
Пьесин шолгIа дакъа. Тыл а, фронт а. Дерриг а – фронтана .......... 184
Пьесин кхоалгIа дакъа. Немцойн блиндажехь .......... 188
«Турпалхой леш бац» .......... 189

**КхоалгIа дакъа**

ХIинцалера нохчийн литература (ХХ бIешеран шолгIа ах). Къоман литература ХХ бIешеран 20–40-чу шерашкахь кхиаран жамIаш а, хIинцалера литература а .......... 192
Нохчийн литература Сийлахь-Боккха Даймехкан тIом латтинчу шерашкахь (1941–1945) .......... 194
Нохчийн литература ХХ бIешеран 50–70-чу шерашкахь .......... 201
Хьалха дIаяхначу хенахь оьрсийн, вайнехан вовшашца хилла машаре уьйраш литературехь гайтар .......... 212
Нохчийн литература ХХ бIешеран 80–90-чу шерашкахь .......... 217
Сулаев Мохьмад Амаевич .......... 219
«Лаьмнаша ца дицдо» романехь Сийлахь-Боккха Даймехкан тIом хилла шераш .......... 228
Тавсолтин васт .......... 229
Кегирхойн а, кхечеран а васташ .......... 231
Сулаев Мохьмадан – критик, гочдархо .......... 233
Гацаев СаьIид .......... 237

*Учебное пособие*

**Арсанукаев Абдулла Магомедович,**
**Эдилов Салауди Элимирзаевич**

**ЧЕЧЕНСКАЯ ЛИТЕРАТУРА**

**9 класс**

Для общеобразовательных учреждений Чеченской Республики

Гл. редактор Т.И. Бураева
Художественный редактор Э.Д. Дадакаева
Художник Э.Д. Дадакаева
Технический редактор Т.И. Бураева
Верстальщик Р.Х. Моусарова
Корректор З.С. Бексултанова
Дизайн обложки А.Х. Багаевой

